

# Ираф

**II**
**2017**

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА

Учредитель
Министерство культуры РСО-Алания

---

Журнал издается с февраля 1991 года

**Главный редактор**
Васо МАЛИЕВ

**Редакция**
Ответственный секретарь – Виталий КОЛИЕВ
Редактор отдела прозы и поэзии – Эльбрус СКОДТАЕВ

**Общественный совет**
Тамерлан КАМБОЛОВ, Таймураз ТАМАЕВ, Руслан БАБОЧИЕВ,
Амурхан КИБИРОВ, Милуся БУДАЕВА

ВЛАДИКАВКАЗ, 2017

# Ирæф

**II**
**2017**

ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ

ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ

---

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
МАЛИТИ Васо

**Редакци**
Бæрнон секретарь – КОЛИТИ Витали
Поэзи æма прози редактор – СКЪОДТАТИ Эльбрус

**Æхсæни унафæ**
ХЪАМБОЛТИ Тамерлан, ТАМАТИ Таймураз, БАБОЧИТИ Руслан,
КЪИБИРТИ Амурхан, БУДАЙТИ Милуся

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2017

**НОМЕРИ ЕС:**

**Прозæ æма поэзи**
*Мæхæмæтты Ахуырбег.* Æхсарбеджы кадæг ........................... 5
*Чегати Казбек.* Æмдзæвгитæ ..................................................... 66
*Ирдигор Маки.* Æмдзæвгитæ....................................................... 74
*Тамати Таймураз.* Радзурдтæ .................................................... 79
**Нæуæг тæлмацтæ**
*Л.Н. Толстой.* Радзурдтæ.......................................................... 116
*Османти Хыйса. Уазал* адаги карз тох. Радзурд..................... 126
**Нæ юбтлярта**
Годзойти Хасан – 60 анзи. Æмдзæвгитæ ................................ 135
Бицъоти Грис – 85 анзи.
*Бицъоты Грис, Ходы Камал.* Пьесæ........................................ 144
**Адæмон сфæлдистадæ**
Киунугæ «Нартæ»-й. Кæрон....................................................... 192
**Публицистикæ**
*Колити Витали.* Саукуйти Софйа
фиццаг дигорон силгоймаг – поэт. ................ 278
*Саукуйти Софйа.* Æмдзæвгитæ ............................................... 283
*Хъантемыраты Римæ.* Царды фæзилæнтæ .......................... 297

***Феппайуйнаг***

*Журнали аци номер фæлустгонд æрцудæй*
*Туйгъанти Мухарбеги конд графикон хузтæй*



# ПРОЗÆ ÆМА ПОЭЗИ

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег



## ÆХСАРБЕДЖЫ КАДÆГ

Адæмы чи уарзта,
Цард зондæй чи барста,
Кæй фæрныг хъуыдытæ?
О, уыцы бæрзонд лæг,
О, уыцы хæрзконд лæг,
Æхсарбег, ды уыдтæ.
Царды ад æмбæрстай,
Дзырд – амонд нывæстай,
Зæрдæбын ныхасæй.

*Чеджемты Æхсар.*

Æгъуызарты Æхсарбег… Хъæздыг удыхъæд уыдис уыцы бæрзонд æмæ хæрзконд лæгæн. Чи йæ зыдта, уыдонæй бирæтæ абон дæр ма, иумæ фембæлгæйæ, арæх, сæ кæрæдзийы дзыхæй ныхас исгæйæ, цымыдисæй фæмысынц йæ хорздзинæдтæ. Æмæ кæдæмты ахæццæ вæййынц йæ царды æмæ æхсæнадон архайды бирæ бæллиццаг хабæрттыл ын дзургæйæ. Кæй дзых куыд фæкæрды, афтæ – æппæлгæ. Алчи дæр исты хорз хабар æрбаймысы Æхсарбеджы тыххæй.

Диссаг уый у, æмæ дзы, йæ амæлæты фæстæ уыйас рæстæг рацæугæйæ, адæм кæй æппæлынц.

Фæлæ, куыд фæзæгъынц, афтæ: алкæуыл хур дæр не 'ххæсы. Ахæм адæймаг нæма рацыди мады гуыбынæй, æмæ иууылдæр риуы 'гънæгæн кæй хуыйой. Æхсарбегæй дæр исты маст, исты зæрдæхудты хабар йæ зæрдыл чи бадардта, ахæмтæ дæр ис. Уытæппæт рæстæг бæрнон бынæтты чи фæкусы, уый хаттæн цыдæр хабæртты фæкъуыхцы вæййы, чи зоны, æмæ кæмæдæр афоныл йе уæхск нæ бадары, йæ къух нæ ратты. О, рауайы афтæ дæр…Фæлæ мæн æвæстиатæй зæгъын фæнды, Æхсарбег искæмæн сæрмагондæй маст скæныны тыххæй никуы ницы сарæзта. Кæддæр иу елхотаг лæгæй хъазгæмхасæнты афтæ фехъуыстон: «Иу хатт ма Кæсæджы молло дæр куы фæрæдыйы». Иуахæмы цыдæр хабары фæдыл уыцы ныхæстæ загътон Æхсарбегæн, æмæ сыл бирæ фæхудтис. Уæдæй фæстæмæ арæх мысыди, - цæмæдæр гæсгæ йæ зæрдæмæ фæцыдысты. Уæдæ афтæ: æнæ рæдыд адæймаг нæй.

Æгъуызарты Тæтæрхъаны фырт Æхсарбег райгуырдис Уæлладжыргомы хæххон чысыл хъæу Зджыды 1922 азы. 1924 азы Тæтæрхъан зæххы хай самал кодта Ставд дурты, сарæзта дзы рæстæмбис хæдзар, амæлттæ кодта, цæмæй бинонтæ къæбæр хордтаиккой æмæ сæ рагъ гом ма уыдаид. Куыстмæ зивæг нæ кодта, æмæ йын уый дæр фарн хаста. Ирыстоны колхозтæ аразынмæ куы бавнæлдтой, æмæ уыцы змæлд Ставд дуртæм дæр куы бахæццæ, уæд Æгъуызарты Тæтæрхъан йæхи хуызæн иузæрдион фæллойгæнджытимæ бирæ батухитæ кодта сæ хъæубæсты иумæйаг хæдзарад саразыныл. Хъæуы рæстæн æппæты хуыздæр æмæ райдзастдæр фæндæгтæ чи арæзта, уыдонæн сæ фыццаг рæнхъыты цыдис. Хорз ном ыл сбадтис.

Бинонтæй кæмæндæр амы æрдзон уавæртæ хорз нæ уыдысты, æмæ Тæтæрхъаны хъуыдис йæ цæрæн бынат ивын. «Иугæр афтæ, – ахъуыды кодта Тæтæрхъан, - уæд – Уæладжырмæ». Æмæ 1935 азы Алагиры цæрджыты æхсæн амондджын бон бындур сæвæрдтой Æгъуызарты бинонтæ, рæсугъд фидæн сæм уæрæх байтыгъта йæ хъæбыс. Ам дæр Тæтæрхъан йæ зæрдиаг куысты руаджы адæмы æхсæн æнæкъæмдзæстыгæй цыдис. Æрмæст уый нæ: фæллойы амондджын фæндагыл арæзта йæ фырттæ Æхсарбеджы æмæ Кимы (Кимлены): «Лæппутæ, уæ зæрдыл дарут, лæджы фыд хæрынмæ кæй нæ бæззы, уый…Адæймаг йæ хъуыддæгтæй хъуамæ кæна йæхицæн бынат. Кусут зæрдиагæй, æмæ уæ æхсæнадон бынæттæ сæхæдæг агурдзысты æмæ домдзысты».

Раст цыма йæ уæны касти. Тæтæрхъаны фырттæ Æхсарбег æмæ Ким бирæ кадджын бынæтты фæкуыстой, æмæ уыцы бынæттæ лæгдыхæй никуы бацагуырдтой, сæ уарзон фыды загъдау, бынæттæ сæ иудадзыгдæр сæхæдæг агуырдтой. Сæ дыууæ дæр рæсугъдæй ныууагътой уæлæуыл сæ нæмттæ. Ныртæккæ Ирыдзыхъы бирæ хъæуты æмæ горæтты зæгъ «Æгъуызарты Æхсар» кæнæ «Æгъуызарты Ким», æмæ дæм чи хъуса, уый уайтагъд бамбардзæн, кадджын Тæтæрхъаны кадджын фыртты кой кæй кæныс, уый. Абон мæн бæлвырддæрæй зæгъын фæнды хистæр æфсымæр Æхсарбеджы тыххæй. Уымæн æмæ уыимæ дзæвгар рæстæджыты баст уыдис ме сфæлдисадон хъысмæт, арæх архайдтам иумæйаг хабæртты, мæ зæрдæмæ хъардтой йæ фыстытæ, абоны онг сæ нæ рох кæнын, рох дæр мæ нæ фæуыдзысты. Фæлæ фыццаджыдæр-фыццаджыдæр зæгъынмæ хъавын: уыцы стыр лæгæн йæ цардвæндаг (уæлдайдæр партион-æхсæнадон æмæ сфæлдыстадон къабæзты) афтæ парахат æмæ вазыгджын уыд, æмæ иу уацмысы зын равдисæн сты. Æхсарбеджы фæлтæрæй ма абон сæрæгас чи у, уыдонæй дæр, æвæццæгæн, бирæтæ цыдæртæ ферох кодтой. Кæд мæнæй хуыздæр æмæ лæмбынæгдæр исчи ныффысса, уæд ын зæрдиаг бузныг зæгъдзынæн.

Æнæмæнг иу хъуыддаджы тыххæй фидарæй зæгъын: мæ фысты иунæг хабар дæр мысæггаг нæу. Мæ зæрдыл цы бадардтон, кусгæ-кусын бирæ азты фæстæ ногæй мæ сæрмæ цы факттæ здæхтис, уыдон гæххæтмæ дамгъæгай, дзырдгай, рæнхъытæй сабыргай-сабыргай калдысты.

1951 азы «Рæстдзинад»-ы редактор Челæхсаты Аслæнджерийы ахуыр кæнынмæ арвыстой Мæскуымæ. Газетæн бахъуыдис ног разамонæг ссарын. Иуахæмы Æгъуызары-фыртмæ фæдзырдтой партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Хъулаты Хъуыбадымæ. Цы дзы кодтой, уымæн ницы зыдта. Зонгæ уыди фыццаг секретаримæ. Уый та рауа-

ди афтæ. Уыцы фембæлдæй иу æртæ мæйы раздæр Алагиры районы балцы уыдис обкомы къамис æхсæз адæймагæй. Уый бæрæг кодта ССР Цæдисы Сæйраг Советмæ æвзæрстытæм цæттæ кæныны уавæр, стæй партийы райкомы куысты иуæй-иу æндæр фарстатæ. Уыцы хъуыддаджы тыххæй 1992 азы Æгъуызары-фырт йæ мысингæгты фыста: «Къамис чысыл не сбæлвырд кодта районы организацион æмæ пропагандон куысты стыр хъæндзинæдтæ. Партийы обкомы бюромæ махæй дзуапп дæттымнмæ хъуамæ ацыдаид райкомы фыццаг секретарь Къодоты Валентин. Æз ын бацæттæ кодтон, цыдæриддæр хъуыд, уыдон. Фæлæ бюройæ дыууæ боны раздæр уый æваст «æрбарынчын». Æмæ уæд доклад кæнынмæ цæуын бахъуыди мæн. Бюройы мæ доклад уыди критикон æгъдауыл арæзт. Æргомæй радзырдтон нæ хъæндзинæдты тыххæй, уыйимæ нæ колхозты уавæры тыххæй дæр. Мæ доклад фæцыди бюройы уæнгты зæрдæмæ, уыйимæ Хъуыбадыйы зæрдæмæ дæр. Æвæццæгæн, мæ уæд йæ зæрдыл бадардта. Æмæ мæм ныр йæхимæ куы фæдзырдта, уæддæр ма мын скодта бюройы кой.

- Дæ доклад мæ зæрдæмæ фæцыди. Афтæ дзурын хъæуы, æргомæй.

- Æргомдзырд æдылытæ вæййынц, - загътон æз.

- Æдылытæ нæ, ныфсджынтæ, рæстудтæ, - дзуапп мын радта Хъуыбады».

Уыцы рæстæджы критикæ æмæ хикритикæйы фарста коммунистты æхсæн æмæ партион мыхуыры фæрстыл нымад уыд иттæг ахсджиаг фарстайыл. Мыхуыры оргæнты разамонджытæй фылдæр-фылдæр нысан кодтой, æхсæнадон-политикон царды уыцы ахсджиаг къабазмæ аккаг æргом чи здæхта, ахæмты. Хъулы-фыртмæ Æхсарбег уыдонæй фæкасти.

- Æмбал Æгъуызары-фырт, ам, обкомы, рауынаффæ-бауынаффæ фæкодтам, æмæ нæ зæрды ис дæу «Рæстдзинад»-æн редакторæй снысан кæнын, - Æхсарбеджы цæстытæм комкоммæ кæсгæйæ, цыбырæй загъта обкомы фыццаг секретарь. – Бирæ йыл фæхъуыды кодтам. Иунæг адæймагæй дæу тыххæй цæлхдур æвæрæг ныхас нæ фехъуыстон, - стæй йæ мидбылты бахудт: - Фæлæ, чи зоны, æмæ уый дæр бынтон хорз нæу…

Æгъуызары-фырт æнæнхъæлæджы хабармæ джихæй аззад, фæлæ хъуыдытæ кæнынæн бирæ рæстæг нæ уыд, æмæ уайтагъд йæхи фæфидар кæнгæйæ, загъта:

- Кубади Дмитриевич, курын дæ, æмæ мæ районы ныууадзут. Фæнды мæ, уым исты пайда куы ‘рхæссин, уый. Кæд мæ бон бауа, уæд. Уым сахуыр дæн. Адæмы зонын, уыдон дæр мæ зонынц. Стæй, бынтон растытæ куы дзурон, уæд мæ мæ ныййарджыты ныууадзын дæр нæ фæнды…

Хъулы-фырт сыстад йæ бынатæй æмæ Æхсарбеджы раз æрлæууыдд. Йæ кæсæнцæстытæ къухмæрзæнæй сæрфгæйæ, дисгæнæгау, загъта:

- Ахæм хабар фыццаг хатт хъусын. Адæм горæтмæ тырнынц, бирæтæ мæм хъæутæй къахихсыд баисты, цæмæй сын ам исты бынæттæ кæнон, дæу та районæй нæ фæнды. Ноджы дæр ма иу хатт зæгъын, фыццаг хатт æмбæлын ахæм адæймагыл, бауырнæд дæ, фыццаг хатт.

Æхсарбег, йæхи растгæнæгау, афтæ бакодта:

- Æрдæбон мæ æргом дзырд куы схуыдтай. Уый, дам, хорз миниуæг у. Уæдæ ныртæккæ дæр зæгъын, мæ зæрды цы ис, уый.

- Ацы хатт дæр та æргомæй, зæгъыс? - Хъуыбыды йæ цæстытæй бахудти. – Ацу уал уæдæ. Мах дæр ма ахъуыды кæндзыстæм. Æрмæст, зон æй, рæстæг бирæ нæй…

Рацыдаид иу мæйы бæрц, æмæ Æхсарбегмæ фæхабар кодтой, обкомы фыццаг секретарь дæм сиды, зæгъгæ. Зын бамбарæн нæ уыди, цæй тыххæй йæм дзырдта республикæйы æппæты стырдæр хицау. Нæ фæрæдыд. Хъуыбады цæмæйдæрты афæрстытæ кодта, стæй загъдта йæ фæсидты сæр:

- Уæддæр дæ редактор скæндзыстæм. Мауал æй дзырддаг кæн…Уый, дæумæ куыд кæсы, афтæ хуымæтæг нæу…Центрон Комитетимæ дæр ма баныхас хъæудзæни.

«Мауал æй дзырддаг кæн», - афтæ йы загъта йæ фыд Тæтæрхъан дæр. Æхсарбегмæ уымæй размæ куы фæдзырдтой обкоммæ, уæд Тæтæрхъанæн ракодта йæ балцы сæры хабар. Уый хорз зыдта, лæппу газеты куыст кæй уарзта æмæ йæм арæхсгæ дæр кæй кодта, уый, æмæ йын ныр хъыг уыди, горæтмæ, стыр газеты хицауы бынатмæ кæй нæ бакуымдта, уый. Куыд хорз уыдаид, куы сразы уыдаид, уæд. «Исчи дæ куы афæрса, хистæр лæппу цы кусæг у, зæгъгæ, уæд хæдæфсармæй, фæлæ уыцы ныфсджынæй зæгъ: - Хицауад æй стыр

«Рæстдзинад»-ы разамонæгæй сæвæрдта!» Дыккаг фæсидты фæстæ Æхсарбег разыйы дзуапп куы радта, уæд Тætæрхъан тынг разы уыд:

- Кæдæй-уæдæй æцæг лæджы ми бакодтай! Хайыр хъуыддаг уæд. Газеты-иу къляузтæ-мляузтæ ма уадз…Искæй зæрдæ скъахынæй хъахъхъæн дæхи дæр, кæимæ кусдзынæ, уыдон дæр.

Сæрыстыр æмæ буц уыдис Æхсарбегæн йæ мад Настя дæр. Æгъуызарты хæдзары Настяйы бæркадджын къухтæй конд æртæ чъиригйы скуывтой Æхсарбеджы раст фæндаджы тыххæй.

Хъулы-фыртимæ фембæлдæй къуыри фæстæдæр Æхсарбег уыдис Мæскуыйы партийы Центрон Комитеты. Уыцы рæстæг республикон газеты редакторы бынаты æрбадыны размæ бирæ ауайынтæ хъуыдис. Уый бавзæрста Æгъуызары-фырт йæхи удыл. Центрон Комитеты йемæ ныхас кодтой цалдæрæй: хуымæтæг инструкторæй пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæджы хæдивæджы онг. Хъуыддаг алыг, зæгъгæ, куыд ахъуыды кодта, афтæ йын хайады кусджытæй иу загъта:

- Центрон Комитеты тынг æхсызгон хъæуы Хуссар Ирыстоны партион газет «Коммунист»-ы тыххæй æрмæг. Ахæм рецензи ныффыссын дæуæн хæсгонд цæуы…Ды ардæм кæй цыдтæ, уымæ гæсгæ æндæр рецензент нал бацагуырдтам…

Æхсарбег хорз бамбæрста, уыцы хъуыддаг цæмæн æрымысыдисты, уый: хъавыдысты йын йæ зонындзинæдтæ басгарын. Радтой йын хицæн кабинет, йæ разы йын æрывæрдтой сыгъдæг гæххæтт æмæ газет «Коммунист»-ы цалдæр мæйы дæргъы рауагъд номыртæ. Газеты номыртæ-и тынг арæх нæ, фæлæ бахаудысты Алагирмæ. Æхсарбег-иу сæ касти æмæ йын зыдта йæ иумæйаг хахх æмæ сæйрагдæр авторты куыстытæй цыдæртæ.

Фæстæдæр Æгъуызары-фырт мысыдис: «Мæхинымæры бакатай кодтон, зæгъын, мыййаг, куы нæ сарæхсон ЦК-йы кусджыты зæрдæмæ чи бацæуа, ахæм æрмæг ныффыссынмæ. Фæлæ гæнæн нал уыди. Фæбадтæн æмæ сæ изæрмæ ныффыстон. Чи мын сæ бахæс кодта, уый сæ бакасти, æмæ мын загъта:

- Бæззынц.



Уый хæдуæлвæд Центрон Комитеты кусын райдыдтой республикон æмæ облæстон партион газетты сæйраг æмæ бæрнон редакторты æртæмæйон курсытæ. Æхсарбег, ЦК йæ ахæм бынаты куы сфидар кодта, уæд хæдзармæ нæ фætагъд кодта, фæлæ бацыд уыцы курсытæм. Уым сын лекцитæ кастысты партион бæрнон кусджытæ, суанг Центрон Комитеты хайадты сæргълæуджытæ æмæ секретартæ, зындгонд фысджытæ æмæ журналисттæ, центрон журналтæ æмæ газетты редактортæ. Курсыты хъусджытæ практикæйы уыдысты нæ бæстæйы æппæты кадджындæр газет «Правда»-йы редакцийы. Уым Æхсарбег базонгæ бирæ стыр журналисттимæ, Советон Цæдисы газеткæсджыты цæсты тынг чи ахадыдта, ахæмтимæ. Бирæты уацхъуыдтæ сæ бакасти газеты фæрстыл боны рухс фенынæй бирæ раздæр – къухфыстыл нымад ма куы цыдысты, уæд. Уый Æхсарбегмæ дæр æмæ курсыты иннæ хъусджытæм дæр стыр диссаг касти: партион сæйраг газеты журналисттæ стыр адæймæгтыл нымад уыдысты.

«Рæстдзинад»-ы та йæм æнхъæлмæ кастысты йæ ног æмкусджытæ: Саукуйты Иссæ, Хъесаты Дафа, Хъаныхъуаты Валодя, Бутаты Тотырбег, Хуымарты Хъамболат, Æгъуызарты Георгий, Цогойты Георгий, Цырыхаты Михал, Хъантемыраты Сослан, Андиаты Мæхæмæт, Дзугаты Савелий, Мыстулаты Дзантемыр, Козырты Гибыл…Сæ фылдæримæ уымæй размæ дæр зонгæ уыдис, Алагиры районы адæмы рæнхъмæ куы рацыд, уæдæй фæстæмæ.

Алагиры районы та æцæгдæр хорз бынат ахста хуымæтæг адæмы æмæ разамонæг кусджыты æхсæн. 1941 азы 22 июны куыддæриддæр базыдта, Фыдыбæстæйы Стыр хæст райдыдта, уый, афтæ балæууыди Алагиры æфсæддон комиссрады æмæ фыццаг лæгъстæтæ кодта, стæй хъæддыхæй домдта, цæмæй йæ хæцæнмæ арвыстаиккой. Фæлæ низджын кæй уыди, уый уымæй размæ дæр Сырх Æфсады рæнхъытæм æрвитæг медицинон къамисы уæнгтæй чидæртæ зыдтой. Ныр æм дохтыртæ лæмбынæгдæр куы æркастысты, бинонгыг æй куы басгæрстой, уæд рахастой сæ тæрхон: Æгъуызарты Тætæрхъаны фырт Æхсарбег хæстмæ æрвитынæн нæ бæззы.

Уыцы фæдыл ын партийы райкомы разамынд йæ къухы бакодтой районы радио, ды, дам, æмдзæвгæтæ дæр фыссыс, ирон литературон æвзаг дæр хорз зоныс. Уым сæ бирæ

радзур-бадзуртæм не ’вдæлди – рæстæг ахæм уыдис: дзургæ къаддæр, кусгæ фылдæр. Карзæй йын бафæдзæхстой:

- Æмбал Æгъуызары-фырт, дæ зæрдæл дар Коммунистон парти æмæ Советон Хицауады ныртæккæйы лозунг: «Æппæт дæр фронтæн, æппæт дæр уæлахиздзинадæн!» Ды хъуамæ районы фæллойгæнджытæм сидай, цæмæй сæ цард ахæм уагыл уа. Ныртæккæ æгас дунейы дæр политикон уавæр куыд карз у, уый дæхæдæг хорз æнкъарыс, æмæ радиойы алы ныхас дæр хъуамæ уа нывыл.

Уæдæй фæстæмæ Æхсар сси радиойы хъуыддæгтæ се ’ппæтдæр аразæг, диктор дæр уыдис йæхæдæг. Фæлæ уыцы уæззау æмæ тæссаг бонты йæ куыст æрмæст уымæй нæ ахицæн: партийы райком ма йын йе ’ккойы ноджыдæр бакодта районы газет «Раздзог». Æгъуызары-фырт ацы газет бауарзта, скъоламæ ма куы уадис, уæд. Уарзын та йын æй бакодта фидæны ирон фыссæг æмæ литературæсгарæг Ардасенты Хадзыбатыр. Уый Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институт каст фæуыны фæстæ 1934 азы онг куыста Алагиры-Æрыдоны районы иумæйаг газет «Раздзог», зæгъгæ, уый редакторæй. Хадзыбатыр уырзæй сгарæгау агуырдта дыууæ районы рæзгæ фæлтæры æхсæн литературон куыстыл, журналистикæйыл фидарæй кæй бабæтта, ахæмтæ, æмæ уыдонæн сæ тæккæ бæрæг астæумæ бахаудта куыстуарзаг Æхсар. Уый фыста чысыл уацхъуыдтæ æмæ стыр статьятæ, цалдæр хатты рауагъта æмдзæвгæтæ æмæ уырыссаг æвзагæй иронмæ кæй ратæлмац кодта, ахæм цыбыр радзырдтæ. Æхсар æйттæй куы слæг æмæ республикæйы стыр бынæттæ куы ахста, уæддæр нæ рох кодта Ардасены-фырты хорздзинад. Иуæй-иу хатт-иу сæрмагондæй бауади Ардасены-фыртмæ йæ куысты бынæттæм, зæгъæм, фысджыты цæдисмæ, Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæг институтмæ, педагогон институтмæ афтæ йемæ аныхæстæ кæнынмæ, цардæй хабæрттæй йæ афæрсынмæ. Йæ наукон куыстытæ мыхуыры æнцондæрæй цæмæй цыдаиккой, уыцы фарстайы дæр-иу ын сбæззыд.

Хадзыбатыры заман дæр, уый фæстæ дæр редакцийы кусджыты ’хсæн уыдис нæлгоймæгтæ. Фæлæ Æхсарбег редактор куы сси, уæдмæ дзы нæлгоймагæй ничиуал баззад – ацыдысты хæцæг æфсадмæ, уымæ гæсгæ тынг зын кусæн сси. Уæддæр, Хуыцау хорз, æмæ редакторы фарсмæ лæууыди, Æхсарбег йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй, Дзодзыккаты Тæтæрийы чызг Варя. Ацы чызджы тыххæй Æхсарбег фыста: «Уый редакцимæ æрбацыд хæрзæрыгонæй иу-цалдæр азы размæ. Æмбаргæ, хæрзæгъдау, хъуыдыджын, æнæ уæлдай ныхас. Фысгæ дæр кодта, йæ удыхъæд куыд уыд, афтæ. Йæ хъуыдытæ, йæ фыстытæ уыдысты æлвæст, æнцон æмбарæн». Æхсарбег хорз æмбæрста уыцы вазыгджын æмæ тыхст рæстæджы мыхуыры дзырды егъау ахадындзинад æмæ йæ тых, йæ бонæй архайдта газеты номыртæ хъуыдыджын æмæ ныфсдæттæгæй уадзыныл. 1942 азы куыддæр скъолаты райдыдтой сæрдыгон улæфты бонтæ, афтæ редакцимæ кусынмæ æрбакодта Алагиры фыццæгæм астæуккаг скъолайы ахуыргæнджытæ Баситы Чабæханы æмæ Таболты Тамарæйы. Сæ дыууæ дæр хорз зыдтой иумæйаг литературæ, ирон æвзаг æмæ ирон фысджыты сфæлдыстад. Районы газетмæ дæр-иу арæх афыстой. Дыууæ чызджы фæллæйттæй газет фæаивдæр, фæзындис дзы ног фарстатæ. Куыд газет æмгæйæ райсгæйæ, афтæ уыдон æрмæджытæ дæр сидтысты дзыллæтæм немыцаг-фашистон лæбурджыты ныхмæ тох карздæр кæнынмæ.

Чабæханæн уый, хъыгагæн, амондджын, рæстмæ къахдзæф нæ фæцис. Йе стыр кад æмæ æнамонд хъысмæт ын хорз равдыста Æгъуызарты Æхсарбег йæ уацау «Чабæхан»-ы æмæ кинонывс «Последний снег», зæгъгæ, уым. Фашисттæ Алагир куы бацахстой, уæд ныффæнд кодтой районы газет саразын. Сæ гæндзæгътæ цагътой, цæмæй уыцы рæстæг куыд гæнæн уыдис, уыйас тагъддæр ралæууыдаид. Бынæттон цæрджыты æхсæн агуырдтой, редакцийы æмæ типографийы куыстмæ чи арæхсти, ахæмтæ. Чидæр сын банымыгъта Баситы Чабæханы дæр. Немыцæгтæ йын цынæ фæкодтой, лæгъзæй, фыдзонд, æнахъæл митæй, уæддæр йæхи ныхъхъæбæр кодта, къæрттæй цъула нæ аппæрста. Æхсарбеджы уацауы диссаджы сæвджынæй æвдыст цæуы Чабæханы мидхъуырдухæн, иухатт та йæм сæ хæдзармæ районы газеты редактор Мæирбег уыцы фарстайы фæдыл куы æрбацыди, уый фæстæ:

«Æмæ уæдæ куыд кæнон, цы уынаффæ æрхъуыды чындæуа? Лæгмартæм, мæ фыдгултæм лæггад кæнынмæ бацæуон, Мæирбегау? Æмæ уæд мæ зондахаст та? Мæ зæрдæйы уаг та? Æмæ уæд æппæтдунеон рæстдзинад та? Уыдон мæ буа-

ры, мæ туджы куы сты? Кæд исты дæн, уæддæр уыдоны руадджы куы дæн…Цард, амонд…Кæй цард? Кæй амонд? Мæхи? Æрмæст мæхи? Иннæты та? Мад дæр ма, æфсымæртæ, хæлар лæппу. Æмæ ууыл хъуамæ ахицæн уа, мæ амонды цалх кæуыл згъоры, уыцы фæндаг? Æмæ уæд адæймаг уыдзынæн æви цыппæркъахыг? Амонд… Цæй амонд ис æнæ адæмы амондæй? Амонд дæр, рæстдзинад дæр иу у! Æнамонд адæмы æхсæн амондджын уæвæн нæй. Ис иу стыр рæстдзинад, иу стыр амонд, хур иу куыд у, афтæ. Æрмæст дзы иутæ хайджын, иннæтæ – æнæхай. Иу ран æлдариуæг кæнынц æппæтадæмон рæстдзинад æмæ амонд, иннæ рæтты, иннæ бæстæты уыцы стыр амонд бакъаппа-къуппа кодтой. Иутæм дзы Хъæриуы хохы йас хæйттæ æрхаудис, иннæтæм та – тыччыйы йæстæ, аннæтæм – æппындæр ницы. Æмæ уæдæ мах дæр нæ æппæтадæмон рæстдзинад æмæ амонд къаппа-къуппа бакæнæм? Немыцæн æй раттæм, фашисттæн? Ноджы алыхуызон Мæирбегтæн æмæ Дзандартæн? Æз та уыцы стигъджытæн, уыцы марджытæн лæггадгæнæг суон! Адвокат сын ныллæууон? Фæскомцæдисмæ цæугæйæ, партийы уæнгтæм кандидатæй цæугæйæ, сомы кæй тыххæй ракодтон, ард кæй тыххæй бахордтон, уыцы цардарæзтæн фыдызнаг суон? Йæ ныхмæ рацæуон? Æппæт адæмы амонды ныхмæ? Мæхицæй уæййаг саразон? Нæ, уый нæ уыдзæни! Мæ фыд-иу Къостайы ныхæстæ дзурын уарзта:

Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,
Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар».

Чи зоны, йæ заманы Чабæхан Алагиры районы газеты редакцийы кусын куы нæ райдыдтаид æмæ куы нæ рабæрæг уыдаид, фыссынмæ хорз кæй арæхсыд, уæд æм немыцæгтæ се ргом афтæ нæ аздæхтаиккой. Чи зоны…Ахæм хъынцъымтæиу арæх рауади Æхсарбегмæ.

Уыцы æлгъыстаг рæстæг та ма редакцийы Æгъуызарыфырты фарсмæ чи бадтис, уыдонæй иуы (йæ ном, йæ мыггаг ын барæй нæ зæгъын) уæлдай тынгдæр бадардта йæ зæрдыл…мæстæлгъæдæй. Немыц Ирыстоны зæхмæ сæ къах нæма æрбавæрдтой, афтæ уыцы лæг æфсады рæнхъытæй цæфтæй æрбаздæхт. «Уый службæ кодта æфсады, уыдис лейтенант, - фыста иуахæмы йæ мысинæгты Æгъуызарыфырт, - æмæ куыд загъта, афтæмæй йæ къах фæцæф æмæ



йæ госпитæлы фæстæ сæхимæ арвыстой. Партийы райкомы уынаффæмæ гæсгæ æвæрд æрцыд газеты редакторы хæдивæгæй. Мæнæ-мæнæ дæсны кусæг нæ уыди, фæлæ арæхсти. Иурæстæджы та, æнхъæлдæн, уый уыдис сентябры æмбисы, Æрджынарæджы ’рдыгæй ахъаззаг хæстытæ куы бацайдагъ, уæд мæм курдиат æрбалæвæрдта, зæгъгæ, дам, мæ Дзæуджыхъæумæ госпитæльмæ цæуын хъæуы мæ къах дзæбæх кæнынмæ æмæ мæ куыстæй суæгъд кæн. Ахæм курдиатæн «нæгъ» зæгъын мæ бон нæ уыди, æмæ йæ суæгъд кодтон. Стæй уæд рацæй-рабон, æмæ мах фæстæмæ куы æрыздæхтыстæм, уæд базыдтам, зæгъгæ, дам, … немыцмæ ныллæууыди газеты редакторæй». Афтæ мæм мæ зæрдæ дзуры, æмæ Æхсарбег уацау «Чабæхан»-ыл куы куыста, уæд районы редакторы фæлгонцы спайда кодта уыцы лæджы миниуджытæй.

Æхсарбегæн йæ фыст раздзырдтæ, арæхстджынæй арæзт æндæр æрмæджытæ, зæгъæн ис, цыдысты газеты алы номыры дæр. Уымæй дарддæр арæх фыста «Рæстдзинад»-мæ. Хатгай-иу ын иу номыры дыууæ-æртæ уацхъуыды дæр рацыд. Кæм хъуыдис, уым æппæлыдис, гæнæн нæй, зæгъгæ, уæд та – критикæ. Фæлæ фылдæр архайдта районы хорз хабæрттæ рæгъмæ хæссынил. Зæгъæм, 1942 азы 13 августы йæхи газеты дæр æмæ «Рæстдзинад»-ы дæр рауагъта уыцы иу æрмæг «Колхозонты æнувыд куыст». У хуымæтæг, æнцон кæсæн, фæлæ уыимæ, хæсты цалх Ирыстонмæ бынтон куы фæхæстæг, уыцы заман æхсызгон хъæугæ уацхъуыд. Уый хуызæн æрмæджытæ ныфсы хос уыдысты æнæхъæн республикæйы фæллойгæнджытæн дæр.

Уацхъуыды ныхас цыдис, Бирæгъзæнджы колхоз «Октябры 12 азы» колхозонтæ æмгуыппæй бæркадджын хортæ куыд æфснайдтой æмæ æхсæнадон фосæн зымæгмæ хæрзхъæд холлаг куыд цæттæ кодтой. Йæ хорздзинæдты сæйрагдæр, мæнмæ гæсгæ, уый мидæг ис, æмæ дзы автор хæлар зæрдæ æмæ цæстуарзонæй тынг бирæты хорзы кой кæй ракодта. Уымæ гæсгæ æз дæр зæрдæрухсæй æрхæсдзынæн, 68 азы размæ Æхсарбеджы сæры цы рæнхъытæ райгуырд, уыдон:

«Иу райсом, сæудар ма уыдис, афтæ хъæуæй раивгъуыдтой дыууæ зæронд лæджы. Уыдон уыдысты Агъынаты Гуыргъохъ æмæ Дзæрæхохты Дзабо, сæ цæвджытæ се ’ккойы скодтой, афтæмæй. Цæгаты ’рдæм фахсыл уыгæрдæны ра-

лæууыдысты æмæ кæрдынц хос. Раст рæнхъытæй æвæрд сæ фæстæ радаргъ сты карст фæлмæн хосы уистæ. Ахæм дзы иу дæр нæй æмæ дыууæ-æртæ нормæйы чи нæ баххæст кæны.

Зæронд устытæ дæр кæнынц лæгты куыст, ссивынц хос, амайынц мæкъуылтæ. Сохиты Ханиффæ æмæ Дзæрæхохты Тыкы, сæ фырттæ фронты кæмæн сты, уыдон, сæхæдæг колхозы кусынц æнувыдæй, сæ нормæтæ æххæст кæнынц æртæ хатты фылдæртæй.

Раззагдæр бригадыл нымад у, Агъынаты Еналдыхъо бригадирæй кæм кусы, уый. Ацы ран колхозонты æхсæн фидар æвæрд æрцыдис фæллойадон дисциплинæ, уый фæрцы кусысты æнтысындзинад у фылдæр. Мæнæу карст фесты раздæр, цъынатæ йæ самадтой. Стахановон колхозонтæ Агъынаты Нюркæ, Гугасова Маня, Гæджынаты Елегка, Дзæрæхохты Женя, Гæбуты Зинæ, Агъынаты Бегка æмæ Гæбуты Соня, сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, æххæст кæнынц сæ нормæтæ бирæ фылдæртæй».

Журналист Æгъуызары-фырт нæ ферох кодта, скъоладзау фæсивæдæй колхозæн стыр æххуыс чи кодта, уыдон дæр: Агъынаты Дзирæты, Муриты Годзегкайы, ахуыргæнджытæ Гæбæты Гадзыбейы æмæ Баскаты Верæйы. Бæхгæс Мызокты Уанейы æнувыд фæллойы фæрцы ацы колхозæй Сырх Æфсадæн æрвыст цыди хæрзхаст бæхтæ. Фысвосы фермæйы кусджытæ Саулохты Хасæхъо, Гæбуты Дзыццыл, Плиты Алыксандр æмæ æндæртæ куыстой æцæг хæстонтау.

Царциатау рауадис, хабар: ацы æвæджиауы æрмæг «Рæстдзинад»-ы куы рацыд, уыцы бон Æхсарбег та Алагиры районы делегациимæ ацыд горæт Орджоникидземæ кавказаг адæмты антифашистон митингмæ. Æппæт раныхасгæнджытæ куыдзæй-куыдздæр бакодтой гитлерон æрдонгты, фæлæ сæйрагдæр та уыдис уый, æмæ равдыстой сæ цæттæдзинад æмæ æнгом иудзинад знаджы ныхмæ хъæбатырæй тох кæнынмæ. Алагирмæ куы аздæхт, уæд районы газеты радта дзæбæх ныфсдæттæг хъусынгæнинаг: «Горæт Орджоникидзейы уыдис Кавказы æфсымæрон адæмты митинг. Кавказы æвзæрст лæгтæ æмæ горæт Орджоникидзейы фæллойгæнджытæ æрæмбырд сты граждайнаг хæсты рæстæг фæсарæйнаг интервенцийы æмæ урсгвардионты ныхмæ тох кæнгæйæ чи фæмард, уыдон æфсымæрон ингæны уæлхъус. Знаг бырсы Кавказмæ, фæлæ урæд æрцæуудзæн æмæ пырхгонд. Кавказы бирæнацион адæмтæ иу кæнынц сæ тыхтæ, афтæмæй Сырх Æфсадимæ иумæ ныппырх кæндзысты тугдзых, лæгмар фашистты».

Æхсарбег районы газеты иттæг æхсызгонæн ныммыхуыр кодта Мидбæстон хæсты партизан, орденхæссæг Дзæрæхохты Хадзымураты сидт «Партизантæ, сыстут знаджы бынтон фесафынмæ»: «Райгуырæн бæстæ зын сахат сиды зæронд партизантæм дæр, цæмæй знаджы ныхмæ тох кæной хъæбатырæй. Кавказаг хæххонтæ, Ирыстоны партизантæ, сæр уæ бахъуыдис немыцаг оккупантты ныхмæ тох кæнгæйæ хæсты быдыры лæгдзинад равдисынмæ. Сыстут ииуылдæр стырæйчысылæй фыдызнаджы ныхмæ æмæ йæ бынтон фесафæм! Хæсты быдыры фæстæмæ цæуæн нæй! Уый æгаддзинад у! Гитлеронты ныхмæ тох кæндзыстæм, цалынмæ зæрдæ куса, цалынмæ туг нæ тугдадзинтыл цæуа, уæдмæ. Фæлæ уæддæр нæ ратдзыстæм знагæн Ирыстоны, нæ горæты фæхынджылæг кæнынмæ.

Ацы зын сахат æз, Кавказы урссæр хæхты фырт, зæронд партизан, ард хæрын нæ уарзон фæтæг Сталинæн, ард хæрын мæ сывæллæтты номæй, туджы фæстаг æртахы онг кæй тох кæндзынæн цъаммар фашистты ныхмæ.

Хъæбатыр партизантæ! Ард бахæрут æмæ рацæут æд хæцæнгæрзтæ æлгъыстаг знаджы ныхмæ мæлæтдзаг хæстмæ æмæ хæсты быдыры мæлæт ссарын кæнæм немыцаг оккупанттæн».

1942 азы 25 декабры газет «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд æрцыд зындгонд ирон поэт Кочысаты Мухарбеджы фыстæг хæсты быдырæй «Худинаджы бæсты – мæлæт!». Автор æмæ Æгъуызары-фырт сæ кæрæдзийы хорз зыдтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ. Мухарбег йæ цæсты бæрзонд æвæрд уыдис, æмæ куыддæр немыцаг фашистон æрдонгтæ Иры зæххæй тард æрцыдысты, æмæ Алагиры районы газетæн уадзыны хъомыс фæцис, афтæ фыццаг номыртæй иуы мыхуыргонд æрцыд Кочысы-фырты сидт хæцæг Æфсадæй. Стыр фыстæг у, йе ’ппæт ын не ’рхæсдзынæн ацы ран, фæлæ стыр диссаджы зæрдæйы уагимæ фыст кæй у, уымæ гæсгæ дзы – цалдæр скъуыддзаджы:

«Нæ Иры фæсивæд! Æрцыд рæстæг уæ хъару, уæ ныфс,

уе ’взыгъддзинад равдисынæн. Кавказы хæххон гуырдтæ, хъуамæ мах равдисæм знагæн, цъаммар знагæн, нæ айнæг хохыл дауд æхсаргæрдтæ куыд кæрдынц æмæ куыд раст кæрдынц æмæ раст цæвынц сыгъдæггонд топпытæ.

Хъæбатыр Нарты байзæттæгтæ, - нæ Иры фæсивæд, Нарты Уырызмæг æмæ Батразы нæмттæ уын уæнт ныфсдæттæг уæ абоны æмæ дарддæры тохы знаджы ныхмæ. Куыд нæ фезмæлдзæн Хъазбег йæ бынатæй, куыд нæ ныллæудзæн Терк йæ цыдæй, афтæ фидар æмæ æнæфæцудгæ æрлæудзысты риуы ’мбæрц Кавказы сахъгуырд фæсивæд сæ райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ.

Худинаджы бæсты мæлæт! – афтæ у нæ Иры фæсивæд, абон нæ тохы сидт. Не ’руадздзыстæм нæ сæрмæ худинаджы ном, нæ ратдзыстæм нæ зæронд мадæлты, нæ буц хоты æмæ нæ уарзон чызджыты Гитлеры дыкъахыг бирæгътæм хынджылæг кæнынмæ. Фæлтау мæлæт хæсты быдыры кадимæ»…

«Рæстдзинад» Кочысы-фырты фыстæг куы рауагъта, уæд ма немыц уыдысты Алагиры районы, æмæ йæ районы дзыллæтæ нæ бакастысты. Фæлæ сæхи районы газеты куы рацыд, уæд æй кæрæдзийы къухтæй скъæфтой æмæ йæ стыр цымыдисæй æхсызгонæй кастысты.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй «Рæстдзинад»-ы редактор суæвыны размæ Æгъуызары фырт хорз зыдта ацы газеты редакцийы кусджытæн сæ фылдæры. Уыдон æй сæхæдæгдæр зыдтой, уæдæ цы уыдаид. 1946 азы дыккаг æмбисы «Раздзог»-æн хæрзбон куы зыгъта æмæ партийы Алагиры райкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг куы сси, уæддæр сæ бастдзинад нæ фехæлд. Уый нæ, фæлæ ма цавæрдæр хъуыддæгты фенгомдæр сты. Алагиры район кæуылты уыдис! Уый дын ССР Цæдисы хæххон промышленносты стырдæр куыстуæттæй иу – Садоны здыйы-цинчы комбинат, уый дын – хъомысджын колхозтæ. Дарддæр – скъолатæ сæ хъæздыг традицитимæ, бирæвæрсыг культурон кусæндæттæ æмæ ноджы бирæ æндæртæ. Уымыты алы ран дæр пропагандæ æмæ агитацийы хайадæн, йæ куыстадзагъд сæргълæууæгæн бирæ хабæрттæ, бирæ кæнинæгтæ уыдис. Æхсарбегæн кæрæй-кæронмæ бæлвырд зындгонд уыдысты. Уый хорз хынцыдтой республикон газеттæ «Социалистическая Осетия»-йы æмæ «Рæстдзинад»-ы редакциты кусджытæ. Искуы-иу сæ



уыцы «тæвдæй» исты æрмæг куы бахъуыди районæй, уæд-иу сæ тъæпп фæцыдис Æхсарбегыл. Никуы сæ фæсайдта. Йæ руаджы бирæ алагираг разагъды кусджыты, зæхкусджыты, интиллегенцийы раззагдæр минæвæртты нæмттæ, промышленнон куыстуæтты æмæ хъæууон хæдзарæдты коллективты кады хабæрттæ «Рæстдзинад»-мæ цыдысты Æхсарбеджы руаджы.

Рæстæг цыдис, йæ кæнонтæ кодта, бонæй-бонмæ домдта стырдæр ахуыргонддзинад. Æхсарбег хорз æмбæрста, фидæны та ноджы фылдæр кæй домдзæни. Фæндыдис æй ахуыр кæнын. 1948 азы æнтыстджынæй фæлварæнтæ радта республикон партион скъоламæ. Куыд сæ лæвæрдта, уый дзы цæрæнбонты дæргъы никуы ферох. Исгæ та сæ кодта скъолайы директор, историон наукæты кандидат Цыбырты Тадиозы фырт Христофор. Кæд Æгъуызары-фыртимæ хорз зонгæ уыдис, уæддæр ын йæ зонындзинæдтæ тынг арфæй къахта. Уый, чи зоны, Æхсарбегæн йæхи аххос дæр уыдис. Билет куы систа æмæ уым æвæрд дыууæ фарстамæ куы æркасти, уæд, дын, афтæ:

- Æвæстиатæй, æнæ цæттæ кæнгæйæ, дзуапп дæттын æмбæлы?

- Кæд дæхиуыл дæ зæрдæ дарыс, уæд – табуафси, - Христофор цыдæр æнахуыр хин худт бакодта.

Æхсарбег фыццаг фарста радзырдта бæстонæй, афтæмæй равдыста, иттæг хорз æй кæй зыдта, уый. Христофор ын æппæлæн ныхæстæ загъта, стæй йæм фарста фарстайы фæдыл дæттын райдыдта. Æвæццæгæн, ссæдзæй фæфылдæр уыдаиккой. Афтæ йыл ныккалдта дыккаг фарстайы фæстæ дæр – тынг æй фæндыдис уыцы бæрзонд æмæ хæрзконд абитуриенты зонындзинæдты «къæбицы» къуымтæ хæдзарддзинæй басгарын. Кæд ын Æгъуызары-фырт иттæг лæмбынæг дзуæппытæ фæлæвæрдта, уæддæр ын нывæрдта цыппар, мæхæдæг дæр, дам, истории æмæ философи «фондзыл» нæ зонын. Уый тыххæй йыл йæ зæрдæ ницы хуызы фæхудти. Кæд Христофорæн тынг стыр кад уыдис мæнæн мæхи цæсты, кæд æй абон дæр фæмысын æмæ нымайын, уæддæр (æргомдзырд адæймаг дæн) иу хъуыддагæн æнæ бафиппайгæ нæй. Æз дæр дæн уæлдæр скъолайы ахуыргæнæг, æмæ ныртæккæ дæр мæ коллегæтæй иуæй-иутæ «5» нæ февæрынц,

мæхæдæг дæр, дам, иу кæнæ иннæ наукæ иттæг хорз бæрæггæнæны бæрц нæ зонын. Уый мæнмæ раст нæ кæсы: абитуриент, студент, аспирант йæ размæ бæлвырд æвæрд фарстатыл дзуапп куыд радта, бæрæггæнæн ын афтæ æвæрын хъæуы, уыимæ «фондз» дæр. О, фæлæ уый æндæр ныхас у…

Цыбыры-фырт Æхсарбегмæ йæ цæст лæмбынæг дардта ахуыры рæстæг дæр. Арæх æмбæлдысты, æмæ-иу æй биноныг æрфарста йæ царды хабæрттæй, йе 'нæниздзинадæй, ахуыры хъæдæй. Æгъуызары-фырт зонындзинæдтæ фылдæр райсынил куыд æнувыдæй куыста, уый йæ зæрдæмæ тынг цыдис. Разы дзы уыдис, æмæ-иу ын уый тыххæй цæстуарзонæй загъта. Æхсарбег скъолайы ахуыры рæстæг æмæ фадæттæй куыд пайда кодта, уый тыххæй йæхæдæг сæрмагондæй афтæ фыста: «Программæмæ гæсгæ цы предметтæ уыди, уыдонæн сæ фылдæрмæ рæвдз уыдтæн. Кæнæ сæ зыдтон, кæнæ та ма мæ цыдæр чысылтæ бакæсын хъуыди. Фæлæ уæддæр кæсгæ бирæ кодтон Марксы, Энгельсы, Ленины æмæ Сталины уацмыстæ. Программæйы цыдæриддæр уыдис, уыдон се 'ппæт дæр. Уый нæ, фæлæ ма библиотекæйæ райстон Мæскуыйы уæлдæр партион скъолайы программæ æмæ уым цы фæлварæнтæ нысангонд уыдис, уыдон дæр бæстонæй сахуыр кодтон, «Капитал»-æй райдай æмæ Сталины уацмысты онг. «Капитал» дыууæ хатты бакастæн æмæ уæд æххæстæй бамбæрстон: уый у марксизмæн йæ тæккæ сæйрагдæр чиныг, йæ астæуы магъз. Политэкономийæн дæр, философийæн дæр, социализмы ахуырадæн дæр».

Æхсарбег партийы Алагиры районы газеты редакторæй куы куыста, уæд бавнæлдта уæды рæстæджы æппæт наукæты бындур – марксистон-ленинон теори ахуыр кæнынмæ. Уыцы уавæрмæ йæ бакодта цард йæхæдæг. Рауадис афтæ. Алагиры куыста изæрон партион скъола. Уырдæм сæ зонындзинæдтæ хъæздыгдæр кæнынмæ цыдысты æгас районы минæвæрттæ райдиан партион организациты рахаст уынаффæты бындурыл. Скъола бæргæ байгом, фæлæ дзы философийы ахуыргæнæг нæ разынд. Æхсарбег сфæнд кодта уыцы куыст йæхимæ райсын. Йæ уынаффæ бамбарын кодта партийы райкомы разамындæн. Æрбадтис æхсызгон хъæугæ литературæйыл, йæхи сбаста республикон партион скъолайы æмæ педагогон институты марксистон-ленинон философийы æмæ



партийы историйы кафедрæтимæ. Уым ын стыр æххуыс кодтой ахуыргæндтæ. Уæлдайдай разы уыдис философон наукæты кандидат Цæллаты Харитон. Уый къорд хатты цалдæргай сахæттæ амыдта Æхсарбегæн æппæты вазыгджын æмæ ахсджиагдæр фарстатæ. Æхсарбег бирæ хæттыты кодта арфæйы ныхæстæ Цæллайы-фырты тыххæй.

Афтæмæй Алагиры районы изæрон партион скъолайæн йæ фыццаг ахуыры аз уым райдыдта кусын ахуыргæнæгæй. Бирæ азты фæстæ йæхæдæг, куыд хæдæфсарм адæймаг, афтæ фыста, бынтон фидар ахуыргæнæг кæй нæ уыдис. Афтæ йæм касти, фæлæ иуахæмы партийы обкомы хæслæвæрдмæ гæсгæ Алагирмæ скъолайы куыст басгарынмæ ныццыдысты уæлдæр скъолаты ахуыргæнджытæ Шотаты Науырыз æмæ Геворкян æмæ Æгъуызары-фыртмæ куы байхъуыстой, уæд дзы раппæлыдысты. Æрмæстдæр уæд æрсабыр йæ зæрдæ, ныфс дзы бацыд. Гъе, уыцы заман сæвæрдта фидар бындур йæ наукон бирæвæрсыг зонындзинæдтæн. Уыдон ноджы фæфылдæр кодта республикон партион скъолайы æмæ йæ каст фæци иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ.

Республикон партион скъола каст фæуæвджыты куыстытæм æрвыста партийы Цæгат Ирыстоны обком. Æхсарбег æрвыст æрцыд Алагиры районмæ. Уым æй равзæрстой райкомы дыккаг секретарæй – кæрæй-кæронмæ пропагандæ æмæ агитацийы куыстыл дзуапдæттæг сси. Ахæм бонтæ-иу уыдис, æмæ-иу æй хæрынмæ нæ, фæлæ куыд фæзæгъынц, йæ сæр аныхынмæ дæр нæ равдæлд. Районы пропагандæмæ æмæ агитацимæ бар чидæриддæр дардта, - уыдон та уыдысты æппæт куыстуæтты æмæ колхозты, кусæндæтты, скъолаты, - иууылдæр сæ куыстмæ райдыдтой æндæр хуызы æвналын. Алы хъæугæ хъуыддаджы дæр, æвæлмæцгæйæ, сæ разæй цыдис Æхсарбег йæхæдæг. Уыцы рæстæг пропагандистон æмæ агитацион куыст облæстон партион организацийы æппæты хуыздæр æвæрд уыдис Дзæуджыхъæуы, дыккаг бынат та ахста Алагиры район. Уым æппæты разæй арфæйы аккаг уыдис райкомы секретарь Æгъуызарты Тæтæрхъаны фырт Æхсарбег.

1954 азы, «Рæстдзинад»-ы Æхсарбеджы размæ сæйраг редакторæй чи куыста, уый Чæлæхсаты Аслæнджери, Мæскуыйы каст фæци СЦКП-йы цур уæлдæр партион скъола. Сыз-

дæхт Ирыстонмæ æмæ йæ партийы обкомы бюройы æмбырды фæстæмæ йæхи бынаты сæвæрдтой. Æхсарбег кæд уыцы газет иттæг бирæ уарзта æмæ йын стыр аргъ кодта, уæддæр бацин кодта, кæй дзы цыдис, ууыл. Хъуыддаг уый мидæг уыдис, æмæ дзы бирæ хъыцъыдæттæ банызта. Хистæр фæлтæрæй абон сæрæгас чи у, уыдонæй бирæтæ сæ зæрдыл дардзысты, ивгъуыд æнусы 50-æм азтæ куыд змæст уыдысты, уый. 1950 азы партийы Центрон Комитет байхъуыста Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Хъулаты Хъуыбадыйы дзуапмæ – тынгдæр идеологон фарстатæ куыд лыггонд цæуынц, уымæ. Уыйбæрц карз каст цыдис хъуыддагмæ æмæ йæ куыстæй уæгъдгонд æрцыд идеологон фарстатæм кæсæг секретарь Битеты Степан. Уæззау уайдзæфтæ æрхаудта Хъулаты Хъуыбадымæ, обкомы бюройы иннæ уæнгтæм. Центрон Комитеты карздæр æмæ æнæмæнг æххæст кæнинаг хъуыддагыл нымад æрцыд Ирыстоны национ ахастдзинæдты фарстамæ бынтон ног хуызы акæсын. ЦК-йы рахаст уынаффæйы цалдæр хатты уыдис «национализм», «буржуазон национализм», «национализмы уаргъ» æмæ афтæ дарддæр. Ома, уыцы рæстæджыты стыр уæз æмæ политикæ кæм уыдис, дзырды ахæм уидаг.

Ахæм партион уынаффæты кæддæриддæр æнæмæнг ныхас цыдис мыхуыры оргæнты тыххæй дæр. Амынд дзы цыдис, газеттæ национализмы ныхмæ куыд хъуамæ тох кодтаиккой, уый.

Ирыстоны партион организацитæй бирæтæ, уæлдайдæр идеологон кусæндæтты, промышленносты æмæ хъæууон хæдзарады стырдæр куыстуæтты, сæ дыстæ бафæлдæхтой, уæдæ буржуазон националистты уидаг бындзарæй сыскъуынæм, зæгъгæ. Дзырдтой æмбырдты, фыстой газеттæм. Æхсарбег, уыцы бонтæ мысыди: «Рæстдзинад»-ы редакцимæ дæр алыхуызон æрмæг цыди уыцы фарстаты фæдыл. Æмæ-иу нæм иуæй-иу статьятæ фæлæууыдысты бирæгай мæйтæ. Куыдæй сæ фыстой, афтæмæй сын мыхуыр кæнæн нæ уыди: æгæр карз, æгъатыр уыдысты. Куы-иу сæ бацыбыртæ кодтам, науæд-иу сæ æппындæр куы ныммыхуыр кодтам, уæд та-иу бæстæ хъаст æмæ загъдæй байдзаг и. Тынгдæр хъаст кодтой партийы обкомы пропагандæйы æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Гутнаты Харитонмæ æмæ обкомы дыккаг секретарь Михаил Севостьяновмæ».



Æгъуызары-фырт рацыд «Рæстдзинад»-æй. Уæдмæ йæ ног куыст цæттæ уыдис – обкомы пропагандæйы æмæ агитацийы хайады сæргълæууæджы хæдивæг. Кæй зæгъын æй хъæуы, мыхуыры куыст йæ зæрдæмæ тынгдæр хъардта, фæлæ йын фидарæй загътой, уырдæм цæуын хъæуы, зæгъгæ, æмæ æндæр гæнæн нал уыди. Ноджы ма дзы иу фæзилæн дæр дæр уыд: йæ хистæр æмбал Челæхсайы-фыртæн бынат суæгъд кæнын хъуыдис. Афтæ бакодта, æмæ уый, сæ дыууæйы дæр чи зыдта, уыдон зæрдæмæ фæцыдис.

Æхсарбег партийы обкомы куыддæр райдыдта, афтæ дисы бацыдис: амæй размæ йæм гæмæх цæстæй чи касти, уыдон дæр æм сæхи афтæ æвдисын райдыдтой, цыма зæххыл уымæй стырдæр лæг нæ уыдис. Кæддæр мын афтæ дзырдта: «Нæ партийæн йæ тæккæ æвзæрдæр хабар уый у, æмæ козбау, цæстмæмитæн æгæр егъау бынат кæй ис. Кæд ыл искуы исты фыдбылыз æрцæуа, уæд уыцы дыууæ хъуыддаджы уыдзысты йæ сæфты сæйраг аххосæгтæ».

Цасдæр рæстæг хайады хицауæй куыста ахуыргонд адæймаг – Гутнаты Харитон. Хорз архайдта, фæлæ йæ æндæр куыстмæ ивын бахъуыди. Йæ бынаты та йын сæвæрдтой Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты директор Цыбырты Тадиозы фырт Христофоры; куы йæ загътон чысыл раздæр, республикон партион-советон скъолайы хорз базонгæ сты, уый. Фæлæ сын кæд цыфæнды хъарм ахастдзинæдтæ уыд, уæддæр Æхсарбег, кæддæриддæр куыд уыдис, афтæ ныр дæр йæхи нымадта хибар адæймагыл, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, хистæрты ныхасæн аккаг аргъ кæнгæйæ, куыста, йæхи зонд æмæ зæрдæ йын куыд уынаффæ кодтой, афтæ. Йæ быгъдуан ын бакодтой дуне ахсджиаг фарстатæ. Республикæйы мыхуыр, радио, сфæлдыстадон цæдистæ, уæлдæр, сæрмагонд астæуккаг æмæ иумæйаг ахуырады скъолатæ, æппæтцæдисон æхсæнад «Зонынад»-ы республикон хайад, журналтæ «Мах дуг» æмæ «Агитаторы блокнот», альманах «Литературон Ирыстон», драмон æмæ сывæллæтты театртæ, кафджыты æмæ зарджыты анасамбль, хъихъæппæрисадон аивад…Гъе, афтæмæй Æгъуызарыфырт сси сæдæгай адæймæгты хъысмæтыл дзуапдæттæг. Хорз æмбæрста, уыдонæн цас фылдæр хорздзинæдтæ араза, уыйас сæ зæрдæтæ рухсдæр кæй уыдзысты æмæ иумæй-

аг хорздзинадыл тынгдæр кæй кусдзысты. Зæгъæн ис, æмæ адæмæн лæггад кæныны хъуыддаджы йæ комкоммæ хицау Цыбыры-фыртимæ æмхуызон разындысты. Уый дæр партион разамонæг кусæджы æппæты бæрнондæр хæсыл нымадта адæймаджы царды ахсджиаг баныт ахсæг фарстатæ раст æмæ тагъд лыг кæнын.

Æгъуызары-фырт бирæ рæстæг хардз кодта пропагандæйы æмæ агитацийы ахсджиагдæр къабæзты куыстхъом адæймæгтæ æвæрыныл. Зæгъæм, 1959 азы уалдзæджы «Рæстдзинад»-ы бæрнон редактор Челæхсаты Аслæнджери партийы обкомы фыццаг секретарь Æгкацаты Владимиры фæндæй ивд цыдис æндæр куыстмæ. Республикæйы партион разамынд «Рæстдзинад»-æн ног бæрнон редактор ссарын бабар кодта Æхсарбегæн. Сæйраг ирон газеты сæргъы æрлæууынмæ чи бæззыд, ахæмтæ, раст зæгъын хъæуы уыдис Ирыстоны журналистты æхсæн. Æхсарбег сæ ацал-ауал азы дæргъы хорз базыдта, фæлæ ма сæ уæддæр алкæйы сфæлдыстад æмæ политикон цæстæнгас дæр лæмбæнæг басгæрста. Æппынфæстаг æрлæууыди Хъаныхъуыты Микъалайы фырт Владимирыл. Уый æрыгонæй фæстæмæ баст уыдис мыхуыримæ. Фыста æмдзæвгæтæ, очерктæ, фельетонтæ, алыхуызон фарстаты фæдыл арф хъуыдыджын æрмæджытæ. Каст фæцис партийы Центрон Комитеты цыр уæлдæр партион скъола æмæ уыцы рæстæг куыста республикæйы фæсивæдон газет «Æрыгон коммунист»-ы редакторæй. Æгъуызарыфырт уыдта, Валодяйы разамындæй газет бирæ диссагдæр кæй фæцис, уый. Партийы обкомы бюро Хъаныхъуайы-фырты сфидар кодта «Рæстдзинад»-ы редакторæй.

Иннæ ахæм журнал «Мах дуг». Уым цалдæр азы дæргъы нал рæстмæ кодта разамонæджы хъуыддаг. Уыцы фарста дæр та обкомы секретарь Хъæбæлоты Билар бабар кодта Æхсарбегæн:

- Журналы тыххæй фæстаг рæстæг бирæ радзур-бадзуртæ хъуысы. Йæ кусджытæ армыдзаг дæр не сты, афтæмæй та ирон фысджыты хаттæн æддæг-мидæг ауайын кæнынц… Уыцы фыдбылыз чи фесафа, нæ литературæйы рæзты журналæн фидар бынат чи скæна, ахæм редактор дзы хъæуы. Стæй ма йæм уыцы хуызы дæр æркæс, æмæ литератортæн сæ кæстæр фæлтæрмæ куыд хауа…



Æхсарбеджы зæрдæмæ фæцыдысты Билары бафæдзæхст ныхæстæ. Райдыдта, журнал йæ къæхтыл чи слæууын кодтаид, ахæм агурын. Уый дæр та ссардта: Мæрзойты Тимофейы фырт Сергей. Уый бакуыста Цæгат Ирыстоны паддзахадон рауагъдады аивадон литературæйы хайады хистæр редакторæй, газет «Социалистическая Осетия»-йы культурæйы хайады сæргълæууæгæй. Уыцы рæстæг та уыдис журнал «Мах дуджы» критикæ æмæ библиографийы хайады сæргълæууæг. Алы ран дæр йæ бæрны хъуыддæгтæм сæрæнæй æвнæлдта. Хорз кад ын уыдис фысджыты æмæ журналистты æхсæн. Бастдзинад дардта аивады æмæ культурæйы архайджытимæ. Цыбыр дзырдæй, йе сфæлдытадон царды хабæрттæ иууылдæр дзырдтой журналы редакторы бынаты кæй сфидаудзæн, ууыл. Хъæбæлойы-фырт Сергейы гæххæттытæ дзæбæх куы бакаст, уый фæстæ йын йæхимæ фæдзырдта. Уыцы фембæлды уыдис Æгъуызарты Æхсарбег дæр, æмæ ныфсы ныхæстæ загъта ног редакторæн.

Æхсарбег райдиан кълæсты ахуыр кæнгæйæ, базыдта æмæ буарзта «Мах дуг». Сæхи хъæуккаг Зæнджиаты Бæбуйы фыстытæ дзы фыццаг хатт куы федта, уæд æй бынтон хæстæг райста йæ зæрдæмæ. Æмбалты Цоцкойы ном дæр ын æхсызгондзинад лæвæрдта. Уæдæ йæ кары куы бацыд, уæд та йын ирон фысджыты нæмттæ журналы фæрстыл хиуæттау уыдысты. Раджы бамбæрста, уымæн ирон литературæйы рæзты æмæ ног фысджыты адæмы рæнхъмæ ракæныны хъуыддаджы цы егъау ахадындзинад уыдис, уый. Гъе, æмæ партийы обкомы кусгæйæ, «Мах дуг»-мæ цыдæр бар дарæг куы сси, уæд ын æхххуыс кодта, йæ бон цас амыдта, уыйас. Редакцимæ дæр-иу арæх бауад. Изæрыгон-иу уырдæм куы бафтыд, уæд-иу кæддæриддæр бæлвырд ныхас кодта редакцийы кусджытимæ, уым-иу автортæй кæй баййæфта, уыдонимæ.

Бирæ азты дæргъы Æхсарбег уыди журнал «Мах дуджы» редколлегийы уæнг. Уæды рæстæг уый уыди ахсджиаг æхсæнадон куыст, æмæ йын Æгъуызары-фырт кодта аккаг аргъ. Йæ руаджы журналы фæрстыл иу æмæ дыууæ хатты нæ фæзындысты ирон фысджыты «дзырддаг» уацмыстæ, ома, сæ рацыд алы хатт уæлдæр хицауадæн æхсызгон кæмæн нæ уыдис, ахæмтæ. Уый тыххæй фысджыты уыцы заманы фæлтæрæй бирæтæ Æхсарбеджы нымадтой сæ хæрзгæнæгыл, арфæйаг

дзы уыдысты. Иухатт бацыдтæн Цæгат Ирыстоны фысджыты цæдисмæ ме 'рдхорд Цæрукъаты Валодямæ. Йæ кусæн уаты йемæ бадтысты поэт Баллаты Тембол æмæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты доцент, литературон критик Девлет Гиреев. Иузаман Девлет йæ папкæйæ систа цыдæр гæххæтытæ, равзæрста дзы цалдæр сыфы æмæ загъта:

- Æгъуызары-фырты роман «Хурхæтæны» тыххæй ныффыстон уацхъуыд…«Цæхгæр фæзилæнты»…

Хицæн гæбæзтæ бакасти уацхъуыдæй. Фæстæдæр та сæ рауагъта мыхуыры. Уацхъуыд лæмбынæг равдыста романы ахадындзинад, загъта, йæ дуджы ирон литературæйы цы бынат æрцахста, уый тыххæй. Девлет уымæй размæ дæр, уый фæстæ дæр бирæ критикон статьятæ ныффыста. Уыдон æрмæст литературон уацмысты автортæй раппæлыны тыххæй нæ уыдтой боны рухс. Хъуагдзинæдтæ дæр никуы бафæсвæд кодта. Æгъуызары-фыртæн дæр цыдæр хабæрттæ йæ цæстмæ бадардта. Фæлæ дзы æппæлгæ тынгдæр кодта. Критик бацамыдта, роман «Хурхæтæны» кæй ис бирæ коммуністтæ, æмæ сæ алкæмæн дæр кæй ис йæхи цæсгом, йæхи хъысмæт, цардмæ, æхсæнадмæ йæхи цæстæнгас. Иуы дзы иннæимæ фæхæццæ кæнæн нæй. Ноджы ма дзы иу фæзилæн та ахæм бафиппайдта Гиреев: коммуністтæ се 'ппæт бафæзмынæн нæ бæззынц, се 'хсæн ис бирæ «тæригъæдджынтæ»…

Девлет йæ кæсæнцæстытæ систа:

- Æхсарбег ахæм фæндагыл кæй ацыд, уымæй раст бакодта…Хорз зоны уавæр, царды æцæгдзинад зæрдæйæ банкъардта æмæ йæ раст сныв кодта.

Уацхъуыдыл ныхас фæци, фæлæ Æгъуызары-фырты кой дарддæр кодта Баллаты Тембол:

- Царды æцæгдзинад хорз æнкъары æрмæст йæ романы нæ…Афтæ нæ зæгъдзынæн, æмæ йæ бирæ хорздзинæдтыл фæкалдтæн, фæлæ мын цалдæр хатты сбæззыдис. - Æмæ радзырдта ахæм хабар. Æртæ къуыримæ, нæ республикæйы фысджыты цæдисы сфæлдыстады хæдзары цæргæйæ, бацæттæ кодта иу къорд æмдзæвгæйы æмæ сæ бахаста журнал «Мах дуг»-мæ. Уыцы заманы сæйраг редакторимæ сæ ахастдзинæдтæ хорз уавæры нæ уыдысты, æмæ йын уый цæлхдуртæ æвæрдта. Иу æфсон та дзы ахæм ссардта сæйраг



редактор: «Æгъуызарты Æхсарбеджы романæй стыр скъуыддзæгтæ уадзæм, æмæ бынат нæ фаг кæны…Нæ журнал резинæйæ конд нæу». Куыд рабæрæг, афтæмæй сæйраг редактор ноджы цалдæр авторæн дæр кодта ахæм æфсон. Уый, дын, иуахæмы Æхсарбеджы хъусыл куы 'рцæуид. «Мах дуг»-мæ бацыдис æмæ сæйраг редакторæн бауайдзæф кодта, йæхи æгуыдзæгдзинад уымæ кæй æппæрста, уый тыххæй. Ноджы ма бавдæлд æмæ журналы радон номырæй йæ романы скъуыддзаг сисын кодта, æмæ «зын уадзæн» æмдзæвгæты авторты стыр къордæн фæндаг радта. Уымæй фæстæмæ, куыд редколлегийы уæнг, афтæ арæх дзурын райдыдта редакцийы кусджытæн, цæмæй автортæм лæмбынæгдæр дарой сæ хъус, йæхæдæгдæр сын, цас гæнæн уыдис, уыйас фылдæр кæсын райдыдта сæ къухфыстытæ. Алы уацмысы тыххæй дæр æргомæй дзырдта автортæн сæхицæн дæр, журналы æмæ газетты редакциты, чингуыты рауагъдады кусджытæн дæр. Кæд Æхсарбегæн цыфæнды бирæ куыст уыд, кæд-иу æй хатгай боны дæргъы йæхимæ æппындæр нæ равдæлд, уæддæр бирæ хæттыты уыдис рецензент рауагъдадмæ бацæуæг прозаикон уацмысты къухфыстытæн.

Советон цардæвæрд ма фидар куы лæууыд йæ дыууæ къахыл, Коммунистон парти ма рæстмæ аргъ куы кодта кусджытæн, хъæуuон дзыллæтæн, интеллигенцийæн, уæд сæ хуыздæрты тыххæй бирæ æрмæг цыди мыхуыры фæрстыл, радиойы, телеуынынады. Уый уæлæмхасæн ма сæ ахъаззагдæрты тыххæй уагъд цыдысты хицæн листовкæтæ. Мах республикæйы раззагдæрты тыххæй листовкæтæ аразыны хъуыддаг бирæ рæстæг партийы обкомы фæдзæхстмæ гæсгæ уыдис Æгъуызары-фырты бæрны. Тынг зæрдиагæй сыл архайдта. Уыдон фыссын ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл ахсджиаг æмæ кадджын хъуыддагыл нымадтой Цæгат Ирыстоны журналисттæ. Æхсарбег автортæ æвзарста иттæг бинонытæй, йæ зæрдæмæ тынгдæр кæй сфæлдыстад цыдис, уыдон. Æмæ уыдон листовкæтæ фыстой. «Рæстдзинад»-ы кусджытæй уыцы фæлгæтмæ бацыдыстæм æртæйæ: Джыккайты Федя, Цæрукъаты Валодя æмæ æз. Ныффастам цалдæр листовкæйы Алагиры, Кировы æмæ Æрæфы районты хъæууон хæдзарады раззагдæр кусджыты тыххæй. Æхсарбег-иу нын

нæ куыстытæ касти бынтон лæмбынæг. Афтæ дæр рауади кæддæрты, æмæ-иу нын сæ дзыхъынногæй куы ныффыссын кодта. Кæд-иу хатгай бахъуыр-хъуыр кодтам, уæддæр ыл нæ зæрдæ никуы худтис. Листовкæтæ-иу куы рацыдысты æмæ-иу адæмы цæсты куы сахадыдтой, уæд-иу нæм тынг бахъардтой Æхсарбеджы ныхæстæ: «Лæппутæ, ныртæккæ уæ кусинæгтæ цас хæдзардзиндæрæй бакæнат, алы хъуыдыйад дæр цас лыстæгдæр балуарат мыхуыры размæ, уыйас уæ фыстытæ адæмы зæрдæмæ тынгдæр цæуыдзысты. Уæхæдæг дæр сæ райгонддæр уыдзыстут». Ацы хабар та бæлвырд æвдисæн у, Æгъуызары-фырт мыхуыры ныхасæн стыр аргъ æмæ кад кæй кодта, уымæн.

Æхсарбег мыхуыры дзырдæн æцæгдæр цы аргъ кодта, уый ма ноджы бинонылгдæрæй федтон æмæ бамбæрстон 1960 азы нæ Райгуырæн бæстæйы столицæ Мæскуыйы ирон аивады æмæ литературæйы декадæйы бонты. Æз уыцы рæстæг уыдтæн газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы литературон кусæг, æмæ уырдæм æрвыст æрцыдтæн сæрмагонд уацхæссæгæй. «Рæстдзинад»-æй ма дзы уыдысты Уырымты Петка (уый ацыдис фысджыты цæдисы номæй) æмæ Федор Мамонтов, республикæйы иннæ газеттæй - Гуыриаты Мæхæмæт, Александр Бернацкий («Æрыгон коммунист») æмæ Гокъоты Хадзымурат («Социалистическая Осетия»), радиойæ - Боциты Юрий.

Партийы обком журналистты къордæн хистæрæй арвыста фыссæг æмæ публицист, пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæджы хæдивæг Æгъуызарты Æхсарбеджы. Мах Æхсарбегимæ цардыстæм фысимуат «Мæскуы»-йы, иннæтæ - æндæр рæтты. Нæ пресс-центр уыдис Æгъуызарыфырты уаты. Алы райсом дæр-иу фараст сахатыл бамбырд стæм уым æмæ-иу бинонылг æрдзырдтам, знон йæ редакцимæ чи цавæр хабæрттæ арвыста декадæйы тыххæй, ууыл, нæ уыцы боны куыстæгтыл. Хаттæй-хатт-иу уыцы фембæлдмæ æрбацыдысты партийы обкомы секретарь Хъæбæлоты Билар, пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Цыбырты Христофор, культурæйы министр Битеты Степан æмæ æндæр бæрнон кусджытæ, нæ республикæйы сфæлдыстадон коллективты разамонджытæ, мæскуыйаг газетты æмæ журналты кусджытæ, Æппæтцæдисон радиойы æмæ телеуынынады журналисттæ. Ахæм фембæлды заман-иу Æхсарбег махæн исты ног хабæрттæ радзырдта, ныфсытæ-иу нын авæрдта, бацамыдта-иу, боны дæргъы тынгдæр цавæр фарстатæм æргом аздахын хъæуыдзæни.



Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы, сæрмагонд поезд декадæйы архайджыты Мæскуымæ куыд скъæфта, уый. Нæ зынгонд артисттæ, фысджытæ, нывгæнджытæ, композитортæ, аивадон хихъæппæрисады архайджытæ уарзон Мæскуымæ ластой сæ хуыздæр фæллæйттæ. Поезды иу купейы цыдтæн Цæгæраты Максимимæ æмæ Хъайтыхъты Георимæ. (Цыппæрæймаджы нал хъуыды кæнын). Арæх-иу нæм æрбауадысты Максимы æмæ Георы æмкусджытæй бирæтæ, мæ зонгæтæ. Иууылдæр тынг мæт кодтам, уæдæ декадæ куыд рауайдзæни, зæгъгæ.

Ирон культурæйы архайджытæм уыди, стыр гæрæты цæрджытæн æмæ уазджытæн цы равдыстаиккой, уый. Бауырнæд уæ, мæ зынаргъ æмбæлттæ, уæд не сфæлдыстадон кусджытæ абонæй бирæ зæрдæрухсдæр уыдысты. Хъыгагæн, ныртæккæ бирæтæ, ног уацмыстæ фæлдисыны бæсты политикæмæ ныццавтой, уырзæй сгарæгау, агурынц ивгъуыд рæстæджы хъæндзинæдтæ, ахæм хуызы уæззау æмæ æлхыскъæй дзурынц, æмæ сæ ныхæстæ фæрсты иннæрдæм ахизынц. Фæлæ уæд нæ литературæйы æмæ аивады кусджытæ æххæст кодтой сæ сæйраг хæс: фыстой чингуытæ, зарджытæ, нывтæ кодтой, æвдыстой ног спектакльтæ.

Кæд бирæтæ ивгъуыд бонтæ цъыфимæ змæнтынц, дзурынц, зæгъгæ, дам, нымæцæй чысыл адæмтæ цъысимы уыдысты, уæддæр 1960 азы августы фæстаг бонты æмæ сентябры райдианы Мæскуыйы ирон аивады æмæ литературæйы декадæ та æндæр хъуыддагыл дзырдта. Курскы вагзалмæ ирыстойнаг уазджыты размæ рацыдысты СЦКП-йы Центрон Комитеты, ССР Цæдисы Министрты Советы, нæ бæстæйы æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы министрадты бæрнон кусджытæ, нæ номдзыд фысджытæ Николай Тихонов, Константин Симонов, Яков Смеляков, ССР Цæдисы Композиторты цæдисы правленийы сæрдар Тихон Хренников, театралон аивады кадджын архайджытæ Юрий Завадский, Александр Раевский æмæ бирæ æндæртæ. Поезды размæ, уæлдайдæр та декадæмæ сæрмагондæй æрвыст журналистты размæ рацыдис Æгъуызарты Æхсарбег. (Уый декадæ хуыз-

дæр бацæттæ кæныны тыххæй махæй дзæвгар раздæр ацыди Мæскуымæ). Нæ кæрæдзийыл куы бацин кодтам, стæй, куыд уацхæсджытæ, афтæ мæскуыйæгтимæ, стæй нæхи æрвыст минæвæрттимæ куы аныхæстæ кодтам, æмæ нæ журналистон блокнотты декадæйы тыххæй фыццаг рæнхъытæ куы афыстам, уæд нæ Æхсарбег сбадын кодта автобусы æмæ нæ аласта фысымуæттæм. Куыд базыдтам, афтæмæй ныл хорз бамæт кодта. Фысымуæтты нын уыдис æппæт фадæттæ æнæмæт цардæн æмæ журналисты куыстæн. Вагзалæй цы автобусы ацыдыстæм, уый та сæрмагондæй мах номыл райста Уæрæсейы Федерацийы културæйы министрадæй.

Уыцы историон цауы тыххæй, - декадæйæн æндæр хуызы схонæн дæр нæй, - мæн хуызæн зынаргъ æрмæджытæ ничи æрæмбырд кодта. Декадæйы цытæ федтон, цытæ фехъуыстон, уыдон абон дæр ма рæсугъдæй лæууынц мæ зæрдыл. Мæ журналистон блокнот куы афæлдахын æмæ алæмæты рæнхъытæ куы бакæсын, уæд зæрдæ барухс вæййы. Интервьютæ цы зындгонд адæймæгтæй райстон, уыдонимæ фæсарæйнаг зындгонд адæймæгтæй дæр, уыдонæн æрмæст сæ анымайын дæр цины хос у. Хореографийы аивады рагондæр кусæг, ССР Цæдисы адæмон артисткæ Е. Гельцер, Ленинон премийы лауреат, курдиатджын авиаконструктор, академик А. Туполев, Мæскуыйы заводтæй иуы инженер, Сталинон премийы лауреат Г. Шелковников, Æппæтдунеон музыкалон конкурсты лауреат, пианисткæ Т. Гусева, ССР Цæдисы адæмон артист, композитор, Ленинон æмæ Сталинон премиты лауреат, профессор А. Хачатурян, номдзыд фыссæг М. Шагинян, Мæскуыйы М. В. Ломоносовы номыл паддзахадон университеты ректор, академик Г. Петровский, албайнаг скульптор Тренчи Мулли, Латвийы адæмон фыссæг, ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутат В. Лацис, Моссоветы номыл театры сæйраг режиссер, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат Ю. Завадский, зындгонд шахтер, ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутат, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Н. Мамай, курдиатджын литературæиртасæг, академик Д. Благой, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат, кинорежиссер Г. Александров, ССР Цæдисы адæмон нывгæнæг, Ленинон премийы лауреат, скульптор С. Коненков, япойнаг фыссæг æмæ критик Туцудзо Исикива, Ленинингради А. С. Пушкины номыл паддзахадон академион драмæйы театры артист, ССР Цæдисы адæмон артист, Ленинон æмæ Сталинон премиты лауреат Ю. Толубеев, Мæскуыйы В. Маяковскийы номыл театры сæйраг режиссер, ССР Цæдисы адæмон артист Н. Охлопков, ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутат, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Социалистон Фæллойы дыууæ хатты Хъæбатыр, Белорусийы ССР-ы колхоз «Рассвет»-ы сæрдар Н. Российский, Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист Э. Кио, Советон Цæдисы æртæ хатты Хъæбатыр А. Покрышкин, Японы Социалистон партийы разамонджытæй иу М. Судзуки, стыр фысджытæ Л. Толстойы æмæ М. Горькийы хорз зонгæ, советон музыкалон културæйы зæронддæр архайджытæй иу, Мæскуыйы паддзахадон консерваторийы профессор А. Гольденвейзер, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат, профессор С. Герасимов, Сабырдзинад хъахъхъæныны Æппæтдунеон Советы уæнг, Адæмты æхсæн хæлардзинад фидар кæныны Ленинон премийы лауреат, польшæйаг зындгонд фыссæг Л. Кручковский, туркаг фыссæг, Адæмты æхсæн хæлардзинад фидар кæныны хъуыддаджы Ленинон премийы лауреат Н. Хикмет, Мæскуыйы Чысыл театры директор, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат М. Царев, америкаг журналист Р. Паркер, Советон Цæдисы адæмон артист, Ленинон премийы лауреат, Мæскуыйы консерваторийы профессор Д. Ойстрах, китайаг журналист Фэй и-Минь, индийаг фыссæг Мульк Радж Ананд, иракаг режиссер, драматург, театр æмæ кинойы артист Юсеф Аль-Ани, Сабырдзинады Æппæтдунеон Советы уæнг, немыцаг фыссæг А. Зегерс, ССР Цæдисы радиоинформацийы æмæ телеуынынады хъуыддæгты Комитеты сæрдар Ф. Кафтанов, Социалистон Фæллойы дыууæ хатты Хъæбатыр, авиаконструктор И. Микоян, УСФСР-йы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат Т. Хренников, УСФСР-йы аивæдты сгуыхт архайæг, Сталинон премийы лауреат, кинорежиссер А. Столпер, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат Н. Михайлов, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат А. Борисов, ССР Цæдисы адæмон артисткæ, Сталинон премийы лауреат М. Плисецкая, хъуымацуафæг, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр В. Гаганова, Е. Вахтанговы номыл паддзахадон театры режиссер Е. Симонов, УСФСР-йы

адæмон артист, Ленинон премийы лауреат Б. Бабочкин, ССР Цæдисы адæмон артисткæ, Сталинон премийы лауреат Л. Орлова, УСФСР-йы адæмон артисткæ М. Мардасова, УСФСР-йы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат Д. Кабалевский, ССР Цæдисы адæмон артисткæ, Сталинон премийы лауреат В. Барсова, Мæскуыйы А. С. Пушкины номыл театры сæйраг режиссер, Сталинон премийы лауреат Б. Равенских, Мæскуыйы опереттæйы паддзахадон театры сæйраг режиссер, Сталинон премийы лауреат В. Канделаки, Швецийы Æххæстбарджын минæвар ССР Цæдисы Сульман, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат Б. Дворионас…

Цы бирæ диссаджы адæмтæ банымадтон, уыдонæн се 'ппæтæй дæр райстон интервьютæ, бирæтимæ сæ фембæлдтæн партийы Цæгат Ирыстоны обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæджы хæдивæг, декадæйы пресс-центры разамонæг Æгъуызарты Æхсарбеджы руаджы. Зæгъæм, уый мемæ фембæлыны тыххæй рагацау телефонæй баныхас кодта Е. Вахтанговы номыл паддзахадон театры режиссер Е. Симоновимæ, Мæскуыйы Чысыл театры директор, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат М. Царевимæ, ССР Цæдисы радиоинформацийы æмæ телеуынынады хъуыддæгты Комитеты сæрдар Ф. Кафтановимæ, Социалистон Фæллойы дыууæ хатты Хъæбатыр, авиаконструктор И. Микоянимæ, нoджы дæр кæимæдæрты, хорз сæ нал хъуыды кæнын.

Декадæйы бонты нæ фысджытæй бирæты уацмыстыл цыди бæстон ныхас, æмæ цæмæй афтæ рауадаид, ууыл дæр бирæ бакуыста Æхсарбег. Токаты Асæхы «Базырджынтæ», Мамсыраты Дæбейы «Хъæбатырты кадæг», Бесаты Тазейы радзырдтæ, Цæгæраты Максимы уацаутæ, Уырыймæгты Езетханы «Царды размæ», Плиты Хадойы «Уæлахизы кадæг», Цæрукъаты Алыксандры, Гаджиты Георгийы, Мыртазты Барисы, Хъайтыхъты Георы, Дарчиты Дауыты æмдзæвгæтæ бирæты æрыхъусын кодтой сæхимæ. Цыппарыссæдз мæскуыйаг зындгонд фыссæджы дзырдтой сæ хъуыдытæ ирон авторты уацмысты фæдыл. Декадæйы хъуыддæгты æнæзивæгæй архайдтой Николай Тихонов, Ярослав Смеляков, Степан Щипачев, Леонид Соболев, Семен Бабаевский, Александр Жаров æмæ æндæртæ. Мæхæдæг цалдæр хатты федтон,



Æгъуызары-фырт æмæ Тихонов фысджытимæ фембæлдтытæ чиныгкæсджытимæ хуыздæр æмæ мидисджындæрæй саразыны фарстатыл куыд дзырдтой, уый. Леонид Соболев æмæ Семен Бабаевскиимæ Æхсарбег кæрæй-кæронмæ архайда Литераторты сæйраг хæдзары ирон литературæйы изæр бацæттæ кæныныл. Уыцы изæры уыдысты, нæ фысджытæй декадæмæ хуынд чи уыдис, уыдон иууылдæр, ССР Цæдисы æмæ УФССР-йы фысджыты цæдисты разамонджыты стыр къорд, уымæй дарддæр центрон мыхуыры, телеуынынады æмæ æппæтцæдисон радиойы æмæ ирыстойнаг журналисттæ æмæ бирæ чиныгкæсджытæ.

Декадæйы кæронбæттæн концерты тыххæй репортаж ныффыссын Æхсарбег ирыстойнаг сæрмагонд уацхæсджыты цыбыр æмбырды Æгъуызары-фырт бабар кодта мæнæн. Уыцы æппæтадæмон стыр бæрæгбоны тыххæй газеткæсджытæн радзурын стыр амондыл банымадтон мæхицæн. Кремлы театры стыр залы адæмæй къух бакæнæн нал уыди. Декадæйы кæронбæттæн концертмæ бацæуын кæй фæндыди, фæлæ йæм чи нæ бахаудта, уыдон та уыдысты бирæ мингæйттæ. Уыдысты дзы Коммунистон партийы æмæ Советон паддзахады разамонæг кусджытæй бирæтæ: Н. Хрущев, К. Ворошилов, А. Микоян, М. Суслов, П. Поспелов, Д. Полянский, Н. Игнатов æмæ æндæртæ, Францы Коммунистон партийы Центрон Комитеты секретарь М. Торез, Манголы адæмон-революцион партийы Центрон Комитеты секретарь Ю. Цеденбал. Æгъуызары-фырт та ацы ран дæр аккаг кад скодта махæн, ирыстойнаг журналисттæн. Фылдæр æмæ хуыздæр кæцæй хъуамæ федтаиккам, ахæм бынаты нæ рæнхъ абадын кодта. Йæхæдæг дæр бадти немæ. Нывисджытæ Федор Мамонтовæн æмæ Александр Беранцкийæн та раттын кодта ахæм гæххæттæтæ, кæцытимæ сын бацæуыны бар уыдис Кремлы театры аллы къуыммæ дæр. Æз тагъд-тагъдæй фыстон мæ блокноты:

«… Æрхуыссыдысты цырæгътæ. Дардæй зынынц, сæ сæртыл æвзист «худтæ» чи 'ркодта, уыцы хæхтæ. Айнæджы тигътыл слæууыдысты ныфсджын фæсивæд, фæллойы дæр, зарыны дæр, кафыны дæр ерыс чи кæны, уыдон. Се 'ппæтыл дæр - аив ирон дарæс. Хæрзконд, фæтæнуæхск ирон лæппу фæзынди сæ сæрмæ. Йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ нал уро-

мы æмæ сæ дзуры, егъау залы чи 'рæмбырд, уыцы адæмæн. Уый Цæгат Ирыстоны паддзахадон музыкалон-драмон театры артист Икъаты Мæирбег кæсы Хъайтыхъты Георы æмдзæвгæ «Дидинæг калы Ирыстон».

Залы бадджытæ хъусынц лæмбынæг, сæ цæстытæ нал исынц сценæйæ. Уым рæсугъд фидауынц Цæгат Ирыстоны зарыны æмæ кафыны ансамблы гуырвидауц, аив арæзт лæппутæ æмæ чызджытæ.

Концерты нæй конферансье. Иу кафт иннæйы ивы, иу зарæг иннæйы фæдыл ленк кæны. Сценæйы фæзындысты республикæйы профтехскъолаты ахуыргæнинæгтæ. Райхъуыстысты зарæджы фыццаг рæнхъытæ. Залы бадджытæ уайтагъд бамбæрстой, сæ арæхстдзинад фидæны араздджытæ, æфсæнвæндаджы æмæ бастдзинады кусджытæ кæй æвдыстой, уый. Фæсивæды ансамбль иттæг арæхстджынæй кафы. Адæмы зæрдæмæ уæлдай тынгдæр цæуы кæсгон кафт «Учхез».

Мæнæ рацыди хæларзæрдæ мавр. Бахаудта уæззау хъуыдыты, гуырысхоты уацары. Ягойы фыдæвзаг ын йæ зæрдæйы стыр маст бауагъта. Йæ сыгъдæг æмæ рæстзæрдæ бинойнаг Дездемонæйыл ын алыхуызон цъаммар ныхæстæ фæмысыди. Отелло бахаудта дывыдон арты: æууæнды йæ усы рæстдзинадыл. Фæлæ та Ягойы чъизи дзыхы аххосæй уайтагъд гуырысхоты амæттаг фæвæййы…

Отелло-Тæбæхсæуты Бало æмæ Яго-Цæлыккаты Мæирбег адæмы хъуыдытæ ахастой дардмæ, ивгъуыд æнустæм. Сценæйы - Шекспиры дуг. Чысыл раздæр ирон къæрццæмдзæгъд хъазт кæм уыд, уырдыгæй хъуысы сæфты къахил ныллæууæг хъæбатыр Отеллойы хъæлæс.

Æмбæрзæн æруагътой. Дардæй æрбайхъуыстысты зонгæ музыкæ æмæ ныхæстæ. Уый у постхæссæг Хъазыбеджы æмæ Софьяйы мад Афассæйы дует Плиты Христофоры опереттæ «Уалдзыгон зарæг»-æй. Заргæ та йæ кодтой Суанты Федор æмæ Калманты Земфирæ.

Уæдæ Гуырдзыбегты Георгийы, Нинæ Карницкаяйы, Кокойты Тæтæрхъаны, Хаханты Дудары, Плиты Христофоры, Александр Поляниченкойы, Кокойты Асланы æмæ иннæ композиторты музыкæ куыд хорз фидыдта Кремлы театры, уымæн æвдисæн уыдис адæмы тыхджын къухæмдзæгъд…



«Нæртон кафт» (кафыдысты йæ нæ паддзахадон ансамблы лæппутæ иу дыууиссæдзæй) бынтон дисы бафтыдта мæскуыйæгты. Афтæ «Джигитты кафт», «Хонгæ кафт», «Симд» дæр.

Сценæйы чысыл лæппутæ æмæ чызджытæ куы фæзындысты, уæд залы бадджытæ базмæлыдысты. Мæскуыйæгтæ бирæ бауарзтой ирыстойнаг ногдзауты. Нæ сæ фæндыд уыдонæй фæхицæн уæвын. Кæронбæттæн концерты сын нæ республикæйы чысыл хуртæ сæ зæрдæтæ балхæдтой «Ирон ногдзауты сюитæ»-йæ»…

Ацы репортажыл ма фысымуаты дзæвгар абадтæн, æмæ йæ райсомæй, фараст сахаты æххæст ныма уыдис, афтæ къухæй фыстæй бакæсынмæ радтон Æхсарбегмæ, кæд дзы, зæгъын, истытæ аивын хъæуы. Лæмбынæг æй бакасти. Æрывæрдта йæ стъолыл.

- Дысон Кремлы театры стыр залы цы уыдис, уыдон цыма хуызисæн аппаратæй систай, афтæ у…Цыма Мамонтовы æмæ Бернацкийы къамтæ та куыд рауайдзысты? Æвæргæ сæ хорз бынæтты æркодтон, алы 'рдæм сæ бон уыдис архайд уынын æмæ къамтæ исын. Концерты фæстæ сæ нал федтон.

Ам мæ сæрмагондæй зæгъын фæнды, ирон аивады æмæ литературæйы бæрæгбон нæ паддзахады столицæйы афтæ æнтыстджынæй цæмæй ацыдаид, ууыл бындуронæй чи бакуыста, уыдоны раззæгтæй уыдис Æгъуызарты Æхсарбег. Декадæмæ цæттæ кæныны бонты сæрмагондæй цалдæр хатты ацыди Мæскуымæ. Йæ иу ахæм балцы тыххæй къорд азы фæстæ афтæ фыста: «Мемæ аластон нæ фысджыты радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, уацаутæ, критикон статьятæ. Уæд базонгæ дæн Твардовскиимæ дæр. Уый уыди журнал «Новый мир»-ы редактор. Уыдтæн журнал «Москва»-йы, «Октябрь»-ы, газеттæ «Правда»-йы, «Известия»-йы, «Литературная газета»-йы, «Комосомольская правда»-йы. Цыбыр дзырдæй, алы ран дæр бирæ радзур-бадзурты, иуæй-иу хатт загъды руаджы дæр мæ бон баци цыдæртæ саразын. Уымæй уæлдай ма фæкодтон бирæ æндæр хъуыддæгтæ дæр. Уæвгæ та декадæ хорз арвитыныл активонæй куыстой обкомы секретарьтæ, уæлдайдæр Хъæбæлоты Билар, культурæйы министр Битеты Степан æмæ æндæртæ. Хорз нын æххуыс кодтой партийы Центрон Комитеты хайæдтæ, тынгдæр та культурæйы хайад, сæрма-

гондӕй хайады сӕргълӕууӕджы хӕдивӕг Зоя Туманова, ССР Цӕдисы ӕмӕ УСФСР-йы культурӕйы министрадтӕ, Фысджыты цӕдистӕ».

Уыцы цаутӕй раздӕр Ӕхсарбег ныффӕнд кодта йӕ литературон зонындзинӕдтӕ фӕхъӕздыгдӕр кӕнын, ӕмӕ декадӕйы фӕстӕ баззади Мӕскуыйы – бацыди дунеон литературӕйы М. Горькийы номыл институтмӕ, дыууӕазыккон уӕлдӕр литературон курсытӕм. Уыцы рӕстӕг нымадта йӕ царды мидӕг ӕппӕты амондджындӕрыл. Ахуыры заман ӕрмӕст литературон куысты зонындзинӕдтыл нӕ «зыд» кодта, фӕлӕ зӕрдиагӕй тырныдта йӕ иумӕйаг уавӕр рӕсугъддӕр ӕмӕ хъӕздыгдӕр кӕныныл. Бирӕ газетты ӕмӕ журналты редакциты, чингуыты рауагъдадты, театрты, музейты, архивты ӕрвыста йӕ рӕстӕг. Стыр пайда йын ӕрхастой ССР Цӕдисы бирӕнацион литературйы, аивады, культурӕйы зындгонд минӕвӕрттимӕ базонгӕ уӕвын ӕмӕ фембӕлдтытӕ. Фӕсарӕйнаг зындгонд сфӕлдыстадон кусджытӕй дӕр бирӕтимӕ базонгӕ, ӕмӕ йын уый йӕ царды ныууагъта арф фӕд.

Ӕндӕр бӕстаг адӕймӕгтимӕ фембӕлдтытӕй иу уӕлдай тынгдӕр бадардта йӕ зӕрдыл – ӕнӕхъӕн дунейыл зындгонд фыссӕг Назым Хикметимӕ. Уым цы уыд, уый федтон мӕхи дыууӕ цӕстӕй, цы ныхӕстӕ дзы цыдис, уыдон фехъуыстон мӕхи дыууӕ хъусӕй. Цӕвиттон, Ӕхсарбеджы Литературон институты ахуыры рӕстӕг Мӕскуымӕ цал хатты афтыдтӕн, уал хатты-иу фембӕлдыстӕм. Афтӕ уыцы бон дӕр. Институты хӕрӕндоны сихор куы хордтам, уӕд мын Ӕхсарбег радзырдта, чысыл фӕстӕдӕр сӕм Назым Хикмент кӕй ӕрбацӕудзӕн. Раст зӕгъын хъӕуы, ӕз уыцы фыссӕджы бирӕ уарзтон, астӕуккаг скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уӕдӕй фӕстӕмӕ. 1960 азы Мӕскуыйы ирон аивады ӕмӕ литературӕйы декадӕйы рӕстӕг та йӕ федтон лӕгӕй-лӕгмӕ. Интервью дӕр дзы райстон. Туркаг фыссӕг, Адӕмты ӕхсӕн хӕлардзинад фидар кӕныны Ленинон премийы лауреат (уыцы ном уӕды заман нымад уыдис ӕппӕты стырдӕр хӕрзиуӕгыл) мӕнӕн, куыд журналистӕн, афтӕ радзырдта:

«Куыд бафиппайдтон, афтӕмӕй ирон аивады ӕмӕ литературӕйы декадӕ сси ӕнӕхъӕн советон культурӕйы цытджын бӕрӕгбон. Ӕз тынг ӕхсызгонӕн кастӕн «Къарол Лир»-мӕ, ӕмдзӕгъд кодтон «Чермен»-ӕн. Цытӕ федтон, уый фӕстӕ



Тӕбӕхсӕуты Владимиры нымайын дунейы стырдӕр артисттӕй иуыл. Ирон театры ӕппӕт коллектив та у ахъаззаджы ансамбль. Мӕ бон фидарӕй зӕгъын у, цалдӕр сахаты дӕргъы ӕз кастӕн, ирон музыкалон-драмон театры коллектив цы мидисджын чиныг ныффыста, уый, зӕгъгӕ. Цы дыууӕ спектаклы федтон, уыдон зӕрдӕ ӕнкъуысын кӕнынц, уадзынц дзы рӕсугъд ӕнкъарӕнтӕ, егъау цин хӕссынц. Мӕскуы у стыр театралон горӕт, ӕмӕ кӕд уыцы спектаклтӕ мӕскуыйӕгты ӕмӕ горӕты уазджыты афтӕ батавтой, уӕд театр у цӕрдхъом, ис ын ноджы хуыздӕр сфӕлдыстадон фидӕн. Ирон театр амӕй размӕ мӕ фыст пьесӕ «Ӕдылы» кӕй равдыста, уый мӕнӕн у стыр кад. Ноджыдӕр ма ахӕм хъуыддаг куы ӕрцӕуа, уӕд мӕхи амондджыныл нымайдзынӕн».

Ахӕм ныхӕстӕ чи загъта, уыцы лӕг, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, ноджы тынгдӕр скадджын мӕ цӕсты. Интервью йӕ рӕстӕджы тынг фӕцыдис Ӕхсарбеджы зӕрдӕмӕ дӕр. Фӕлӕ литературон институты фембӕлды рӕстӕг дӕрзӕггомау ныхас рауади Хикмет ӕмӕ Ӕгъуызары-фырты ӕхсӕн. Назым, ССР Цӕдисы, Уӕрӕсейы тыххӕй дзургӕйӕ, йӕ дзыхӕй суагъта, кӕйдӕрты зӕрдӕмӕ чи нӕ фӕцыд, ахӕм ныхӕстӕ. Ӕхсарбег сӕ тагъд-тагъдӕй афыста. Хикметы ныхӕстӕн цыбырӕй уыдис афтӕ бамбарӕн:

Советон ахуыргӕндтӕ, фысджытӕ ӕмӕ журналисттӕ, дам, тыххӕй дӕр Ленинӕй аразынц, литературӕйы ӕмӕ аивады фарстатӕ лӕмбынӕг чи зыдта, ахӕм адӕймаг. Афтӕмӕй та, дам, уый уыдонмӕ хӕстӕг нӕ цыди, йӕхи сӕ дард ласта. Уый, дам, бирӕ хӕттыты афтӕ дзырдта: ӕз уыдонӕн ницы 'мбарын ӕмӕ сыл дзурынмӕ дӕр нӕ хъавын. Дзурӕнт сыл ӕмӕ сӕ ӕвзарӕнт, чи сӕ зоны, уыдон. Уый иу.

Дыккаг. Уӕрӕсейы, дам, нывкӕнынад никуы уыдис. Нӕдӕр XIX ӕнусы, нӕдӕр ныртӕккӕ. Репин, Крамской, дам, цыдӕр агиткӕтӕ арӕзтой, фӕлӕ уыдон аивадмӕ ницы бар дардтой. Уыдоны куыстытӕн куыд ис схонӕн ӕцӕг аивад?

Иннӕ ахӕм. Уӕрӕсейы нӕ уыдис ӕмӕ нӕй театр. Ныртӕккӕйы театртӕ бӕззынц ӕрмӕстдӕр рагон дзаумӕтты музейтӕм раттынмӕ.

Агъуысты цы бирӕ адӕм бадтис, уыдонӕй Ӕгъуызарыфыртӕй уӕлдай хъыпп-сыпп ничи скодта фӕсарӕйнаг фыссӕджы ныхмӕ. Раст куы зӕгъон, уӕд уыцы сахат мӕн дӕр нӕ

фæндыдис, куы фæбыцæу уыдаид, уый. Фæлæ фæстæдæр, дзæвгар рæстæг куы рацыд, уæд мæм бахъардта, Æхсарбег цы лæгдзинад равдыста, æмæ дзы ракуырдтон, цæмæй уыцы хабар рæгъмæ рахæсса йæ мысинæгты «Цы уыдис, цы федтон, цы бымбæрстон». Уыцы мысинæгтæ мæм мыхуырмæ раттыны размæ радта бакæсынмæ æмæ мæ фиппаинæгтæ зæгъынмæ. Æмæ, куыд загътон, афтæмæй уым ныффыста стыр фыссæгимæ йæ быцæу ныхас:

« - Хатыр бакæн, æмбал Хикмет. Чи зоны, æз дæуæн ахуыргæнинагæн дæр нæ бæззын. Фæлæ иуæй-иу хъуыддæгты цыдыртæ æмбарын, æмæ сын æнæ зæгъгæ мæ бон нæу. Æмæ йын ранымадтон:

1. Ленин афтæ никуы дзырдта, цыма литературæ æмæ аивадæн ницы 'мбары. Стæй уыцы фарстатæй йæхи дард никуы ласта. Ленин дзырдта афтæ: фысгæ чи кæны, уыдонæн бар дæттын хъæуы, сæ хъуыдытæ, се сфæлдыстадон тыхтæ равдисынæн. Курдиат кæмæ ис, уыдоныл æппынæдзухдæр аудын хъæуы. Мах литературон хъуыддагмæ хъуамæ нæ чъылдым макуы раздахæм æмæ йæ ма ауадзæм йæхи бар. Ленин литературæ иттæг хорз кæй æмбæрста, уый бæрæг у йæ уацмыстæй дæр, уæлдайдæр Толстойы тыххæй кæй ныффыста, уыдонæй.

2. Уæрæсейы нудæсæм æнусы дæр уыдис æмæ ныр дæр ис нывкæнынады егъау дæсныйад. Репин, Крамской, Суриков, Иванов æмæ æндæртæ дæр сæ дæсныйадмæ гæсгæ лæууынц Европæйы бирæ зындгонд нывгæнджыты æмрæнхъ. Уæдæ нæхи ирон литературæйы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къоста дæр, армыдзаг адæмы минæвар, уырыссаг нывкæнынады принциптыл æнцой кæнгæйæ, сфæлдыста курдиатджын нывтæ.

3. Уæдæ кæд кæйдæр пьесætæ ныртæккæ уырыссаг театртæ не 'вæрынц, уæд уый дæр ууыл дзурæг нæу, æмæ уырыссаг театр лæмæгъ у. (Раздæр мын куыд дзырдæуыд, афтæмæй Хикметæн цавæрдæр пьесætæ мæскуыйаг театртæ æвæрынмæ нæ райстой æмæ сæм уый тыххæй фыдæх уыди)».

Æхсарбеджы ныхас уазæг фыссæгмæ хъыг кæй фæкаст, уый зын бамбарæн нæ уыдис. Нæхиуæттæй дæр кæйдæрты зæрдæмæ нæ фæцыдис. Назым Хикмет мæ цæсты тынг кæй ахадыдта, уымæ гæсгæ мæнæн дæр æхсызгон нæ уыдысты.



Фæлæ æмбæрстон, рæстытæ кæй дзырдта. уый. Хикмет фæстагмæ йæ хъусджыты фарстатæн дзуæппытæ куы лæвæрдта, уæд сæрмагондæй бахатыд Æгъуызары-фыртмæ:

- Алкæйы сæры дæр ис йæхи хъуыдытæ, æмæ мæ сæры цы ис, уыдон загътон. Кæд сæ фегæр кодтон, уæд та хатырæй уæд…

Æхсарбег ныллыг хъæлæсæй загъта:

- Æз дæр загътон, мæ сæры æмæ мæ зæрдæйы цы хъуыдытæ уыдис, уыдон.

Æрмæст ацы хабар дæр æвдисы, Æгъуызары-фырт алы ран дæр æргом дзырд кæй уыдис, дзæгъæл сусу-бусутæ кæй нæ уарзта, уымæн.

Литературон институты Æхсарбегæн æппæты сæйрагдæр уыдис ахуыр, хид калгæйæ ахуыр. Табуафси, уый бæрц дæр дæ хъæуæд – курдиатджын ахуыргæнджытæ æмæ фысджытæ, алыхуызон æппæты хуыздæр æмæ зондджындæр чингуты уæззæй тæрхæджытæ бынмæ кæм сæттынц, ахæм библиотекæ. Уартæ бирæ азты размæ нæхимæ республикон партион скъола каст фæуыны тыххæй сырх диплом куыд райста, ахæм кад та йæ æрцахста Мæскуыйы дæр. Нæ егъау Райгуырæн бæстæйы столицæйы литературæ æмæ аивады зындгонд минæвæрттимæ цы бастдзинæдтæ сарæзта, уыдон фæстæдæр Æхсарбеджы руаджы стыр пайда уыдысты Ирыстонæн. Советон Цæдисы сфæлдыстадон иттæг кадджын уæлдæр ахуыргæнæндоны цы рæстæг арвыста, уый тыххæй афтæ ныффыста: «Адæмы базонынæн, алы рæттæй æрцæугæ фысджыты зондахастмæ байхъусынæн, ныронг кæй нæ кастæн, бирæ ахæм чингуытæ бакæсынæн мын фадат кæй фæцис, уымæй мын егъау пайдайаг хъуыддаг уыдысты уыцы ахуыртæ.

1962 азы ахуыр фестæм. Кæронбæттæн æмбырды иуцалдæримæ мæнæй дæр раппæлысты æмæ уый адыл нæхимæ рафардæг дæн».

Мæскуыйæн хæрзбон зæгъыны фæстæ Æгъуызары-фырт цалдæр боны афæстиат хæдзары, æрзылди хиуæттыл, Мæскуыйæ сын цы зæрдæлхæнæнтæ сласта, уыдон сын балæвæрттæ кодта, стæй фембæлди партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Биларимæ. Билар сфæлдыстадон æмæ партион-æхсæнадон кусджытæм йæ цæст дардта иттæг лæмбынæг. Йæ авналæнтæ, йæ хъæппæрисæй йын стыр ныфс чи

лæвæрдта, уыдоны номхыгъд аразы, зæгъгæ, уæд æппæты раззæгтимæ ныффыстаид Æгъуызары-фырты. Ныр ын æхсызгон уыдысты йæ фенд æмæ, йæ ахуыргонддзинад кæй фæбæрзонддæр кодта, уый. Обкомы фыццаг секретарь дуне зæрдиаг арфæтæ фæкодта уазæгæн, стæй сын ныхас бацайдагъ. Æхсар нæ басусæг кодта Биларæй, кæй йæ хъæуы ахæм бынат, йæ удæн æнцондæр кæм уа, фыссынмæ та фылдæр рæстæг. Йæ зæрдæ кæдæм æхсайдта, уыцы бынæтты сæйрагдæр уыдис журнал «Мах дуг». Уый редакцийы цыфæнды куыст дæр уæд. Фæлæ йын Билар уайтæккæ æргомæй загъта, уымæй кæй ницы рауайдзæн.

Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ Хъæбæлойы-фырт загъта:

- Уæдæ ма афтæ бакæнæм… Цалынмæ дын иудадзыгон бынат агурæм, уæдмæ уал дæ снысан кæнæм партийы обкомы лекторæй.

Рæстæг тахти, æнæрлæугæйæ. Æрхæццæ 1963 азы уалдзæг. Мартъийы бонтæй иуы Æхсарбеджы æрцагуырдта Билар. Куы йæм бацыд, уæд ма йын йемæ баййæфта обкомы секретарь Кучиты Агуыбейы æмæ пропагандæйы æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Тотраты Абхазы. Йæ зæрдæ фæкъæпп кодта: «Куысты тыххæй мæм фæдзырдтой». Æмæ нæ фæрæдыд. Хъæбæлойы-фырт райдыдта:

- Æмбал Æгъуызары-фырт…Æнцон куыст агуырдтай, æмæ дын тынг «æнцон» куыст дæттæм, - йæхæдæг, йæ мидбылты худгæйæ, кусæн уаты бадджытыл йæ цæстæнгас ахаста. – Æнцон куыст… Уымæй куы ницы рауайа, уымæй тæрсын… Мах бирæ фæхъуыды кодтам æмæ дын æппынфæстаг ссарддтам, стыр къæрцхъусдзинад æмæ бынтон бирæ змæлын кæм хъæуы, ахæм куыст…Цыбыр дзырдæй, куыд фæзæгъынц, парти дæ кæдæм æрвиты, уырдæм фæцæуыс. Амондджын бон!

Æхсарбег разыйы дзуапп куы радта, уæд «æнцон куысты» фæдыл Билар радзырдта иу хабар. Бирæ азты дæргъы, уыимæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман дæр, Фæскомцæдисы Центрон Комитеты фыццаг секретарæй куыста Михайлов. Иуахæмы Сталины номыл ныффыста йæ куыстæй йæ суæгъд кæныны тыххæй курдиат. Фæтæг йæхимæ фæсидти Михайловмæ, ноджы Советон разамынды æппæты хистæртæй кæмæдæрты. Уыдонимæ уыди ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы Сæрдар Калинин дæр. Сталин бафарста Михайловы йæ фæнды аххосæгæй. «Бафæлладтæн. Кæд гæнæн ис, уæд исты æнцондæр куыст», - дзуапп радта Михайлов. Адæмты фæтæг арæхстгай йæ армытъæпæнæй адаудта йæ бæзджын рихитæ, лулæ сдымдта æмæ бахатыд кусæн уаты адæмæн сæ тæккæ хистæр Калининмæ:

- Ацы лæппу бафæллад, - ацамыдта Михайловмæ. – Куры, цæмæй суæгъд кæнæм йæ бынатæй æмæ йын æнцондæр куыст раттæм. Æз разы дæн æрмæстдæр иу фадаты: йæ бæсты кæд ды, Михаил Иванович, цæуыс Фæскомцæдисы разамонæгæй.

Михайлов хъуыддаг бамбæрста. Сталинæй бар ракургæйæ, йæ курдиат систа, цыппæрдигъон тыхт æй бакодта æмæ йæ йæ дзыппы нывæрдта.

Æгъуызары-фырт лæмбынæг байхъуыста фыццаг секретарьмæ æмæ, зæрдтагонæй худгæйæ, сдзырдта:

- Хабæрттæ æмбæрст сты…

Гъе, афтæ 1963 мартъийы партийы Цæгат Ирыстоны обкомы бюройы æмбырд сфидар кодта Æгъуызарты Тæтæрхъаны-фырт Æхсарбеджы Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы радиохъсынады æмæ телеуынынады комитеты сæрдарæй.

Уымæй размæ уыцы бынаты куыста Ирыстоны хуыздæр æмæ номдзыддæр хъæбултæй иу – Гапбаты Алыксандры фырт Иван. Æхсарбегимæ сæ кæрæдзийы рагæй зыдтой. Иван партийы обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хаххыл секретарæй куы куыста, уæд Æхсарбег æйттæй бæрнон бынæттæ ахста Алагиры районы, иу цасдæр акуыста «Рæстдзинад»-ы бæрнон редакторæй, æмæ кæддæриддæр Гапбайы-фырты ахаст хорз уыдис йæ куыстуарзон кæстæрмæ. Æхсарбег ын йæхæдæг дæр стыр аргъ кодта, æрвылбоны царды йын йæ хорз хъуыддæгтæй бирæты фæзмыдта. Афтæ йæ нымадта, ахæм кад ын кодта, æмæ, зæгъæм, Иваны Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы Министрæй куы нæ æвæрдтаиккой, фæлæ йæ куы истаиккой сæрмагондæй Æхсарбегæн бынат суæгъд кæныны тыххæй, уæд стыр уылыпайыл дæр ницы хуызы бакуымдтаид уый бæсты телеуынынады æмæ радиойы комитеты сæргъы æрлæууын.

«Мæ куысты фыццаг бонты бамбæрстон, - мысыдис Æгъуызары-фырт, - мæ ног бынат дзæнæт кæй нæ уыдзæн, уый. Цыбырдзырдæй, æз радиойы куыст куы зыдтон, уæд нæм телеуынынад нæма уыди, ницы йын æмбæрстон, нæ зыдтон, зын хъуыддаг кæй у, уый. Ноджы ма мæ характер, мæ зæрдæйы уаг, мæ цæстæнгас ахæм уыдысты æмæ мæхицæн дæр æнцойдзинад никуы радтон æмæ мемæ чикуыста, уыдонæн дæр».

Æмæ цынæ хуызы фæндтæ, цынæ хуызы уынаффæтæ цыдысты Æгъуызарты Æхсарбеджы сæрмæ! Уымæй размæ, куыд хуымæтæг радиомæхъусæг, иу æмæ дыууæ хатты нæ бафиппайдта, республикон радио алкæд рæстытæ кæй нæ фæдзуры. Фæлæ ныфсджын адæймаг размæ цæуы. Фидар къахдзæфтæй. Æхсарбег Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ Алагиры районы радиойы, фæстæдæр та уымы газеты редакцийы дæр, «Рæстдзинад»-ы, партион оргæнты цы фæлтæрддзинад райста, уый йæ разæнгард кодта. Цыбыр дзырдæй, царды скъола – стыр ныфсы гуырæн. Рæсугъдæй уади йæ цæстыл дынджыр сфæлдыстадон коллективы сомбон. Фидарæй скарста: ирон радио æмæ телеуынынады хъуамæ иунæг гæды æмæ фæлывд ныхас мауал райхъуыса. Фыццаг хатт радио æмæ телеуынынады кусджыты иумæ куы æрæмбырд кодта, уæд бирæ бакæнинаг фарстатыл фæдзырдта, фæстагмæ та сын бафæдзæхста:

- Уæ хорзæхæй, цы кæнут æмæ цы фыссут, уый æнæ гæды ныхасæй. Æнæ сайдæй. Алы хъуыддаг дæр, алы факт дæр бæлвырд бæрæггондæй. Адæмы цард æмæ фæллæйттæ куыддæриддæр сты, афтæмæй сæ хæссут рæгъмæ. Фæллойы æнтысындзинад, тоннæтæ, литртæ, процентты, иннæ бæрæггæнæнтæ ма зыгъуыммæтæ кæнут…

Зæронд кусджытæй чидæртæ кæрæдзимæ былысчъилæй бакастысты, ома ай цытæ дзуры, зæгъгæ. Иуæй-иу уацхæсджытæ, режиссертæ, оператортæ, радиойы æмæ телевизион бакастытыл иннæ кусджытæй чидæртæ куыдфæндыйы цæстæй кастысты сæ хæстæм. Хатгай-иу сæ чидæртæ сæ бандонæй уæлæмæ дæр нæ сыстадысты, афтæмæй-иу дæргъæй-дæргъмæ радиобакаст ацъапп ластой. Ахæм æбæрнондзинадæн кæрон кæнын хъуыдис, æмæ Æхсарбег уымæ йæ ныфс хаста.



Уæлдай мæтагдæр уыди телеуынынады хъуыддаг. Уыцы заман нæ телецентр, зæгъæн ис, Цæгат Кавказы республикæты уыдис æппæты æгуыдзæгдæр – ахста æрмæстдæр иунæг хæрзчысыл уат, бон лæвæрдта равдыстытæ æдæппæт 30-40 минуты. «Ничи ахъуыды кодта, - фыста бирæ азты фæстæ Æгъуызары-фырт, - телеуынынадæн æнæ кинобазæйæ цæрæн кæй нæй, ууыл. Æппын ницы, фæлæ куыстуæтты, арæзтадты, колхозты æмæ совхозты хъуыддæгтæ уæддæр хъуыдис æвдисын, æмæ уый кæнын дæр нæ бон нæ уыдис.

Ацыдтæн та Мæскуымæ. Бирæтимæ фæдзырдтон æмæ сæ сразы кодтон Дзæуджыхъæуы кинокомплекс саразынылл. Цæгат Кавказы цыппар республикæйæн дæр иумæйаг чи уыдаид, ахæм. Уыцы хъуыддагыл сразы кодтон Хъæбæлойыфырты дæр. Комплексæн æмбисонды бæстыхай бæргæ уыдаид, Горькийы уынджы раздæр радио кæм уыд, уыцы хæдзар. Фæлæ мæ размæ чи куыста, уыдон æй райæххæсткомæн балæвар кодтой. Ныр та мах горæты къуымты фæагуырдтам æмæ Маркусы уынджы ссардтам, раздæр типографийы бланктæгæнæг цех кæм уыд, ахæм хæлддзаг агъуыст. Мыхуыргæнæн машинæты бын уыдис цементæй бæзджын пъолтæ, дæсны рæмудзджытæ æрбахуыдтам æмæ сæ срæмыгътой. Стæй уæд нæхæдæг архайдтам ломтæй, къахæнтæй, белтæй».

Æхсарбег телеуынынады æмæ радиойы комитеты сæргъы куы æрлæууыд, ууыл рацыдис афæдз æмæ æрдæг, афтæ мæм иу изæр æрбацыди мæ куыстмæ Цæгат Ирыстоны чингуыты паддзахадон рауагъдадмæ. (Уым уыдтæн политикон литературæйы редакцийы хистæр редактор). Сæрмагондæй мæнмæ æрбацыдис, уый куы базыдтон, уæд тынг бадис кодтон. Зыдтон æй, «Рæстдзинад»-ы бæрнон редакторæй куы куыста, уæдæй фæстæмæ. Уæд æз ахуыр кодтон Дур-Дуры астæуккаг скъолайы. Æнувыд уыдтæн уацхъуыдтæ фыссыныл, уыимæ радиомæ дæр. Арæх цыдысты «Рæстдзинад»-ы, «Социалистическая Осетия»-йы, «Æрыгон коммунист»-ы, хъуысыдысты эфиры. Уымæй уыцы кары лæппу сæрыстыр куыд нæ уыдаид! О, æмæ уый загътон, Æхсарбег «Рæстдзинад»-ы бæрнон редакторы бынаты куы куыста, уæд базонгæ стæм. Уымæй фæстæмæ мæм йæ цæст тынг лæмбынæг дардта. Мæхæдæг республикон газеттæ «Рæстдзинад»-ы æмæ «Æрыгон коммунист»-ы куы куыстон, уый фæстæ чингуыты

рауагъдадмæ куы аивтон, уæддæр. Æмæ мын уыцы изæр æвиппайды афтæ:

- Демæ мæ аныхас фæнды. Æрмæст Дæгкайæн мацы ма зæгъ. (Зæнджиаты Дæгка – разагъды лæг – куыста Цæгат Ирыстоны паддзахадон чингуыты рауагъдад «Ир»-ы директорæй – М. А.).

Æз фæджих дæн:

- Уагæр дзы ахæм сусæггагæй цы ис?

- «Сусæггагæй» куы зæгъай, уæд дзы уый ис, æмæ дæ радиойы æмæ телеуынынады комитетмæ куыстмæ хонын…Йæ зæрдæ мыл куы фæхуда, мæ адæмы мын иу ран цæуыннæ ныууадзыс, зæгъгæ…

Æппæлыны хуызæн ма рауайæд, фæлæ Æхсарбеджы зæрдæмæ рагæй цыдысты мæ фыст æрмæджытæй бирæтæ. Фæлæ мæ фезмæлдтытыл, мæ архайдыл уæлдай бæлвырддæр йæ цæст æрывæрдта 1960 азы Мæскуыйы ирон литературæйы æмæ аивады декадæйы рæстæг. Разы уыдис, бирæ зындгонд адæймæгтæй уыцы «къæйныхæй» интервьютæ кæй истон, уымæй:

- Хорз у, ирыстойнаг газеткæсджытæн ахæм хæрзхъæд æрмæджытæ кæй æрвитыс нæ декадæйы тыххæй, уый, - хъуыды йын кæнын йæ уыцы ныхæстæ.

Уый фæстæ дæр бирæ рæстæджы дæргъы нæ рох кодта уыцы хъуыддаг. Искуы-иу сфæлдыстадон кусджытæ куы бакъорд сты, уæд-иу исты фæзилæны радзырдта, Мæскуыйы куыд куыстон, уый тыххæй. Иухатт мæхи раз «Мах дуджы» редактор Мæрзойты Сергейæн афтæ загъта: «Хорз бакæнис, декадæйы тыххæй Ахуырбеджы æрмæджытæ куы рауадзис. Журнал кæсджыты зæрдæмæ хъуамæ фæцæуой. Йæ блокноттæ сæ тæккæ дзаг сты диссаджы хабæрттæй»…

О, Æгъуызарты Æхсарбег мын ног куыстмæ бацæуыны тыххæй куы загъта, уæд нæм бирæ ныхæстæ рауади, æмæ, кæд уыдон иууылдæр уыдысты зæрдæрухсгæнæг, уæддæр сæ кой нал кæндзынæн, фæлæ зæгъдзынæн: цыдæриддæр уыдис, уæддæр сдæн Цæгат Ирыстоны министрты Советы телеуынынады æмæ радиойы комитеты хистæр редактор.

Æхсарбег алы хъуыддаджы дæр уыдис йæ дуджы домæнты аккаг хъæбул. Æрхæсдзынæн иунæг дæнцæг. Иу заман



æм хардзау æркасти, машинæ скъæрын кæй нæ зыдта, уый.

- Иухатт Æхсарбеджы фæцæйластон Налцыкмæ. Цæугæ та акодтам паддзахы фæндагыл нæ, фæлæ Цыколайыл. Уым æй цыдæр лыстæг хабæрттæ уыдис Æрæфы районы разамонджытимæ, - дзырдта мын кæддæр нæ комитеты шофыр Кæсæбиты Михал. – Æрыдонæй Дигорайырдæм куы ахызтыстæм, уæд мын афтæ: «Мишæ, рулыл куы фæхæцыс, уæд дæм тынг фæхæлæг кæнын».

Мишæ цыргъзонд лæппу-лæг уыдис, æмæ æвиппайды афтæ куы фæкæнид:

- Омæ, нæ бынæттæ баивæм, æмæ уæд ды дæр баддзынæ рулыл, æз та – дæ бынаты…

Æхсарбег æй цыма нæ бамбæрста, уыйау:

- Бауром, æмæ æцæгдæр афтæ бакæнæм.

Мишæ машинæ тынгдæр алхъывта. Дигорайæ Цыколайырдæм куы ахызтысты, уæд ын Æхсарбег йæ цонгмæ бавнæлдта:

- Бауром. Нæ бынæттæ баивæм…Ам машинæтæ бынтон стæм сты…

- Баивæм, - загъта Мишæ, - æз уыцы бынатмæ рагæй бæллын.

Æхсарбег машинæйæ рахызт, йæ пиджак феппæрста æмæ шофыры бынаты бабадт. Кæсæбийы-фырт – йæ фарсмæ.

- Скусын æй кæн, - загъта Мишæ. – Сабыргай ахæц.

Машинæ йæ бынатæй фенкъуысыд. Сабыргай-сабыргай йæ цæлхыты зылд рæвдздæр кодта. Уыцы уысмы Æгъуызарыфыртмæ бакæсын стыр диссаг уыдис. Йæ цæстытæ сывæллоны цæстытау æрттывтой. «Хъанцауы фермæ» кæй хуыдтой, уый раз фæндагыл цæхгæрмæ хызти фосы рæгъау. Æхсарбег хъомтæ куы ауыдта, уæд æвиппайды фæурæдта машинæ:

- Мишæ, нæ бынæттæ баивæм фæстæмæ.

Кæсæбийы-фырт цыма æцæгдæр зивæг кодта, уыцы хуызы афтæ бакодта:

- Дæу бынат хуыздæр у, бæргæ…

- Иу ран мæ мауал ныууадз «бынат-бынатæй»! – Æхсарбег бирæ фæхудтис. – Йæхицæн та йæ зæрдыл æрбалæууыд, Литературон институтæй сыздæхгæйæ, партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билармæ куысты фæдыл куы бацыдис, уыцы боны ныхас.

Æхсарбег Биларæн загъта:
- Партион куыстмæ нал бацæудзынæн.
- Цæуылнæ?
- Мæ зæрдæ дзы фæцъæх. Уæвгæ ис иу бынат, кæдæм бацæуин æмæ кæм бакусин, ахæм. Фæлæ йæм, æнæ гæды нывхасæй, иуæй мæ ныфс дæр нæ бахæссин, иннæмæй та мын æй дæтгæ дæр нæ ракæндзысты.
Билар уыцы ныхæстæм байхъуыста лæмбынæг, Æхсармæ, йæ мидбылты худгæйæ бакасти, стæй афтæ:
- Цавæр бынат у, цæ?
- Мæнæ дæ бынат.
- Уыцы хъуыддаг æрмæст æз æмæ дæуæй аразгæ нæу.
- Æмæ уæдæ иннæ куыстытæм мæ зардæ нæ райы.
- Цæуылнæ? – афарста та Хъæбæлойы-фырт.
Æхсарбег дзуапп радта:
- Режиссер Образцовы сфæлдыстад хъуамæ дзæбæх зонай…
- Иу чысыл æй æмбарын.
- Гъе, уæдæ уый йæ куклатимæ куыд фæкусы, обкомы дæр, райкомты дæр фыццаг секретарьтæ афтæ архайынц, сæ дæлбар чи ис, уыдонимæ. Уыйимæ ма Образцов йе 'нгуылдзтыл æндæхтæ уæддæр бабæдты, æмæ уый æххуысæй фезмæлын кæны куклаты. Ам та сæхæдæг змæлынц цæстæнгасмæ, æрфгуыты ахастмæ гæсгæ. Ныхасы руаджы та – бынтондæр.
Уыцы ныхæстæ обкомы фыццаг секретарьмæ тынг бахъардтой æмæ ныдджих. Цыдæр арф хъуыдыты кæй ацыд, уый бæрæг уыдис. Фæлæ йæ хъудытæ аскъуыдта уатмæ æрбацæуæг – партийы Дзæуджыхъæуы горкомы фыццаг секретарь Дзарасаты Темболат. Дзарасы-фырт зындгонд уыдис æрмæст горæты цæрджытæн нæ, фæлæ æгас республикæйы дæр. Горкомæй кусынмæ ивд æрцыд республикæйы партион-адæмон комитеты разамонæгæй, уырдыгæй та – профцæдисты областон советы сæрдарæй.
- Æвæдза, Темболат, Мæскуыйы адæймаг тынг зондджын кæны! – Билар сбадын кодта æрбацæуæджы. – Мæнæ дын Æгъуызары-фырт уымæн бынтон бæлвырд æвдисæн, - йæхæдæг мын мæ ныхæстæ рафæзмыдта.
Темболат, дын, æнæ дæлæ-уæлæйæ куы фæрæвдз уаид:



- Уæллæгъи, Билар Емазаевич, мæнмæ гæсгæ, Æгъуызары-фырты ныхæстæн бындур ис.
Билар хъæрæй ныххудтис:
- Ды дæр ахæм зондджын куы дæ…
Уыцы хабар Хъæбæлойы-фырт йæхæдæг худæджы хосæн радзырдта кæмæндæрты, Æгъуызарты Æхсар, дам, мын мæ бынат исынвæнд скодта. Æхсарбеджы-иу хаттæн йæ хæстæгдæр æмбæлттæ нал æмæ нал ныууагътой, цалынмæ-иу сын æй радзырдта, уæдмæ. Зын бамбарæн нæу, йæ шофыр Кæсæбийы-фырт дæр æй кæй зыдта, уый. Налцыкмæ фæндагыл дæр Æхсарбегæн йæ бынаты кой цалдæр хатты уымæ гæсгæ скодта.
Бынат…Æхсарбегæн йæ бынат кадджын уыдис. Фæлæ йын йæхи ноджы кадджындæрыл нымадта æгас республикæ дæр. Ахъуыды-ма кæнут, æрвылбон цалдæр сахаты дæргъы адæмимæ ныхас кæнын, уыдоны фæллойы гуылфæнтæм хонын, ныфсджынæй-ныфсджындæр кæнын, раст фæндæгтыл аразын, рæстдзинад уарзыныл ахуыр кæнын, сæ улæфты рæстæг рæсугъдæй, хъæлдзæгæй æрвитыны мадзæлттæ аразын. Æхсарбеджы заман фæзындис æцæг ерыс республикæйы дзыллон информацийы мадзæлтты æхсæн. Газеттæ «Рæстдзинад», «Социалистическая Осетия», «Æрыгон коммунист», районы мыхуыры кусджытæ бынтон æндæр цæстæй ракастысты радио æмæ телеуынынады ахадындзинадмæ дзыллæты æрвылбоны царды.
Æгъуызары-фырт хорз æмбæрста, бæрнон куысты дзыллæты фæндæдтæм, хъуыддаджы ныхасмæ лæмбынæг хъусын кæй хъæуы, уый, æмæ йын уыцы миниуæг тынг æххуыс уыди стыр коллективæн разамынд дæттыны хъуыддаджы. Уый охыл арæх цыдис промышленнон куыстуæттæм, хъæутæм, кусæндæттæм. Ноджы ма-иу арæх йæ балц срæсугъддæр кодта Гæздæнты Булаты оркестры концерттæй. Оркестры артисттимæ уыдис Ольгинскæйы, Дур-Дуры, Тарскæйы, Змейкæйы, Хъæдгæроны æмæ бирæ æндæр хъæуты. Уымыты-иу æм адæмимæ фембæлдтыты рæстæг ныхасы рад куы 'рхаудта, уæд-иу лæмбынæг æрлæууыд, радио æмæ телеуынынады размæ цард цы ахъаззаджы хæстæ æвæрдта, ууыл, бæлвырд-иу радзырдта, уыцы хæстæ æххæст кæнынып куыд кусы коллектив. Бирæ фарстатæ лæвæрдтой радиомæ

хъусджытæ æмæ телевизормæ кæсджытæ.

Иу ахæм æмбырды рæстæг (æнхъæлдæн, Ольгинскæйы) сылгоймæгтæй чидæр афтæ:

- О, о, мæ хур акæнат, сымах тыхджын стут. Дукантиты æхсыры æртах нæ уыдзæн, афтæмæй нæ радиотæ та Ир æхсыры цад фестын кæнынц. Ныр куыд фæзæгъынц, уый зонут? Цæкулон куыддæр йæ дзых фæхæлиу кæна, дзуры Орджоникидзе, зæгъгæ, афтæ радиомæ дæ ведра бадар, æмæ æхсырæй дзуподзаг ауыдзæн.

Кæд Æхсарбег йæхи худæг скодта, уæддæр дзы уыцы ныхæстæ иннæрдæм ахызтысты. Æцæгдæр, уыцы рæстæг Ирыстоны дуканиты урсаг, дзидза, карчы æйчытæ уæй кæныны хъуыддаг нал æмæ нал рæстмæ кодта. Афтæмæй та республикæйы дзыллон информацийы фæрæзтæ, уыдонимæ радио æмæ телеуынынад дæр чысыл кæнæ та уæлæнгайæ дзырдтой хъуагдзинæдтыл, нæ агуырдтой мадзæлттæ хъуыддаг йæ гаччы сбадын кæнынæн. Æгъуызары-фырты зæрдæ уымæ рагæй æхсайы. Гæды ныхæстæй хи сайынын нымадта æвзæр низы хаттыл. «Цæкулон куыддæр йæ дзых фæхæлиу кæна, дзуры Орджоникидзе, зæгъгæ, афтæ радиомæ дæ ведра бадар, æмæ æхсырæй дзуподзаг ауыдзæн», - Ахъуыды кодта Æхсарбег. – Хуыцау сразы уæд уæ зæгъæгæй»! Хъæрæй та афтæ:

- Уæдæ! Махæн Цæкулон тынг бæркадкъух æфсин у.

Æгъуызары-фырт хорз зыдта Бæдоаты Алисолтан æмæ Цæкулаты Марияйы. Мæнæ фæрæтхъæдæй барст кæй фæхонынц, ахæм лæг æмæ ус. Æхсарбег Алисолтанимæ базонгæ, «Рæстдзинад»-ы редакцимæ разамонæгæй куы бацыд, уæд, Марияйы та иттæг хорз дикторæй лæгæй-лæгмæ федта, радио æмæ телеуынынады хицауы бынатмæ бацæуґæйæ. Раст афтæ рауади мæ хъуыддаг дæр. Алисолтанимæ мæ мæ хъысмæт сбаста «Рæстдзинад»-ы. Абон дæр ма йын мæ зæрдæйы ис рæсугъд бынат. Ахæм тыхджын, ахæм фидар адæймагыл искуы низ фæуæлахиз уыдзæнис, уый æнхъæл никуы уыдыстæм мах, йæ кæстæртæ. Æнусон тулдз бæласы хуызæн нæм касти. Редакцимæ куы бацыдтæн, уæд Алисолтаны баййæфтон литературон кусæгæй, стæй сси советон цардарæзты хайады сæргълæууæг. Уыцы бынатмæ Уырымты Петка куы бацыд, уæд та ногæй бацахста йæ раздæры бынат. Æмæ дыуæ ран дæр стыр бæрнондзинад иста йæхимæ. Бынæттон советты, æнæниздзинад хъахъæнынады, базарады, барады оргæнты куысты тыххæй цы алыхуызон æрмæджытæ фыста, кæнæ цæттæ кодта мыхуырмæ, уыдон бирæ хæттыты стыр æхххуыс уыдысты республикæйы æхсæнадон царды ахсджиаг фарстатæ лыг кæнынæн.

Алисолтан кæд махæй бирæ хистæр уыд, уæддæр йæхи не ’мгары хуызæн дардта. Арæх-иу æй ракъахтам йæ царды хабæрттæй. Афтæ зæрдиагæй сæ дзырдта, афтæ, æмæ нæм диссаг цы нæ касти, уымæ дæр хъуыстам цымыдисæй. Æндæр хуызы бафиппайдта, зæгъгæ, уæд æнæмæнг бауайдзæф кодтаид, «фæтæргай» уыдаид. Куыд фæзæгъынц, Алисолтаны цур нæ ауунæй дæр тарстыстæм.

Редакцийы цыди диссаджы цыргъзонд къулы газет. Нæ кусджыты цард рæсугъддæр æмæ хъæлдзæгдæр кæныны, уыдон кæрæдзийыл бæттыны хъуыддаджы стыр бынат ахста. Уым уæлдай æнувыддæрæй архайдтой кæстæртæ. Йæ редколлегийы уæнгтæ йын фидар кодтой партион бюройы æмбырды. Уырдæм бахауыны рад-иу кæмæ æрхаудта, уый йæ нымадта стыр кадыл. Бирæ рæстæджы дæргъы æз уыдтæн йæ редактор, редколлегийы уæнгтæ та - Уырымты Петка, Цæрукъаты Валодя, Дзасохты Музафер æмæ зындгонд нывгæнæг Анатолий Петров. Къулы газетмæ æрмæджытæ фыстой нæ кусджытæй бирæтæ: Цырыхаты Михал, Хацъæты Валодя, Тегаты Сулейман, Томайты Дзантемыр…Дзæвгар уыдысты нæ уацхæсджытæ. Уыдонимæ - «Рæстдзинад»-ы редактор Хъаныхъуаты Валодя дæр. Исты уацхъуыд ныффыссыны тыххæй уый мах курдиатæн аргъ кæд не скодта, ахæм цау нæ зонын. Редакцийы кусджытæ дзы сæ кæрæдзийы тыххæй арæх фыстой. Æфхæрæн ныхас дзы никуы ничи ссардатид, фæлæ дзы æлхысчъытæ арæх цыдис. Бахъуаджы сахат-иу дзы суанг ма редактормæ дæр æрхаудта. Нæ зади рохуаты нæхи куыстуарзаг Алисолтан дæр. Иуахæмы йын æз йæ цалдæр уацхъуыды сæргæндтæй сарæзтон «æмдзæвгæ»:

«Цалхремонтгæнджытæ»,
«Рассыггæнаг шофыр»,
«Цардæнадгæнджытæ»,
«Бафæзминаг пъовыр»…

Алисолтан алкæмæн дæр хай кодта йæ цæхх, йæ кæрдзы-

нæй. Йе ’мкусджыты арæх хуыдта сæхимæ, йæ цардæмбал Цæкулоны хæрзад хæринæгтæ, уæлдайдæр та фыдджынтæ, фенынмæ. Цæкулаты Марияйæн стыр кад кодтам не ’ппæт дæр. Редакцийы кусджытæ-иу исты хорздзинады фæдыл куы æрбамбырд стæм (афтæ та-иу арæх уыдис), æмæ-иу Мария дæр Алисолтанимæ уырдæм куы æрбацыд, уæд-иу ын хорз æгъдау радтам. Уæдæ йыл къорд хатты фысгæ дæр кодтам нæ газеты. Иухатт та йыл журналист, радиойы хистæр редактор Гаппуаты Зирæ ныффыста мæнæн мæхи курдиатмæ гæсгæ. Цæмæй йын йæ царды хабæрттæ лæмбынæгдæр æмæ лыстæгдæр базыдтаиккой радиомæхъусджытæ æмæ нæ газеткæсджытæ. Зирæ æнувыдæй бакуыста æрмæгыл. Рауади бынтон аив. 1962 азы 12 октябры номыры цыппæрæм фарсыл æппæты уæле парахатæй æвæрд æрцыд æрмæг. Уымæй 26 азы раздæр фыццаг хатт райхъуысти радиойæ Цæкулаты Марияйы ныллæг æмæ æнахуыр рæвдаугæ хъæлæс æмæ банкъуысын кодта, чи йæм хъуыста, уыдоны зæрдæтæ.

Цæвиттон, 1932 азы радиойæн хъуыдис, иронау æмæ уырыссагау чи кастаид, ахæм æрыгон сылгоймаг диктор. Бæргæ хъуыди, фæлæ йе ссарын къухы не ’фтыдис. Уæд Цæкулаты Мария ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон институты филологон факультеты. «Мæ амонд бавзарон», - загъта чызг æмæ бацыди радиокомитеты хицауадмæ. Уыцы фæдыл æм радтой уырыссаг æмæ ирон газеттæ, æмдзæвгæтæ æмæ цалдæр уацхъуыды. Уыдон куы бакастис, уæд радиокомитетыл апырх цины уац: рагæй кæй агуырдтой, ахæм диктор разындис!

Бирæ æнæферохгæнгæ хабæрттæ æрцыди Марияйы царды. Æппæт уыдæттæ нæ газеты куы рацыдысты, уæд Алисолтаныл хур бакасти, фæлæ йæхи афтæ дардта, цымæ йæ хъуыды дæр не ’ркодта.

Номыр куы рацыдис, уæд хистæртæй чидæр Алисолтаны амæстæймардта: «Марияйæн, диктор кæй у, æрмæст уый тыххæй нæ, фæлæ дæуæн кæй фæразы, уый тыххæй орден раттын хъæуы». Алисолтан йæ къухтæ йæ сины сæртыл бæрзондгомау авæрдта: «Уæдæ, уæдæ, нæлгоймаг æрмæст худæй нæлгоймаг нæу…Хæдзары хъуамæ уа иу хицау», - йæхæдæг, бонджын лæгау, сæрыстырæй бахуыфыдис.

Ныхас дардыл цæуы, фæлæ Æгъуызары-фырт дыккаг бон



æрæмбырд кодта телеуынынады æмæ радиойы редакциты хистæр редакторты æмæ режиссерты æмæ бафарста:

- Исчи уæ нырмæ зыдта, Цæкулон куыддæр йæ дзых фæхæлиу кæна, дзуры Орджоникидзе, зæгъгæ, афтæ радиомæ дæ ведра бадар, æмæ æхсырæй дзупдзаг ауыдзæн?

Æмбырды бадæг адæм сæ кæрæдзимæ фæрсæгау бакæстытæ кодтой. Æхсарбег йæ бынатæй сыстад æмæ радзырдта, ольгинскæйаг сылгоймаг ын куыд загъта, уый. Цасдæр рæстæг ничи ницы сдзырдта.

- Куы ныхъхъус стут? – райдыдта Æхсарбег. – Адæм ныл æмбисæндтæ кæй мысынц, уый уын хъыг нæу? Мæхицæй куы зæгъон иу лæгæй, уæд мæнæн тынг хъыг у. Ахъуыды кæнут иууылдæр, хъуыддæгтæ фæхуыздæр кæнынæн цы мадзæлттæ саразын æмбæлы, уыдæттыл. Мах хъуамæ сарæзæм нæ куыстæн бæлвырд пълантæ æмæ сæ æххæст кæнæм. «Фæдис» нæ хъæр кæндзыстæм. Æз уыцы пълан саразин æртæ хайæ: фыццаг – хъæууон хæдзарады раззагдæрты фæлтæрддзинад; дыккаг – колхозты æмæ совхозты фосдарыны куысты ахсджиагдæр хъуагдзинæдтæ; фосдарыны продукци фылдæр кæныны хъуыддаджы бынæттон авналæнтæ æмæ гæнæнтæ фылдæр кæныны мадзæлттæ.

Чысыл рæстæг ахъуыды кæныны фæстæ ма бафтыдта:

- Ноджы дæр ма иу ахсджиаг фарстамæ лæмбынæг фæдарын хъæудзæни хъус. Цы зæгъын ис мæ зæрды? Хъæуты цæрджытæм, - нæхи хæдзарæй дæр зонын, - æрæджы дæр ма бирæ фос æмæ маргъ уыдис, ныр къаддæрæй-къаддæр кæны сæ нымæц. Мах хъуамæ лæмбынæг басгарæм уый аххосæгтæ æмæ баххуыс кæнæм уыцы хъуагдзинад фесафыны хъуыддаджы. Цыбыр дзырдæй, мах хъуамæ тох кæнæм ахæм фадæттæ аразыныл, цæмæй алы хъæуы дæр стуртæ, фыстæ, мæргътæ къаддæр ма кæной, фæлæ фæстæмæ сæ нымæц сræза…

Исчи зæгъдзæни, уыдæттæ зонгæ та кæцæй кæныс, зæгъгæ. Зонгæ сæ уымæй кæнын, æмæ æз мæхæдæг уыдтæн уыцы æмбырды. Уæд куыстон телеуынынады хъæууон хæдзарады хистæр редакторæй. Режиссер та дзы уыдис Дзбойты Батырбег (Бабле). Хуымæтæг редактортæй куыстой Гаджиты Илья æмæ зындгонд поэт Тетцойты Таймураз. Бабле æмæ Таймураз ацыдысты, æцæг дуне кæй хонынц, уырдæм. Иуу-

ылдæр рацыдыстæм хъæутæй, æвзæр нæ зыдтам хъæуккаг дзыллæты зæрдæйы уаг. Æз æмæ Илья дзæвгар рæстæг абадтыстæм, Æгъуызары-фырт цы фарстатæ систа æмбырды, уыдон бындурыл куысты фæтк саразынил. Куы срæвдз, уæд ма йыл абадтыстæм телеуынынады сæйраг редактор Бетойты Марияимæ. Уый кæд Дыгурыхъæуæй горæтмæ раджы рафтыд, уæддæр, мæгуыр зæхкусджыты чызг уæвгæйæ, хъæуккаг фæллойгæнæджы уды ахаст хорз зыдта. Мария йæхицæй цалдæр фарстайы бахаста пъланмæ. Æхсарбегыл куы сæмбылдысты нæ бирæ фæндтæ, уæд сæм иу-дыууæ боны фæкасти. Ницы ивддзинæдтæ сæм бахаста. Фæдзырдта Дзбойы-фыртмæ æмæ мæнмæ:

- Уыдон лæппутæ сты, лæппутæ! – Нæ къухтæ нын райста. Нæ куысты хабарттæ-иу йæ зæрдæмæ тынг куы фæцыдысты, уæд-иу афтæ бахъæлдзæг.

Махæн дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон уыдысты æппæлæн ныхæстæ. Уæлдай æхсызгон та нын уыдис, нæ пъланæй æмæ уый æххæст кæныны фæндагыл нæ фыццаг къахдзæфтæй партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билар кæй раппæлыдис. Фæстæдæр Биларимæ нæ мыды цыдæр къæм ныххаудта, фæлæ ма мæм уæд хорз цæстæй касти. (Обкомы секретарь куы нал уыдис æмæ, раздæр стыр хæрзтæ кæмæн сарæзта, уыдонæй йæм бирæтæ сæ фæсонтæ куы равдыстой, уæд мах та диссаджы лымæн баистæм).

Иухатт Æгъуызары-фырт диссаджы хъæлдзæгæй ссыдис обкомы бюройы æмбырдæй. Уыцы бон нæхимæ дæр, телеуынынады, уыдис æмбырд. Гъе, æмæ, дын, уыцы ран Æхсарбег куы райдаид:

- Хорзæй хорз зæгъын хъæуы. Абон уыдтæн партийы обкомы бюройы æмбырды. Уым иу фарста уыдис республикæйы фосдарджыты куысты тыххæй. Бирæ цæуылдæрты куы фесты дзырд æмæ фыццаг секретарь Хъæбæлойы-фырт кæронбæттæн ныхас куы кодта, уæд сæрмагондæй раппæлыдис цалдæр телевизион равдыстæй. Алагираг маргъдарæг Уырымты Марияйы, дигорайаг хъугдцджыты, мæздæггаг фыййау Братерскийы тыххæй цы равдыстытæ сарæзтам, уыдон кæрæйкæронмæ банымадта. Æз арфæ кæнын хъæууон хæдзарады редакцийы кусджытæн. Хорз бавнæлдтой.

Æз афтæ нæ зæгъын æмæ мах равдыстыты руаджы республикæ дзидза, урсаг æмæ æйчыты бын фæцис, фæлæ хъæууон фæллойгæнæг дзыллæтæн цыдæр ныфсытæ кæй æвæрдтам, уымæй та нæ сæртæ уæлдæр систам. Иннæ редакциты куыстмæ нæ ныхилгæйæ, Æгъуызары-фырт уæлдай уæрæхдæр фæндæгтæ арæзта хъæууон хæдзарады редакцийæн. Кæддæриддæр мæн æмæ Дзбойы-фырты курдиатмæ гæсгæ нæ быны уыдис машинæ. Кæд телеуынынады иу-дыууæ операторæй уæлдай нæ уыдис, кæцыты сæ сæр сныхынмæ дæр не ’вдæлдис, уæддæр уыдон хъуаг дæр никуы баййæфтам. Тынг арæх (къуыри æппынкъаддæр дыууæ хатты) цыдыстæм колхозтæм æмæ совхозтæм. Алы къуыри дæр иу хатт – дыууæ хатты студимæ хуыдтам раззагдæр фосдарджыты. Уыдонæн сæ фылдæримæ ныхас кодтон мæхæдæг. Диссаджы адæм уыдысты!

Ноджы дæр ма иу мадзал æрымысыдыстæм. Телестудийы сæ кæрæдзиимæ æмбæлын кодтам алы районты, алы хæдзарæдты минæвæртты. Уыдон-иу радзырдтой, фосдарыны ахсджиагдæр къабæзтæ куыд кусынц, ууыл. Уый тынг цыдис Æхсарбеджы зæрдæмæ, фæлæ-иу хатгай бахъуыр-хъуыр кодта, цыдæр кæй нæ фаг кодта равдыстыты, уый тыххæй. Уалынмæ, дын, мæм уыцы хъæлдзæгæй телефонæй куы фæдзурид йæхимæ.

- Цы, уый зоныс?! Ацы равдыстытæ цы хъуаг сты, уый ссардтон! Кæс-ма, ныртæккæ куыд сты, уымæ: дуне адæм æрбахонæм студимæ. Уыдон фæныхæстæ кæнынц æмæ фæстæмæ сæ хæдзæрттæм афардæг вæййынц. Уый фæстæ, чи зоны, æнæхъæн æнус дæр сæ кæрæдзийы нал фендзысты. Цæмæй равдыстыты фæстæ дæр æмгуыппæй кусой, уый тыххæй не студийы сæ къухтæ æвæрæнт сæ кæрæдзиимæ социалистон ерысы бадзырды.

Уыцы хъуыддаг дæр сарæзтам. Телестудийы равдыстыты рæстæг социалистон ерысы бадзырдтæ сæ кæрæдзиимæ сарæзтой Æрæфы æмæ Дыгуры, Алагиры æмæ Æрыдоны районты, Кировы районы Змейкæйы æмæ Рахизфарсы Хуымæллæджы колхозты фосдарджытæ. Бирæ уыдысты кæрæдзиимæ «хъæбысхæсты» бацæуджытæ, фæлæ се ’ппæты нал хъуыды кæнын. Ацы фарстайы нæ куыст æрмæст гæххæттытæ бафыссын кæнынæй нæ хицæн кодта. Рæстæгæй-рæстгмæ-иу телевизион журналисттæ бабæрæг кодтой сæ кæрæдзиимæ

ерысгæнæг коллективты æмæ сын сæ хабæрттæ эфирмæ хастой.

Нæ редакцийы фæрцы телеуынынад тынг бангом хъæуты цæрджытимæ: фæллойы раззагдæртимæ, дæсны специалисттимæ (цас уыдысты, цас!), хистæртимæ, фæсивæдимæ. Æнæхъæн Советон Цæдисы дæр телеуынынады æппæты разæй мах экранил фæзынд Кады фæйнæг «Уыдонæй сты сæрыстыр нæ хъæутæ». Куыд базыдтам, афтæмæй нæ фæстæдæр бафæзмыдтой нæ сыхæгтæ – Кæсæг-Балхъары тележурналисттæ. Ахæм Кады фæйнæджытæ фæзындысты Ростовы æмæ Воронежы облæстты телестудиты дæр.

Цæмæй хъæууон хæдзарадон равдыстытæ, раздæрау, «хус» мауал уыдаиккой, уый тыххæй-иу дзы арæх бакодтам раззагдæр хицæн адæймæгты æмæ æнæхъæн коллективы ном рæсугъдæй ссарыны охыл зарджытæ, кæфтытæ, музыкæ. Журналистты æмæ дикторты æмрæнхъ уыдон кастытысты ирон æмæ уырыссаг артисттæ, уыимæ стыр кадджын ном чи хаста, ахæмтæ дæр.

Раззагдæр фосдарджытимæ куыд куыста нæ телеуынынад, уыцы фæлтæрддзинад ахуыр кæнынмæ нæм уыдысты Цæцæн-Мæхъæлы, Майкъоппы, Астраханы, Хъалмыхъы, Волгограды æмæ æндæр рæттæй тележурналисттæ. Ай-ай уыдыстæм уымæй ныфсджын æмæ сæрыстыр! Нæ коллегæтæн æххуысæй нæхæдæгдæр хъæздыгдæр æмæ ныфсджындæр кодтам. Махмæ чи цыдис, уыдоны, стæй центрон телеуынынады куысты хъæд базонынмæ тынг тырныдтам.

1965 азы уалдзæджы Æгъуызары-фырт мæн æмæ Дзбойты Баблейы арвыста Мæскуымæ нæ столицæйаг коллегæты куыст хæстæгмæ базонынмæ. Йæхæдæг сæрмагондæй баныхас кодта Николай Месяцевимæ. Куы ныххæццæ стæм, уæд йæхицæн рæстæг нæ фæцис немæ фембæлынæн, фæлæ нæ бабар кодта йæ хæдивджытæй иуæн (йæ мыггаг ын нал хъуыды кæнын).

Махæн мæскъуыйаг скъола тынг фехххуыс ис. Ам нæхимæ куыд куыстам равдыстытыл, уым дæр афтæ. Уæлдайдæр – Бабле. Ахæм бонтæ-иу уыдис, æмæ-иу райсомæй суанг æхсæвы æнафонмæ Останкинойы алы хуызон студитæ æмæ мотажгæнæн агъуыстытæй æддæмæ нæ рацыдис. Уæвгæ нæ тынг куы бафæндыдаид исты «фыдуаг митæ» акæнын, уæддæр нын уыцы фадат нæ лæвæрдта Æгъуызары-фырт: ардыгæй арæх дзырдта телефонæй нæ фысымтæм æмæ куырдта, цæмæй нæ фылдæр домдтаиккой. Уыдонæн æй сæ фылдæр лæгæйлæгмæ хорз зыдтой, уымæ гæсгæ йæм хъуыстой, æмæ махæй та домдтой, раст цыма сæхи кусджытæ уыдыстæм, афтæ.

Бирæ хорздзинæдтæ базыдтам центрон телеуынынады. Иу хатт та нæ Останкинойы разамонджытæй иу сæхи кусджыты къордимæ телевизион стыр равдыст кæнынмæ арвыста Саратовы облæстмæ. Уыдонимæ иумæ хъæууон хæдзарады кусджыты тыххæй сарæзтам сахаты æрдæджы фаг равдыст. Нæ куыст куыд зын уавæрты цыдис, ууыл нæ дзурдзынæн, уымæн æмæ уый сæйрагдæр нæу. Фæлæ зæгъдзынæн, æз æмæ Баблейы мыггæгтæ æмæ нæмттæ дæр равдысты кæронбæттæн титрты фыст кæй æрцыдысты, - дыууæйæ сарæзтам æртæ минуты æмæ цалдæр секунды дæргъæн сюжет. Раст зæгъын хъæуы, мах æй уынгæ дæр нæ фæкодтам, фæлæ нæм нæ куыстæй чидæртæ стæй нæ хæдзæрттæй хæрзаггурæгагау телефонтæй дзырдтой.

Хордзинад бахатынмæ хъаруджын уыдис Æхсарбег. Мæскуыйæ нæ хорзы кой кæй хъуыста, уый зæрдæрухсæй раддзырдта телестудийы кусджыты æмбырды, ноджы ма нын арфæтæ ныффыста æмæ радта æхцайы премии – алкæмæн дæр йæ мæйы мызды йас. Алцы дæр хорз, фæлæ ма нæ лымæндæр æмкусджыты уымæй хуыздæр цы хъуыдис! Не 'хсæн ахæм фæтк уыдис: премийы æхца йæ хæдзармæ ничи хаста. Кæмæн-иу æй радтой, уый-иу фæскуыст фæдзырдта йе 'мбæлттæм æмæ-иу сæ фæхынцыдта. Мах дæр Баблеимæ кæд уыцы капеччытæм нæ кастыстæм, миййаг: бавдæлдыстæм æмæ иу-дæсæй дзæбæх акуывтам. Уыцы хъуыддаджы дæр Æгъуызары-фырт диссаг уыдис – кæд иунæг мисхал дæр нæ нызта, суанг бæгæны дæр, уæддæр-иу арæх кæрæй-кæронмæ немæ фæбадтис. Йæхи-иу афтæ хъæлдзæгæй дардта, æмæ иуварсæй чи бакастаид, уый загътаид, уымæй къуымæлдзæфдæр дзы нæй.

Райгуырæн бæстæйы кадæн, Ирыстоны сæраппонд цас æмæ цас хъуыддæгтæ арæзтой республикæйы радиойы æмæ телеуынынады кусджытæ Æгъуызарты Тæтæрхъаны фырт Æхсарбеджы разамындæй! Дзыллæты зæрдæтæ рухс кодтой, нæ комитет афæдзæй-афæдзмæ цы фестивальтæ арæзта,

уыдон. Архайдтой-иу дзы æппæт районты æмæ хицæнæй республикæйы сæйраг горæты хуыздæр хихъхъæппæрисадон аивады коллективтæ. Уыдис нæм иудадзыгон организацион комитет. Аивадон советы уынаффæйæ уымæн йæ сæргъы лæууыд Æгъуызары-фырт. Алы районы равдыст бацæттæ кæнынил дæр бæлвырд дзуапп лæвæрдтой иу хистæр редактор æмæ иу ражиссер. Аивадон совет æмæ организацион комитет æз æмæ Дзбойты Баблейæн бафæдзæхстой Дыгуры районы коллективтæм нæ цæст фæдарын. Районтыл дзуапдæттæг хистæр редактортæ æмæ режиссертæ арæх цыдысты бынæттæм, уæлдайдæр, равдыст цас хæстæгдæр кодта, уыйас. Мах дæр Дзбойы-фыртимæ афтæ кодтам, уæдæ цы уыдаид. Дыгуры районы культурæйы хайады сæргълæууæг Золойты Георгийы мах сæр хъæугæ дæр ницæмæн кодта, йæхæдæг цалдæр районы бацæттæ кæнынхъом дæр уыд, фæлæ мах дæр нæ хæс кодтам. Фæлæ фæсмойнаг нæ уыдыстæм – алы репетицийæ дæр стыр æхсызгондзинад истам.

Кæддæр нæ Æхсарбег афарста, нæ район фестивальмæ куыд цæттæ кæны, уымæй, æмæ йын радзырдтам лæмбынæг хабæрттæ. Хæстæгдæр рæстæг Æхсарбегмæ куы бацыдыстæм Дигорамæ цæуынмæ машинæ ракурынмæ, уæд афтæ бакодта:

- Ацы хатт уæ мæхæдæг ласдзынæн, - арæх куыд уыдис, афтæ та нæ хъазæн ныхасæй дæр цух нæ ныуагъта: - Сымах хуызæн дыууæ лæгæн шофырæй ацæуын стыр кады хъуыддаг у.

Бабле фæрæвдз:

- Хорз дын бафиддзыстæм…

Нæ кæрæдзийæн ма цыдæр хъазæн ныхæстæ загътам. Дыккаг бон изæрырдæм араст стæм Дигорамæ.

- Мæнæн мæ зæрдæмæ Дигорайæн йæ раздæры ном тынг цыдис – Чырыстонхъæу… Киристонгъæу… Христиановское… Хъæуты, горæтты æмæ уынгты нæмттæ раив-баив кæнын мæм хорз нæ кæсы…Чысылæй-иу не ’рвадæлтæм – Гегиитæм куы цыдтæн, æмæ-иу мæ ме ’мгæрттæ куы афарстой, кæдæм цæуыс, зæгъгæ, уæд-иу сын сæрыстырæй дзуапп радтон: «Чырыстонхъæумæ»…

- Гегийы зоныс? – Æвиппайды афарстон æз.

- Дыгуры Æгъуызартæн сæ тæккæ дзырддзæугæдæртæй



иу, - сæрыстырæй дзуапп радта Æхсарбег. – Ды та йæ цæмæй зоныс?

Æз ын хабар радзырдтон. 1948-1949 азты чырыстонхъæуккаг сызгъæрин къухты хицау Æгъуызарты Георгий (Геги) арæзта Дур-Дуры Сталины номыл колхозæн хъæдфадæн завод. Йæ бинонтимæ царди мæ фыды æфсымæр Зауырбеджы хæдзары. Зауырбег уыцы рæстæг районы ахста стыр бæрнон бынæттæ, æмæ æд бинонтæ царди Дыгурыхъæуы. Гегийы бинонтимæ тынг æнувыд уыдыстæм нæ кæрæдзийыл. Куыд лымæн цард кодтам. уый тыххæй цыдæр лыстæг хабæрттæ дæр æрымысыдтæн.

Дигорамæ нæ балцы сæйраг нысан – районы хихъæппæрисадон аивадон къордтæ республикон телевизион фестивальмæ куыд цæттæ сты, уый фенын. Культурæйы хæдзары ныл хæдахуыр артисттæй дарддæр фембæлдысты партийы райкомы секретарь Хадаты Виктор æмæ культурæйы хайады сæргълæууæг Золойты Георгий. Алцыдæр хорз уыд, фæлæ Æгъуызары-фырты зæрдæмæ уæлдай тынгдæр фæцыдис электромонтер Гулчеты Епойы диссаджы аивад. Уый, цыма йæ дзых гом дæр нæ кодта, афтæ зындис залæй кæсгæйæ, фæлæ ахæм хъæрæй зарыдис, æмæ Культурæйы галуаны къултæ рæдывдтой. Æхсарбег махæн Баблеимæ афтæ:

- Ацы лæджы курдиат мах хъуамæ равдисæм парахатæй. Æвгъау у ам, Чырыстонхъæуы, баззайынæн.

Виктор æмæ Георгийæн уыцы ныхæстæ бальзамы хуызæн фесты, æмæ райдыдтой Гулчейы-фыртæй æппæлын, йæ кусты раззагдæрыл нымад кæй у, йæ къам районы Кады фæнæгыл кæй ис.

Епоимæ æз рагæй уыдтæн зонгæ. Йæ иу зарæгæн, Дзотты Лазæры тыххæй, йæ заманы текст æз ныффыстон. Фæлæ, сæттын æргомæй, хъуыды дæр никуы акодтон, Епойы сфæлдыстад æнæхъæн республикæйы рæгъмæ рахæссын хорз уаид, ууыл. Репетицийы фæстæ Æхсарбег йæ фæндон радзырдта зарæггæнæгæн йæхицæн дæр, стыр арфæтæ йын куы ракодта, уый фæстæ. Мах Баблеимæ дыккаг бон радиойы музыкалон редакцийы хистæр редактор Гуылынты Венерæйæн загътам, нæ сæрдар Гулчейы-фырты тыххæй сæрмагонд радиобакаст кæй аразын кæны, тыххæй. Цасдæр рæстæджы фæстæ Æхсарбег Дигорамæ арвыста Венерæйы, æмæ уый

зæрдæмæ дæр Епойы зарджытæ тынг фæцыдысты. Фысгæ та сæ никкодта радиойы хæдзары стыр студийы. Уæдæй фæстæмæ республикон радио арæх лæвæрдта Епойы хъæлæс. Телеуынынады та йыл стыр равдыст сарæзтам Дзбойты Бабле, музыкалон редакцийы хистæр редактор Къабойты Жаннæ æмæ æз. Телевизортæм кæсджыты ахастмæ гæсгæ, хорз рауадис.

Æгъуызары-фырты фæрцы сæрттывтой ноджыдæр бирæ адæмон курдиаттæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, аивад сын уый нæ амыдта, фæлæ сын аивады се стыр курдиатæн уæрæх фæндæгтæ арæзта. Сæ диссаджы курдиат телеуынынад æмæ радиойы фæрцы, рæсугъд дидинæгау, кæмæн райхæлд, уыдон номхыгъды фыццæгтимæ уыдысты Ирыстоны номдзыд æмæ æхсыст адæймæгтæй бирæтæ. Ахæмтæй иу уыди хуымæллæггаг Кæсæбиты Митя. Уымæй йæ кæстæртæ бирæ фæзмыны аккаг хорздзинæдтæ райстой. Кадджын уыдис æрмæст хъæууон дзыллæты цæсты нæ, фæлæ мыхуыры, телеуынынады, радиойы, литературæйы, аивады, культурæйы кусджыты æхсæн дæр. Хъæздыг колхозæн разамынд куы лæвæрдта, уæд-иу сæ бирæтæм истæмæйты дæр фæкасти. Чысыл дæрдæр бамбардзыстут, афтæ æнувыд сыл цæмæн уыдис, уый.

…«Рæстдзинад»-ы куы куыстон (1959-1964 азтæ), уæд иузаман мæнæугæрдæнты нæ редакцийы хуызисæг Федор Мамонтовимæ ацыдтæн Хуымæллæджы быдыртæм. Уыд æнтæф, æнуд бон. Сихорафон. Цалдæр нæлгоймаджы дæргъæйдæргъмæ цъынайы ауон сæхи 'руагътой хурсыгъд хъæмпыл. Семæ - колхозы сæрдар Кæсæбиты Митя дæр. Дынджыр чырынтæ фындзы кæлмæрзæнæй сæрфта йæ сахъат къахы тугтæ. Хистæртæй йын иу уайдзæфтæ кодта, комбайнты фæстæ фистæгæй æгæр бирæ кæй фæзылд, уый тыххæй. Митя йæм зулаивæй бакаст æмæ афтæ:

- Бирæ цыды аххос бæргæ нæу…Мыййаг, фыццаг хатт фæзылдтæн быдырты? Æндæр хабар дзы ис, æндæр хабар! Мæ хъæдын къах нал бæззы… Горæтмæ суайын хъæуы ног протез скæнынмæ, фæлæ рæстæг нæй…

Мамонтов къамтæ систа, æз райстон, сæрдарæй мæ цы æрмæг хъуыдис, уый. Нæ машинæйырдæм фæраст стæм. Уалынмæ райхъуысти Митяйы бæзджын хъæлæс:

- Кæдæм абæлццон стут? Афтæмæй нæй цæуæн…Станмæ бауайæм. Хорз æфсинтæ дзы ис. Мæнæн дæр дысонæй нырмæ мæ дзыхы дон дæр нæма уыдис… Кæд мын уазджыты фæрцы исты хорз хæлц æрæвæриккой…

Чи йæм хъуыста, уыдон иуыылдæр хъæрæй ныххудтысты. Митя йæ протез бафидар кодта йæ къахыл æмæ, йæ сыхаджы уæхскыл анцой кæнгæйæ, цадæггай сыстади.

Быдырон станы цы дыуузе сылгоймаджы баййæфтам, уыдон ма нын фырцинæй цы акодтаиккой, уый нал зыдтой. Раст цыма хорз ресторанмæ бахаудтам, афтæ мæм касти. Сыгъдæг æхсад стъолæмбæрзæнтæ цæхæртæ калдтой. Иу хæринаг иннæйæ хæрзаддæр. Митя-иу рæстæггай йæ уидыг æмæ къæбæр æрæвæрдта фынгыл æмæ-иу колхозы хабæрттыл схæцыди. Раст цыма йæ фыды хæдзары хорздзинæдтыл дзырдта, афтæ уыд йæ ахаст. Фæлæ-иу хатгай хæрдмæ фæхаудта, - æвæццæгæн-иу къахы рыст фесхуыста.

Уыцы аз æрæгвæззæг Ирыстоны разамонджытæ нæ бирæ бæркæдтыл бацин кæнынмæ æппæт республикæйы дзыллæты иумæ æрбамбырд кодтой Хетæгкаты Къостайы номыл культурæйы æмæ фæлладуадзæн парчы хъæууон хæдзарады æнтыстдзинæдты радон равдыстмæ. Адæм гуылфæнтæ кодтой. Районты минæвæрттæ цыдысты сæ кæрæдзийы фæллæйттæ уынынмæ, ерысгæнæг колхозтæ æмæ совхозтæ сæ кæрæдзимæ хастой дзадджын хуынтæ.

Бæрæгбоны фæдыл парчы Сæрдыгон театры уыдис республикæйы хихъæппæрисадон аивады къордты концерт.Райдыдта аивадон хихъæппæрисады къордты концерт. Дынджыр зал - адæмæй йæ тæккæ дзаг. Сценæйы цыма æнæхъæн Цæдисы дзыллæтæ баиу сты, афтæ зындис. Уалынмæ æрхæццæ Хуымæллæджы зарджыты къорды рад. Ныннæрыди Кæсæбийы-фырты тыхджын хъæлæс. Йæ фарсмæ цы урсцухъаджын нæлгоймæгтæ лæууыдис, уыдон ын бахъырныдтой, æмæ залы къултæ зарæджы тыхджын зæлтæй ныррызтысты. Сæрдыгон театры бадæг адæм дæргъвæтин къухæмдзæгъдæй арфæтæ кодтой хуымæллæггаг колхозон артисттæн. Уæд цæуыл ахъуыды кодтон, уый мæ абон дæр рох нæу: «Уагæр ма Митя хæсты цъысимы куы нæ бафтыдаид, уагæр ма дзæбæх, æнæсахъат куы уаид, уæд цавæр диссæгтæ равдисын уаид йæ бон»…

Митяйыл азтæ сæ уæз куы æруагътой, уæддæр баззад

хъæлдзæг зæрдæйы хицауæй. Фæлæ арæх бакатай кодта: «Удæнцой ма феной, махæн нæ царды уаг чи фехæлдта…Алцæмæн дæр ныббыхсæн ис, фæлæ раздæры хæлар адæмтæй æвиппайды знæгтæ чи ацарæзта, уыдонæн æгæртæ бафтыд сæ къухы… Æфсымæрдзинад!..Уый уыди нæ тæккæ стырдæр хæзна, æмæ нын æдзæсгæмттæ уыцы хæзна адавтой»…

Фарн æмæ амонд хастой семæ Кæсæбийы-фырты хуызæттæ. Куыд федтам, афтæмæй уыдон æрмæст хæсты æмæ фæллойы хъæбатыртæ нæ уыдысты, фæлæ аивады дæр бирæтæ арæзтой. Цы концерты кой скодтон, уымæ касти Æгъуызары-фырт дæр. Цалдæр хæдахуыр артистыл йæ цæст æрывæрдта, уыдонимæ – йæ хорз æрдхорд Кæсæбиты Митя дæр. Заргæ кæй кæны, уый зыдта, фæлæ афтæ курдиатджынæй, уый фыццаг хатт банкъардта. Æхсарбег уыцы фæдыл бафæдзæхста телеуынынады æмæ радиойы музыкалон редакцитæн, цæмæй æвæстиатæй ныффыссой Кæсæбийыфырты зарджытæ. Æмæ абон телевизоры кæнæ радиойы Митяйы зарæг куы райхъуысы, уæд, мæнмæ гæсгæ, арфæйы, фарны ныхæстæ фыццагдæр кæмæ фæхауынц, уый у Æгъуызарты Æхсарбег.

Иннæ ахæм æрыдойнаг курдиатджын хæдахуыр артист Дзугаты Барту. Уый æмæ йæ къорды зарджыты зарджыты хорзы кой куы фехъуыста Æхсарбег, уæд телеуынынады æмæ радиойы музыкалон редакциты сæргълæуджытæ Къабойты Жаннæимæ æмæ Гуылынты Венерæимæ ацыд Æрыдонмæ. Районы культурæйы хайады сæргълæууæг сын баххуыс кодта, æмæ Культурæйы хæдзары залы байхъуыстой Бартумæ. Ам дæр та – стыр диссаг. ахъаззаджы курдиат. Цыбыр рæстæгмæ республикæйы телынынады æмæ радиойы хæзнадоны фæзындысты Æрыдоны районы нæлгоймæгты зарджыты къорды уацмыстæ. Уæдæй нырмæ азæлынц эфиры.

Ацы цины хабæрттæ бирæ фылдæр сты, фæлæ се ’ппæтыл нæ дзурдзынæн. Уыдæттыл хъуыдытæ кæнгæйæ мæм фæзындис ахæм хъуыды: гæнæн æмæ амал куы уа, уæд ивгъуыд бонты хæдахуыр артистты аивад арæхдæр æвдисын хъæуы. Уыдон стыр æххуыс сты ирон адæмон традицион культурæйы рæзтæн.

Æгъуызары-фырт, кинонывтæ æмæ концерттæ исыны рæстæг уырзæй сгæрста театртæ æмæ иннæ культурон-аивадон



кусæндæтты сфæлдыстадон фæсивæды. Аивады æрыгон кусæг йæ курдиатмæ, йæ авналæнтæм, йæ сæрæндзинадмæ, цардмæ йæ раст уаджы тыххæй йæ зæрдæмæ фæцыдис, зæгъгæ, уæд-иу æй иу ран нал уагъта, телеуынынадмæ йæ тыхæй «ласта». Зæгъæм, тынг æрвæссыд Баскаты Уырызмæджы сфæлдыстадыл. Уæвгæ та ма уæд уыди хæрзæрыгон актер. Ирон театры сценæйы арæзта йæхи карæн лæппуты фæлгонцтæ. Адæмы зæрдæмæ цыдысты йæ хъæбатыртæ. Уырызмæг телеуынынады стыр пайда кæй раттаид, уый афоныл хорз бамбæрста Æхсарбег. Уæлдай фидардæрæй ахæм хатдзæгмæ æрцыд, Баскаты лæппу кинонывы «Во всем виновата Залина»-йы диссаджы фырнымд, философау арф хъуыдыгæнаг, куыстадзагъд хъæуккаг лæппуйы ролы куы ахъазыд. Уый фæстæ йæм Æгъуызары-фырт цалдæр хатты минæвæрттæ сарæзта, зæгъæм, Дзбойты Батырбеджы – уый кæддæр Уырызмæгимæ куыста иу сценæйыл. Йæхæдæг дæр дзырдта йемæ. Уырызмæг æртасыди, æмæ райдыдта кусын Цæгат Ирыстоны телеуынынады. Æвæдза, уыцы куыстуарзон лæппу (уæд ма лæппу уыдис, уæд цы уыдис) коллективы æхсæн куы ферттывта, уæд, телеуынынады «цæджындзтæ» бамбæрстой, ног кусæг ногдзинæдтæ хæссæг кæй уыдзæн, уый. Уырызмæг нæ республикæйы телеуынынадæн цы бирæ хæрзты бацыд, уый абон алчидæр бæлвырд зоны. Йæ бакаст куыд у, афтæмæй нырма бирæ хæттыты барæвдаудзæн йæ кæсджыты.

Иухатт цыдæр бæрæгбоны уыдис стыр радиобакаст профессионалон-техникон ахуырады тыххæй. Æхсарбег хъуыста бакастмæ, æмæ æвиппайды йæ хъус ацахста цавæрдæр диссаджы нæлгоймаджы хъæлæс. Уый уыдис профтехахуырады кусæг Хуытыгаты Хъазыбеджы хъæлæс. Дыккаг бон йæхимæ фæдзырдта йæ хæдивæг Дзугаты Савелимæ æмæ йын загъта, цæмæй йæм æвæстиатæй æрбакодтаид Хуытыджы-фырты. Уый йæ фыны дæр ахæм амондджын хабар кæм федтаид! Æхсарбег æмæ Хъазыбеджы ’хсæн цы ныхас цыд, уый нæ зонын, фæлæ рæстмæйаг кæй рауад, уый мын хорз зындгонд у. Мæнмæ, стæй ноджыдæр бирæтæм æрхаудта уыцы диссаджы гом зæрдæ æмæ сæрджын Хъазыбегимæ иу æмбæрзты бын – радиойы хæдзары – бакусын бирæ рæстæг.

Фыццаг бонтæй фæстæмæ размæ, æрмæстдæр – размæ.

Райдыдта дикторы куыст. Каст иронау дæр, уырыссагау дæр. Æмхуызон зæрдиагæй æмæ æнцон æмбарæн хъæлæсы уагæй Иры дзыллæтæм хæццæ кодта, нæ республикæйы бирæвæрсыг царды диссагæй цыдæриддæр уыдис, уыцы цаутæ, хабæрттæ, хуыздæрты фæллой æмæ æрвылбоны цард. Хъазыбеджы фыццаг къахдзæфтæм йæ цæст дардта Æхсарбег йæхæдæг, йæ зæрдæ дзы куы байрад, уæд æй бакодта Дзугаты Савелийы бар, стæй йæ чысыл фæстæдæр уымæй дæр «ссæрибар» кодта. Цыбыр рæстæгмæ йыл тынг барвæссыдысты дæсны диктортæ Цæкулон, Лапис, Дауырыты Харитон. Хъуыддаг уымæй дæр нæ ахицæн: мах, радиойы алыхуызон редакциты кусæг журналисттæ, уайтагъд бафиппайдтам Хъазыбеджы туджы æрдзон курдиат арф æвæрд кæй уыдис, уый, æмæ йæ цадæггай журналистикæмæ дæр бакодтам.

Хуытыгаты Хъазыбег нæ республикæйы телеуынынадæн æмæ радиойæн цы лæггæдтæ фæкодта, уыдон се 'гас зын банымайæн сты. Суанг ма Цæгат Кавказы телефильмы конд иуæй-иу кинонывтæн дæр директор уыдис. Уый нымад цыд стыр бæрнон куыстыл, æмæ йæ æнæкъæмдзæстыгæй æххæст кодта. Хъазыбег цы намысджын фæндагыл æрхæццæ йæ абоны царды бæрзондмæ, уый зындгонд у Иры дзыллætæй дæсгай мингæйттæн, уымæ гæсгæ мæ ныхас фæцыбыр кæндзынæн.

Ноджыдæр ма ма иу хъуыддаджы тыххæй æнæ зæгъгæ нæй. Баскаты Уырызмæгимæ æмæ Хуытыгаты Хъазыбегимæ арæх фембæлын. Хатгай та æртæйæ баиу вæййæм. Фæстаг рæстæг цалдæр хатты иумæ телевизион равдыстыты дæр архайдтам. Нæ ныхас ивгъуыд бонтыл куы рауайы, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, фылдæр фæмысæм Цæгат Ирыстоны Министрты Советы телеуынынады æмæ радиомæхъусынады комитеты нæ иумæйаг куыст. Æнæмæнг нæм рауайы Æгъуызарты Æхсарбеджы кой. Сæ дыууæ дæр æй ахæм диссагæй, ахæм курдиатджынæй фæзмынц, уæлдайдæр йæ дзыхы дзырд, йæ хъæлæсы уаг, æмæ Хъазыбегмæ кæнæ Уырызмæгмæ комкоммæ куы нæ кæсай, уæд зæгъдзынæ, Æхсарбег йæхæдæг дзуры. Æз сын мæхæдæг арæх балæгъзтæ кæнын, цæмæй Æгъуызары-фырты хъæлæсæй истытæ зæгъой. Уыдон ахæм текстæ æрымысынц, кæцыты нæ иууылдæр уымæй бирæ хæттыты фехъуыстам. Уырызмæг дæр, Хъазыбег дæр афтæ



зæрдиагæй фæархайынц, цыма Æхсарбег уыцы минут вæййы сæ разы. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ сæ хæрзгæнæджы, сæ уарзон хистæры кæй нæ рох кæнынц.

Сфæлдыстадон фæндагыл, уæлдайдæр та йæ райдианы Æгъуызары-фырт йæ фарсмæ, фидар цæджындзау, кæмæн балæууыд, ахæмтæ бирæ ис Ирыстоны.

Æхсарбег кæддæриддæр, сывæллонау, цин кодта Ирыстоны хорздзинæдтыл, æнтыстдзинæдтыл. О, амондджын уыдис уыцы рæстæг Советон Ирыстон. Нæ поэттæ æмæ композитортæ йыл цы зарджытæ кодтой, уыдоныл ныртæккæ куы ахъуыды кæнай, уæд зæгъдзынæ, куыд раст, куыд рæсугъд, куыд мидисджын уыдысты, зæгъгæ. Тыхджын уыд Ирыстон советон хуры тынтæм. Беслæны нартхоры куыстуат æмæ Дыгуры сæкæры завод, Садоны здыйы-цинчы комбинат æмæ «Электроцинк», Советон Æфсады хъомыс фидардæр кæнынæн æнувыдæй архайæг куыстуæттæ…Цас æхсызгонæн хъæугæ продукци цыдис республикæйы кусæг къласы къухæй! Нæ цард цæмæй дзадджындæр уыдаид, ууыл сæ хид калдтой Социалистон Фæллойы Хъæбатыртæ хуымæллæггаг Æлбегаты Харитон, брутаг Санаты Хъазыбег, черменыхъæуккаг Алæгаты Темырби, елхотаг Дзгойты Еруслан. Сæ фарсмæ фидар æмæ ныфсджын къахдзæфтæй цыдысты иннæ дæсгай мин зæххыкуыстгæнæджытæ. Бирæ колхозты фермæтæ уыдысты сыгъдæг æхсыры цадты хуызæн. Кусгæ æмæ ахуыр хорз чи кодта, уыдон сæ фæллад дæр хорз уагътой. Уыдон бæрны уыдысты санаторитæ, фæлладуадзæн хæдзæрттæ, пансионаттæ, туристон базæтæ, ногдзауты лагертæ. Уынут, æрмæст сæ анымайын абон дæр ма стыр æхсызгондзинад куы дæтты адæймагæн.

Æгъуызары-фырт, йæ адæмимæ, йæ республикæимæ иу туг, иу стæг адæймаг, зыдта цин кæнын уыцы æвæджиауы рæсугъддзинæдтыл. Цы хъæбатырты кой скодтон, æрмæст уыдонимæ нæ, фæлæ сæдæгай колхозонтимæ зонгæ уыди лæгæй-лæгмæ. Уыдта сæ бæркадджын быдырты сæ куысты уæлхъус, уыдта сæ быдырон станты, семæ æмбæлди царды алыхуызон фæзилæнты. Сæрыстыр уыдис уыдонæй, разы уыдис йæхицæй, уыдоныл, уыцы уæйыг адæмыл, телевизион равдыстытæ æмæ радиобкастытæ аразæг специалистты сæргъы кæй лæууыдис, уымæй. Бирæ хæттыты та æрмæджытæ цæттæгонд цыдысты йæхи разамындæй. Æз хъуыды кæ-

нын парахат телевизион равдыст Горæтгæроны районы Черменыхъæуæй. Æхсарбеджы курдиатмæ гæсгæ йæ сарæзтой фысджытæ Цæгæраты Максим, Цырыхаты Михал, Мæрзойты Сергей, поэт Хъайтыхъты Геор. Уырдæм иу хатт семæ ацыдис йæхæдæг дæр. Уалынмæ æрхæццæ равдысты рæстæг. Студийы Æгъуызары-фырты дыууæ фарс рабадтысты фысджытæ æмæ колхоз «Чермен»-ы раззагдæр хорыкуыстгæнджытæ, фосдарджытæ, мыддартæ, дыргъдæтты хицæуттæ, сæ разæй Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Алæгаты Темырби. Равдыст райдыдта Æхсарбег йæхæдæг. Мах æм цалдæрæй кастытыстæм телестудийы кусæн уæттæй иуы. Райдианы дыууæ-æртæ хатты фæкъуыхцы, æмæ нын уый æхсызгон уыд: уадз æмæ, дам, мах дæр, телевизион равдыст амонгæйæ, нæ къах куы скъуырæм, уæд куыд вæййы, уый æмбара. Диссаджы дæсныйæ ракъахта фысджыты дæр, колхозонты дæр. Уыцы изæр уæлдай дзырдарæхст уыдысты Цырыхаты Михал æмæ Алæгаты Темырби. Хъайтыхъты Георы кой та кæнгæ дæр нæ кæнын: уый бацæттæ кодта æмæ диссаджы аивæй æмæ хъæлдзæгæй бакасти иу дæсы бæрц цыппаррæнхъонтæ Черменыхъæуы раззагдæр колхозонты тыххæй.

Равдысты фæстæ Æхсарбегæн йæ аиппыты тыххæй куы загътам, уæд ныххудти, стæй афтæ:

- Сволочтæ, æмæ уын æндæр ницы куыст уыдис?

Махæн дæр замманай фадат фæцис, æмæ не 'ппæты бæсты Дзбойты Бабле загъта:

- Æмæ дæуæн æндæр ницы куыст вæййы, уайдзæфты бын нæ куы фæкæныс, уæд?..

Æхсарбег йæ къух бæрзод фæхаста æмæ йын æй сабыргай йæ бæрзæйыл æруагъта.

Коллективы æмбырды къуыриййы дæргъы равдыстытыл ныхас куы цыдис, уæд чидæртæ фыццаг бынат раттынмæ хъавыдысты Æгъуызары-фырты куыстæн. Фæлæ бирæ ныхæсты æмæ быцæуты фæстæ бацахста æртыккаг бынат. Цæй тыххæй уыдысты сæ равдыстытæ, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ йæ разæй фесты Фæрниаты Константин æмæ Цæголты Василий. Нæ сæрдар разыйæ баззад æртыккаг бынатæй, фыццаг дыууæ бынаты бацахсджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодта.

*Уодзæнæй ма*









ЧЕГАТИ Казбек



## КАРД

Зæронд лæгæй фегъустон,
Еу кæрдбадзи, цæветтон,
Цидæр замани циргъ Кард
Æрвиста ’нæмастæй цард.
Адтæй имæ еци ’гъдау –
Гъæдæ амадта цигъдау.
Адтæй имæ лæгигъæдæ –
Ку кæнидæ цæвæггъæдæ,
Ку гъудæй кæнун косарт,
Рæвдзæ уидæ уæддæр Кард.
Авгау хормæ æрттивта,
Æ хецау æй боц дардта,
Нæ си кодта уæлдай куст,
Æ фестойнæ дæр – фæлуст.
Фæлмæн дорбæл æй инста,
Нæгъæуаги ’й нæ иста.
Бабайлæгъ æй, байрæзтæй,



Æхебæл дæр банвæрстæй.
Ку бафтуйуй сагъæссари,
Нæбал бадуй æ хæдзари,
Нæбал гъар кæнуй æ бун,
Фæндæ ку кæнуй – истун.
«Кæдмæ баддзæн æз зиндони,
Гъæддаг сирдау мæ хуггойни?
Фæййинун гъæуй мæн цард».
Фесхъæтæг уй, нур, нæ Кард,
Куддæр иссæй барæуадзæ.
Фæууагъта уæд æ кæрдбадзæ.
Æ хумпъурæй ку фæццох æй,
Исуæгъдæ ’й хецауи къохæй.
Æй æ цард нур æ фæндон,
Æ цийнæн нæййес кæрон.
Æхе барæ æ рацуд,
Æхе фæндон е ’рбацуд.
Ихæс ибæл нæбал ес,
Æ цийнæн кæрон нæййес.
Хуæздæр цардмæ æнгъæл кастæй,
Æ агъодæй ку рараст æй.
Ингæ дæр æй фæккодта,
Æ хъаймагъ ин фæййиста,
Æ зæрдæмæ дæр цудæй,
Æгъдау дæттун нæ гъудæй.
Æ замани ку адтæй,
Зæрди фæндон фæххаттæй.
Тагъд цæуагæ ке ’й рæстæг,
Зонис уой ду дæр, хуарз лæг.
Кард нæбал æй нур æндон,
Никкъумух æй, ни, æ ком.
Бæргæ ма ’рцудæй фæстæмæ
Æ кæрдбадзи гъар фæрстæмæ,
Некебал æй фæсмæруй.
Нæ рæйуй ибæл и куй.
Æрлæдæрдтæй æй сагойнæ,
Базудта ин æ фестойнæ.
Ку æркастæй уой гъуддагмæ, –
Уотæ дзоруй е циргъагмæ:

«Нæ дин дарун дæ цæстæмæ,
Ке æрцудтæ ду фæстæмæ.
Кæмидæрти æрттивтай,
Лæгдзийнадæ æвдистай.
Бафæсмардтон дæ туххæй,
Нæ зудтон дæ къумухæй.
Æнацъагъуæ бæргæ н' адтæ,
Гъенур ба ма ду, цæй Кард дæ!
Феронх кодтай ду де 'гъдау,
Нур не 'рттеви кæддæрау.
Гъуди ма кæнун дæу æз,
Бæргæ н' адтæ фæстæуæз.
Зæронд уотæ бæргæ нæ дæ,
Фал ниттадтæ, нийййизгæ дæ.
Ниууагътай ду дæ хумпъур,
Нецæмæнбал бæззис нур.
Ци ма æрхастай дæ мард?
Ке ма гъæуи ами, Кард?
Ами ма еске ку гъудтæ,
Уæд ардæмæ куд нæ цудтæ?
Дæ кæрдбазæ æндæр кардæн –
Ковæндонæ, Изæдбадæн.
Уомæй фуддæр бæргæ н' адтæ,
Фал фæллигъдтæ 'ма фесафтдæ.
Нæ дин адтæй дæ аггаг,
Уомæй фæдтæ хауæггаг.
Бæргæ хуарз цардтæ агъоди,
Бакодтай дæхебæл хъоди.
Дæ гъуддаг мин нæй æнцон,
Нецибал дин æй мæ бон».

## ГÆДИ

Еу кæддæр гæди бæласæ,
Ку исæййафта æ асæ,

Сæнæфсери бауарзта,
Царди 'мбалæн æй райста.



Ниллæудтæй имæ муггаг:
«Сæнæфсер нæ 'й мах аггаг!

Е дæу некæми гъæуй,
Æнкъаййæн дин нæ бæззуй.

Уæхæн æзнæм мах нæ ан,
Дæхе дæр ма кæнæ зиан.

Нур байгъосæ нæмæ, сах,
Хæрдмæ 'йрæзун гъæуй мах.

Дæ хестæртæмæ байгъосæ,
Нæ дæ гъæуй уæхæн уосæ.

Ма ин кæсæ æ рæсугъдмæ,
Цæмæй ма 'рцæуай рæдудмæ».

Æндæр кæми ци куста?
Уонæмæ дин игъуста?

Фæгъгъæла æй æ фуруарзтæй,
Æ рæдудбæл нæ басастæй.

Гæдийæн лæгъуз н' адтæй,
Фиццаг рæстæг хуарз цардæй.

Сæнæфсерæн æ хуæрзкондæй
Æхе дардта сæрбæрзондæй.

Æрæйуидта адæймаг,
Кæци адтæй хинæйдзаг.

Дукъахуг уой ку 'руидта,
И гæдий сæр ракъуæрдта.

Цæмæй ма 'йрæза бæрзонд,
Æрцудæй гæди лухгонд.

Иръзуй нур фæрсæрдæмæ,
Нæбал цæуй æ зæрдæмæ.

Бæргæ ставд æнцæ е 'уæнгтæ,
Федар баст æнцæ æ цæнгтæ.

Сæнæфсер æй исбаста,
Æ хъаурæ ин басаста.

Исæйкодта æ 'йаггаг,
Феронх си æй æ муггаг.

Хæрдмæ дæр ма искæсуй,
Ци кæна: æ уаргъ хæссуй.

## ГАЛ ÆМА ХÆРÆГ

Фарæ уалдзæги кезуй ку хаттæн,
Еу къæдзæхрæбуни лæгæти бадтæн.
Хатиаг æвзаг рагæй лæдæрун,
Фесæфæд, игъосæг, дæуæн дæ нез-рун.
Уæхæн дзубандийæн адтæн æвдесæн,
Нур дæр нæма ес кæрон мæ десæн.
Нард гал ку хизтæй къæдзæхи сæрæй,
Цъæх хæрæг ба 'ймæ ку дзоруй гъæрæй:
– Ци хæстæг бацудтæ, уо, уæлæ лæхлæбæз,
Æнсари билæмæ, дæу уæнгæ дзорун æз.
Ци хæстæг бацудтæ къæдзæхи билæмæ,
Уомæй дин тæрсун, ку 'рзелай дæлæмæ.
И къæбуртæбæл дæхе ку фæххуайай,
Дæ балгъетæги фæндон ду, уæд ку фæууай,
Дæлæмæ ку 'рзелай, нийнагъаз уодзæнæ,
Сау хоййи хуæруйнаг уæд ду бауодзæнæ».
Фиртон дæр цæрдæг куд н' адтæй айуанмæ,
Уотæ рагъæр кæнуй гæппæлгъос хайуанмæ:
– Цæбæл æй дæуæн дæ устур сæри нез?
Уо, дæлæ гæллеугъос, ци уæлдай дин си ес?
Цæбæл æй дæуæн дæ сагъæс-мætæ,



Ци мæбæл калис дæ коми сæтæ?
Ци 'йгъауги дин æй, билæй ку 'рхаун,
Берæгъ мæ бахуæра, æви сау халон?
– Дæ мард, дугусси, мæн рагъмæ ке цæудзæй,
И уаргъи уæзæ мæн хæссун гъæудзæй.
Уобæл æй мæнæн мæ мæтæ-сагъæс,
Бакæнæд, мæ лимæн, дæуæй æруагæс.
Гъеууомæй хуайун мæ гоми фæрстæ,
Мабал мин фæууо дæ берæ хуæрзтæ.
Нæ мин æй уæлдай: дæлзæнхæ ниххезай,
Æви кæрдæгбæл дзæбæхæй хезай.

## БЕРÆГЪ ÆМА УÆРИККÆ

*А. Крыловæй*

Уæриккæ нин тæвдæ бони
Дон ниуазунмæ цудæй.
Ку балæууй е билгони
'Донуг сæттун куд гъудæй,
Æстонг Берæгъ еци рæстæг
А рæбунтæбæл хаттæй.
Нæдæр фид, нæдæр ба æстæг
Рагæй æ цъухи н' адтæй.
Уæрикки «мехъ» 'стонг берæгъмæ
Куд нæ кæсуй ходæгау.
Фустæ, дан, рагæй æрæгмæ
Берæгътæн кодтонцæ 'гъдау.
Дони билæмæ хæстæг
Æрбахъæртуй æхуæдæг.
Райидта тогцъух уæрикки,
Æрибæл гъæртæ кодта:
«Дæ къобалæ дин нуртæкки
Истондзæнæн, – ин дзурдта. –
Куд æндеуис дæ къембурæй
Мæ рæсог дон ниуазун?
Мæ сауæдон ниццъумур æй!
Уæхæн миутæ нæ уарзун.

Хæрæгау хезис кæрæмæ,
Ка дæ ’рбауагъта ардæмæ?»
«Ниххатир кæнæ, ниббарæ,
Кæд ескæми рæдуйун,
Фал и билæбæл дзæвгарæ
Берæ дæлдæр ку лæуун».
«Дзорун дæр ма хуарз фæрази,
Æдзæсгом, фусæй игурд!
Фæлварæ дæр ма мæ рази
Фæккодтай уæхæн рæдуд.
Дæуæй уотæ ми феронх æй?
Нæма фесафтон мæ зунд».
«Анз дæр мæбæл нæма цæуй, –
И мæгур имæ дзурдта, –
Нæхемæ мæ цæун гъæуй, –
Уæхæн рæуæнттæ кодта, –
Рамæ уадзæ мæ мадæмæ,
Хъæбæр мæмæ æнгъæл кæсдзæй.
Цæмæ цудтæн æз ардæмæ?
Æхсæвæ дæр нæ ниххуссæй,
Мæ фудбæл дæр басастайнæ,
Бæлвурд бæрæг ку зудтайнæ,
Кæд ескæми фæррæдудтæн,
Устур хатир ди корун».
«Куд кæсун, куййæй игурд дæ,
Дзæбæх æндеуис дзорун.
Аргъæуттæ мин цæмæ дзори?
Нæ зонун, уомæй ци дави,
Сувæллон ку дæ мæ цори,
Рагъæла кæнун ке гъави?
Абонсарæй, æз, гйаур,
Дæу дзорунæй ниммæстгун дæн.
Зонис, æз дин ци ракæндзæн?
Æгасæй дæ ранихъуæрдзæн.
Дæ фиди дæр фæсмардтон,
Адтæй е дæр æдзæсгон.
Хъæбæрдæр æй уомæ гæсгæ
Ауалдзæги бахуардтон.
Хуæрун мæмæ нæ цудæй,



Нæ мардтæн æз уæд судæй.
Абони дæр ма ’гас уайдæ,
Æгъдау имæ ку адтайдæ».
«Ци дин кодтон уанæбæрæг?
Ку нæ лæдæрун мæ фуд».
«Ами ке дæ, е æй бæрæг
Дæ тæккæ стурдæр рæдуд».
Сæ дзубанди даргъ рацудæй,
Берæгъи ба хуæрун гъудæй.
Уæрæй ма «мехъ» фæццудæй,
Нæбал разиндтæй гъæдæй.



ИРДИГОР Маки

## ДЗУРД...

Æрдзи тухтæн сæ лæвæрттæ
Адæймагæн – æгæрон...
Дзурд – лæвæртти сæйрагдæртæй.
Берæ ’взæгтæ... Дигорон...

Дзурд н’алкæмæн хуæцæнгарз æй,
Уæдта ма нин æй уарт дæр.
Æвзаг ба нин – дзурд дзорунæн, –
Тасгæ-уасгæ – алкæддæр.

Дзурди хъаурæ, дзурди уæзæ...
Кæбæлти хъæртуй е, кæ! –
Зæрди хуасæ, зæрди нез дæр, –
Куд загъд фæууй, æма – кæд.

Уæд – хъæбæрæй, уæд – фæлмæнæй, –
Алли хузти ’й фæззæгъæн:
Маст ракæндæн – æфхуæрæн дзурд,
Уездонæй дзурд – хуæздæрæн.

* * *

Бостæгæнгæй, æфхуæрæн дзурд...
Нæ федауй тар гъæди дæр –
Æгириддæр ’ма некæд.
Ку зæгъай æй билæскъелæй,
Æведауцæй, цæстизолæй,
Хъур-хъур кæнгæй, дæ фий хъелæй,
Уæд бæлæстæ, сирдтæ еумæ
Хондзæнæнцæ дæу гъæддаг.



* * *

Царди хуасæ – уездонæй дзурд...
Е федауй алкæбæлдæр, –
Алкæмидæр ’ма алкæд.

Ку дзорай ду зæрдиуагæй,
Цæстуарзонæй, фæлмæн дзурдæй,
Фæткæвæрдæй, гъудигæнгæй, –
Уодæнцойнæ ду хæсдзæнæ
Дæ алливарс алкæмæн.

Уездонæй дзурд кæбæлти æй! –
Уоди нифс нин е исуй;
Фæлмæнæй дзурд – устур тухæ, –
Зæрдирохс нин е хæссуй!

Дзурди уæзæ, дзурди хъаурæ...
Кæбæлти хъæртуй е, кæ! –
Зæрдæн – ’вдадзæ... Зæрдæн нез дæр, –
Куд загъд фæууй, æма – кæд.

Дзурд – ардауæг, дзурд – федауæг...
Куд загъд фæууй, æма – кæд.
Гъе уой фæрци æцæгадæ
Уæлахез кæнæд алкæд!

* * *

Мæстгун уогæй æфхуæрæн дзурд...
Нæ федауй, нæ, ами дæр, –
Некæбæлдæр ’ма некæд.

Ку «рафицай» естæй фæдбæл,
Фæгъгъæуй уæд хебæл хуæцун.
Ку зæгъай дзурд еци фæдбæл,
Уæд, – де ’знаг уа, дæ лимæн уа, –
Ракъахдзæнæ ду хъаугъа.

Æфхуæрæн дзурд – изги хузæн, –
Зæрди уедæгтæ хуæруй;
Æфхуæрæн дзурд – топпи фатау, –
Зæрди уедæгтæ кæрдуй.

* * *

Æнæргъуди æфхуæрæн дзурд...
Нæ федауй некæбæлдæр,
Некæмидæр ’ма некæд.

Ку зæгъай æй айуангæнгæй,
Хейерхæфстæн, раходунæн,
Уотид, уотæ – дзурдмондагæй,
Уæд, – де ’знаг уа, дæ лимæн уа, –
Ракæндзæнæ син ду маст.





ТАМАТИ Таймураз

## ДЕНГИЗДЗАУТÆ

Гъæууон хæдзарадон институтæн Хъаспий денгизи билæбæл адтæй барæуадзæ фæлладуадзæн бунат. Еци-еу рæстæг си 600 адæймагемæн бауолæфунмæ адтæй хъæбæр хуарз фадуæттæ. Институти студеттæ си бауолæфиуонцæ амистол æма сосæни мæйти. Сухи мæйи студенттæ каникултæмæ ку рандæуиуонцæ, удта си Иристони адæнæй дæр беретæ бауолæфиуонцæ. Аци лагери 1986 анзи æз дæр хецаугондæй бакустон. Сухи мæйи лагер байдзаг æй сувæллæнттæ æма сæ каргун бабатæ æма нанатæй. Лагер спортивон – æнæнездзийнадонбæл нимад ке адтæй, уомæ гæсгæ си алли анз дæр 8-аг августи бæрæг кодтонцæ физкультурникти Бæрæгбон. Бунæттон фæсевæди хæццæ исаразиуонцæ еристæ: волейбол, футбол æма уæззæуттæ есунæй. Лагери нæмæ сухи мæйи студенттæ æстæн ке адтæй, уомæ гæсгæ бæрæгбони размæ фæлладуадзæг адæнæн барæй уотæ загътон:

– Нæ лагер спортивон хуннуй æма нæмæ исон – бæрæгбони г. Махачкалайæй къамис æрцæудзæнæй. Мах къамисæн гъæуама бавдесæн, нæ лагери спортти гъуддæгтæ бæрзонд æвæрд ке ’нцæ, уой. Зонун æй, зæгъун, студенттæ нæмæ фагæ нæййес. Сумах бон ба уæззæутæ есун æма футболæй гъазун нæ ’й. Гъе, уомæ гæсгæ, исон еугурей дæр денгизи билгæрæнтти 200-гай метртæ ранакæ кæнун гъæудзæй.

Мæнмæ гæсгæ, къамиси иуæнгтæ уойбæрцæ адæн накæ гæнгæ ку фæййинонцæ, уæд сæ зæрдæмæ фæццæудзинан.

Аци дзубандити фæсте мæ еу уосæ уотæ бафарста:

– Накæ кæнун ка нæ зонуй, уонæн ба ци гæнгæ ’й, ку ранигъулонцæ, удта?

Æз ба ин уотæ:

– Накæ кæнунбæл исахур кæнунмæ уин рæстæг дæр ад-

тæй æма фæдуæттæ дæр. Нигъулгæ ка кæна, уони ба ервæзунгæнгути къуар ергъæв кæндзæнæй. Нæ бухгалтер дæр лæмбунæг кæссæй æма нимайдзæй, цал лæги бацæуздзæй денгизмæ удта си цал лæги рацæуздзæй, уомæ. Нур ба, зæгъун, дзæбæх бауолæфетæ æма сæумæ раги донибилæмæ, æмхузонæй, уе ’ртайæн дарæсти рацæудзинайтæ.

Сæумæ ку раистадтæн, уæд мæ нæ хуæруйнаггæнгути хестæр фæрсуй:

– Ци кæнæн? Хуæруйнаг сехуарæн æвæрæн æви нæ?

Æз ба ’й бафарстон:

– Цæмæннæ æвæрæн? Бонифæткæ ма ихалетæ. – Хуæруйнаггæнæг ба мин уотæ:

– Айсоми сехуар исцæттæ кæнунмæ 4 сахаттебæл фестадтæн æма мæхе цæститæй фæууидтон, лагери адæн – æд цъелæ, æд мелæ æфсæнвæндаг станцæ «Араблинки» æрдæмæ куд рандæ ’нцæ, уой. Кадæртæ ба ма ми хуæруйнæгтæ дæр ракурдта. Денгизмæ сæ накæ кæнунмæ ку батæрай, уомæй фæттарстæнцæ æма лагерæй фæллигъдæнцæ.

Æз балæдæрдтæн, нæ адæн гириз кæнун ке нæ уарзунцæ, уой æма сæмæ ервæзунгæнгути къуар рарвистон. Къуарæн ба загътон:

– Зæгъетæ син, æфсæнвæндаги уæнгæ сабийтæ æма дзæкъолти хæццæ ка бахъæрттæй, уони «марш-бросок» наки бæсти нимад уодзæй.

Еу сахатти фæсте ервæзунгæнгути къуар, денгизи банакæ кæнунæй фæттæрсæг адæни, сæнæфсери будурæй æрбакодтонцæ æма син сехуар бахуæрун кодтонцæ.

## ФУНУКТЪИЗТÆ

Дууæ хуæнхаг лæхъуæни Алик æма Алийхан, гъæууон хæдзарадон институти ахур гæнгæй, сæрди бауолæфунмæ æрвист æрцудæнцæ институти фæлладуадзæн лагермæ.

Студенттæ бонæ 3 хатти хуардтонцæ. Иннæ рæстæг ба дони сæхе æртадтонцæ, футболæй гъазтонцæ, хорæн сæхе содзун кодтонцæ æма у.и. Изæрæй ба, ниххуссуни размæ, кино кенæ телевизормæ бакæсиуонцæ. Аци дууæ хуæнхаги дæр иннæ студенттæй фæстаг нецæмæй изадæнцæ – нæдæр



бахуæрунмæ, нæдæр футболæй гъазунмæ. Æрмæст, накæ кæнун ке нæ зудтонцæ, уомæ гæсгæ денгизи билæмæ цудæнцæ, адæн минкъийдæр кæми уидæ, уордæмæ. Уоми ба, хебæраги, сæхе гъар æзменси æвдулдтонцæ – мæнæ фæллад хæрæг кусти фæсте æхе фунуки куд февдолуй, уоййау. Æз син цалдæр хатти загътон: – Фунуктъизтæ! Равгæ уин ес æма уæхе накæ кæнунбæл исахур кæнетæ. Æзменси æвдолунмæ ба уæ ардæмæ нæ, фал идарддæр цæун гъудæй, зæгъгæ.

Атæ ба мин уотæ:

– Æццæйнæ, «Нептуни» бæрæгбони еугурей дæр денгизмæ фæггæлдзунцæ?

Æз син загътон:

– Гъо! Еугурей дæр денгизи басхуайунцæ.

Атæ ба мин уотæ:

– Бæрæгбон æрбацæуæд удта фæууиндзинан.

Уалинмæ бæрæгбон æрбалæудтæй. Фæсарæфтæ игъæлдзæг фæсевæд хецауади, хуæруйнаггæнгути, ахургæнгути æма, накæ кæнун ка нæ зудта, уони денгизмæ гæлстонцæ. Еци бон ервæзунгæнгутæн дæр фагæ куст адтæй. Мæн ба цалдæр хатти студенттæ бафарстонцæ:

– Алик æма Алийхани нæ фæууидтай, зæгъгæ.

Æз син загътон:

– Фæстаг хатт ма сæ сехуар гæнгæ фæууидтон. Рæфтадмæ дæр не ’рбацудæнцæ. Нептуни бæрæгбон раевгъудæй. Адæн æхсæвæр дæр искодтонцæ, уæддæр аци дууæ «исæвди» ба некæцæй зиндтæнцæ, мæ зæрдæ сæмæ æхсайун райдæдта. Еу афони ба – ниххуссуни хуæд размæ не ’сæфтитæ фæззиндтæнцæ. Æз сæ бафарстон, кæми адтайтæ, абонггæй уæ уе ’мбæлттæ агорунцæ.

Аци дууæ хуæнхаги медбилти бахудтæнцæ удта мин уотæ:

– Не ’мбæлттæ нæ денгизмæ гæлдзунмæ гъавтонцæ аци-бон, фал сæ пълæнттæй неци рауадæй. Уартæ бæлæсти буни ци устур есæй бидт къурту ес, уоми фæсарæфтæ нæхе баримахстан. Нæ хæццæ хуæрдæ æма ниуæзтæ дæр адтæй. Æндегæй нæбæл нæ зонгæ – хуæнхаг кизгæ устур ауиндзгæ къума нихгæдта æма нæ неке иссердта.

Гъеуотемæй нæхе фидбилизæй багъæуай кодтан.

## АФÆЙ БАЛЦИ

Еу хуæнхаг лæг балци цудæй. Балций размæ ба æ хестæр æнсувæрæн ниффæдзахста:

– Мæ бийнонтæ гъæуаггин нецæмæй æнцæ, фал сæмæ уæддæр де 'нгæс ба дардзæнæ, – зæгъгæ.

Бæлццон балци рандæй. Цалдæр боней фæсте – еу изæр бæлццони æнсувæр æ хæстæгути бабæрæг кодта. Иуазæг æма фусунтæ кæрæдзебæл ку бацийнитæ кодтонцæ, уæд ностæ æ теуæн æртикъахуг фингæбæл изæрхуар æрæвардта. Изæрхуари хæццæ ин карз ниуæзтæ дæр ниввардта. Иуазæг, куд æмбæлуй, уотæ финги æгъдау рахаста. Сабийти финги бæркадæй фегъæстæ кодта. Фингесæггаг дæр ниуугъта фингæбæл. Рæстæг цудæй. Иуазæг ба финги уæлгъосæй нæ истадæй. Сабийти кæстæртæ хæдзари къумти рæхцунтæ райдæдтонцæ. Иуазæг син сæ мадæмæ дзоруй:

– Æнафонæ æй. Сабийтæмæ хуссун цæуй æма син сæ кой бакæнæ.

Ностæ ба æ теуæн уотæ:

– Неци син æй. Æхсæвæ даргъ æй æма хуссæгæй бафсæддзæнцæ.

Кæд фингæбæл алцидæр адтæй, уæддæр иуазæг хуæргæ дæр нæбал кодта æма ниуазгæ дæр. Ности ба фæндæ адтæй, цæмæй иуазæг сæхемæ рандæ адтайдæ æма сабийти кой бакодтайдæ. Сæхемæ цæмæннæ цæуй? – зæгъгæ, уæхæн фарстай хæццæ ностæ æ синхон зæронд усæмæ бауадæй. Зæронд усæ ностæн уотæ зæгъуй:

– Де 'уазæг бæркад загъта? Ниуæзтæ ма фингæбæл ес?

Ностæ ба ин уотæ:

– Бæркад дæр загъта, ниуæзтæ дæр ма си ес, е 'мбес дæр ин нæ баниуазта.

– Æ фингæ ин æ разæй раеуварс кодтай?

– Нæгъ.

– Мадта бацо æма ин æ фингæ æ разæй раеуварс кæнæ.

Ностæ сæхемæ бауадæй. Иуазæги разæй фингæ райста. Иуазæг æ ходæ æ уæраги сæрæй исиста, æ сæрбæл æй æркодта, фал уæддæр æ бунатæй ба нæ фестадæй. Ностæ бабæй æ синхонти усæмæ бауадæй æма ин уотæ:

– Фингæ раеуварс кодтон, фал уæддæр иуазæг сæхемæ нæ цæуй. Ци ма кæнон, нæ зонун.

– Фингæ ку райстай, уæд ин æ бунат цъилинæй расæрфтай?

– Нæгъ.

– Мадта цъилин райсæ æма, фингæй ци мортæ æрхаудтæй, уони тергадигай пеци æрдæмæ расæрфæ.

Ностæ сæхемæ бауадæй. Куддæр фингæвæрди бунат цъилинæй расæрфта, уотæ иуазæг æ бунатæй фæггæпп кодта. Бийнонтæн хуæрзæхсæвæ загъта æма сæхемæ рандæй.

## ГЪАР ÆХЦИНТÆ

Марклен, Кермен æма Алик æнгæрттæ адтæнцæ. Куд æнгæрттæ, уотæ кæрæдзебæл хъæбæр æхцул адтæнцæ. Гъазгæ дæр еумæ кæниуонцæ æма хилæ дæр. Ирæзгæ сабийтæ куд фæуунцæ, уотæ атæ дæр æзмæлагæ адтæнцæ. Хæдзари куститæ дæр кодтонцæ, удта гъазун дæр берæ уарзтонцæ. Гъазгæй æгæр гъæр ку кæниуонцæ, уæд син хестæртæ бауайдзæф кæниуонцæ æма сæ гъазти унæр фæннидæндæр уидæ. Уæлдай арæхдæр син уайдзæфтæ кодта Зæлекæ. Зæлекæ кæд се 'ртемæн дæр тогæй хæстæг адтæй, уæддæр син алци нæ уодæнстæй. Аци сабийтæй ба, Зæлекæ еске ку бафхуæридæ, уæд си еумæйагæй сæ «маст» райсиуонцæ. Сæ маст ба арæхдæр сабийтæ истонцæ мæнæ атæ: Зæлекæ æхснад хъæпбæлтæ, сор кæнунмæ, æндегæй бæттæнбæл ку ниййауиндзидæ, уæд ин сæбæл атæ ба ругæ исесиуонцæ. Ругæ кæнунмæ ба си алкедæр æ фæсте хæмпæлти баст бабæдтидæ æма æхснад хъæпбæлти рази, раледзгæ-баледзгæ гæнгæй, ругæ исесиуонцæ. Ругæ кодтонцæ, цалинмæ сæ Зæлекæ æ цъæхнаг уесæй нæ расоридæ, уæдмæ. Еуæй еу хатт и цъæхснаг уес сабийти зæнгитæбæл дæр исæнбæлидæ.

Еу бон бабæй сабийтæ нæуæг æхснад хъæпбæлтæбæл ругæ калдтонцæ, цалинмæ сæ Зæлекæ нæ фæссурдта, уæдмæ. Аци хатт си цъæхснаг есæй цæф некæбæл æруадæй.

Дуккаг бон сæумæ Зæлекæ æ фонси гъудтæ ку бакодта, уæд хорбадæни æхе хормæ тавта. Тавта, цалинмæ Марклен нæ фæззиндтæй, уæдмæ. Марклени ку рауидта, уæд æ зæрди

ærbaftudæй æzinæ æ xъæpbæltæ dukkag æxsnad ke nikkod-та, е æна Маркленмæ лихстæ гæнгæй дзоруй:

– Мæ зæрдтаг! Кæми айтæ? Ацибон ци берæ хуссетæ? Нæуæг æлхъивд цихтæй уин, æ гахæ ивæзгæ кæмæн кæнуй, уæхæн æхцинтæ ракодтон æма ма цалинмæ тæвдæ 'нцæ, уæдмæ де 'мбæлттæмæ дæр фæдздзорæ æма рахуæретæ. Царв ба уин сæбæл уойбæрцæ никкодтон æма си лæпп-лæпп кæнунцæ.

Маркленаци хуарз хабар Алик æма Керменæн фегъосун кодта æма уайтагъд Зæлеки къæбеци исмедæг æнцæ.

Зæлекæ сæмæ дзоруй:

– Уартæ устур стъоли уæлгъос ærbababadetæ æз ба уин гъар æхцинтæ рахæссон.

Сабийтæ стъоли уæлгъос ку ærbadtæнцæ, уæд сæбæл Зæлекæ ба дуар медæгæй къумайæй æрæхгæдта. Къерети бæсти райста æ цъæхснаг уес æма сæ æ маст райсуни фагæ «фæххинста»!

## КЪÆХТÆ ÆМА КЪОХТÆ

Студент уогæй мæмæ, еу изæр, æмдзæрæнмæ ме 'мкъласон ærbацудæй. Кæрæдзебæл бацийнитæ кодтан. Нæ ахури бонтæ имисгæй нæбæл рæстæг уайтагъд 10 сахаттемæ хæстæг иссæй. Иуазæг сæхемæ цудæй æма 'й проспекти кæронмæ рахъæртун кодтон. Кæд гъар рæстæг адтæй, уæддæр проспекти еци афони адæн æстæн адтæй. Трамвай ку фæззиндтæй, уæд си ме 'уазæг рабадтæй. Æ къох ма мæмæ къæразæй ратилдта æма сæхемæ рандæй. Æз ба нæхемæ куддæр фæннæхстæр дæн, уотæ мæмæ кинотеатр «Родини» разæй еу устур мора куй, гæпп – лæуирдт гæнгæ æма рæйгæй ærбацудæй. Мæ къохи цæвгæнæн на 'дтæй æма фæйнердæмитæ ракастæн, мæхе, зæгъун, ци амалæй багъæуай кæнон. Мæ цори ци донуæйæгæнæн æфсæйнаг скъапп адтæй, уой сæрмæ исгæпп кæнунмæ куддæр багъавтон, уотæ и куй мæ размæ ærбахъæрттæй. Æз, трамваййи æфсæнвæндаги рæбун ци ниллæг горен адтæй, уой сæрти багæпп кæнгæй, си мæхе фæттилеф кодтон. Куй мæ фæсте куддæр багæпп кодта, уотæ æз ба уордæги фæстæмæ рагæпп кодтон. Рагæпп-багæпп гæнгæй, мæ туфли лæкъæрди райзадæй. Куддæр мæ туфли зæнхæй фелвастон, уотæ мæмæ и куй ærбагæпп кодта. Æз ин æ къенбуртæмæ мæ туфли фæббуцæу кодтон. Мæ туфлибæл дууæ къохемæй ке хуæстæн, æвæдзи уомæ гæсгæ и куй мæ къæхти буни исмедæг 'й. Мæ туфли фæггæлстон æма ин мæ дууæ къохемæй æ хорхбæл бахуæстæн. Кæд мæ уæзæ 80 кг адтæй, уæддæр мæ и куй, æ фæстаг къæхтæ мæ реумæ фæббуцæу гæнгæй, уæлæмæ æнцонæй исесидæ. Уалинмæ нæ сæргъи еу минкъий лæг – куййи хецау ærбалæудтæй. И лæг æ куййи хъурбæл бæттæн бæттун ку райдæдта, уæд æз ба мæ къахи лæкъæрдæ горенбæл рахафтон æма мæ туфли къахбæл искодтон. Еци рæтæг кадæр нигъгъæр кодта: «Дæхе гъæуай кæнæ», – зæгъгæ. Æз мæхе фæззилдтон æма уинун, куй мæмæ æ гъæлæс ниххæлеу гæнгæй, куд ærбагæпп кодта, уой. Куййæн æ дууæ раззаг къахи мæ къохтæй райахæстон. Еци рæстæг, æвæдзи, куййи хецаубæл мæ зæрдæ дæр дардтон. Куййи къæхтæ мæхемæ ærбарæуигътон, мæхе ба фæййеуварс кодтон æма куййи гупп зæнхæбæл фæццудæй. Куййи хецауæн мæ еу къохæй е'фцæкъуатæбæл ærхуæстæн, иннемæй ба – хæлафи ронбастæл фæстегæй. И минкъий лæги мæ къохтæбæл уæлæмæ исистон æма си куййæй мæхе гъæуай кæнун райдæдтон. Куй мæмæ ку ærбатомар кæнидæ, уæд имæ æ хецауи фæййаразинæ. Еу уæхæни куййи æ хецауæй горенмæ нилхъивтон æма ин загътон:

– Цалинмæ дæ куй ниббæттай, уæдмæ дæ нæбал исуадздзæнæн, зæгъгæ.

Еци рæстæг нæ рази дууæ машийни ærбалæудтæй. Сæ еу милици, иннæ ба – тагъд анхоси. Аци машинттæмæ ærлæууæнмæ хæстæг ка цардæй, уонæй кадæр бадзурдта. Милици машийнæ нæ размæ хъæбæр хæстæг ærбацудæй. Машийни дуари авгæ дæлæмæ ærлæстæй, æма си кадæр дамбаца радаргæй, дзоруй: «Куй æхсун æма уæ бунæтти æнцад лæууетæ», – зæгъгæ.

Куй æхсуни хабар фегъогæй, куййи хецау уотæ:

– Ма мин фехсетæ мæ куй. Æз милици берæ фæккустон. Дæлболкъонæй пенсимæ рацудтæн, – æма син æ муггаг дæр загъта.

Тагъд анхоси машийнæй ци дохтуртæ рахизтæй, етæ ба

мæ хинцфæрститæ ракодтонцæ – ци рауæн дæбæл фæххуæстæй? Кæмити ди ресуй? Дæ тæвдæй, дан, дæ риститæ нæ лæдæрис удта кæд и куй агъуд æй,– зæгъгæ, æма мæ сæ хæццæ бадун кодтонцæ. Сæ хæццæ бадун ку нæ бакумдтон, уæд куйййи хецау æд куй æма и дууæ машийни дæр рандæ 'нцæ. Мæ раз адæнæй райдзаг æй. Беретæн сæ къохти лæдзгутæ æма бæласи къалеутæ адтæй. Се 'хсæн мæ зонгитæ дæр разиндтæй. Сæ еу мин уотæ загъта:

– Уалæ Универмаги рази лæгти къуари зартæмæ игъустан. Уалинмæ кадæр ниффæдес кодта: «Далæ, дан, проспекти кæрон цирк – еу лæг, дан, куйййи хæццæ хилæ кæнуй», – зæгъгæ. Мах дæр бæласи къалеутæ лæдзгутæн расастан æма «цирк»-мæ кæсунмæ æрцудан. Уой ку зудтайнæ ду дæ, зæгъгæ, уæд дæ уотæ уагътон?.

Дуккаг бон рæфтад кæнунмæ нæхе Феликси хæццæ проспектбæл фæццæйцудан. Еу æнæзонгæ лæхъуæн е 'мбæлтти фæууагъта. Мах размæ æрбацудæй æма мæ уотæ бафарста:

– Æдосæ ами куйййи хæццæ ду нæ хилæ кодтай? Цалинмæ гъуди кодтон, ци ин зæгъон, уобæл, уæдмæ ин Феликс уотæ загъта:

– Æхуæдæг адтæй. Байзудтайтæ.

Æнæзонгæ лæхъуæн ба е 'мбæлттæмæ дзоруй:

– Нæ уин загътон – и устур куй ибæл нæ фæххуæстæй, цъæррæмухст дæр нæ фæцæй, уинетæ 'й.

Раст зæгъгæй, æмдзæрæни куйййи хæццæ «фембæлди» фæсте мæхе ку æхснадтон, уæд бафеппайдтон – мæ кæстюми кæрон дæндагæй æскъуд, сунтæбæл æнсурæй хафти фæд, реубæл ба куйййи къахи дзæмбути фæдтæ.

Аци хабарбæл еу дууæ къуæрей ку рацудæй, уæд мæ нæ хæстæгутæй еу лæг бафарста:

– Æцæгæйдæр куйййи хæццæ хæснæбæл фæххилæ дæ?

Æз ин загътон:

– Циуавæр хæснæбæл, – æма ин радзурдтон, хабар æцæгæй куд адтæй, уой. Нæ хæстæг ба мин уотæ:

– Мадта æз ба æндæрхузи фегъустон. Цума, дан, хæснæ ракодтай, еци устур куй дин ке неци ракæндзæй, уобæл.

И куйййи дæбæл æ хецау ку рансиста, уæд, дан, и куйййи нихмæ дæхуæдæг турæй-турмæ бацудтæ æма уæхе кæрæдзебæл ниццавтайтæ. Ку, дан, фæгъгъæбесæй айтæ, уæд ин ду



кæсгон къах ракодтай æма и куй уотемæй дæ буни фæцæй. Уой адæбæл æй, дæ бунæй нæбал исуагътай æма ресторан «Нар»-и финги бадт рамулдтай.

Кадæр, дан, дæмæ анхосмæ дæр бацудæй, фал, дан, ке хæццæ рахæснæ кодтай, е æй нæ бауагъта – бауадзетæ сæ, маке, дан, сæ хъор кæнæд.

Мæхе хабар ескæмæй фегъосгæй, уотæ рагъуди кодтон:

– Нæ адæн ести хабарбæл къæхтæ æма къохтæ бафтаунцæ, фал ма базуртæ дæр, уой ба нæ зудтон.

## ФИДГУНТÆ ÆВИ ФЫДДЖЫНТÆ?

Еу сæумæ мæмæ Маирбек телефонæй æрбадзурдта æма мин уотæ загъта:

– Туркæй мæмæ иуазæг ес, æма дин кæд рæстæг ес, уæд ин Дигори ком ку фæууинун кæнисæ. Транспорттæй дæр æма фæндаггагæй дæр рæвдзæ ан.

Æз Маирбеги комкоммæ бафарстон:

– Де 'уазæг кæд ниуазунмæ цæуй, уæд ин ами дæр баниуазун кæндзинан. Уотæ идардмæ нæ, еци лæгъуз нæдтæбæл, цæмæ цæун кæнис?

– Нæгъ! Ме 'уазæг карз ниуæзтæбæл æхцул нæ 'й. Рацо ардæмæ. Базонгæ уотæ æма дæхуæдæг дæр æ хæццæ радзубандитæ кæнæ.

Иуазæги ку фæйййидтон, уæд мин æхуæдæг уотæ:

– Фæууинун мæ фæндуй нæ фиддæлти бæстæ. Турк тæвдæ бæстæ æй. Бæлæстæ си æстæн æнцæ. Сатæг рауæн æма дон кæми уа, уæхæн рауæнмæ мæ хъæбæр фæндуй.

Иуазæги фæндонмæ гæсгæ Дигоргоммæ рараст ан. Фæндагбæл ин æ дзубандитæй базудтон: – не 'уазæг туркаг ирон æй, æ биййнойнаг ба – Иристонæй. Ардæмæ æрбацæууни агъонмæ æй æ биййнойнаг цуппар мæйей дæргъци иронау дзорунбæл ахур кодта. Æ ахурæн (уосæн) мæйæ 600 доллæри фиста. Раст зæгъгæй, иронау дзæбæх дзурдта не 'уазæг. Зудта цалдæр æмбесонди дæр.

Къуссубæл ку баевгъудан, уæд иуазæгæн, туриститæ «жемчужинæ» ци лæхцорæн хонунцæ, уой кой ку ракодтон, уæд мин иуазæг ба уотæ:

– Аци дессаги рæсугъд æрдзи медæгæ ма уæхæн лæхцорæн дæр кæд ес, уæд æй, æнæмæнгæ, фæууинун гъæуй.

Бунæттон адæни рафæрсгæй, базудтон, лæхцорæнмæ над ихæлд æй æма имæ машийнæ нæ цæуй. Иуазæгæн ку загътон, лæхцорæнмæ машийни фæндаг ихæлд æй, фестæгæй ба имæ хæрдмæ зин цæуæн æй, зæгъгæ, уæд мин е ба уотæ:

– Фестæгæй цæунæй мин æппундæр ма тæрегъæд кæнæ. Америкаг æфсæддон бази службæ кодтон. Алли сæумæ дæр цуппар километри догъ кодтон æма къахæй федар дæн. Гъæйдæ, цæуæн лæхцорæнмæ.

Нæ туркаг ирон æцæгæйдæр къахæй федар разиндтæй. Уайтагъддæр и дессаги рæсугъд лæхцорæни рази балæудтан. Иуазæг фæйнердæмитæ ку ракастæй æма бæлæстæй æхгæд цъетегун хуæнхтæ ку фæууидта, уæд уотæ бакодта:

– Эхх! Тæходуй ами еу къуæре хæцъелæ хæдзари бацæрæ.

Æз балæдæрдтæн, мах палаткæ ке хонæн, уой хæцъелæ хæдзарæ ке исхудта, уой.

Æ хузесæнæй ба æрдзи рæсугъд æма федауцæ бунæтти хузтæ иста. Ку ин загътон дон рæсог æй æма ниуазунмæ дæр ке бæззуй, уой, уæд мæмæ æ хузесæн февардта. Цухцурæггмæ хæстæг бацудæй æма ин æ кæронæй, листæг тæдзунæггмæ æ гъæлæс бадаргæй, дон ниуазта. Еци рæстæг ин æз æ хузæ исистон. Ку мæ базудта, æ хузæ ин ке исистон, уой, уæд мин уотæ:

– Раст нæ бакодтай. Нур и хузтæ мæхецæн кæнгæ уодзæнæнцæ. Мæ кусти мин сæ искодтайуонцæ, фал сæмæ нур ба пленкæ радтун нæбал æнгъезуй, мæ хузæ мин дон ниуазгæй ке исистай, уомæ гæсгæ.

Æз ба ин уотæ:

– Еци хузæ иннетæй хуæздæр уодзæй. Рæсог цъете донæй дæ фиддæлти бæсти де 'донуг ке сæттис, уомæ гæсгæ.

– Бæргæ уотæ 'й. Дæ хæццæ арази дæн, фал мæ мæ косгутæ, гъоги хузæн, дон ниуазгæ ку фæууинонцæ, уæд мæбæл ходдзæнæнцæ. Хецау гъæуама алкæми дæр æхе ездон дара. Мах царди фæткитæ уотæ æнцæ.

Иуазæг царди фæткити кой ку искодта, уæд æй хинцфæрститæ ракодтон æма ин æ дзубандитæй базудтон:



– Кавказæй турки ци адæнихæттитæ цæруй, уони еугурей дæр черкестæ хонунцæ;

– Еугурæй дæр берæ уарзунцæ æма æрхун кæнунцæ сæ фиддæлти бæстæбæл;

– Кæд син сæ муггæгтæ туркаг муггæгтæбæл баййивтонцæ, уæддæр ма сæ гъуди кæнунцæ;

– Ирон æма си дигоронау дæр кадæртæ зонуй.

Фæстагмæ иуазæги уотæ бафарстон:

– Туркаг ирон кенæ дигорон киндзæхсæвæр иннæ адæнихæттити киндзæхсæвæрæй естæмæй хецæн кæнуй? Цæмæ гæсгæ 'й базонун æнгъезуй?

– Æ фингарæзтмæ гæсгæ. Мах киндзæхсæвæрти фингæбæл фæууй – къеретæ, бæгæни, фидгунтæ æма фыдджынтæ.

Фидгунтæ æма фыдджынти фингæбæл æрæвард хецæнтæй ку загъта, уæд ин æз балæдæрун кæнунмæ гъавтон – æхцинæн æ гахæ фидæй ку уа, уæд дигоронау фидгун хуннуй, иронау ба – фыдджын.

Иуазæги зæрдæмæ мæ уайдзæф нæ бацудæй æма мин уотæ:

– Раст нæ дæ. Ирон æмбесонд зонис? Еу лæг, дан, тугъди адтæй, иннæ ба ин æ хабæрттæ дзурдта. Зонетæ уой, æма фыдджынтæн сæ медæгæ ци фид фæууй, е техникон мадзалæй къуæхтæгонд фæууй (мясорубкæй – ред.), фидгунтæн ба – фæрæти комæй хуаст.

## ФАЗÆНТТÆ

Æфсади служби рæстæги мин æфсæддон дæснийæдти скъолай ахургæнгæ рауадæй Гæдзаути дууæ фазон æнсувæрей хæццæ. Фазæнттæ алцæмæй дæр хъæбæр æнгæс адтæнцæ. Уалдайдæр ба ма, къахæй сæрмæ, æмхузон æфсæддон дарæстæ ку искодтонцæ, уæд. Анзи æрдæги бæрцæ ахур кодтан æфсæддон скъолай. Нæ ахургæнæг, цæмæй фазæнтти хæлхъой ма кодтайдæ, уой туххæй син сæрмагонд номертæ æма бунæттæ равардта. 1-аг си ке исхудта, уомæн пъарти рæнгъитæй галеуæрдæги бунат исагкаг кодта, 2-агæн ба – рахесæрдæги. Нæ ахури рæстæгæй ма еу мæйæ ку байзадæй, уæд нæ ахургæнæг, сæумæ фиццаг уроки фазæнттæмæ æ

тумбул къохæй бавзиста æма син уотæ: «Я вам покажу! Меня еще никто и никогда не обдурил и думаю не обдурит», – зæгъгæ, æма размæ – фæйнæгмæ ракодта 1-аг фазони. Гæдзауи фурт хæдзарæмæ ихæслæвæрд дзæбæх ку радзурдта, уæд ин фондз ниввардта æма 'й æхе рази, хецæн пъартæбæл, исбадун кодта. Загъта ин, абонæй фæстæмæ ами баддзæнæ, зæгъгæ. Уой фæсте ахургæнæг 2-аг фазони дæр размæ ракодта. Дуккаг фазон æ хæдзарæмæ куст нæ бацæттæ кодта æма ин дууæ ниввардта.

Удта ахургæнæг баевдалдæй æма ма журнали æ нихмæ ци ревæд къletкитæ адтæй, уони дæр дууитæй байдзаг кодта. Уой фæсте ахургæнæг æ сæр бæрзонд исæргъувта æма нин уотæ зæгъта:

– Хорошо, что я этих братьев-аферистов вовремя раскусил.

Еци бонæй фæстæмæ ма нин ахурæй ци рæстæг байзадæй, уоми нæ ахургæнæг алли уроки дæр 2-аг фазони фæрсидæ. 1-аг ба имæ, ахургæнæги цорæй, æнæмæтæй, игъосидæ.

Æфсæддон скъола каст ку фæцан, уæд ахургæнæг æхецæй бозæй байзадæй. Загъта нин, фазæнтти пълан фехалдтон. Хуарз си ка ахур кодта, йе инней бæсти дзуапп нæбал лæвардта. Дуккаг ба мæ фæрци ахурбæл фæццæфстæй.

Фазæнттæ дæр сæхецæй бозæй байзадæнцæ. Еуемæй хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæнцæ æфсæддон скъола. Иннемæй ба сæ кæнон кæнун нæ ниууагътонцæ – ахургæнæги куд сайдтонцæ, уотæ 'й ахури кæронмæ дæр фæссайдтонцæ. Гъуддаг куд рабæрæг æй, уотемæй, ахургæнæг 1-аг фазони æ рази пъартæбæл ку исбадун кодта, уæд си берæ нæ фæббадтæй. Дуккаг уроки си е 'нсувæри исбадун кодта, æхуæдæгга ин æ бæсти, раздæр куд, уотæ дзуапп лæвардта урокти.

## ÆНÆНГЪÆЛÆГИ ХУНÆ

Не 'мгосæг Валентинæ æ хæццæ кустмæ арæх æ минкъий биццеу Борикки æрбахонидæ. Борик берæ уарзта, еске æй, æ дæлуагистæбæл хуæцгæй, хæрдмæ ку гæлстайдæ, уой. Уотæ æхцæуæн ин уидæ æма ходæгæй бакъуæцæл уидæ. Æхе уæлæмæ гæлдзунæй ба не 'фсастæй. Нæ кафедри косæг нæлгоймæгтæ урокти æхсæн – уолæфти рæстæг, кезугай, Борикки



уæлæмæ æсхустан. Уроктæмæ цæугæ æй ку ниууадзианæ, уæд æй æ мадæ кæунæй туххæй басабур кæнидæ. Уæд еу бон, уроки фæсте Цæрай хæццæ бацудан кафедрæмæ. Борик мæ ку рауидта, уæд æ бунатæй рагæпп кодта æма мæмæ дзоруй, истæхун мæ кæнæ, зæгъгæ. Æз Цæрайæн сосæггити балæдæрун кодтон – стъоли сæрти имæ биццеуи æхссæнæн æма 'й цæмæй æрахæсса. Мæхе ба рамæстгун хуз кодтон æма Бориккæн, гъæрæй, уотæ зæгъун:

– Нæ бон ди ку нæбал æй! Нуртæкки дæ къæразæй æндæмæ æхсун æма дæ кумæ фæндуй, уордæмæ тæхæ, – зæгъгæ.

Мæхуæдæг ин мæ еу къохæй æ реубæл æрхуæстæн, иннемæй ба – æ сидзæгбæл æма æй, æ мадæ ци стъолæбæл бадтæй, уой сæрти къæразæ æрдæмæ – Цæрамæ фехстон. Мадæ æ биццеуи æ сæрти тæхгæ ку фæууидта, уæд æ ручкæ фæггæлста æма нигъгъæр кодта: «Ой, мамочкæ!», – зæгъгæ.

Цæра Борикки райахæста. Борик ба æваст æ ходун фæууагъта æма Цæрай гъæбесæй æхе æ мадæмæ ратудта. Уой адæбæл нæ еци бон биццеу нæбал бахъор кодта.

Еу дууæ боней фæсте Валентинæ кустмæ ку æрбацудæй, уæд мин уотæ загъта:

– Мæ хецау Æхсар дæ де 'мбæлтти хæццæ нæхемæ хонуй.

– Цæмæ нæ хонуй? Ци уæмæ уодзæй?

– Борик æхе уæлæмæ гæлдзун ке нæбал кæнуй, уомæ гæсгæ уæ хинцгæ кæнуй. Æхсар кусти фæсте фæлладæй кенæ цумдгунæй æхе диванбæл ку æруадзидæ, уæд æй Борик батухсун кæнидæ, уæлæмæ, дан, мæ исгæлдзæ, зæгъгæ. Гъе, уомæ гæсгæ Æхсар Борикки арæх синхонтæмæ дæр рарветидæ, цæмæй æй ма тухсун кодтайдæ. Нур Æхсар гъезæмæрттæй фæййервазтæй. Кусти нæбал дзебæл кæнуй æма æнæзийнадæй хæдзарæмæ æрбацæуй. Борикки бафунæймæ дæр нæбал бæллуй...

Махæн æхцæуæн адтæй Æхсари нистауæн. Æнгъæл адтан, биццеуи ке фæттæрсун кодтан, е син зин ку уа æма сæ зæрдæ ку фæххода.

Иуазæгуати сæмæ ку нæ цудан, уæд нин еу бон Валентинæ кустмæ хунæ æрбахаста æма нин уотæ: «Æхсар уотæ зæгъуй, кæд нæмæ æрбацæуудзæнæнцæ, кæдмæ сæ хеззинан? Мæн гъезæмæрттæй ка исуæгъдæ кодта, уонæн мæ бæсти аци хунæй раарфæ кæнæ».

# ХÆЛАУР ÆМА ИНДИС

Кæддæр горæтæй гъæумæ автобуси цудтæн. Автобуси мæ хуæдфæсте бадтæй, сæ кари ка бацудæй, уæхæн дууæ силгоймаги. Æрхонкæмæ фæззелæнæй ку рараст ан, уæд си еу силгоймаг иннемæ, гъæргомау, дзоруй:

– Киабæ, гъæйдæ еститæ дзоргæ цæуæн. Уотемæй дан рæстæг тагъддæр цæуй. Фæндуй мæ, цæмæй ду фиццаг райдайай.

– Æма дин ци радзорон, – загъта ин Киабæ.

– Цийфæнди дæр уæд. Æз дæмæ игъоссæнæн. Мæ куститæ изайунцæ.

Мадта байгъосæ, – зæгъгæ, загъта Киабæ æма райдæдта дзорун. – Еу хæдзари бийнонтæ киндзæ æрхастонцæ. Цалдæр боней фæсте хæдзари бийнонтæ сæ куститæ кæнунмæ ку рандæ ’нцæ, уæд хæлаур æма индис хебæраги кæрæдзебæл исæмбалдæнцæ. Кæрæдземæн бонхуарз ку загътонцæ æма кæрæдзей се ’нæнездзийнадæбæл ку рафæрститæ кодтонцæ, уæд хæлаур индисæн уотæ загъуй:

– Кæдæй хæдзари нæуæг киндзæ фæззиндтæй, уæдæй ардæмæ мæ цард хиццаг нæбал æй. Æхсæвæбонмæ ци биндзахæссæн тунтæ бауафун, уони мин сæумæ нæуæг киндзæ цъилинæй расæрфуй. Цийфæнди къуми дæр мин мæ тунтæ раеруй æма сæ расæрфуй. Нуртæкки дзамани ма уæхæн киндзæ кæми иссирдтонцæ, е дæмæ дессаг нæ кæсуй? Нур ма ци кæнон? Идарддæр дæр атæ ку уа, уæд мин æндæр ескæмæ цæугæ рауайдзæй.

Индис хæлаурмæ ку байгъуста, уæд ин æхе хабæрттæ кæнуй.

– Мадта, мæн цард дæр хуæздæр ку нæ ’й. Нæуæг киндзæ хæдзарæмæ ци бон æрбацудæй, уæдæй ардæмæ хæдзари бийнонтæ музикæмæ игъосгæй сæхе кафунæй марунцæ. Æз еске къохти ку балæсун, уæд сæ уотæ телун байдайуй, æма мин усхъитæмæ цæугæ рауайуй. Усхъити нæма æрсабур ун æма мæ уордæги дæр ратæрунцæ. Уæргути кой ба кæнгæ дæр ма кæнæ. Куддæр къæхти исмедæг ун, уотæ сæбæл цума тæллæхнез бафтуйуй – сæ медбунат нæбал фæллæуунцæ. Мæхе ма ци фæккæнон, уой нæбал зонун. Æма ди корун, кæд ду хуæздæр рауæн иссерай, уæд мин фегъосун кæндзæнæ æма дæмæ зиндзæнæн, – зæгъгæ, загъта индис.

Киаби тауæрæхъмæ е ’мбал ку байгъуста, уæд æй уотæ бафарста:

– Киабæ, игъосис мæмæ? Лæмбунæг дæмæ байгъустон æма дин ци зæгъунмæ гъавун, уой зонис? Дæ дзубандитæй еу гъуддаг мæ зæрдæмæ нæ фæццудæй. Цæмæннæ, зæгъгæ, мæ ку бафæрсай, уæд дин æй зæгъун. Хæлаур цæун дæр уафун дæр æма хуæрун дæр зонуй æма черт с ним! Дигоронау лæги хузæн, дзорун дæр зонæд. Фал индис ба хæлаури хæццæ куд дзурдта, кутемæй? Æз цъиигъин нæбал дæн. Дæ зæрдæ дæр мæбæл ходæд, ами дæ хæццæ арази нæ дæн.

# РАЗОРУЖИТЬ СТАРИКА!

Гъæргинти Гæбула цардæй Къæмунти гъæуи. Гæбула кадгин лæг адтæй, архайдта æртæ тугъдеми – фиццаг дуйнеон, Финляндий æма дуккаг дуйнеон тугъдтити. Берæ хуæрзеугутæ имæ адтæй. Сауæнгæ ма имæ паддзах Никъалай II-ги къохæй ист кадгин лæвар дæр адтæй.

Гæбула ку рамардæй, уæд æй кири нæхемæ рагон дарæсти байвардтонцæ. Тугъдон лæг ке адтæй, уомæ гæсгæ ба ма ин æ хæццæ тохæндзаумæуттæ – хъæма, дамбаца æма æхсаргард дæр ниввардтонцæ.

Зиани бони адæн ратæфирфæс кæниуонцæ, удта сæ къохтæ зианбæл байвæриуонцæ. Зианбæл къох байвæрунмæ Гасинтæй еу лæг бацудæй. Гасини фурт, Гæбулай кири æд тохæндзаумæуттæ ку фæууидта, уæд æхе гъæуи хестæртæмæ разилдта æма син гъæрæй уотæ загъта: «Уордæмæ дæр рохсаггаги тугъдмæ æрвететæ? Немедленно разоружить старика! Нæ мæрдтæ ма нæ гъæугæ кæнунцæ», – зæгъгæ.

Æрцæуæг адæн, уæхæн дзубандитæ фегъосгæй, фиццаг цавддортау ниссабур æнцæ, фал минкъий фæстæдæр ба – æргом ходун райдæдтонцæ. Æвæдзи, ауæхæн хабæрттæмæ гæсгæ, нæ фиддæлтæй байзадæй æмбесонд, – мард, дан, æнæ ходгæй æвæрд нæ цæуй, зæгъгæ.

## ТИГЪАНИ ЛАСÆГ

Тигъан Гæлиати гъæуи цардæй. Хуаси куст гæнгæй æй ласгутæ цæйбæрцæ гъудæй, уомæй фулдæр искæнидæ. Фулдæр искæнунмæ æ фадуæттæ амудтонцæ, удта зудта, æ уæлдай хуасæ ин, æнæмæнгæ, еске ке балхæндзæнæй, уой. Берæ хæттити æ уæлдай хуаси ласгутæ сæхемæ дæр не 'рласидæ, уотемæй сæ игуæрдæнæй рауæйæ кæнидæ. Еу уæхæни бабæй, Тигъан цалдæр ласæги кæмæндæр рауæйæ кодта. Ласгутæ балхæнæг æ хуастæ галтæбæл сæхемæ ласун ку райдæдта, уæд Тигъанмæ игуæрдæнмæ фæдздзурдта æма ин уотæ зæгъуй:

– Мæнæ кæсай (амонуй ласæгмæ), дæ ласæги æмбес, ци устур дорбæл цурхт æй, æма мин æй æндæр ласæгбæл бай-йевæ.

Тигъан устур дорбæл цурхт ласæгбæл бадес кодта, уæдта ин уотæ зæгъуй:

– Мæнæ ци дессаг уинун. Дорбæл хуасæ ку цурхтон, уæд хъæбæр минкъий адтæй, фал, æвæдзи, хуаси буни гъари нин-нæрстæй!

## РÆФТОН ДУГЪД

Берди Езайæн доцгæ гъог рауæйæ кодта. Еу цалдæр боней фæсте ба Еза Бердийæн гъаст кæнуй. Дæ гъогæн ци аргъ курдтай, уой дин ку равардтон. Нур, куд рабæрæг æй, уотемæй дин уойбæрцæ æхцатæ дзæгъæли равардтон. Дæ гъог сæумæ дæр æма изæрæй дæр æхсир хъæбæр минкъий кæнуй. Æма дæмæ аци хабар куд кæсуй. Цæмæ мæ басайдтай?

Берди гъудити ранигъулдæй, удта Езайæн уотæ загъта:

– Дæ рунтæ дин бахуæрон, Еза. Сайгæ дæ нæ бакодтон. Фонс фонс æй, закъæнттæ финст син нæййес, хеваст æнцæ æма ма 'й рæфти дæр ку бавзарисæ доцун!

## ИНСТРУКЦИ

Еу изæр Берди æ биццеу Авданмæ дзоруй:



– Нæ куй æгас бон дæр баст адтæй æма 'й ку исуæгъдæ кæнисæ.

Авдан еци рæстæг биццеути хæццæ гъазунмæ цудæй, æма 'й уотæ хъæбæр нæ евдалдæй. Фæндæ æй адтæй, цæмæй куййи Берди æхуæдæг исуæгъдæ кодтайдæ, е, æма имæ фæстæмæ дзоруй: «Рæхиси цæг куййи хъури бæттæнæй куд æфтаугæ æй, уой нæ зонун, фæммииронх æй», – зæгъгæ.

Берди ба ин уотæ:

– Æ инструкци дæллаг авари æй. Лæмбунæг æй бакæсæ, исон дæр дæ багъæудзæнæй!

## АККАГ ДЗУАПП

Дзинагъай гъæуи лæгтæ нихæси бадтæнцæ. Зæронд Берди син тауæрæхъ дзурдта. Уалинмæ имæ и лæгтæй еу дзоруй:

– Берди, дæ дзурд ма феронх кæнæ. Ду алцидæр зонис æма мин зæгъай, нæ цъететæ кæд ниттайдзæнцæ, уой?

Берди арф ниуулæфтæй. Цъететæмæ искастæй æма загъта:

– Еуæй-еу хатт мин æдули фарстайæн хъæбæр зин фæууй раст дзуапп раттун!

## АРФÆ

Гæбули сæумæ æ фонс ку багъуд кодта, уæд гъар арахъ бaниуазун æ зæрди æрæфтудæй. Æгъдаугин лæг еунæгæй хæдзари арахъ ке нæ фæнниуазуй, уой Гæбули дæр зудта, æма, уомæ гæсгæ Сабети бабæрæг кодта. Сабетæмæ бацæуæни ибæл хæдзари хецау Аврам исæнбалдæй. Кæрæдземæн сæумæ хуарз ку загътонцæ, уæд Гæбули Аврами уотæ бафарста:

– Уе 'фсийнæ хæдзари æй?

Аврам балæдæрдтæй, иуазæги еу арахъ бaниуазун ке фæндуй, уой, фал ма 'й уæддæр, барæй, бафарста:

– Не 'фсийнæ ба дæ сæумæ раги цæмæн багъудæй?

Гæбулий зæрди адтæй æфсийни зæрдæ балхæнун æма Аврамæн уотæ загъта:

– Арфæ ин ракæнон.

– Æма нæбæл циуавæр хуарздзийнадæ æрцудæй? Æз ку нецима фегъустон,– загъта Аврам.

Гæбулий цæмæй æфсийнæ дæр фегъустайдæ, уомæ гæсгæ Аврамæн гъæрæй загъта:

– Адæни цæстæ уинагæ æй. Еумæ цанæбæрæг цæретæ æма, неци уогæй ди цæхæн лæг рауайун кодта!

## Е ДÆР МÆХЕ ÆЙ

Фæззигон сатæг изæр мæ синхон Тотур тургъи къелабæл бадтæй. Къелабæл бадгæй, æ буни алкæддæр базгонд уидæ. Тотури еунæгæй бадгæ ку фæууидтон, уæд æ размæ бацудтæн. Мæ сæрæй спортивон цъинда ходæ исистон æма ибæл исбадтæн. Тотур мæмæ æрбакастæй, байдзулдæй удта мин уотæ:

– Зундгин лæг ку дæ æма е куд æй? Дæ сæрæй гъар ходæ исистай æма 'й дæ сидзи буни ниввардтай.

Æз Тотурæй хестæри хатир ракурдтон æма ин загътон:

– Нерæнгæ ма мæ сæр сидзæй берæ гъунгундæр æй æма ин неци уодзæнæй. Удта мæ сидзæ дæр мæхе æй.

Тотур бахудтæй, æ къохтæ хæрдмæ исиста æма мин загъта:

– Мæ уайдзæф фæстæмæ есун.

## МЕРСЕДЕС

Нæуæг анзи Амури хæццæ не 'нсувæр Бесоли бийнонти рабæрæг кодтан. Кæрæдземæн Нæуæг анзи арфитæ ку ракодтан, уæд фингæбæл æрбадтан. Бесоли ку бафарстан нæуæг хабарæй циййес, зæгъгæ, уæд нин радзурдта:

Мæ кæстæртæ мин нæуæг анзи лæвар кæнунцæ. Пенсимæ, дан, рацудтæ, æма берæ æнзти ци биндзинласæн машийнæбæл фæккустай, уой ниуудзæ. Æ бæсти ба, дан, дин, хæдзари куститæ кæнунмæ, цæхæн машийнæ дæ гъæуй, уæхæн балхæндзинан. Æз сæ хæццæ исарази дæн. Загътон син, УАЗ-ик мин балхæнетæ. Биццеутæ УАЗ-ик уæййаг дæр раирдтонцæ, фал мин æй нæ синхи лæгтæ æлхæнун нæ бауагътонцæ. Загътонцæ мин, УАЗ-иккæй ци кæнис, е дæр уæзласæн машийни хузæн ку æй. Еугæрдæр дин æлхæнунцæ, уæд син зæгъæ æма дин «Нивæ» балхæнæнтæ. Бæргæ син дзурдтон, УАЗ-ик мæнæн биндзинласæн машийнæбæл бадти фæсте тъайлаг æй. Колхозтæ æма совхозти хецæуутти дæр уæхæн машинтти ку ластонцæ. Еузагъдæй мæ, нæ синхи лæгтæ исарази кодтонцæ «Нивæ» балхæнунмæ. «Ниви» хабар нæ астæуккаг биццеу Валериккæн загътон æма, цума, уæййаг дæр иссердта.

Еци рæстæг хæдзарæмæ телефонæй кадæр æрбадзурдта. Телефон исиста Валерик. Еу минкъий ку радзубандитæ кодта, уæд и телефон «гъæрдзоруни» уагбæл исæвардта æма нæмæ дзоруй:

– Нæхе Феликси хæццæ дзорун æма имæ сумах дæр байгъосетæ.

Еци рæстæг Феликс Валерикки бафарста:

– Ци УАЗ-икки кой кодтайтæ, уой райстайтæ?

Бесол Валерикмæ нидæн гъæлæси уагæй дзоруй – нæгъ, зæгъгæ, ин зæгъæ, удта цæмæннæ, уой дæр ин балæдæрун кæнæ. Валерик Феликсæн УАЗ-икки хабар ку балæдæрун кодта, уæд ин Феликс ба уотæ:

– Байгъосæ мæмæ лæмбунæг. Куддæр телефони хæтæл нивværай, уотæ фæццо æма нæ фидæн «Нивæ» балхæнæ, цалинмæ синхбæсти ардудæй Мерседес нæма æрагурдта, уæдмæ!

## ХУАСИЙНÆ

Хуадонти Æхсар ма скъолай ку ахур кодта, уæд сæрдигон каникули рæстæг махмæ – хонхи адтæй. Куд хеон, уотæ хæдзари кустити дæр архайдта. Еу бон ба согдзау гъæдæмæ фæццудан. Æхсар, æнæргъудити, æ къах фæрæтæй фæллух кодта. Азийхан бæттæнæй Æхсари уæрагисæр балваста, мæн ба, гъæдгинбæл ци кæрдæг февæрунцæ, уомæ фервиста. Еци кæрдæг хæстæг задæй æма 'й уайтагъд æрдавтон. Азийхан и кæрдæги цалдæр дондуббур сифи къахи лухбæл ниввардта, æма сæ къохмæрзæнтæй бабаста. Цæмæй цæугæ-цæун

къахи лухæй тог ма цудайæ, уомæ гæсгæ Æхсар фæстæмæ, гъæумæ, хæрæгбæл бадгæ æрбацудæй.

Гъæуи биццеутæ Æхсари ку бафарстонцæ, дæ къах, дан, хъæбæр ресуй, зæгъгæ, уæд син е ба уотæ:

– Аци ристбæл бухсун, фал мин æй Чиколай сæйгæдони ку бампъозонцæ, уой фæсте ба ин æ худтитæ ку ихалонцæ, ресгæ ба уæд кæндзæнæй.

Дуккаг бон Æхсармæ Донифарсæй дохтур иссудæй, цæмæй ин æ гъæдгин багъуд кæна. Дохтур гъæдгини баст ку райхалдта æма ку фæййидта, и лух ке ниццæфстæй, уой, уæд деси бафтудæй. Æ хуастæ раеуварс кодта. Кæрдæги сифтæ ракурдта, гъæдгинбæл сæ ниввардта æма 'й бинтæй бабаста. Къахи лух æртæ бонемæ радзæбæх æй.

Сæхемæ цæуни размæ Æхсар еци кæрдæги сифтæй дууæ хурдзини байдзаг кодта. Ку æй бафарстан, уой бæрцæ кæрдæгутæй ци кæнис, зæгъгæ, уæд нин уотæ загъта:

– Чиколай сæйгæдонæн сæ балæвар кæндзæнæн. Уадзæ, е ба сæйгити гъæдгинтæ æма лухтæ, æнæ æмпъозгæй, дзæбæх кæнонцæ.

Æвæдзи Æхсарæн минкъиййæй дæр æ тоги адтæй еске рист лæдæрун æма, багъæуаги, ескæмæн байанхос кæнуни ацъагъуæ.

## ГРЕЛКÆ

Дзинагъай Уæллагкомæй еу лæг иуазæгуати адтæй. Фусунтæ æма иуазæг бонигон кæрæдзебæл фæццийнитæ кодтонцæ. Изæрæй, ниххуссуни размæ ба ма фæйнæ арахъи дæр баниуазтонцæ. Иуазæги зæрди ма арахъ баниуазун адтæй, æма сосæггити грелки дзаг арахъ æ нивæрзæн ниввардта. Фусунтæй уати æ хæццæ ци биццеу хуссунмæ гъавта, е æй фæййидта æма æй уотæ бафарста:

– Грелкæй ба ци кæнис?

Иуазæг ба ин уотæ:

– Æхсæвæ мæ ком сор фæккæнуй, æма мин зин фæууй, гъар хуссæнæй дон баниуазунмæ раистун.

Ниххуссуни размæ иуазæг æхе гъудий дзæхæрамæ ку рахизтæй, уæд ин и биццеу æ грелки арахъ донæй байййивта.



Æхсæвæ, еу афони, иуазæг и арахъæй ку исхуппитæ кодта, уæд æй æхгæнгæ дæр нæбал никкодта, уотемæй æй стъолæмæ багæлста. Игон сæр грелки дон стъолæй иуазæгæн æхе цулухъмæ фæккалдæй.

Сæумæ иуазæг ку раистадæй æма æ къах донæйдзаг цулухъи ку рацавта, уæд и грелкæ райста æма 'й гъæргомау ралгъиста: «Мæ тæрегъæдæй дæлзæнхæ фæууо», – зæгъгæ, æма æй фæсдуармæ фехста.

## ЦÆЛХДОР

Тагъати Цæрай бæзæрхуг лæг адтæй. Асæй ба дууæ метремæй бæрзонддæр. Мадта æрдзон тухæй дæр æнæхай на 'дтæй. Цæрай уотæ зæронд нæма адтæй, уотемæй цæститæй нæбал уидта – бахъæрæу æй. Хæдзари дæр æма тургъи дæр, тергадигай, лæдзæги хæццæ цæуидæ. Дони хулуй кæнунмæ ба æй пусойни размæ хонун гъудæй. Аци гъуддаг фенцондæр кæнунмæ ин хæдзарæй пусойнæмæ бæттæн райвазтонцæ, цæмæй æй хонун мабал гъæуа. Цæрай бæттæнбæл хуæцгæй, æнæ хонæг æма æнæ лæдзæгæй æхуæдæг цæун райдæдта пусойнæмæ.

Уæд ин еу бон синхи лæгтæ æ надбæл къæлæтгун къела ниввардтонцæ. Къелабæл ба ма еу минкъий лæги исбадун кодтонцæ. Уотемæй синхи лæгтæ исбæрæг кæнунмæ гъавтонцæ, Цæраймæ ма хъæурæ ес æви нæбал, уой.

Цæрай пусойнæмæ цæугæй къелабæл ку исбуцæу æй, уæд æй æд лæг æ еу къохæй исиста æма 'й раеуварс кодта. Пусойнæй тургъæмæ ку æрбацудæй, уæдта æ фуртæн уотæ:

– Нæ дзæхæрай кедæр уæззау, къæлæтгун къела лæууй æма 'й æ хецауæн раттетæ.

## ФÆДЕСОНТÆ

XX-аг æноси 60-аг æнзти Иристонæй берæ адæн цудæй Астæуккаг Азимæ: ка косунмæ, ка æ климæт æйййевунмæ, ка ба сæудегери куст кæнунмæ.

Душанбей адтæй Донифæрсаг Хъулчити Вовæ дæр. Вовæ

сæрди отпуск райсидæ æма сæхемæ хуасæ кæрдунмæ иссæуидæ. Цæугæ ку кæнидæ, уæдта æ берæ æнсувæртæ æма хæстæгутæн уотæ зæгъидæ: «Еу хатт мæ сумахæй дæр еске бабæрæг кæнæд».

Мæ синхонтæн уотæ ку фæззæгъун, 7 æнсувæри ан, зæгъгæ, уæд си нæ феруагæс кæнуй. Уотæ мин фæззæгъунцæ, сæ хæццæ нæ федауис, цæмæннæ дæ бабæрæг кæнунцæ, зæгъгæ.

Вовæ фæстæмæ Душанбемæ ку цæуидæ, уæд син алли хат дæр уотæ зæгъидæ:

– Æз уæмæ нæбал иссæудзæнæн, цалинмæ мæ бабæрæг кæнайтæ, уæдмæ.

Уотæ рауадæй æма Вови фæндон æнсувæртæ исæнхæст кодтонцæ, æрмæст, æнæбари. Хуасæ кæрдуни рæстæг ку архъæрттæй, уæд Хъулчити бийнонтæ Душанбейæй телеграммæ райстонцæ. Телеграмми финст адтæй: «Вовæ трагически погиб», – зæгъгæ. Хъулчитæ сæ колдуæрттæ байгон кодтонцæ æма гъæубæсти адæни хæццæ хъурмæ кодтонцæ. Душанбемæ фæдеси, хеуонтæй цуппар лæги рандæй. Душанбемæ ку нихъхъæртæнцæ, уæд сæ таксист адресмæ гæсгæ, Вови хæдзарæмæ баласта. Иуазгутæ тургъи цалдæр лæги фус æвгæрдгæ фæйййидтонцæ. Сæргубурæй сæмæ бацудæнцæ æма сæ Вовæбæл бафарстонцæ. Æнæзонгæ лæгтæ иуазгутæн Вови хæдзарæмæ бацæуæн байамудтонцæ. Донифарсæй фæдесонтæ куддæр дуари размæ бацудæнцæ, уотæ сæмæ Вовæ æхуæдæг хæдзарæй æндæмæ рацудæй. Æ къохи ниуазæн, æ фæрстæмæ ци дууæ лæги адтæй, уонæй ба еуемæ графийнæ, иннемæ ба – æртæ къерей. Вовæ иуазгутæмæ дзоруй: «Æгас нæмæ цотæ мæ хъазар æнсувæртæ».

Фæдесонтæ сæ фур десæй еу минутти бæрцæ дзорунгъон нæбал адтæнцæ, удта ин сæ еу уотæ: «Нуртæккæ ду æцæгæйдæр маруйнаг нæ дæ!»

Вовæ ба ин уотæ: «Мæ фæууинд дин ци зин адтæй. Мæ мард ласун дин æнцондæр адтайдæ. Æгайтима мæ бабæрæг кодтайтæ. Еу къуæре уæ нæбал рауадздзæнæн».

Фæдесонтæ Донифарсмæ телеграммæ равардтонцæ, Вовæ жив, зæгъгæ. Донифарси телеграммæбæл нæ бауæндтæнцæ æма сæмæ нæуæгæй рарвистонцæ: «Подтвердите, что Вова жив», – зæгъгæ. Донифарси дуккаг хат ку райстонцæ



телеграммæ, уæд си байруагæс æй. Хъулчитæн сæ хъурмæ цийнæмæ рахизтæй. Фæдесонтæ Душанбейæй ку иссудæнцæ, удта ма гъæугувд дæр искодтонцæ.

## АХУРМÆ ЛЕДЗÆГ

Уазай дæлбазур игуæрдæнти хуаси куст кæнун æ тæмæни бацудæй. Мах дæр не 'гуæрдæни циргъ цæвгутæй цъæх кæрдæг рæнгъитæй фæлдахтан. Рæфтæмæ хæстæг нæмæ кедæр гъæр æрбайгъустæй. Мæ фидæ мæмæ дзоруй: «Бакæсай билæй. Арæхъи Хъозитæ хуасæ æнтаунцæ æма базонæ хабар».

Æз арæхъмæ бауадтæн. Хадзимурзи ласæги сæрбæл лæугæ фæйййидтон æма имæ дзорун: «Ести фæккæсун уæмæ гъæуй», – зæгъгæ. Хадзимурзæ ба мин уотæ: «Уартæ адагæмæ бауайай. Хамбий ласæгдортæмæ рандæй æма нæбал зиннуй».

Æз адагæмæ бацудтæн æма си неке фæуууидтон. Ласæгдортæ ба æрбахастон æма сæ ласæги уæрдæхтæбæл æрæвардтан. Хадзимурзæ ласæгæй æрхизтæй æма мин дзоруй:

– Ласæги сæрбæл нин Хазбий фæллæууй, фал ацибон фиййауи кезу махбæл æй, æма уомæ гæсгæ не 'ссудæй ардæмæ. Аци ласæгæн ба фиццаг Хамбий лæудтæй æ сæрбæл. Ласæгæн сæр ку кодтан, уæд ин æ къæхти бун хуасæй идзаг кæнун кодтон, цæмæй ласæги хурфæмæ уарундон ма багъара. Хамбий фиццаг хатт лæудтæй ласæги сæрбæл. Æнахурæй, ласæги цъоппæл лæугæй, фæккиудтæй æма ласæг рахъан кодта. Нæ куститæ фæдздзæгъæл æнцæ. Нæ хуасæ нæуæгæй цурхгæ рауадæй. Ласæги сæрбæл мæхуæдæг ислæудтæн, Хамбий ба мæмæ лæвæрæнтæ лæвардта. Ласæгæн сæр кæнун ку райдæдтон, уæд Хамбийййæн амудтон, къæхти бун куд идзаг кæнгæ 'й, уой. Нур уæрдæхтæ æрæвæрæн, зæгъгæ, уотæ ба Хамбий ласæгдортæ агорунмæ адагæмæ бацудæй æма, дæхуæдæг уинис, биццеу думд–далагъан фæцæй. Мæнæ ибæл фæххуæст уон, уæд ин фæйййинун кæндзæнæн, зæронд лæг ласæги сæрбæл куд уадзгæ 'й, уой.

Уой фæсте куд рабæрæг æй, уотемæй, Хадзимурзæ еци бон Хамбийбæл нæбал фæххуæст æй. Хамбий горæтмæ аху-

ри фæдбæл ниффардæг æй. Бæрзонд хуæнхтæ æма бæрзонд «ласæги сæрæй» ке рандæ ’й ахурмæ, æвæдзи æй, уомæ гæсгæ нæ бæрзонди бадæг изæдтæ æма идаугутæ рæстфæндаг фæккодтонцæ. Нæхе горæт æма Мæскуй ахургæнгæй, дууæ диплpoints раиста. Хуарз косæг æма си устур ахургонд (профессор) лæг рауадæй. Æ хуарз кусти туххæй ба имæ ес хъæбæр берæ хуæрзеугутæ.

## ЛÆГУНДÆР

Мæ дууæ зонги Аслан æма Сослан цæбæлдæр усхъæзæй загъд кодтонцæ. Мæхе сæмæ хæстæгдæр ку баластон, уæд базудтон сæ дзубандий сæр ци адтæй, уой.

Сæ дууемæн дæр сæ сæртæ дзæбæх лæгун адтæнцæ, фал си кæмæн лæгундæр æй, загъд – замана уобæл исаразтонцæ.

Мæнæн ба уотæ загътонцæ: «Аци гъуддаги ду не ’хсæн тæрхони лæг фæууо, æма исбæрæг кæнæ, ке сæр ни лæгундæр æй, уой».

Æз син аразий дзуапп равардтон. Сæ сæртæмæ син фæрракæсæ-бакæсæ кодтон, удта син загътон:

– Уæ дууемæн дæр ма гъунтæ, айдагъдæр, уæ гъости фæсте байзадæй. Мæнмæ гæсгæ, уæ сæртæ æмхузæн лæгун æнцæ æма мæ хæццæ исарази уотæ.

Æма, æцæгæйдæр, уотæ рауадæй, сæ дууæ дæр мæ хæццæ исарази æнцæ.

Се ’рсабурбæл еу минкъий рæстæг ку рацудæй, уæд Сослан æ бунатæй фæггæпп кодта æма нин уотæ зæгъуй:

– Æз ничья-бæл арази нæ дæн. Мæн сæр 59-аг размер æй, Асланæн ба – 62 æма, уомæ гæсгæ, Аслани сæри лæгун цъарæ устурдæр æй!

## ТУРУСА

Таймураз кæд будури скъолай ахур кодта, уæддæр сæрдигон каникултæ ба æ райгурæн гъæу, Къумбулти, æ бабай хæдзари æрветидæ. Хæдзари куститæ дæр зæрдиуагæй кæнидæ. Рæстæг ин ку уидæ, удта сабийти хæццæ гъазун дæр берæ уарзта. Уарзта ести гъуддаги фескъуæлхун дæр. Хузесæнæй хузтæ есун дæр æригонæй райдæдта. Еу хатт ба сæ устур дууæуæладзугон хæдзари сæрмæ сурх туруса дæр ниссагъта. Туруса дунгæмæ куд фелауидæ, уомæ сабийтæ цæмæдесæй кæсиуонцæ. Уæд еу бон ба и туруса цидæр фæцæй. Гъæуи лæгадæн хуаси куст кæнунмæ рандæ ’нцæ. Сабийтæ æма силгоймæгтæ ба нихæси æрæмбурд æнцæ æма дес кодтонцæ – еци сурх хъумаци гæппæл ке хъор кодта, æ бунати æй цæмæннæ уагътонцæ. Силгоймæгти ба хъоргæнæг на ’дтæй æма сæ аллихузон гъудитæ дзурдтонцæ турусай фесавди фæдбæл. Фæстагмæ ба син Батий уотæ зæгъуй: «Нæ гъæуи, дан, дууæ гъæлай ес: сæ еу туруса ниссадзæг, иннæ ба – æ рагæлдзæг», – Батий хæдзарæмæ ку æрбацудæй, уæд ин æ кизгæ Зарæ уотæ: «Æмбурди мæ дуккаг гъæлабæл цæмæ банимадтай», – зæгъгæ.

– Ду рагæлстай туруса?

– Гъо! Æз æй рагæлстон. Еугур дæр дес кодтонцæ – будуйраг дан ци бæрзонд ниссагъта туруса. Æз ба мæхецæн загътон, мах – хуæнхæгти бон ба хæдзари сæрмæ исхезун нæ ’й, зæгъгæ, æма ’й рагæлстон.

– Куд имæ исхизтæ? Уордæгæй хæмпæлтæмæ ку рахаудтайсæ, уæд ма дæ ка иссердтадæ?

– Мегъæ бони асийнæбæл, сосæгкити, уæлиндзæмæ исхизтæн æма ’й хæмпæлтæмæ рагæлстон!

## ИНСАД ДОНÆЙ НÆ ТÆРСУЙ

Хонхи адæн сæ картофтæ ку æркъахиуонцæ, уæд сæ беретæ мæнæуæбæл æййевиуонцæ. Æййевунмæ ба сæ ластонцæ Мæздæг, Кæсæг кенæ Стъараполи гъæутæмæ. Еу фæззигон изæр уæхæн балцийæй æрбаздахтæнцæ Уæхъæцæгтæ. Мæцутæмæ ку æрбахъæрттæнцæ, уæд хуæрæндони рази сæ уæзласæн машийнæ бауорæдтонцæ æма æрфестæг æнцæ. Сæ балций фæррасти гъуддаг «бæрæг» кæнунмæ хуæрæндонæмæ бацудæнцæ. Фæллад бæлццæнтæ хуæрæндони карз ниуæзтæй сæхемæ хуарз фæккастæнцæ. Æндæмæ ку рахизтæнцæ, уæд Гецати Майрæни хæццæ фæййеу æнцæ. Майрæни зæрди адтæй сæ хæццæ Мæхчески уæнгæ

рабадун, фал сæ «къумæлдзæфтæй» ку фæййидта, уæд си æхе раеуварс кодта. Еуварсæй сæмæ кастæй æма гъудитæ кодта: бæлцццæнтти хабар идарддæр куд уодзæй; хедбæл дæр ку нæ бацæуонцæ, уомæй дæр син тæссаг ку æй, уæд кумæ цæунцæ?!.

Уалинмæ уæзласæн машийнæ æркуста æма Мæхчесæ ’рдæмæ надбæл параст æй. Майрæн ба, машийнæмæ е ’нгæс даргæй, æ фæсте цудæй. Машийнæ хедбæл бæргæ бацудæй, фал фæззелæни сидзмудзи фæстæмæ рацудæй æма æ тъупп коми дони фæцццудæй. Майрæн аци уæззау хабар, уайтагъд, Мæцути адæмæн фегъосун кодта. Мах еци рæстæг скъолай хуæрæндони изæрхуар кодтан. Куддæр аци хабар фегъустан, уотæ нæ хуæрун фæуууагътан æма хеди размæ бамедæг ан. Дигоргоми гъæутæй дæр фæдесонтæ æмбурд кæнун райдæдтонцæ. Берæ машинтти рохситæ бæргæ иссугътонцæ, фал уæддæр и талингæ комæй машийнæ нæ зиндтæй. Уалинмæ кадæртæ бæхъитæбæл фæтæгенæйдзаг гобæнттæ иссугътонцæ æма уони рохсмæ машийнæ исзиндтæй. Мах цалдæремæй бæттæнтæбæл машийнæмæ ниббурдан. И уæзласæн машийнæ æ фарсбæл хъан адтæй. Къæбинки уæллаг дуар ку исигон кодтан, уæд нæбæл арахъи тæф искалдæй. Ка си бадтæй, етæ ба хъурдохæн кодтонцæ. Хъурдохæн ба уомæн кодтонцæ, æма сæмæ медæмæ дон калдæй. Мах и сæрккаг лæги бæттæнтæй федар ниббастан æма ’й лæгтæ фæуууæлбилæ кодтонцæ. Дуккаг æма æртикки дæр бæттæнтæй ку фæуууæлбилæ кодтонцæ, уæд нæмæ Майрæн бунмæ гъæр кæнуй: «Цуппар адтæнцæ. Еу ма си гъæуй æма ’й иссеретæ», – зæгъгæ.

Мах гуфæмæ бахизтан æма цуппæрæймаг лæги инсади голлаги буни иссердтан. Бабастан уой дæр æма ’й лæгтæ фæуууæлбилæ кодтонцæ. Мах цалинмæ бæттæнбæл уæлбилæмæ лæстан, уæдмæ Фæснæли сæйгæдони тагъд анхоси машийнæ дæр æрхъæрттæй. Дохтурти фæрци рист лæгтæй еу – Годзойтæй æрæскъиттæй. Æ цори æ кизги кæугæ ку æрæстæфтæй, æ алливарс ба – цъилингатæ æма берæ машинтти цирæгъти рохситæ, уæд гъæрæй æ кизги фæрсуй: «Дочь моя! Где мы? Что за царство?» – зæгъгæ.

Еци æхсæвæ аварий бахауæг лæгти Фæснæли сæйгæдонæмæ фæлластонцæ.



Дуккаг бон Мæцути скъолай хестæр къласти биццеутæ æма инсади голлæгтæ ке адтæнцæ, етæ бæндæнтæй голлæгтæ комæй уæлбилæмæ истонцæ. Цалдæр голлаги си ку байгон кодтонцæ, уæд деси бафтудæнцæ. Голлæгти инсад медæгæй сор адтæй. Айдагъдæр инсади голлагæбæл дон кæмити æнбалдæй, уоми инсад еу æнгулдзи бæздæн никъкъинсæ æй.

## ДУРАКОВ НЕТ

Нæ синхи лæгти астæу уæхæн дзубанди рауадæй: мах æхсæн дæр, дан, ес уæхæн лæгтæ, кæцитæ ниуæзтæбæл еу къуæре дæр нæ бабухссæнцæ. Зæгъæн, мæнæ Махари хузæнттæ. Махар кæд ниуæзтæбæл æхцул адтæй, уæддæр сæ хæццæ арази на ’дтæй æма син уотæ загъта: «Еунæг къуæре нæ, фа æгас мæйæ дæр бабухссæнæн».

Æндæр хузи ка гъуди кодта, уонæй сæ еу адтæй Турбег. Турбег Махарæн комкоммæ уотæ загъта: «Мæйи дæргъци ку нæ баниуазай, уæд дин æз фус нивгæрддзæнæн», – зæгъгæ. Кадæртæ ба ма зæрдæ дæр байвардтонцæ – фингæвæрдмæ хуæрди фæрзеуæй фæккæсунмæ. Гъе, уæхæн дзубандити фæсте Турбег æма Махар рахæснæ кодтонцæ.

Фæззигон цубур бон мæйæн уайтагъд æ кæрон æрбалæудтæй. Махарбæл ба кæд мæйæ ниддаргъ æй, уæддæр бафæразта æма æ дзурд исæнхæст кодта. Турбег дæр æ дзурд нæ фæссайдта – Махарæн фус нивгарста. Гъеуууотемæй, синхи еумæйаг хæдзари фингæвæрд арæзт æрцудæй. Фингæбæл хестæрæн бадтæй синхи хестæр лæг Тотур. Тотур æртиккаг кувд ракæнуни размæ Турбег æма Махармæ фæдздзурдта. Алке дæр си æ дзурд ке исæнхæст кодта, уой туххæй син рæсугъд арфитæ ракодта удта син ниуазæнтæ дæр равардта. Турбег хестæри ниуазæн баниуазуни размæ загъта: «Абони ноябри мæйæ æй, æма Махар Нæуæг анзи уæнгæ ку нæ баниуаза, уæдта ин гал нивгæрддзæнæн», – зæгъгæ.

Турбеги дзубандитæ фингæбæл бадæг лæгти зæрдитæмæ фæцццудæнцæ æма Махармæ аллирдигæйти дзорун райдæдтонцæ: «Цæбæл ма гъуди кæнис? Рахæснæ кæнæ. Нæуæг анзмæ берæ нæбал гъæуй. Гал нин Нæуæг анзæй зæронд Нæуæг анзи уæнгæ рафагæ уодзæй», – зæгъгæ.

Махар синхæгти дзубандитæмæ ку байгъуста, уæдта син загъта:
– Æз мæйи дæргъци фингæбæл бæдтити гъезæмæрттæ ку'взурстон, уæд сумах ба мæ рæзти кæрæдземæн ниуазæнтæ æрвистайтæ. Кæрæдзей къохтæй гъар арахъ ниуазтайтæ. Абони ба ци фингæ рамулдтон, уобæл мæ хæццæ æнæмæтæй бадетæ æма мæ нæуæг хæснæ ракæнунмæ ардауетæ. Игъосетæ! С меня хватит! Нур ба сумахæй еске рахæснæ кæнæд. Дураков нет!

## НÆУÆГ АНЗИ ФИНГАРÆЗТ

Нæуæг анз æрбахæстæг æй. Нæ синхи лæгтæ гъудитæ кодтонцæ, куд æй бæрæг кæндзинан – еумæ æви алкедæр æ хæдзари. Фæстагмæ æрцудан еу фæндонмæ. Нæуæг анз бæрæг кæндзинан нæ берæуæладзугон хæдзари сæрбæл. Уордæги, дан, нæмæ фейерверк дæр хуæздæр зиндзæй, хъор дæр нæ неке кæндзæнæй удта бæрзонди бадæг Устур Хуцаумæ дæр хæдзари сæрæй кувдтитæ хуæздæр игъуссæнæнцæ, – зæгъгæ.
Нæуæг анзи æхсæвæмæ нæхе дзæбæх бацæттæ кодтан. Фезонгутæ кæнунмæ фид æма кæсæлгитæ гъæцæнти хæццæ æвдулдфæлдат никкодтан. Ниуæзтæ, къеретæ, рæзæ æма адгийнæгтæй дæр рæвдзæ адтан. Нæ уæлиндзи устур таси хурфи ба мангал ниввардтан. Тас донæй байдзаг кодтан, цæмæй мангалæй æрхауæг зинг дони ниххусса, æма маци фидбилиз æрцæуа.
Æмбесæхсæвæмæ хæстæг синхи лæгадæн цæттæ адтæнцæ Нæуæг анзи æрбалæудмæ. Фезонæги цъис-цъис дæр нæ гъостæбæл уадæй. Æхсæвæ 12 сахаттебæл нæ уæлиндзи шампайнаг ниуæзтæй идзаг агувзити зæлланг къурццитæ игъусун райдæдтонцæ.
Нæ горæти æхсæйвон арвмæ цæхæркалгæ ракетити истахт арвинæрдау гæрæхтæ куд фæндараст кодтонцæ, уой дæр уидтан. Нæуæг анз ралæудтæй. Нæ фиццаг кувди Устур Хуцаумæ искувтан æма си Иристони адæнæн Нæуæг анзи хуарздзийнæдтæ ракурдтан.
Куддæр фезонæгмæ бавналдтан, уотæ нæ хæдзари алфанбулай, «фæдес-уаст» гæнгæй, цалдæр зингхуссунгæнæн машийни æрбалæудтæй.
Лæгтæй еу уотæ: «Цард ци дессаг æй. Еу горæти цæргæй кадæр содзгæ кæнуй, кадæртæ ба фезонгутæ хуæрунцæ». Иннæ ба уотæ: «Кæддæр–некæд фид сосæггити хуæрунмæ гъавтон æма мин цума нæ рауадæй. Æнгъæлдæн нæмæ фæдесонтæ асийнæбæл ислæсунцæ». Æма æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Зингхуссунгæнгутæ уайтагъд нæ сæргъи æрбалæудтæнцæ. Мах син, куд иуазгутæ, уотæ нæ Нæуæг анзи фингæй æмбæлæггæгтæ лæвардтан, фал нин сæ нæ бакумдтонцæ. Уотæ нин загътонцæ: «Кадæр уæбæл багъаст кодта, уæ хæдзарæ, дан, содзуй, – зæгъгæ. Мах уинæн, ке нæ содзетæ, уой, фал уæбæл уæддæр закъонмæ гæсгæ акт гъæуама искæнæн. Зинг бафтауæг ба гъæуама æфхуæрд æрцæуа».
Зингхуссунгæнгутæн бавдистан, мангали æвæрд дони хурфи зингервæзуни нихмæ мадзал ке æй, уой. Фæдесонтæ кæд нæ хæццæ исарази æнцæ, уæддæр нæбæл мæнгæ акт ба искодтонцæ. Акти бавдистонцæ, цума нæ берæуæладзугон хæдзарæн æ бугъдзæуæни гæгъæдитæ сугъдæй.
Синхи лæгтæн хæдзари сæрбæл фингæбæл бадт кæд æ райдайæни къулумпитæ баййафта, уæддæр æй кæронмæ, нæртон лæгтау, заргæ æма ходгæй рахъæртун кодтонцæ.

# САБИЙ КУ НÆ ЗÆГЪА...

## БИЦЦЕУИ АРФÆ

Минкъий Батикки фиди райгурæн бони фæдбæл сæмæ – хæдзарæмæ, цалдæр лæги æрбацудæй. Иуазгутæй еу Батикки бафарста:
– Батик! Дæ фидæн æ райгурæн бони туххæй арфæ ракодтай?
Батик ба иуазæгæн уотæ загъта:
– Нæгъ! Æма ин нæ ракæндзæнæн.
Æма уæд цæмæннæ? – зæгъгæ æй, бафарста иуазæг.
Батик ба ин уотæ:
– Уомæн æма мин велосипед не 'лхæнуй.

– Дзæбæх ин раарфæ кæнæ æма дин уæд, гъæуама, балхæна, кенæ ба дин некæд балхæндзæнæй.
Батик расагъæс кодта, удта иуазæгæн уотæ зæгъуй:
– Æцæгæйдæр мин балхæндзæнæй! Нæ мæ саис?
Иуазæг ин ку загъта, нæ дæ сайун, зæгъгæ, уæд Батик æ фиди размæ бацудæй æма ин гъæрæй уотæ зæгъуй:
– Па-а! Арфæ дин кæнун. Мæ зæрдæ дин зæгъуй, цæмæй мин тæккæ исон велосипед балхæнай!

## ХÆДЗАРГÆНÆГ КОСУН НÆ ЗОНУЙ

Тазрет хæдзарæ аразта. Зонетæ, хæдзари сæр æмбæрзт ку 'рцæуй, уæддæр ма си медæгæй берæ куститæ ке фæууй. Уæхæн куститæ кæнунмæ Тазрет еу бон æ биццеу Тамикки æ хæццæ фæххудта. Æгас бон хæдзари медæгæ куститæбæл фидæ 'ма фурт сæ рæстæг рарвистонцæ. Изæрæй, кусти фæсте, сæхемæ ку æрбацудæнцæ, уæд Тамик æ мадæ Ларисæн гъаст кæнуй:
– Папæ æппундæр косун нæ зонуй æма мæн дæр гъезæмарæй рамардта.
– Куд нæ зонуй косун. Мадта, уæхæн устур хæдзарæ ба кутемæй исаразта, – зæгъгæ, ин загъта Ларисæ.
– Кутемæй, уой нæ зонун, фал ацибон стъол кенæ асийнæмæ исхезидæ æма мæмæ уордигæй райдаидæ дзорун: дзæбокæ исдæдтæ, аргъæвнæ рахæссæ, зæгæлтæ исдæдтæ æмæ у.и.
Æ куст уотæ дзæбæх кæд зонуй, уæд рагацау, ци дзаумæуттæ æй гъæуй, уони æ рæбун æрæвæрæд æма косæд. Иннети ба гъезæмарæй ма марæд!

## КУЙЙИ ТАРД

Дунти гъæуи еу дзурддзæугæ курухон лæг рамардæй. Зиани бон тургъæмæ берæ адæн æрбацудæй. Естæмæ фæккæсунмæ гæсгæ, гъæубæсти биццеутæ дæр сæхе зиани тургъæмæ хæстæг баластонцæ. Еугур биццеути æрбацуд зиангун хæдзари биццеуи зæрдæмæ, цæмæдæр гæсгæ, нæ фæццудæй. Е 'мгарæ биццеутæмæ фæдздзурдта æма сæ сæхецæй ратардта. И тард биццеутæй еу, Михал, зæгъгæ, имæ æхе фæстæмæ разилдта æма ин уотæ загъта:
– Фæйййндзæнæ! Мæнæ махæн дæр нæ нана ку рамæла, уæд дæ æз дæр нæхецæй куййи тард ку нæ ракæнон!

## ÆНÆ КÆУГÆЙ

Минкъий Индирæн æ синхаг зæронд лæг Есо рамардæй. Есо Индири хъæбæр берæ ке уарзта, уомæ гæсгæ æй къох байвæрунмæ зиани цормæ бахудтонцæ. Зиан ку байвардтонцæ, уæд Индирæ сæхемæ иссудæй æма æ мадæн уотæ зæгъуй:
– Æз ацибон Есой марди адтæн.
Мадæ ба Индирæн уотæ:
– Æма си кæугæ дæр кодтай?
Индирæ æ мадæмæ бакастæй æма ин уотæ:
– Кæугæ ба цæбæл кодтайнæ, нæмгæ мæ ку неке фæккодта, уæд!

## НÆБАЛ ЦÆУЙ?

Алик ма райдайæн скъолай ку ахур кодта, уæд æ хестæр æнсувæр Тазрет ба институт каст фæцæй. Еци рæстæги институт каст ка фæууидæ, уони косунмæ æрвистонцæ. Мæйи æнгъудмæ гъæуама сæ кусти адтайуонцæ. Тазрет еци мæйæ хæдзари Аликки хæццæ уроктæ цæттæ кæнунбæл рарвиста. Еци рæстæги райдайæн съолай ахурдзаутæй æ хæдзарæмæ куститæ хуæздæр ка бацæттæ кæнидæ, уомæн лæвардтонцæ туруса. Туруса сабийти разæнгард кодта, цæмæй сæ хæдзарæмæ куститæ хуæздæр цæттæ кодтайуонцæ.
Тазретæн кустмæ цæунмæ ци рæстæг равардтонцæ, е дзæгъæли нæ фесавдæй удта æ хъиамæттæ дæр нæ фæддздзæгъæл æнцæ. Алик æртæ къуæрей дæргъци аллибон дæр туруса хæдзарæмæ хаста.
Æнахурæй сæумæй изæрмæ ахур кæнунæй Алик фæлмæцун райдæдта. Биццеути хæццæ рагъазунмæ дæр ин рæстæг

ку нæбал фагæ кодта, уæд æ мадæ Батиййæн сосæгкити уотæ зæгъуй:
– Аци лæг (Тазретмæ байамудта) мæ гъезæмарæй рамардта. Кумæдæр цæуйнаг ку адтæй æма нæбал цæуй? Ести амалæй ма ку рандæ уидæ!

## КИНДЗÆЙ КОСУЙ

Барисæн æ фиццаг уосæй сабийтæ байзадæй. Дуккаг хатт биййонти гъуддаг ку бакодта, уæд сæ хеуæнттæй, еу уосæ бабæрæг кодта. Иуазæг фидиуоси цæсгонæй нæ фæсмардта æма ’й хæдзари зелæнгæнгæ ку фæййидта, уæд æй уотæ бафарста:
– Хуарз уосæ! Хеуони хузæн биййонтæбæл дзæбæх табеддзæ кæнис æма син ка дæ? Ци барæ дарис аци биййонтæмæ?
Фидиуосæ цалдæн гъуди кодта, æхе куд байамона, уобæл, уæдмæ Бариси фурти æртæанздзуд кизгæ Альбинæ иуазæгæн уотæ:
– Киндзæй косуй...

## ÆЗИНÆ СИ АДТÆН

Минкъий Сослани скъоламæ цæунмæ исцæттæ кодтонцæ. Къахæй сæрмæ ин нæуæг дарæстæ балхæдтонцæ.
Æ сункæ, кæсæн æма финсуни дзаумæуттæ дæр рæвдзæ адтæнцæ. Сентябри фиццаг бон, иннæ скъоладзаути хузæн, Сослан дæр æгас бон скъолай рарвиста. Дуккаг бон имæ сæумæй æ мадæ дзоруй:
– Мæ дзæбæх биццеу, фестæ, скъоламæ дæ цæун гъæуй. – Сослан æ цæститæ дæр нæ байгон кодта, уотемæй æ мадæмæ дзоруй:
– Скъолай æзинæ адтæн. Аци бон ба имæ æндæр еске фæццæуæд. Æз имæ нæбал цæун!





## ИЗГÆ КИЗГÆ

Цуппаранздзуд биццеу Адзæбейæн æ цонг фелвæстæй æма ’й гъæуи иуæхститæ æвæрæг Хъибизти Салумæ фæххудтонцæ. Цонг æ бунатмæ кæнгæй, цæмæй биццеу ма искудтайдæ, уой туххæй Салу æ фурти кизгæмæ фæдздзурдта æма ин уотæ загъта:

– Кизгæ, мæнæ аци дзæбæх биццеуæн къæбецæй къанфеттæ рахæссæ æма ин сæ раттæ.

Адзæбе кизгæй къанфеттæ ку райста, уæд борхелæ кизгæн æ цæсгони цъæрнатæмæ берæ фæккастæй. Салу иуæхст къох æ бунати куд райвардта, уой биццеу лæдæргæ дæр нæ бакодта.

Адзæбей сæхемæ ку фæххудтонцæ, уæд æй æ нана бафарста:

– Мæ дзæбæх биццеу, кæугæ нæ кодтай? Радзорай мин дæ хабæрттæ.

Адзæбейæй æ къохи рист феронх æй æма æ нанайæн уотæ загъта:

– Хъибизтæмæ изгæ кизгæ фæууидтон.

## ФИДГУН

Салават мæ цæмæдæр гæсгæ гъудæй æма сæмæ фездахтæн. Тургъæмæ куддæр бацудтæн, уотæ æ биййнойнаг биццеуи хæццæ хæдзарæй æндæмæ рахизтæнцæ. Биццеу цæбæлдæр кудтæй. Æз имæ мæхе хæстæг баластон æма имæ дзорун:

– Цæбæл кæуис? Ка дæ фæннадта? Мæнæн æй зæгъай, æз ба ин æ сæрæй уæлæмæ рахаун кæнон.

Биццеуи кæун минкъий ку фæннидæндæр æй, уæд мин æ мадæ ба уотæ:

– Неке æй фæннадта. Æ зæрдæ фидгун агоруй æма уобæл кæуй. Æз ин загътон: «Дæ фидæ кустæй ку æрбацæуа, уæд туканæй фид æрбахæссæй æма дин, зæгъун, уæд фидгун искæндзæнæн. Фал мæмæ Сосик не ’гъосуй, уотæ мин зæгъуй:

– Æз фидгунæн айдагъдæр æ цъæрттæ уарзун æма мин фидгун æнæ фидæй искæнæ. Изæрæй ба фидæй уæхецæн искæндзинайтæ. Мæн нæбал гъæудзæй!

## ПЕНСИ

Габо æ фурти фурт Аланæн зунд арæх амонидæ. Еу бон ба ин, «пенси» æма «æфстау» цитæ æнцæ, уони амудта. Алан дзæбæх ку базудта, «пенси» æма «æфстау» цитæ æнцæ, уой, уæд Габойæн уотæ зæгъуй:

– Баба! Дæ пенсийæй бал мин велосипеди аргъ æфстау радтæ. Ку исустур уон, уæд дин сæ æз дæр мæ пенсийæй бафеддзæнæн!

## ЦЪÆХ СÆНÆФСЕРÆ

Сæрдигон хор бони Тазрет æма нæ сиахс Хазбий шахмæтти гъазтонцæ. Шахмæтти стъол тургъи сæнæфсери буни – сатæги ниввардтонцæ. Нæ хуæрифурт Марат ба сæ цори шахмæтти уæлдай фигуритæй гъазта. Фигуритæй гъазунæй ку исфæлмæцтæй, уæд Марат стъолæмæ исхизтæй æма сæнæфсери цопæлттæ тонун райдæдта. Сæнæфсерæ хуæрунмæ нæма бæзтæй æма ин æ цъæх нæмгутæ еугæйттæй аллиæрдæмитæ æхста. Шахмæтти гъазгутæн сæ гъазт æ тæмæни уотæ бацудæй, æма сæ фæйнæгбæл сæнæфсери нæмуг ку исæмбæлидæ, уæд æй гъуди дæр не ’ркæниуонцæ. Марат сæнæфсерæ тонун ку нæ уагъта, уæд мæ хуæрæ Заирæн уотæ загътон:

– Маратæн зæгъæ, цæмæй сæнæфсерæ мабал тона.

Заирæ ба мин уотæ:

– Марат бостæ гæнагæ æй, æма ин æз неци зæгъдзæнæн удта ин ду дæр маци зæгъæ. Марат сæнæфсери нæуæг цопалæ æртонунмæ æхе ку исивазта, уæд æ размæ бацудтæн æма ин фенхус кодтон. Цопалæ ин æ рази æрæвардтон æма ин загътон:

– Аци цопалæ цалинмæ бахуæрай, уæдмæ æндæр нæбал æртондзинан.

Марат сæнæфсри цъæх нæмгутæй цалдæр ку бахуардта,

уæд æ фидæмæ хæстæгдæр бабадтæй. Æз æй бафарстон:
– Кæд дæ сæнæфсери цопалæ бахуардтай, уæд дин нæуæг æртонон?
Марат мæмæ е ’рфгути бунæй æрбакастæй æма мин уотæ:
– Дæ сæнæфсерæ мæ нæбал гъæуй. Мæ цæститæн нæ бæззуй – цъундæ мин сæ кæнуй!

## ФÆНДОН

Сослан фиццаг къласи ахур кодта. Сæ ахургæнæг урокки рæстæг коридори кедæр хæццæ дзубанди кодта. Къласи сабийтæ æгæр гъæр кæнун ку райдæдтонæ, уæд сæмæ сæ ахургæнæг бацудæй, æма син хилæ кæнгæй, уотæ загъта:
– Ке уи нæ фæндуй къласи сабур бадун, е æ хæдзарæмæ цæуæд. Мах ами туххæй неке уорамæн.
Ахургæнæги дзубандитæ Сослани зæрдæмæ фæццудæнцæ. Æ дзаумæуттæ рамбурд кодта æма сæхемæ ниффардæг æй.
Дуккаг бон Сослани мадæ Ларисæмæ скъоламæ фæдздзурдтонцæ. Ларисæ нæ зудта, цæй туххæй имæ дзорунцæ, уой. Сослани дæр бафарста æма е дæр неци зудта.
Ахургæнæг Ларисæн ку радзурдта, Сослан сæхемæ куд рандæй, уой, уæд Ларисæ Сосланмæ дзоруй:
– Иннетæй уæлдай ду цæмæ рандæ дæ къласæй? – Сослан ахургæнæгмæ комкоммæ бакастæй æма ин загъта:
– Дæхуæдæг нин уотæ нæ загътай: «Ке уи нæ фæндуй ами бадун, е хæдзарæмæ цæуæд», – зæгъгæ. Мæн къласи бадун нæбал фæндæадтæй æма нæхемæ рандæ дæн.
Ларисæ ба Сосланæн уотæ:
– Иннетæ класи бадгæ ку байзадæнцæ, уæд ду цæмæ гæсгæ рандæ дæ?
Сослан ба ин уотæ:
– Къласи, ке фæндæ адтæй, айдагъдæр етæ байзадæнцæ!



## ЕУНÆГÆЙ НÆ

Алан æма Аланæ, куд фазæнттæ, уотæ рæвдауæндонæмæ дæр æма скъоламæ дæр еумæ цудæнцæ. Бадгæ дæр еу партæбæл кодтонцæ. Скъоламæ æма скъолайæй цæугæ Алан, æцæг лæгау, Аланки уæззау сумкæ арæх хæссидæ. Аланкæ ба финсуйнæгтæмæ хуарз арæхстæй æма ин æ финсуйнæгтæ æ бæсти финсидæ.
Уæд еу сæумæ, цæмæдæр гæсгæ, Аланкæ скъоламæ нæ цудæй. Алан уой ку базудта, уæд нæбал кумдта съоламæ цæун. Æ мадæ Людæ æй ку бафарста: «Цæмæннæ цæуис», – зæгъгæ, уæд ин Алан ба уотæ:
– Ахургæнæг мин хæдзарæмæ куст ку дæдта, уæд мин æй мæ тетради ка ниффинссæй. Алкæддæр мин æй Аланкæ фæффинсуй. Æз некæд ниффинстон æма зонгæ дæр нæ кæнун, куд фингсæ ’й, уой.
Людæ Аланæн зæрдæ байвардта – æ хæдзарæмæ куст ин тетради еске ке ниффинссæй, уобæл. Мадæ æма фурт скъоламæ еумæ рандæ ’нцæ Людæ ахургæнæгæн ку бафæдзахста, цæмæй Аланæн æ хæдзарæмæ куст æ тетради ниффинса, уой, æрмæстдæр гъеуæд, Алан исарази æй æнæ Аланкæй фиццаг хат скъолай байзайун.

## ÆНÆДИГОРОН

Созур Донифарси райдайæн скъола каст ку фæцæй, уæд æ идарддæри ахур Мæцути астæуккаг скъолай кæнун райдæдта. Сентябри фиццаг бон Мæцути скъоламæ Созури хузæн ахурдзаутæ хонхи иннæ гъæутæй берæ æрцудæй. Еци кари биццеутæ цалинмæ кæрæдзей дзæбæх базонунцæ, уæдмæ се ’хсæн буцæутæ æма хилтæ дæр рауайуй. Уотæ, Созур дæр кедæр биццеуи хæццæ фæххилæ ’й. Мæцути скъолай еци рæстæг ахур кæнун æма гъонбæладон куст бæрзонд æвæрд адтæнцæ. Гъе, уомæ гæсгæ ахургæнгутæ Созури ниййергутæмæ сæ гъаст бахастонцæ: «Уæ биццеу, дан, кедæр биццеуи фæннадта æма ин сумах дæр фæххилæ кæнетæ», – зæгъгæ.
Созурæн хæдзари ку хилæ кодтонцæ, уæд æй уотæ бафарстонцæ:

– Ке хæццæ фæххилæ дæ? Ке биццеу адтæй?

Созур æ усхъитæбæл хæрдмæ исхуæстæй æма уотæ:

– Магъа. Еу æнæдигорони хæццæ.

Уой фæсте куд рабæрæг æй, уотемæй и «æнæдигорон» уæллагкоймаг биццеу разиндтæй.

## ТУЙ

Нæ синхонти уосæ гъæццоли цъæрттæбæл туй æвардта. Туй æвæргæй, цидæр æнахур тæф æ фийбæл рауаидæ. Æ туйбæл фæггурусхæ æй – кæд миййаг медæгæй содзуй, зæгъ-гæ, æма æ фидæ Тотурмæ дзоруй:

– Мæ туй содзуй æви æндæр ести, нæ ’й лæдæрун. Цидæр æнахур æсмаг мæ фийбæл рауайуй.

Тотур æ размæ бацудæй. Туййи фалдзостæ расмотæ-басмотæ ракодта, удта уотæ:

– Мæнмæ гæсгæ, неци содзуй, фал цума мезунцъаг æсмаг кæцæйдæр цæуй.

Уалинмæ сæбæл туййи хурфæй тулфæ ракалдæй æма æсмаг фæккарздæр æй. Тотур балæдæрдтæй, гъуддаг цæй медæгæ æй, уой, æма сæ фондзанздзуд биццеумæ фæддздзурдта. Тотур биццеуæн сабургай ку балæдæрун кодта туййи «хабар», уæд биццеу ходæзмолæ гæнгæй басастæй, туййи дон никкæнунмæ ци цъасæ ес, уоми ке фæммизта, уобæл.

## БЕДНЫЕ

Иосиф рæвдауæндонæмæ æхсæз анздзуд кизгæ Тамари райсунмæ бацудæй. Медæмæ ку бахизтæй, уæд ма си æдеугур цуппар сабиййи байзадæй. Тамарæн Иосифи фæййинд хъæбæр æхцæуæн адтæй. Æ дзаумæуттæ цурд раскъафта æма Иосифи хæццæ хæдзарæмæ фæрраст æй. Дуари уæнгæ ку рахъæрттæй, уæд кизгæ æхе сабийтæмæ разилдта æма син уотæ загъта:

– Бедные! Потерпите еще немного. За вами тоже придут!



# НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ

Л. Н. Толстой

## МУЛДЗУГ ÆМА БÆЛÆУ

Мулдзуг исæдонуг æй æма æхе цæугæдонмæ нийиста дон баниуазунмæ. Уæдмæ дон æрбацæхъал кодта æма минкъий ма багъæуа, ма фæддæлдон уа. Еци усми бæлæу æрбацæйтахтæй, æ къæботти ба къалеу. Бæлæу фæууидта – мулдзуг нигъулуй, уой æма имæ донмæ къалеу ниггæлста. Мулдзуг къалеумæ исрæдæхстæй æма фæййервазтæй. Еу кæми адтæй, уоми цауæйнон хизæ райтигъта бæлæуи æрахæссунмæ. Куддæр æ хизæ фехгæнунмæ гъавта, уотæ имæ мулдзуг балæстæй æма ин æ къах фехсилкъæ кодта. Цауæйнонниддæлалай кодта æма æ хизæ æ къохтæй æрхаудтæй. Бæлæу испæррæст кодта æма ратахтæй.

## ДОМБАЙ ÆМА МИСТÆ

Домбай фунæй адтæй, уотемæй ба ин æ рагъбæл мистæ бауадæй. Дамбай имæ фегъал æй æма ’й райахæста. Мистæ ин ниллихстæ кодта: – Рамæуадзæ æма дин дæ хуарздзийнадæ нæ феронх кæндзæн, зæгъгæ. Домбай ин æ дзубандитæбæл ниххудтæй, фал æй рауагъта.

Уой фæсте цауæйнæнттæ домбаййи æрахæстонцæ, æма ’й бæласæмæ рæвæйнæй бабастонцæ. Мистæ домбаййи неун фегъуста æма æ цори æрбалæугæй, исдзурдта: гъуди ма ’й кæнис, куд мæбæл худтæ, уой, нур ба дин æз дæр исбæзттæн, зæгъгæ, рæвæйнæ рахсидта æма домбай исуæгъдæ ’й.

## ЦÆРГÆС ÆМА ГЪУÆРДДУНХÆФСÆ

Гъуæрдтунхæфсæ цæргæси нæбал уагъта æнцойнæ, – тæхунбæл мæ исахур кæнæ, зæгъгæ. Цæргæс ин бæргæ лæдæрун кодта – арви итигъдадæ дæу сæрбæл конд нæй, зæгъгæ, фал е уæддæр ниццæхгæрмæ 'й æма 'й ку нæбал уагъта, уæдта 'й цæргæс æ нихтæй бæрзонд исиста арвмæ, уæдта 'й фæуурæгъдæ кодта æма, дæ фудгол уотæ. Дортæбæл фæтъътъæпп æй.

## ХÆФСÆ ÆМА ДОМБАЙ

Домбаййи гъостæбæл æруадæй хæфси уасун æма имæ уотæ фæккастæй, – цидæр устур тæссаг сирди уасун æй, – зæгъгæ. Минкъий бангъæлмæ кастæй æма фæууидта, – хæфсæ цъимарайæй куд рацудæй, уой. Домбай æй æ дзæмбуйæй ралихъæ кодта æма рагъуди кодта: «Цæмæ æркæсай, е дæр си нæййес, мæнæн ба мæ уод ме 'скъелти рабадтæй мæ фуртæссæй».

## ЗÆРОНД УОСÆ ÆМА КАРК

Еу карк алли бон дæр айкæ задæй. Зæронд уосæ рагъуди кодта, хуæруйнаг ин нигки фулдæр ку дæттон, уæд мин дууæ хатти фулдæр æйкитæ æфтаудзæй, зæгъгæ. Баевдалдæй æма 'й хæссунтæ райдæдта. Карк уотæ иснард æй æма æппундæр нæбал æфтудта æйкитæ.

## ДОМБАЙ, АРС ÆМА РОБАС

Домбай æма арс кæмидæр фидихъуæлбæл фæххуæст æнцæ æма ибæл хилæ кæнун райдæдтонцæ. Сæ еу дæр æй æхе кодта, иннæ дæр къæрттæй – цъола нæ гæлста. Сæ хилæй уотæ æрфæллад æнцæ æма дууемæйдæр сæхе зæлдæбæл æруагътонцæ. Робас син се 'хсæн фидигъзæл æрæстæфтæй, бауадæй, райæскъафта æма гъæди исмедæг æй.



## ÆРВГÆ

Æрвгæ æрхийæй дзаумæуттæ аразæгмæ бафтудæй æма ин æ хирх е 'взагæй астæрун райдæдта. Æвзаги тог ракалдæй, æрвгæмæ ба уотæ кастæй, цума тог хирхæй тæдзуй æма фæстагмæ æнæвзагæй байзадæй.

## БÆХ ÆМА БÆХГÆС

Бæхгæс алли бон дæр бæхи зæтхæй давта æма 'й уæйæ кодта, æхе ба ин алли бон дæр кæдзос кодта æнæзийнадæй. Уæд имæ бæх дзоруй: «Кæд дæ уотæ хъæбæр фæндуй æма рæсугъдæй цæхæртæ калон, уæд мин мæ зæтхи хай мабал уæйæ кæнæ».

## РОБАС

Робас æрæстæфтæй сæнæфсери цæттæ цопæлттæ æма катай кæнуй, – ци амалæй сæмæ исхъæртон зæгъгæ. Берæ фæккатай кодта æма си ку неци рауадæй, уæдта æхецæн нифсæвæрæгау уотæ бакодта: «Уадзон бал сæ, нерæнги ма цъæх æнцæ».

## ХÆРÆГ ДОМБАЙЙИ ЦАРИ

Хæрæг æ уæле домбаййи цар æркодта æма еугурæй дæр бангъалдтонцæ – домбай æй, зæгъгæ. Уинунмæ имæ æрæмбурд æнцæ адæм æма фонс дæр. Уæдмæ æрбадумдта æма ин думгæ æ рагъæй домбаййи цар æргæлста. Уотемæй рабæрæг æй, домбаййи цари буни хæрæг ке адтæй, е æма 'й дзæбæх æрхъæбургъæ кодтонцæ.

## КАРК ÆМА СУГЪЗÆРИЙНÆ ÆЙКИТÆ

Еу хæдзари хецауæн æ карк алли бон дæр æфтудта сугъзæрийнæ æйкитæ. Хецауи бафæндадтæй, цæмæй ин æ карк

нигки фулдæр сугъзæрийнæ хæсса æма ’й равгарста. Уотæ æнгъæл адтæй æма æ хурфи сугъзæрийни къæртт ес, зæгъ-гæ, е ба разиндтæй хумæтæги карк.

## КÆСАЛГДЗАУ ÆМА КÆСАЛГÆ

Кæсалгдзау кæсалгæ æрахæста æма имæ кæсалгæ дзо-руй: «Корун ди æма мæ рауадзæ: уинис, нерæнги ма минкъий тъепа дæн, неци пайда дин исуодзæн, ку байрæзон, уæдта ху-æлæнгундæр уодзæн æма мæ уæд æрахæсдзæнæ».

Кæсалгдзау ба имæ дзоруй: «Æ къохи ци ес, уобæл федар ка нæ хуæцуй, фал фæстæдæрмæ устурдæр естæмæ ка æн-гъæлмæ кæсуй, е æдули æй».

## САГ ÆМА Æ БÆДОЛÆ

Еухатт саги бæдолæ хестæр саги æрдæмдта:

«Нæ фидихай, бакастæй ду куйтæй кæмити устурдæр дæ, дæ сикъатæ агъазиау, уæдта ледзунмæ дæр фуддæр нæ дæ, уæд си уотæ хъæбæр цæмæй тæрсис?..»

Зæронд саг ибæл ниххудтæй æма дзоруй: «Раст зæгъис, мæ кæстæр. Мæ мæгурдзийнадæ уой медæги æй æма куйти рæйд куддæр фегъосун, уотæ гъуди дæр нæма ракæнун æн-хæст, уотемæй ледзунбæл фæуун.

## КОСГУТÆ ÆМА УАСÆНГÆ

Хæдзари хецау æ косгути фегъал кæнидæ, куддæр сæу-мицъæхбæл уасæнгæ ниууасидæ, уотæ æма сæ кусти сæргъи æрлæууун кæнидæ. Косгути зæрдæмæ еци гъуддаг хъæбæр нæ цудæй æма исфæндæ кодтонцæ уасæнги фæд фесафун, цæмæй сæ хæдзари хецауи ма игъал кæна. Уасæнги ниммард-тонцæ, фал сæ уавæр ба хуæздæри бæсти нигги фуддæр фæ-цæй: хæдзари хецау фæттарстæй, – æгæр ку рафунæй уон, зæгъгæ, æма сæ нигги раздæр игъал кæнун райдæдта.



## КАРК ÆМА ЗÆРБАТУГ

Карк хелаги æйкитæ иссирдта æма сæбæл таунæги ниб-бадтæй. Зæрбатуг æй уотемæй фæууидта æма имæ дзоруй:

«Æдули къоппа! Ду сæ рауадздзæнæ æма ку райрæзонцæ, уæдта дин тæккæ фиццаг дæхе бастъалдзæнæнцæ».

## ЦÆУ ÆМА РОБАС

Цæу исæдонуг æй æма арф тæрфæмæ цъаймæ дон ниуа-зунмæ ниххизтæй. Æхе æгæр рафсаста æма фæууæзбундæр уогæй, фæстæмæ нæбал фæразта хердмæ æма уасун рай-дæдта:

Робас æ цорти æрбацæйуадæй æма имæ дзоруй: «Æду-ли къоппа! Дæ рехи цал æрдой ес, уойбæрцæ зунд дæ сæри ку уидæ, уæд бал ниххезуни размæ расагъæс кодтайсæ, фæ-стæмæ куд исрæдæхсдзæнæ, уобæл».

## КУЙ ÆМА Æ АУУОН

Еу куй хедбæл, дони сæрти фæццæйцудæй, æ къембурæй фиди хъуæлбæл хуæцгæй. Еу усми донмæ никкæсгæй, æхе ниууидта æма имæ уотæ фæккастæй, цума дони æндæр куй ес æд фиди хъуæл.

Æнæ фæстæмæ фæккæсгæй, æхе донмæ ниггæлста, цæ-мæй, дони ци куй ниууидта, уой фиди хъуæл байса. Уотемæй-ти ин æхе фид дæр дон фæлласта æма æнæнецæмæй бай-задæй.

## ХЪУРРОЙТÆ ÆМА КÆСАЛГЛАС

Еу лæг æ сæрæн нæбал адтæй хъурройтæй, æ байтуд тил-лæг ин ке æнсанстонцæ, уомæ гæсгæ æма хизтæ райтигъта. Хизти хурфæмæ хъурройти хæццæ кæсалглас дæр бахауд-тæй.

Кæсалглас лигъстæ кæнуй мæгур лæгæн:

«Дæ хуарзæнхæй, мæн исуæгъдæ кæнæ: – Æз хъуррой нæ дæн, æз кæсалглас дæн. Мах тæккæ кадгиндæр мæргътæбæл нимад ан, мæ пакъутæй дæр бæрæг æй, æз уонæй ке нæ дæн, е».

Уæд имæ лæг дзоруй: «Æз дæ хъурройти хæццæ æрахæстон æма дæ æвгæрдгæ дæр уони хæццæ никкæндзæн».

## РÆЗИКУСТГÆНÆГ ÆМА Æ ФУРТТÆ

Рæзикустгæнæги хъæбæр бафæндадтæй æ магоса фуртти æ дæсниадæбæл исахур кæнун. Ку мардæй, уæд сæмæ фæдздзурдта æма син ниффæдзахста:

«Мæ бæдæлттæ, ку рацох уон, уæд сæнæфсерæдонæмæ бацæудзинайтæ æма зæнхæ æркъахдзинайтæ, мæ хæзнатæ уоми римæхст æнцæ», зæгъгæ.

Æ фурттæ ибæл æцæгæйдæр бауæндтæнцæ æма сæ фидæ ку рамардæй, уæд баевдалдæнцæ æма сæнæфсери гæппæл хуæрзкъагъд æркодтонцæ. Хæзнатæ не ’ссирдтонцæ, фал хуæрзгъуд зæнхæ ба дессаги тиллæг равардта».

## ТÆРХЪОСТÆ ÆМА ХÆФСИТÆ

Еу уæхæни тæрхъостæ æрæмбурд æнцæ æма сæ цардæй гъаст кæнун райдæдтонцæ: «Нæ бон нæбал æй, адæм, куйтæ, цæргæстæ, се ’гас дæр нин мæлæтхæссæг æнцæ. Цæйнæфæлтау аци тæрсгæ-резгæй цæрæн, уой бæсти ба нæ мæлæт хуæздæр. Цæйтæ æма нæхе дони багæлдзæн».

Баунаффæ кодтонцæ æма цади билæмæ бамедæг æнцæ сæхе дони гæлдзунæрвонг. Сæ унæр син хæфситæ ку райгъустонцæ, уæд тæссæй сæхе донмæ бакалдтонцæ. Уæд тæрхъостæй сæ еу дзоруй:

«Барæнайтæ – ба! Минкъий бал нæхе фæууорамæн; куд кæсун, уотемæйти хæфсити цард махæй дæр фуддæр æй æнгъæлдæн, етæ ба ма махæй дæр тæрсгæ кæнунцæ».



## РОБАС

Робас скъæппæгмæ бахаудтæй æ къæдзелæй. Æхе ратудта æма уотемæй раервазтæй. Æхецæн гъудитæ кæнуй, нур мæ ходуйнагдзийнадæй ци амалæй фæййервæзон, зæгъгæ. Иннæ робæсти æрæмбурд кодта æма син лигъстæ кæнуй, цæмæй етæ дæр сæ къæдзилттæ ракъуæронцæ, уой туххæн. «Цæмæн нæ гъæунцæ къæдзилттæ, ци си кæнæн, уæлдай уæзæ ма тъолæн нæ фæсте, æндæр!»

Уæд имæ робæстæй сæ еу фæццурд æй:

«Дæхуæдæг къода ку нæ уайсæ, уæд уотитæ нæ дзорисæ». Къода робас хъиппгъон нæбал иссæй».

## ГЪÆДДАГ ÆМА ГЪÆУГКАГ ХÆРГУТÆ

Гъæддаг хæрæг хæрхæмбæлд фæцæй гъæугкаг æрмахур хæрæгбæл æма ин æ цардæй æппæлунтæбæл фæцæй. «Ци лигъз бауæр дæ, дæ хуаллаг дæр æвзаргæ, хуæрзадæ. Уой фæсте æрмахур хæрæгбæл æ хецау уæргътæ ку æрцургъта, æма ма ’й уесæй ку æрцæфтæ кодта, уæд гъæддаг хæрæг бамур-мур кодта: «Нæ, нæ, ме ’рвадæ, куд кæсун, уотемæй дæ рæсугъд царди хиццагæй неци ес, дæ адгин хуаллæгтæ дæ фæрстæй фæуунцæ».

## КУЙ ÆМА БЕРÆГЪ

Хæдзайрон куййи хуссæг æ буни искодта æма тарф фунæй бацæй. Уотемæй уобæлти æстонг берæгъ цуд фæцæй æма рагъавта куййи бахуæрумæ, фал имæ куй дзоруй: Берæгъ, багæдзæ кæнæ, уинис, нерæнги ма фудхуз, айдагъ истгутæ, дæн. Еу минкъий ма багæдзæ кæнæ, мæ хецæуттæмæ киндзæхсæвæр уодзæй, уоми мин цæлæ фæндон æма иснард уодзæнæн, æма мæ уæд бахуæрдзæнæ. Берæгъ ибæл бауæндтæй æма рафардæг æй. Иннæхатт бабæй берæгъ уобæлти цуд фæцæй, кæсуй æма куй хæдзари сæрбæл бадуй. Берæгъ æй фæрсуй: «Æйдæ, киндзæхсæвæр раевгъудæй?»

Куй ба имæ дзоруй: «Игъосай, берæгъ, иннæхатт ма мæ ду-

армæ хусгæ ку феййафай, уæд-еу киндзæхсæвæрмæ мабал фенгъæлмæ кæсæ».

## КЪОГЪО ÆМА ДОМБАЙ

Къогъо домбаймæ батахтæй æма ’й æ разæй искодта: «Нур ду уотæ æнгъæлис æма мæнæй тухгиндæр дæ! Æндæр маци фæууинай! Ци тухæ ес дæумæ? Æрмæстдæр дæ бон æй дæ нихтæй тонун æма дæндагæй æхсинун. Æма уотæгъон силгоймæгтæ дæр æнцæ сæ лæгти хæццæ. Æз дæуæй тухгиндæр дæн. Рацæуай æма нæ хъаритæ равзарæн». Къогъо низзæлланг кодта æма домбаййæн кæми æ фиййи рагъбæл фæххуæцидæ, кæми æ ростæбæл. Домбай кæми æ фиййи рагъ нитъттъæпп кæнидæ æ дзæмбуйæй, кæми æ нихтæй æ рос ратонидæ, æма уотемæй æхе еугур саугъолæнттæ искодта. Æппунфæстаг æдухæй æрхаудтæй. Къогъо æ фурциййнæй нигки хъæбæрдæр ниггув-гув кодта æма фæттахтæй. Цæйбæрцæ рацудæй, уæдта хæлаури тунтæмæ бахаудтæй æма ’й хæлаур цъирун райдæдта. Уæд къогъо æхецæн дзоруй: «Тухгин домбайбæл фæууæлахез дæн, фал аци нецæйййаг хæлаури къохæй ба мæлун».

## ТИКИС ÆМА МИСТИТÆ

Еу хæдзари миститæ æгæр исарæх æнцæ. Тикис сæбæл фæгъгъомпал æй æма сæ ахæссун райдæдта. Миститæн сæ нимæдзæ дзæвгарæ ку фæмминкъийдæр æй, уæд исфæндæ кодтонцæ: «Уотæ бакæнæн æма царæмæ нæхе исесæн, ардæмæ нæмæ тикис не ’схъæртдзæнæй», – зæгъгæ. Тикис уой ку балæдæрдтæй, уæд гъуди кæнун райдæдта: «Кутемæй сæ расайон», – зæгъгæ. Æ еу дзæмбуй нихтæй æхе царæбæл бунмæ æрауиндзæг кодта æма уотемæй æнгъæлмæ кастæй. Еу мистæ имæ ракастæй æма имæ дзоруй: «На, мæ хор ракæнай, цармæ бæттæнæй баст дзæкъолæ ку фестай, уæддæр дæмæ хастæгдæр нæ бацæудзæнæн».



## ЗÆРОНД ЛÆГ ÆМА АДЗАЛ

Зæронд лæг согтæ æркодта æма æргъом æ рагъмæ исæргъувгæй, ранæхстæр æй æ хæдзарæмæ. Хæдзарæ идардгомау адтæй, æ уаргъ ба уæззау æма бастадæй. Æ уаргъ æрæвардта æма æхецæн дзорæгау, уотæ ба кодта: «Ай бæсти мæ адзал ку фæззиннидæ». Уайтæккидæр адзал æ сæргъи æрбалæудтæй æма зæрондмæ дзоруй: «Мæнæ дæн, ци ми кæнис?»

Зæронд лæг нæ фæттарстæй, фал имæ дзоруй: «Мæнæ мæмæ ме ’ргъон исæргъувунмæ фæккæсæ».

## БÆХ ÆМА Æ ХЕЦÆУТТÆ

Рæзикустгæнæгмæ адтæй еу бæх æма ибæл сæумæй изæрмæ косгæ берæ, хуаллаг ба минкъий. Бæх Хуцауæй курдта, цæмæй æй æндæр хецауи амæттаг бакæна. Æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Æ хецау æй рауæйæ кодта гъосинтæгæнæгæн. Бæх бацийнæ кодта, фал куд рабæрæг æй, уотемæй гъосинтæаразæгмæ ба нигги фулдæр куст адтæй.

Æма бабæй бæх нæуæгæй Хуцауй корун райдæдта, цæмæй æй уомæй дæр фæййервæзун кæна. Гъосинтæ уæйæгæнæг дæр бæхи рауæйæ кодта цæрттæесæгæн. Бæх бацийнæ кодта, фал æ нæуæг хецауи тургъи бæхи цæрттæ ку бауидта, уæдта бустæги æ зæнгитæ бадон æнцæ æма никкудтæй: «Ай бæсти ба мæ фиццаг хецæуттæмæ ку кустайнæ, уоми æрмæстдæр косгæ кодтон, ами ба мин мæ цар дæр æстъегъдзæнцæ».

## ДОМБАЙ ÆМА РОБАС

Домбай æрзæронд æй, æ бон сирдтæ ахæссун нæбал адтæй æма исфæндæ кодта уонæбæл мæнгардæй цæун. Лæгætмæ бацудæй æма æхе сæйгæфсон искодта. Сирдтæ имæ бæрæггæнæг бацæуионцæ æма сæ е ба бахуæридæ. Робас гъуддаг балæдæрдтæй æма имæ сæйгæфæрсæг бацæугæй, лæгæти дуармæ æрлæугæй, дзоруй: «Гъи, куд æй дæ уавæр?»

Домбай ин дзуапп равардта: «Лæгъуз, лæгъуз! Медæгдæр цæмæннæ рахезис».

«Медæмæ ба уой туххæн нæ цæун æмæ лæгæтмæ медæмæ берæ фæдтæ ес, фæстæмæ ба си еунæг фæд дæр нæййес», – дзуапп ин равардта робас.

## САГ ÆМА СÆНÆФСЕРÆДОНÆ

Цауæйнæнттæй тæрсгæй, саг æхе сæнæфсерæдони æрримахста. Етæ ку раевгъудæнцæ, уæдта саг сæнæфсери сифтæ хуæрунбæл балæудтæй.

Цауæйнæнттæ æрæстæфтæнцæ, сифтæ æзмæлгæ ке кæнунцæ, уой æма фæггурусхæ æнцæ, – нæ саг уоми æхе ма бафæсвæд кæнæд, зæгъгæ. Фехстонцæ æма саги фæццæф кодтонцæ. Саг ма æ уодесгæй рагъуди кодта: «Уотæ мæ гъæуй, ци сифтæ мæ бааууон кодтонцæ, уони кумæ хуардтон».

## БЕРÆГЪ ÆМА СÆГЪÆ

Берæгъ уинуй: – Сæгъæ бæрзонд риндзæбæл хезуй æма имæ багъузæн некæбæлти ес æма имæ дзоруй! «Бунмæ æндзæрмæ цæмæннæ æрхезис, ами рауæн лигъздæр ку æй, уæдта си кæрдæг дæр хуæрзадæдæр æй».

Сæгъæ ба имæ дзоруй: «Гъей, берæгъ, æндзæрмæ мæ мæн хуарздзийнади туххæн нæ хонис, дæхе губуни мæтæ дæмæ ес».

*Уруссаг æвзагæй Колити Виталий тæлмац*





ОСМАНТИ Хыйса



## УАЗАЛ АДАГИ КАРЗ ТОХ

### Радзурд

Балхъарий-Ассий бæрзонд хуæнхаг кæмттæй еуеми уайæги уайуй, æнæрлæугити цæуй цæугæдон. Еу дорæй иннемæ, хеваст æнсæндгæй, æ даргъ æнæлæдæрд зар кæнуй. Æ æвдадзæ уомæйладæй цард дæттуй æма æфсадуй хумзæнхитæ, иугуæрдæнти, лухгæнгæ цæуй æносон хуæнхтæ æма урдуглæууæг айнæгутæ, къæдзæхти. Æ даргъ фæндаг даруй и лигъз будуртæмæ. Кæмидæрти ба æхе раримæхсуй къундæги, кæмидæрти ба сауæнгæ æ билти уæнгæ лæкъун донæй райдзаг уй – ку райвулуй фæскарзуарунтæ уæд, æма фæйнердæмæ и билтæй ракæлуй. Гъе уотемæй æ цудæй ку не ’нцайуй еци цæугæдон, фал æностæй ардæмæ…

Æ галеу билгæрони уæлхонхи урдуг лæууй еу зæронд галауан. Изолмæ уотæ зиннуй, цума е дæсни къохтæй дæр арæзт не 'рцудæй, фал ардигон аллихузи дортæй рантæстæй раги кæддæр. Еунæгæй сæрустурæй гъæуай кæнуй аци комбæсти сабурдзийнадæ. Раст зæгъгæй, рагæй нурмæ – цалдæр æноси æ сæрти нæбал бурсуй, хелагау ратасæ-батасæ кæнгæй, пеллон арти хъуæцæ. Фæлмæн гъунай буни фæцæй æ бундор æма доргай æгъзæлгæй, ихæлунцæ къуру æма гобий фæрстæ.

Берæ фæлтæрти разæй рандæй, райевгъудæй æнæрбаздæхгæ, устур гъулæггагæн, аци фæрнæйдзаг бунæттæй адæймагон цард. Ардæмæ бæлццон хонæг нарæг къахфæндаг хъамил æма пурусати буни ку фæцæй. Медæгæй ба æ ревæд хатæнти хеваст æлдареуæг кæнуй и хауæлли хуæнхаг думгæ, арæх зийнадæ гæнгæй, æрзелуй ами и талингæ къумти, æнцонтæй фæгъгъазуй тургъи гъар бæзгин ругти хæццæ, хатгай тогдзух сирдти уаст– скъотти хузæн дæр райгъусуй æ « уахъæр» æма адæймаги бауæри сауæнгæ æстгути уæнгæ дæр æнцонтæй бахезуй.

Аци галауани туххæй дæр дзоруй зæронд истори: цъухæй-цъухмæ дæттунцæ каргунтæй хестæр кари адæммæ, хестæртæй ба, – гæзæмæ ка фæууорсхелтæ 'й, уонæмæ. Еци таурæхъ, балци кæнæгау, æ над ракæнуй хуæнхаг гургъахъ нæдтæ æма фæзтæмæ, еу нихæсæй иннæ нихæсмæ, еу къæсæй иннæ къæсмæ кæми хуæрзцубурæй, кæми ба ма ибæл дзоргæ-дзоргæй, «къæхтæ æма къохтæ дæр» æфтуд æрцæуй. Æз дæр уин радзордзæнæн, мах уæнгæ ци таурæхъ æрбахъæрттæй, мæхе гъостæй ци фегъустон, уой.

Раздæриккон дзамани, цалдæр æносей размæ, толдзæй конд сагъадахъ тохæг адæймагæн тохæндзаумаубæл нимад ма ку цудæй, уæд æ мадæ æма фиди хæццæ цардæй аци устур галауани еу сиахъ. Уомæн æ ном хундтæй Сосланбий. Хуæрзæригонæй е хæтун райдæдта цауæни. Гъома? Хъалон есун райдæдта сирди бардарæг цитгин Æфсатийæй. Æ рæбунти: гъæдтæ, адæгтæ. Кæмттæ, тар лæгæттæ исахур кодта, басгарста сæ æма сæ зудта, раст цума æ фиди хæдзари адтæй, уотæ. Арæх æрæхсæвеуат кæнидæ и асхъод тар лæгæтти, е 'донуг басæттидæ сæхæгдонæй. Уæхæн хуæнхаг æфцæг æма бæрзæндæ нæбал байзадæй, е кæцитæмæ не 'схизтæй,



æздухстиутæ дзæбодурау, балæудтæй берæ æведзуг рауæнти. Урдуг лæугæй, хуæнхти бæрзæндтæбæл, æ сæрмæ и уомæл мегътæмæ лæмбунæг ку кæсидæ, уæд ин и хъал думгæ ба æ дзиккотæй гъазидæ. Берæ хæттæлти бонхуарз зæгъидæ зæрийнæ рохсцæсгом сæуæхсеттæн, æ бугъзур армкъох фæндарасти тилд ракæнидæ, гъома, нæ иннæ фембæлдмæ, зæгъгæ, хуæнхти фæсонти фæсте æхе раримæхсæг æнкъард изæрæхседмæ. Еу комæй иннæ коммæ цæугæй, фусумуати адтæй æгас цæрæг гъæути дæр. Берæ адæми базудта, уомæ гæсгæ ба ин æмбæлттæ дæр минкъий н' адтæй.

Еу хуæнхаг гъæуи цардæй фурррæсугъд æма гурведауцæ кизгæ – Арикæз, гъома, «рæсугъд цæститæ». Адтæй бæрзæ бæласи æмæнгæстæ сæнтуорс бауæр. Сосланбийи хæццæ кæрæдзей бауарзтонцæ. Уæдмæ исфæндæ кодтонцæ киндзæхсæвæр искæнун, еу бийнонтæй лæг æма уосæй цæрун.

Гъо, рæстæг хатгай фæттæхуй, раст мæнæ думгæ мегъти куд фæссоруй, уоййау… Уæдмæ бæлæстæ дæр бабæй цъæх – цъæхид сифтæрæй исфедудтонцæ. Æрбахъæрттæй сæ цийнæдзийнади æмгъуд дæр.

Еу бон ба сæумæраги Сосланбий æхе бахатта корæгау æ фидæмæ:

– Бахатир кæнæ, нæ фидæ…

– Неци кæнуй… Игъосун дæмæ…

– Хуæнхтæ мæмæ дзорунцæ,нæ фидæ… Айфонгæ уоми и дзæбодуртæ фурнæрдæй цъæртт кæнунцæ. Кæд æнгъезуй, уæд мин барæ радтæ, æз ба Уазал адагæмæ бабæй рабалци кæнон цауæни. Байархайдзæнæн цурд æрбаздæхунбæл. Гъæуама сирди фидæй нæ бийнонтæ бафсадон.

– Куд кæсун, уотемæй, биццеу,ду цæттæ дæ балций ранæхстæр унмæ… Уомæ гæсгæ ба дæ нæбал уорамун. Берæ райстай ду Æфсатий фонсæй æма 'й е зинтæй феронх кæнунйау æй… Кенæ ба 'й нæ феронх кæндзæнæй. Корун ди, мæ биццеу, дæхе гъæуай кæнæ. Хуæнхаг нæдтæ хъæбæр тæссонд æнцæ.Уогæ дæуæн сæ нур амонун нæбал гъæуй. Цибæлæй дæмæ æнгъæлмæ кæсдзинан, федарæй ми æруагæс кæнуй, сæрæгасæй нæмæ ке æрбаздæхдзæнæ фæстæмæ дæр,– дзуапп ин равардта ниллæгхъурихаттæй æ хъиамæттгун фидæ.

Уазал адагæ адтæй и дзæбодуртæн сæ уарзон бунат. Ами

сæхе багъæуаги сахатти тогдзух сирдтæй уайтагъд раримæхсиуонцæ. Ардæмæ цудæй нарæг къæдзæ – мæдзæ къахнад. Сæрæй æма бунæй – кæрзлух къæдзæхтæ, бунæй дзæбæх зиндтæнцæ агъазиау тугул дортæ. Етæ зæйти хæццæ рацудæнцæ.Сæрæй зиндтæй,раст сæгъи цæстау, итигъд арв, кæцибæл накæ кодтонцæ уорс-уорсид, иситт цъоппи хузæн, мегътæ. Гъузгæ– гъузгæ арæхстгай фæццæуй и æригон цауæйнон. Æ зæрди ес изæрдалингтæмæ æд идзаг уаргъ уарзон бийнонтæмæ æрбаздæхун…

Берæ фæццудайдæ, минкъий фæццудайдæ Сосланбий?.. Дуйней фарнæ æ зонæг. Уæдмæ ба æрæстæфтæй сæнтуорс дзæбодури, кæцимæн æ даргъ боцъо фелудта дууердæмæ. Ислæудтæй е 'мбæрцæ циргъ айнæги кæронбæл. Рæстæгæй – рæстæгмæ æ сæр фæйнердæмæ разел-базел кодта: фæндæ 'й адтæй æ пазбунти уавæр… Еунæг нæ адтæй ами. Æ хуæдрæбун сæгътæ бæдæйнаг хуæнхаг сонгун кæрдæгæй сæ мондæгтæ уадзунцæ, сæ рагзад дæркъитæ ба, кæрæдзей хæццæ гъазгæй, цæрдæг гæппитæ кæнунцæ. «Цæйбæрцæ хæтун хуæнхти цауæни сирдти фæсте, уæдта æнæуой дæр, фал дессаг… Ауæхæн рæсугъд цæрæгой ба фиццаг хатт уинун. Æвæдзи, йе Æфсатий æй дзæбодури хузæн?.. Цæй æма имæ хæстæгдæр бацæуон, лæмбунæгдæр имæ æркæсун гъæуй…» – æхецæн рагъуди кодта и цауæйнон. Размæ бургæ арæхстгайти и къæдзæхбæл æхе дормæ æнгом фелхъевидæ. Æ уолæфт еу гæзæмæ æруорамгæй, æ гъузуни кой кодта Сосланбий. Дæхе ку нæ ниуууорамай аци лигъз къæдзæхи фæрстæбæл цæугæй, уæд, дæ фудгол дæр ма уотæ, – тæхдзæнæ сауæнгæ бунмæ – аци лигъз фæрстæбæл ба,æгæр мæгур, багъæуаги рæстæги, къохтæй цæбæл фæххуæцай, е дæр ма си ку нæййес. Уогæ, уонæбæл æппундæр нæ гъуди кæнуй Сосланбий. Йе 'гас гъудитæ дæр æнцæ æ нивондбæл, æ къæхтæбæл ба фæлмæн къахидарæс галдзарæй, æ астæубæл ба – фæрсинсад хъæма æнгом баст. Минкъий ма исбурун гъæуй уæлæмæ, уæдта дууæхстон топпæй фехсун дæр æнгъездзæнæй…

Уорс дзæбодур æппундæр ку нæ гурусхæ кæнуй мæлæтæй тасдзийнадæбæл, фал æдзохдæр ба æй фуркъæрццгъос. Фæрсæрдæмæти гъæуæйттæ кæнгæй, хæрдмæ цæрдæг фелвасуй æ раззаг къæхтæй уæд сæ еуей, уæдта сæ инней, дорбæл сæ æртъæпп кæнуй æма бабæй æрсабур уй. Йе 'рух кумæ раздахта уоми, и кæрзурдуги арф æскъудбæл бунмæ æхе æруагъта, цурд æмпурсæнтæ кæнуй агъазиау бор-борид сау дзæгъæртти хæццæ бæгъеттцæститæ тикис. Е æй сæ тогмондагдæр фудголтæй еу – хуæнхаг фæранк – мусу. Берæ дæркъитæ бабун кодта, рамардта æ рæстæги. Æрмæст си æ маст ба уоци фудракæндтити туххæй ку некема райста. Цауæйнонмæ уотæ фæккастæй, цума дзæбодури фæттæрсун кодта. Уомæ гæсгæ ба æхе и устур дори фæсте æртъæпæн кодта римæхсæгау. Уогæ дзæбодур ба е 'ргом раздахта даргъкъæдзелгин дзæгъар циргъ дзæмбутæгинмæ. Нæуæгæй бабæй æ хаймæ æрбацудæй. Æрмæст аци хатт ба ин уотæ æнцонтæй нæбал рауайдзæнæй æ гъуддаг. Уадзæ æма равзара и тогдзух хæстæг æрбацæуనмæ, цума гъеуæд æ артæнти циргъ сикъатæй дорæй хъæбæрдæр цæф нæ баййафдзæнæй æма бунмæ сæрисæфæнмæ гæлст æрцæуздзæнæй. Уæд тог фист æрцæуздзæнæй. Ихæс, дан, федунæй федауй…

Фæранк – мусуй дæр нæ евдæлуй и дзæбодурмæ. Цæмæннæ?.. Йе размæ инуй æндæр нисан. Гъома?.. Адзалхæссæг дукъахуг цауæйнон лæг æ рæбунтæмæ хæстæг фалдзоси æй æма æфхуæрд баййафа. Уордæмæ æнæстуфæй бабурун гъæуй, уой фæсте ба – еу цæрдæг гæпп, еу гъæдæг фæррæтигъд – рæтъузт дзæмбуйæй бауæрæн… æма æвæстеуатæй тогæйдзаг нивонди бунмæ гæлдзгæ. Алли алкæдмæ…

Æздухстсиутæ дзæбодур ниссабур æй, æ тарст цæстингас исаразта мусумæ. Æнгъæлмæ кæсуй, цума ин кæд фæуууодзæнæй уæхæн фадуат, уæхæн усмæ, цæмæй æй, кæдæйуæдæй, бунмæ нисхуайа æдæрегъæдæй. Еу даргъ санкъех ма æма йе 'знæм фæййервæздзæнæй,тасдзийнадæ си бустæгидæр феронх уодзæнæй. Нæуæгзад гæппой дæркъитæ зæрди фæндон кæдзос арви бунмæ мерст кæндзæнæнцæ цъæх-цъæхид сонгун кæрдæг. Цауæйнон лæг ба æрцæттæ кодта саздахъ, æ къæлæтбæл баст бæттæн ин итингивазт рацæйкодта, дзæбодурмæ нигъгъавгæй. Уæдмæ ба æ тæккæ сæрмæ багæпп кæнунмæ æхе ку æрцæттæ кодта и дзæгъæртæцаргин устур тикис. Еу цæстиæрфæлкъуæрд æма ин æ фæсонтæбæл е 'цæгæй ранодар уодзæнæй æ циргъ дзæмбутæй. Хъæбæр зинтæй ес уомæй ескутемæйти райервæзун…

Алке дæр си уинуй айдагъдæр æхе нисан, тасдзийнадæ

ӕрцӕунбӕл, – уоди зиан ӕрцӕунбӕл ба си куд неке рагъуди кӕнуй. Адӕймаги фурти фӕндуй ӕхецӕн бахуӕруйнаг кудфӕндийӕйдӕр исамал кӕнун, тогдзухи ба – ӕ дукъахуг нихмӕлӕууӕги изолмӕ фӕссорун, дзӕбодури ба фӕндуй ӕрмӕстдӕр ӕ берӕ ӕнзти маст райсун… Хорзӕрийнӕ сӕ сӕрмӕ, е ӕ аллибони даргъ фӕндаги кӕронмӕ бабӕй фӕхъхъӕртун кӕнуй, ӕ фӕстаг фӕлмӕн тунтӕй сурх кӕнуй итигъд арви гурӕ… Ӕгасӕй дӕр сӕ сӕри цалхбӕл ӕнцӕ фуркатайӕй ӕма сӕхе цӕттӕ дарунцӕ мӕлӕтхӕссӕг багӕппмӕ.

Нӕлгоймаг цауӕйнон сабургай исуагъта саздахъи ӕздухст бӕттӕн, ӕ циргъкӕрон фат скъоттгӕнгӕ фӕттӕхуй ӕма ниххастӕй ӕнӕнгъӕлти сӕгъи суйни. Ӕ медбунат йе ’мбӕрцӕ хӕрдмӕ фесхъиудтӕй и дзӕбодур. Ку нӕ балӕдӕрдтӕй, и мӕгурдӕйраг еци асдзагъд – тӕхсгӕ рист кӕцӕй ӕй, уой. Раст еци рӕстӕги ниййазӕлдӕй дзӕгъӕрттӕцар даргъкъӕдзелгин ӕрбагӕппгӕнӕг тикиси гъӕр – хъист уаст. Сосланбий и ӕнахур уастмӕ ӕваст бӕргӕ фӕккастӕй. Ӕрмӕстдӕр ма и тикиси дзӕгъӕрттӕ гурӕ ӕрӕстӕфтӕй, е ’рдӕмӕ, ӕхст фатау,тӕхгӕй. Сагъадахъ еуварсмӕ фентъохгӕй, мусуй хъур ӕ дууӕ къохемӕй райахӕста. Цӕф дзӕбодур фӕууидта, ӕ тог кӕцӕй уадӕй пурфӕй, уой. Еу устур гӕпп ракӕнгӕй, агъуд тикисбӕл ӕхе багӕлста ӕма ин ӕ дууӕ циргъ сиуи дӕр ӕ уӕцъӕфи ӕдӕрегъӕдӕй фӕммедӕг кодта.

Аллихузон гъӕр, уаст ӕма фӕдесӕй байдзагӕй и Уазал адагӕ. Фӕрсӕйкӕсӕг тарст сӕгътӕ сӕхе арф цъӕсгити раримахстонцӕ. Ӕртӕ тохӕги тохунцӕ хауӕни билӕбӕл. Бунӕй изоли ба – лигъз дорин фарс сауӕнгӕ зӕнхи уалдӕнгӕ, сӕрӕй дӕр – къӕдзӕх: ӕнгъезуй хе ратонун тогдзухӕй, фал еунӕг гӕппӕй уой уӕнгӕ исхъӕртӕн ку нӕййес. Ӕздухт устур къубулӕнттау, райваз-байваз кӕнунцӕ кӕрӕдзей ӕртӕ тохӕг гури и ӕносон къӕдзӕхбӕл… Фал си ку неке исуадзуй инней.Куд неке си фӕттӕрегъӕд кӕнуй иннемӕн?.. Уӕлахез дӕр си ку неке кӕнуй, уӕдта мӕлун дӕр си ку неке фӕндуй. Гъай-гъайдӕр, мӕлунӕй цӕрун хуӕздӕр ӕй. Уобӕл уӕлдай загъта ку нӕййес. Сосланбий бӕргӕ хъӕбӕр тухгин ӕй, фал ӕ реути арф бацудӕнцӕ и гъӕддаг тикиси мӕлӕтхӕссӕг дзӕмбутӕ. Тикис дӕр хуӕздӕр уавӕри нӕй: ӕ гъар тог уайуй ӕ губунӕй дзӕбодури сиути цӕфӕй. Уорс



дзӕбодур дӕр сагъадахъи фати цӕфӕй ӕ уӕлиуон рохс царди кӕронмӕ фӕхххӕстӕг ӕй.

Се ’ гасей дӕр бӕргӕ фӕндуй ескутемӕйти фӕййервӕзун, фал царди сӕрбӕлтау еу си гъӕуама инней рамара. Ӕдӕуагӕ гъӕуй хе ратонун ӕма фестун, фал уомӕн уӕн нӕбал ес. Ӕгӕр федар гъӕбесӕй хуӕцунцӕ кӕрӕдзей хӕццӕ. Сӕ фуддӕйрагӕн, ӕртемӕй сӕ кӕрӕдземӕй ку нӕбал ӕртӕсунцӕ. Разелӕ-базелӕ кодтонцӕ айнӕг дорбӕл: еуӕрдӕмӕ – инне ’рдӕмӕ. Уӕд айнӕгмӕ бахӕстӕг уиуонцӕ, мӕнӕ-мӕнӕ нуртӕккӕ бунмӕ ӕлгъист сӕрисӕфӕнмӕ ниххаудзӕнӕнцӕ, уӕдта бабӕй уордигӕй иннердӕмӕ разелиуонцӕ. Мӕлун си, ке зӕгъун ӕй гъӕуй, ку неке фӕндадтӕй. Алке дӕр си ӕ тухӕ – ӕ бонӕй архайдта фӕууӕлахез унбӕл. Уо, фалӕ сӕ зарӕн ӕ зӕрдӕмӕгургӕнӕн кӕрон ӕрхъӕрттӕй. Алли гъуддагӕн дӕр, дан, райдайӕн ӕма байдауӕн ес…

Ӕнкъард изӕрмелтӕ кодта. Мадӕ хор бабӕй ӕхе и ӕносон хуӕнхти фӕсте римахста. Арви реубӕл фиццаг ӕрвон ӕстъалу ферттивта. Е адтӕй Уазал адаги карз тоги фӕстаг ӕвдесӕн.

Ка ин ци зонуй: цӕйбӕрцӕ рӕстӕг рахаста уоци ӕнауӕрдон хъурӕй-хъурмӕ тох?.. Ма-гъа! Берӕ хъауритӕ ӕма тог фесавдӕй. Уо, фалӕ ӕгасӕй дӕр сӕ цардӕй «рандӕ ’нцӕ…» Уомӕ гӕсгӕ ба сӕ царди берӕ сагъӕсти мӕтӕ дӕр ку нӕбал ес. Карз тох кӕнгӕй, алке дӕр си архайдта йе ’знаги рамарунбӕл, уой марди уӕлгъос ӕрлӕууун, никкӕун, еу цӕстиӕрфӕлкъуӕрд уӕлахездзауӕй, сӕрустурӕй хеуонтӕмӕ ракӕсун. Фал…

Нӕдӕр адӕймагӕн, нӕдӕр сирдӕн, нӕдӕр фонсӕн е ӕ арми ку нӕ бафтудӕй. Ӕртемӕй дӕр етӕ еумӕ, ӕнгомтухт къубулойнау, бунмӕ гъӕр-фӕдес кӕнгӕй, сӕрисӕфӕнмӕ хаугӕй, фуртӕссӕй сӕ тог сӕ хурфити баласта. Зӕрдӕ ба ӕносмӕ ӕ косунӕй банцадӕй. Хуӕнхаг уазал цӕугӕдон сӕ уайтагъддӕр ӕ агъазиау гъӕбеси бакодта.Ӕрмӕст ма ӕ ӕнӕхатир уӕззау фӕлхъӕзӕнтӕ ба еу ӕрдигӕй иннердӕмӕ зуст ӕнтъухт фӕккӕнунцӕ… Ӕндӕр неци ӕма некуд. Уо, ӕрхъӕрдтӕй Уазал адаги карз тохи кӕрон.

Тогцъух гъолӕнттӕ тикис цауӕни нӕбал рацудӕй. Ӕ мондӕгтӕ нӕбал исуагъта и уӕлвонги хӕтагӕ дзӕбодури,

тулфæ калгæ, фидæй. Сабургай æ сосæг нарæг къахнæдтæ кæрдæги æма фæсали буни фæцæнцæ. Уорс дзæбодур дæр сæрбæрзондæй нæбал рафæлгæстæй æма нæбал фæууидта æ алливарс рагзад дæркъити æд маддæлтæ сæ сикъатæй, кæрæдзей хæццæ гъазгæй, куд арæхстгай уæлдзæнцæф никкæниуонцæ уой.

Цардгъæуагæ цауæйнон дæр фиццаг æма фæстаг хатт фæссайдта æ федар зæрдæбайвæрд. Гъома? Кутемæй?.. Æ тумугъ æма уарзон бийнонтæмæ нæбал æрæздахтæй раздæрау Æфсатиййи цæстуарзон лæвари хæццæ. Цæугæдон æй сæхемæ ку нæбал рауагъта. Æ рохс фæндитæ исæнхæст кæнун,устур гъигагæн, æ арми нæбал бафтудæй Сосланбиййæн. Æ курухон фиди хæццæ зæрддаг дзубандитæ нæбал ракодтонцæ. Нæбал байгъуста сæ хæдзардари зундамундтитæмæ. Мадта æ ниййерæг мадæ дæр ин æ гъар къохтæй æ сæр нæбал æрсæрфта. Уæуиа, не 'рхудта, æгас кинддзон кизгуттæй имæ тæккæ рæсугъддæр ка кастæй, уоци кинддзони… Æ фæллойнæгæнагæ ниййергути зæрдитæ ку нæ балхæдта «уæраги хъанзæй» – адгин бæдоли бæдæлттæй.

Бийнонтæ ба имæ бæргæ цибæлæй æнгъæл кастæнцæ. Дуари алли удзæлмæ дæр ку ракæсиуонцæ.Уотæ сæмæ бæргæ кастæй: мæнæ нуртæккæ, фæстæдæр,æнæмæнгæ, сæ фæрнуг хæдзари къæсæрбæл медæмæ бабæй æрбацæуддзæнæй. Фудгинæй бацæудзæнæй æ фидæмæ, уæдта æ мадæмæ. Фæлмæн хъуритæ бабæй сæ ракæндзæнæй æма син балæдæрун кæндзæнæй, лигъститæ кæнæгау: «Ба мин хатир кæнетæ, нæ хъазар ниййергутæ. Æз уæ куд берæ уарзун, уой,æвæдзи, сумах нæ зонетæ…»

Гъо, е адтæй сæ ходгæ хор, æгæрон цийнæ æма имонау гъардзийнадæ.

Фал… Сæ фурт ба хуæнхтæй ку нæбал æрбаздахтæй. Даргъ уазал бонти æнафонæмæ сæ тургъи æма æрбацæуæни фæстæмæрауадзгæ даргъ къелабæл фæббадунцæ, цалинмæ еу изæр ба хæдзарæмæ бацудæнцæ, се 'нгъæл базонгæй. Хæдзарæмæ, сæ фæсте дуар æнгом нихгæдтонцæ, цæмæй уордигæй æндæмæ мабал рацудайуонцæ…

Æ содзагæ цæстисугтæй æхе æхснадта Сосланбиййи уарзон кизгæ Арикæз. Берæ рæстæги сау хъæппæлтæ фæддардта æ уæле. Берæ лæхъуæнти зæрдæ имæ дзурдта, æ хæццæ



сæ идарддæри цард байеу кæнуни туххæй, фал ку некæмæн равардта аразий дзуапп. Зудта, аци уæлиуон дуйнебæл кæд Сосланбиййи хæццæ сæ цард еумæ бацæрун син нæ бантæстæй, уæддæр и «æцæг дуйней» ба,æнæмæнгæ, фембæлддзæнæнцæ æма æносмæ кæрæдземæй нæбал рартæсдзæнæнцæ.

Уæдæй ардæмæ тухуаст берæ рæстæг райевгъудæй. Аци хуæнхбæстæй берæ дзиллитæ рандæ 'й лигъз будурмæ цæрунмæ. Сосланбиййи ци адæм зудта, етæ дæр уодæгас ку нæбал æнцæ. Берæ аллихузи фæлтæртæ кæрæдзей раййивта. Ци бакиндæуа?! Царди федар фæткæн æййевæн нæййес.

Гъо, еу дзаман, еу фæлтæр æййевуй инней. Цауæйнон Сосланбиййи кой ба ма нур дæр ахидт ракæнунцæ. Хестæртæ 'й сæ кæстæртæн радзорунцæ. Етæ ба 'й, гъай-гъай, багъуди кæндзæнæнцæ æма 'й етæ дæр сæ кæстæртæн радзордзæнæнцæ.

И зæронд мадзора мæтъæлдзаст галауан уæлкъæдзæх ихæлуй доргай, фал æй уæддæр евгъуд догæн ба æвдесæн. Нур дæр ма ардæмæ хевастæй фæззиннунцæ зумæги скъоттгæнагæ уазал бурдæнтæ, æнхъуæт сæрди ба – карз уаруртæ æма фæлмæн къæвдатæ… Хор сæ ку расоруй, уæдта æ фæлмæн тунтæ æрбадунцæ зæронд галауани фæрстæбæл æма ин æ уазал дортæ фæттавунцæ. Лæмбунæг сæмæ ку æригъосай, уæд адæймагмæ уотæ фæккæсуй, цума етæ сæ кæрæдзей хæццæ къус-къус кæнунцæ… Уотæ бангъæлун дæр æнгъезуй: кæд æй, ами ци берæ адæм цардæй, уони дзорун. Æцæг дуйней кæрæдзей иссердтонцæ, кæдæй-уæдæй фембалдæнцæ. Хатгай ба ардæмæ дæр æрбаздæхунцæ, фæййагорунцæ, кæддæр ци зæнхон амонд иссердтонцæ, уой.

*Уруссаг æвзагæй ХОХОЙТИ ЭНВЕРИ тæлмац*

# НÆ ЮБИЛЯРТÆ

## ГОДЗОЙТИ ХАСАН – 60 АНЗИ

### ПОЭТИ ЦИРТДЗÆВÆН

Аци анз 60 анзи гъæуама исæнхæст адтайдæй нæ уарзон æнгарæ æма поэт Годзойти Нæуæги фурт Хасани райгурдбæл.

Исæнхæст адтайдæ бæргæ, фал...

Хъисмæти цæстæ ин нæ бауарзта фулдæр царди бонтæ. Цалдæр анзи рацудæй, кæдæй Хасан не ’хсæнæй фæгъгъудæй, уæдæй. Æма кæд æхуæдæг нæбал æй, уæддæр ма æ кæдзос зæрдæй финст æмдзæвгитæ ба цæрунцæ не ’хсæн, азæлунцæ адæймаги гъости, æмбæлунцæ зæрдæбæл. Поэтæн æ уадзимистæ æ фæсте цæргæ ку байзайонцæ, уæд ма уомæй устурдæр хуарзæнхæ ци гъæуама уа авторæн. Æма цæрунцæ не ’хсæн æ лигъз æма зæрдæмæгъаргæ рæнгъитæ.

Уой медæги æй æ амонд Хасанæн.

Æ рохс ном ин имисæн зæрдæристæй.

*Редакци*







### МÆГУР

Мæгури нæййес дзурди барæ,
Нæдæр есге гъæуй мæгур,
Ревæд æ къумтæ, æ хæдзарæ,
Мæгури къох фæууй цубур.

Мæгур нæ римæхсуй æ фæндæ,
Мæгури зæрдæ фунтæй хъал,
Мæгурæн уодзæй мæгур кæндæ,
Ку нæбал кæна тог цæхъал.

Мæгур иссердзæнæй мæгурти,
Сæ мæгур хуæрдæ – къæбæр, дон,
Тог ма тухцуд кæнуй сæ гурти, –
Уонæмæ кæсун – мæгурбон.

### ИЗÆДТÆН

Бæрзондмæ рандæ ’нцæ къæдзæхти циргъ тегътæ,
Зæронд лæгау æнцæ сæ сæртæ сæнт уорс,
Комкоммæ лæсунцæ донæйдзаг сау мегътæ,
Се ’носон æвдесæн – сæ буни Тæторс.

Тæходуй ку уайдæ уæлдæрмæ асийнæ,
Кенæ ку фестинæ рæстæгмæ цæргæс,
Хæссинæ адæмæн уæларвæй хуæрзийнæ, –
Ку уайнæ изæдтæй еуемæ æнгæс.

Нæ сæрти тæхунцæ, хебари хæтунцæ,
Дарунцæ зæнхæмæ æхсæвæй цирагъ,
Сæ рæсугъд цæститæй лæмбунæг кæсунцæ,
Нæ зинтæ райсунцæ, байдзаг æй сæ рагъ.

Искæсæн бæрзондмæ, райхалæн нæ зæрдæ,
Фæххæссæн æносмæ ездонæй сæ ном,
Макæд нæ фæссайæд нæ цардæн æ хæрдæ,
Тумугъæй фæццæуæн, æрлæууæн æнгом.

## ПОЭТИ ЦИРТДЗÆВÆН

Мæ киунугутæ æнцæ мæ циртдзæвæн,
Ме 'мдзæвгитæ зиннунцæ æ фарсбæл,
Æхгæд æрцæудзæй мæ цард æ риндзæбæл, –
Некæд ниццæфстæй уæддæр мæ фарсбæл.

Поэт ракæсуй цардмæ хуæнхти сæрæй,
Æ номивæрд æй æ уæле – финсæг,
Кæд, миййаг, поэт бунтон æнæсæр æй,
Цæмæн æй, мадта, æ зартæ инсæг.

Фæццæудзæнæй мæ поэзи идардмæ, –
Рæстæг уодзæнæй уомæн æвдесæн,
Нæ кæсдзæнæн цæстисугтæн сæ уардмæ,
Æрмæст ме 'римист уодзæй зæрдресæн.

## ÆНÆБАРИ СЕДЗÆР

Фæббурдзæнæн мæ фазæбæл,
Ку на уай мæ цори,
Дуари бæсти къæразæбæл
Агордзæнæн хори.

Æнæ дæуæй некæд цæуй
Дони хупп мæ хъурмæ,
Мæ цард дæр мæ нæбал гъæуй, –
Ба дæн еугур курмæ.

Некæд фæуун мæхе барæ, –
Бампулдтæн мæ цари,



Ревæд фæууй мæ хæдзарæ,
Седзæр – æнæбари.

Куд дессаг æй, æхе гъæди
Куд содзуй мæ зæрдæ,
Цума лæсун æз сау гъæди, –
Нæ мин тайуй хуæрдæ.

Æхсæвигон нæбал хуссун, –
Райгъал ун мæ ристмæ,
Мæ зæрди маст кумæ хæссун? –
Æрцудтæн æлгъистмæ.

## БАДÆГ КИЗГÆ

Нур, мæ зæрддаг, кумæ ледзис?
Æрбакæсæ мæнæрдæмæ,
Сау дзæдурæ кæмæн уедзис?
Ка фæццудæй дæ зæрдæмæ?

Хор гъазидæ дæ къæрази,
Дæу цæстингас – гъæдæрдæмæ,
Дæ амонд адтæй дæ рази, –
Нæ байгъустай мæ фæндæмæ.

Нæ бауагътай минæвæрттæ
Æригонæй хæдзарæмæ,
Нæ бакумдтай мæн лæвæрттæ,
Нур дзиназис уæ царæмæ.

Дæ мæгур цард барæхæссæ,
Æнгъæл кæсæ дæ зæрдæмæ,
Дæ зæрдæ ин æрбахæссæ,
Цард басгарæ зæрæрдæмæ.

## НÆБАЛ

Нæбал зелдзæй мæ реуи куройнæ,
Нæбал кæндзæй мæ зæрдæ æрдзæф,
Искунæг æй фæстагмæ æ сойнæ,
Ниххусдзæнæй фæззæгмæ хæсдзæф.

Нæбал æй мæ рацуд мæхе барæ, –
Нæ бафистон мæ царди ихæс,
Нæ рахаттон уæддæр лæги карæ,
Истухстæй мæ къæхтæбæл рæхис.

Нæ тасунцæ бæрзæййæн æ гъолтæ,
Æхсæвæй дæр цæуй сæ къæс-къæс,
Æрветун æрмæстдæр мæгур бонтæ,
Нæ мæ тавуй нæдæр уазал къæс.

Неке кæсуй зæрдæмæ, æ кондмæ,
Нæдæр мин лæдæрунцæ мæ тухст,
Фæттæруй мæ хъисмæт æ фудкондмæ, –
Баст мæ къохтæ, мæ къæхтæ æздухст.

Зулун цæстæй кæсуй еу иннемæ, –
Кæбæл ма фæдзæхса лæг æ цард?
Некæмæн лæвæрд æй цард дуйнемæ,
Фæрриудтæн, мæ кæрдбадзи мæ кард.

Фæккæнун æз æнкъард мæ сагъæсти,
Ракъуæрун рæсугъд цардбæл мæ къох,
Хуæздæр æй мæн фæгъгъæун уой бæсти, –
Куд фæуун мæ дзилагæй æз цох.

## ЭХХ, ТÆХОДУЙТÆ

Эхх, тæходуйтæ низзарæ
Гъæлæсидзаг бæрзонд риндзæй,
Уæ зæрдити уин ниндзарæ,
Ниццæгъдæ ма дæ уадиндзæй.



Эхх, тæходуйтæ фæккафæ
Цъæх зæлдæбæл мондаг уадзгæй,
Дæ фæллад уоми фесафæ
Къахи финдзтæ федар садзгæй.

Эхх, тæходуйтæ фæкковæ
Нæ хестæртæн сæ кадæбæл,
Зæрдæ, фур цийнæй рæдовæ
Зартæ финсгæй, нæ мадæбæл.

Эхх, тæходуйтæ æрзелæ
Бæгъæмбадæй Дигоргоми,
Нæуæгæй гъолтæ иселæ,
Ниртайæ ма цæугæдони.

## НÆЙЙЕС ГÆНÆН

Пеллон цæхæри багæлстон мæ уод,
Уарзти цирени басугътон мæ бонтæ,
Хъурдохæн кодтон, кæнинæ инод,
Æнцæ мæнæн уодбæлхуæцæг-биййнонтæ.

Алке уи нур æ къахнадмæ кæсæд, –
Нæбал уæ гъæуй рæвдаун гъæбеси,
Гъолон радардта тухцардæй мæ сæр,
Æрсагъæсгæнгæй, бафтуйун мæ деси.

Фалæ уæддæр нæййес, нæййес гæнæн,
Игъосун гъæуй зæрдæн æ фæндонмæ,
Мæн гъезæмæрттæн нæййес нигæнæн, –
Батардтонцæ мин ме'фхурд уод æндонмæ.

Æнзтæ цæунцæ, хæссунцæ рæстæг,
Нæ зæронд кæнуй æрмæст лæги зæрдæ,
Æхе баласуй Барастур хæстæг,
Фæттасун кæнуй уæддæр лæги зæнгæ.

## ЦАРДИ КЪАХНАДБÆЛ

Нæ царди къахнадбæл фæццудан кæрæнтти,
Сæрисæфæн билæ лæууидæ хæстæг,
Уæззау дор фæххастан лæмаргæй, нæ рæнтти,
Ниддаргъ æй тух цудæй и хæрди рæстæг.

Нæ фæллад усхъитæй æристан нæ уæргътæ,
Реуидзаг уолæфгæй, ракастан цæстæй,
Нæбал нæ гъæунцæ абони нæ сæргътæ, –
Нæ бæрзæй сæ уæзæй тухцарди гъæстæ ’й

Хуцауи фæндонæй исистан нæ саутæ,
Фæззиндтæй цæсгомбæл идзулгæй, нæ каст,
Федар цъæхснаг уесæй исбидтан нæ каутæ,
Сикъитсæр уæлиндзæ уорамуй хурдаст.

## НÆ ДУЙНЕ

Фæттæруй нæ Дуйне нæ æндонмæ,
Искодта нæ рæстæг æ кæнон,
Æркастан, ци ’й уæддæр, мæгур бонмæ,
Æрцудæй нæ хуарз цардæн кæрон.

Фæлласта къæвдадон нæ сагъæстæ,
Æрмæстдæр ма байзадæй лигъз дзурд,
Бæргæ хонæн нæхе уодæгæстæ,
Фал кæнæн цъифи золкъау тухбурд.

Æвæццæгæн, не ’лдæрттæ курмæ ’нцæ, –
Нæ уинунцæ адæмæн сæ тухст,
«Кæд цæфæй нæ мæлис», фæззæгъунцæ,
Уæд уой бæсти иссерæ рæхуст.

Æнгъæлдзау, дан, уæддæр нæ фæллайуй,
Æнгъæлдза дан, цæруй æ фунтæй,
Хеди дони æхе ниффæлдайуй,
Æ фæскуст ниуазуй æдбунтæй.



## ÆНÆСÆР

Кæд иссодздзæнæ дæ зæрди
Уарзти номæй и цæхæр?
Мæ зæрдæ мин цæмæн кæрди? –
Дæу фæрци дæн æнæсæр.

Нæбал фæййерун дæ рази
Мæ мæгур уодæн бунат,
Мæн тæрегъæд куд фæрази? –
Балæдæрон мæ фадуат.

Кæд райгъуссæй мæ къæсæрæй
Киндзæхунди фæндурдзагъд?
Ниллæг ковæ ездон сæрæй,
Нæ мæ гъæуй хуæздæр загъд.

Балæдæрдзæн цæстингасæй
Дæ зæрди фæндон æз дæр,
Дæ еу байдзулд – зæрди хуасæ ’й, –
Дæ еугуремæй хуæздæр.



## ДÆ МАЙ

Ралæудтæй дæ уалдзæг,
Æрхъæрттæй дæ май,
Уомæн дæ игъæлдзæг, –
Фал сæрдæ нæма ’й.

Дæ амонд дæ рази,
Гъæуама тæхай,
Хори рохс къæрæзи,
Райсæ си дæ хай.

Бауадзæ зæрдæмæ
Никкæсун еу хатт,
Бæллæ дæ сæрдæмæ,
Æрзелæ сахат,

Искæсæ бæрзондмæ,
Рæсугъд æй æ конд.
Фæццæрæ зæрондмæ,
Макæд уо фудконд.





## БИЦЪОТИ ГРИС – 85 АНЗИ

БИЦЪОТЫ Грис,
ХОДЫ Камал

## РАЙСОМ КУСГÆ БОН НÆУ?

Дыууæархайдон, æхсæзнывон комеди

**Архайджытæ:**

Ахбол
Балотти
Дидинæг
Езетхан – Дидинæджы мад
Мырзахъул
Къелц
Поэт
Уазджытæ Езетханы хæдзары
Æртæ чъиуæуу илæджы

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

*Фыццаг ныв*

**Хъæусовет. Сæрдары кусæн уат. Ам ис Балоттийы кусæн стъол дæр. Балотти гæххæттытимæ архайы, йæ уырзтыл ныттут кæны. Хъуысы телефоны дзæнгæрæг.**

Балотти *(хæтæл рæвдз фелвæста)*. Ам нæй. (*Хæтæл æрæвæрдта. Стъолы лагъзæй систа авджыдзаг æмæ чысыл тыхтон. Агуывзæ байдзаг кодта. Анызта, ныккæрзыд-*

*та. Дзулы карстæй комдзаг кæнынил фæлвары.)* Гъех, ныр иу-дыууæ æвдæлон йогыл фæхæст у! Бæллæхы адæм сæ хонынц ацы йогты. Хæринагы, дам, ахæм æууылд бакæнынц, ахæм! *(Телефоны дзæнгæрæг. Фелвæста хæтæл.)* Хъусын. Ам нæй. *(Æрæвæрдта хæтæл.)* Гъер дæ зæрдæйы фæндиаг мацы ауил! Диссаг сты, диссаг ацы æфсинтæ! Гъер æз хæдзары хицау дæн. Уæдæ бæрнон кусæг дæр дæн, ацы хъæуы Ахболы фæстæ – дыккаг лæг. Æмæ фæскуыст фæлладæй хъæмæ куы бацæуын, уæд мæ размæ рауай. Дыууæ удыкъоппайы кæрæдзи æмбарæнт, æндæр... *(Йæ амонæн æнгуылдз йæ хурхыл æрбасæрфта.)* Мæнæ афтæ цæрдзысты, мæнæ афтæ. Адонæн сæ гайкæтæ уартæ райдианы ныздухын фæхъæуы, бæргæ. Науæд де рагъмæ схиздзысты æмæ ма дыл алы кълиаузтæ дæр фысдзысты. *(Гæххæттытæм амоны.)* Мæнæ дзы ам дæр бирæ ис уыцы фыстытæй. *(Ацагуырдта.)* Мæнæ ис. *(Кæсы.)* «Зынаргъ хъæусовет! Иунæг сымахыл ма дарын мæ зæрдæ, мæ бон бакæла! Мæ мыды къусчы хуызæн цард мæ лæгимæ куы бастон, уæд фæлтау мæ фыды уæларт урс дадалитæ куы рауагътаин...» Ахæм æвзагмæ Мамсыраты Дæбе дæр бахæлæг кодтаид. *(Дзæнгæрæг. Фелвæста хæтæл.)* Ам нæй. Нæй, Ахбол! *(Хæтæл æрæвæрдта.)* Мæ фыдыфыд Сабаз-иу афтæ акодта, цард, дам, майрæмыкаркæй хъулондæр у. Ахбол, Ахбол кæнынц, афтæмæй куыстытæ мæхи рагъыл æнцайынц. Уæдæмæ дæ хицауæй зонддджындæр куы уай, уæддæр æй æвдисгæ ма кæн, науæд дæ скæсын нæ бауадздзæн. *(Кæсы дарддæр гæххæт.)* «Мæ лæг Малсæг кæртмæ нæма æрбакъахдзæф кæны, афтæ йæ нозты тæф хæдзары скуыссы вæййы». Гъер, æвæдза, афтæ у, афтæ! Дæ лæгæн лæгъзгуыбыныдзаг авæр æмæ дын искæй кауы хуынчъытæй æнтыды тæфмæ ма смуда. *(Дарддæр кæсы хинымæр, бадыба-дыбул кæны. Систа æндæр гæххæт.)* «Хæдзар аразын æмæ...» Фæрнæй йæ араз! (*Систа æндæр гæххæтт. Кæсы, гуым-гуым кæны.)* «Куыдз лæппуйыл фæхæцыди æмæ йæ цыма æрра хонынц...» *(Дыккаг хатт æй бакаст.)* Адонæй цымæ æрра кæй хонынц?

**Æрбацыди Къелц.**

К ъ е л ц. Æмбæлы дæм?
Б а л о т т и. Цал къласы дæм ис?



К ъ е л ц *(ахъуыды кодта)*. Æхсæзæмтæм куы схызтæн, уæд стыр дзуарæй фæрынчын дæн. Стæй уæд мæ фыдыфсымæр Зынцъарæй...

Б а л о т т и. Æз дæ зын цъар æмæ æнцон цъарæй нæ фæрсын. Кæсын зоныс?

К ъ е л ц. Зонын. «Æнæном обауæй» ма мын фынддæс цъары баззад.

Б а л о т т и. Уæдæ æнæрбахойгæйæ цæмæн æрбалæгæрстай? Дуары сæрмæ дæхийас дамгъæтæй фыст – «ХЪÆУСОВЕТ».

К ъ е л ц. Цы мын уайдзæфтæ кæныс? Иунæгæй дæ кæй æрбаййæфтон, уый тыххæй цинæй куы амардтæн. *(Балотти фæхъæлдзæг.)* Ахбол цыдæр тызмæг у. Стæй цыма æгæр раст лæг у. Ныр æм æцæг ис фондз ордены æмæ фондз майданы?

Б а л о т т и. Æмæ-гъа, нæ йын сæ банымадтон.

К ъ е л ц. Революцийы архайдта, мидхæсты, дам, уыди, Финляндийы хæсты уыди, Германы хæсты уыди...

Б а л о т т и. Дунайы хæсты уыди, Японы хæсты уыди!.. Таурæгътæ ма кæн, фæлæ цæй тыххæй æрбацыдтæ, уый-ма зæгъ.

К ъ е л ц. Мæ сыхаг Бызыкконы къахæй мæ бон нал у.

Б а л о т т и. Цæй къах зæгъыс? Ницы дын æмбарын.

К ъ е л ц *(зæрдиагæй, мæстджынæй).* Нæ уынгты дæлæмæ цæуон, уæлæмæ цæуон – Бызыккон мæ разæй фæвæййы. Гъер, æвæдза, дард рейсы цæуын, уæд мын бырæттæ мæ размæ ракалы, кæнæ æхсæнтæдон расæххæтт ласы. Айфыццаг мæ машинæ мæ фыдыфсымæр Тоттитæм ныууагътон, нартхæртты-нартхæртты сæм ныхъхъуызыдтæн, æмæ та Бызыккон дæллаг тигъыл мæ размæ фæци.

Б а л о т т и *(йæхицæн).* Уæдæ ма талынг адæймагыл сыкъатæ вæййы.

К ъ е л ц. Цы загътай, Балотти?

Б а л о т т и. Гъер махыл дæу хуызæттæ фæстæмæ хæцынц, æндæра... *(Паузæ.)* Æмæ уæдæ Бызыкконæн цы гæнгæ у дæумæ гæсгæ?

К ъ е л ц. Ардæм æм фæдзурут æмæ йæ бафхæрут. Кæд ын сымах бон ницы у, уæд ын Мырзахъул схос кæндзæн. Хетæджыстæн!

Б а л о т т и *(цымыдисæй).* Куыд у, куыд Мырзахъул? Йæ чындзæхсæвæн, дам, Хъалмыхъы быдырæй хъæддаг галтæ стардта?

К ъ е л ц. Цавæр чындзæхсæвæн? Уæд æй мæнæй раздæр чи зонид?

Б а л о т т и. Раст ацы сахат Мырзахъулы минæвар Ахбол Езетханы хæдзары гаджидæуттæ уадзы.

К ъ е л ц *(зæрдиагæй худы).* Хетæджыстæн, Мырзахъулæн Хуры чызджы куы дæттиккой, уæддæр ыл бабылысчъилтæ кæнид, сымах та йын Ахболимæ Езетханы курут.

Б а л о т т и *(йæ риуы дзыппæй аивæй къам фелвæста, æркæсы йæм сусæгæй).* Хъус-ма, Къелц, Езетхан дæ дзыхы радавинаг нæу! Стæй йæ чызг Дидинæг Хурычызгæй цæмæй цауддæр у?

К ъ е л ц. Бæгуыдæр, Хурычызгæй бæллиццагдæр у Дидинæг, фæлæ уый кой та цæмæн?

Б а л о т т и *(ныр та уый худы).* Куыннæ дæ рахонон талынг адæймаг. Дæ хицау дæ тæккæ фындзы бын хъуыддæгтæ кæнæд æмæ мацы зон!

К ъ е л ц. Мырзахъул ме ’вастæй хъуыддаг бакæна, уæд мард у алæппу!

Б а л о т т и. Уæдæ уæд мард дæ – Дидинæджы куры!

К ъ е л ц *(аджих. Хорзау нал у).* Æмæ йæ мæнæн куы куырдта Мырзахъул.

Б а л о т т и *(йæ ныхæстæ йын ницæмæ дары).* Дыргълæмарæнæй æцæг фесæфти спъирты цистернæ?

К ъ е л ц. Гæды ныхæстæ. Афтæ мын куы загъта: къухылхæцæг дын мæхæдæг уыдзынæн.

Б а л о т т и. Уæллæй, уый йæ рæбыны чи æрæфснайдта, уый йæ тъымы-тъымамæ дæр мæнæ афтæ цæрдзæн, мæнæ афтæ! *(Йæ амонæн æнгуылдз йæ хурхыл æрбасæрфта. Æдде хъуысы зарын).*

М ы р з а х ъ у л ы х ъ æ л æ с:
Дидинæг калы нæ бæсты,
Рай, зæрдæ, рай æмæ рай!
Афтæ йæ чи скодта уагæр
Райгуырæн бæстæ домбай!

Б а л о т т и. Нæ усгур фæзынди, йæхи йын-иу бафæрс.



**Æрбацыди Мырзахъул. Балотти фестади.**

М ы р з а х ъ у л. Фарн уæ зæдбадæны!

Б а л о т т и. Зæдбадæнмæ кæд искуы исчи фæзынд, уæд Ахбол. Афонмæ дыууæ зæды йæ алыварс пæр-пæр кæнынц.

М ы р з а х ъ у л. Цыдæр мæлгъæвзаг та дæ абон. Нæма зыны Ахбол?

К ъ е л ц. Ме ’вастæй цæмæн арвыстай минæвар? Нырма мæ мадæн дæр куы ницыма загътон... Æниу Ахболæй хуыздæр минæвармæ чи бабæлдзæн, фæлæ дæхæдæг дæр йæ фарсмæ куы балæууыдаис, уæд, Хетæджыстæн, уæ дзырдыл дыууæ ничи загътаид. Цы хъуаг дæн?

М ы р з а х ъ у л. Уæллай, Къелц, иннæ хатт де ’вастæй къахдзæф дæр нал. *(Телефоны дзæнгæрæг. Балотти хæтæл систа.)*

Б а л о т т и. Хъусын. Гъа-а-а! Куыд у уыцы хъуыддаг? *(Мырзахъулырдæм.)* Райæххæсткомæй дзурынц. *(Йе ’нгуылдз йæ былтыл авæрдта, ома ма мæ хъыгдарут. Мырзахъул иуварс акодта Къелцы.)*

М ы р з а х ъ у л *(мынæгæй).* Цæй, куыд, дысон дзæбæх бахæццæ дæ?

К ъ е л ц *(æнæбары).* О.

М ы р з а х ъ у л. Йæхæдæг сæхимæ уыди?

К ъ е л ц. О.

М ы р з а х ъ у л. Йæ ус дæр?

К ъ е л ц. О.

М ы р з а х ъ у л. Куыд о. Ус, зæгъын, сæхимæ уыди?

К ъ е л ц. Æмæ гъа.

М ы р з а х ъ у л. Хуырым! Фынæй дæ æви иронау нал æмбарыс? Йæ ус, зæгъын, сæ хæдзары уыди?

К ъ е л ц *(æрчъицыдта).* Йæхи йеддæмæ дзы цъиузмæлæг дæр нæ уыди! Хæдæгай, æрдæбон. *(Амоны. Балоттимæ.)* Цыдæр хынцфæрстытæ мæ кодта. Дыргълæмарæнæй, дам, спъирты цистернæ фесæфти?

М ы р з а х ъ у л. Чи?

**Къелц сусæгæй амоны Балоттимæ.**

Уæртæ уый?

К ъ е л ц. О.

М ы р з а х ъ у л. Машинæ афойнадыл йæ бынаты æвæрд æрцыди?

К ъ е л ц. О.

М ы р з а х ъ у л. Уæдæ уыйбæрц дæр дзурæнт, æвзаг дзурынæн у. Æрмæст ды дæхимæ кæс. Куы ныллæхъиртæ дæ.

К ъ е л ц. Омæ мын уæдæ æрдæбон Балотти... Дидинæджы, дам, Мырзахъул йæхæдæг куры...

М ы р з а х ъ у л. Тигътыл цытæ дзурынц, уыдæттæм ма хъус. Цалынмæ йæ дæхи цæстытæй фенай, уæдмæ макæуыл æууæнд. *(Зары йæ фындзæй «Дзыллæты амонды» мелоди. Къелцæн.)* Цæугæ, баулæф, райсом раджы рейсы цæуæм. Æмæ ма хаш хæрынмæ дæр фæзилдзыстæм. *(Телефоны дзæнгæрæг. Балотти хæтæл фелвæста.)*

Б а л о т т и. Хорз, сывæллæтты æз ракæндзынæн. Иу-ссæдз минуты ма афæстиат уыдзынæн. *(Хæтæл æрæвæрдта, йæхицæн.)* Уæллæй, æз дзы цы усы ахæсты фæдæн. Зайын мæ нæ ныккæнын кодта, æндæр ын цынæ куыст бакодтон. *(Къелц ацыд.)*

**Æрбацыд Ахбол. Мырзахъул Ахболы йæ хъæбысы фелвæста.**

А х б о л. Де 'рра митæ зæрондæй дæр нæ иыууадздзынæ.

М ы р з а х ъ у л. Кæдæй нырмæ дæ нал федтон, Аппо!

Б а л о т т и *(Мырзахъулмæ).* Уанцон хъæбыстæ нæу. Кæд дын Езетхан йæ чызджы нæ дæтты, уæд та.

А х б о л *(Балоттимæ).* Халонау де уæны кæсыс?

Б а л о т т и. Æцæг æй нæ дæттынц? Æмæ сын Мырзахъулы хуызæн усгуртæ сæ къæсæртæ фæсастой?!

А х б о л. Чызгджын тыхджын у, Балотти. (Диванил йæхи æруагъта.) Зæхх та мæ йæхимæ ласы. (Йæ цæстытæ æрцъынд кодта.)

**Паузæ.**

Б а л о т т и *(йæхицæн).* Æнхъæлдæн æмæ абон ницы фæфос кæндзынæн. Ахбол, абон ма дæ мæ сæр истæмæн хъæуы? *(Ахбол уæнгмард къухæй дуарырдæм ацамыдта, ома, ацу. Балотти рæвдз ацыди. Цалынмæ дуары æдде фæци, уæдмæ Ахбол йæ цæстытæ нæ байгом кодта.)*



М ы р з а х ъ у л. Æнхъæлдæн æмæ дзы дæ цæстытæ риссын байдыдтой?

А х б о л Канд уымæй нæ.

М ы р з а х ъ у л. Аппо, мæнæн ма сæ зæгъ, мæнæн. Ранымай-ма сæ номæй номмæ.

А х б о л. Тæрсын, лæппу, рæхджы нымад куынæ фæуой. Уыдæттæ хорз, фæлæ уыцы чызгимæ ныхас кодтай?

М ы р з а х ъ у л. Æмæ дзы цы ныхасаг ис? Ме 'вастæй сæм нæ бацыдаис, уый нæ зонынц.

А х б о л. Лæппу, ахæм стыр ныхæстæ дæ схауы æмæ сæ зæхх нæ уромы! Дæ мад æмæ дæ фыды æййафгæ дæр куыннæ æркодтай, къамы сæ цы федтай, уымæй дарддæр. Уæдæ мæ хæдзары схъомыл дæ, хъæбул дæ загътон мæхицæн. Æмæ нæ зонын, ме 'дылы зондæй дæ рухсырдæм здæхтон, зæгъын, дæ ном рæсугъд уа, адæм дæ лæгыл нымайой.

М ы р з а х ъ у л. Ацы куыстмæ куы бацыдтæн, уæдæй нырмæ...

А х б о л. Ницæмæн дæ хъуыд уыцы куыст. Уæд дæр дын æй загътон, ныр дæр дын æй зæгъын.

М ы р з а х ъ у л. Омæ уыцы куысты дæр хъуамæ исчи куса. Уæдæ нын Англисы премьер дæр кæм æрбарвитдзæн кадртæ?

А х б о л. Ныхас хъазыны 'рдæм дзæгъæлы здахыс.

М ы р з а х ъ у л. Омæ уæдæ цы гæнæг дæн? Кæй номæй æгаддæр у мæ ном? Аппойы урс сæр цæмæй фегад кодтон?

А х б о л. Ды кадджынил цы митæ нымайыс, уыдон мæнæн зæрдæниз сты.

М ы р з а х ъ у л. Омæ ма мын æргомæй зæгъ.

А х б о л. Уымæй раст зæгъыс. Æрæгæй ардæм не 'хсæн æргом ныхас нал ис. Мæ уынаффæйы сæр дæ нал хъæуы.

М ы р з а х ъ у л. Нæ зонын, кæцы хъуыддагæй дæ нæ бафарстон?

А х б о л. Ростовы областмæ балы машинæ уæймæ ластай. Экспедитор уыдтæ уæд. Мин-воды фысымуаты цавæрдæр мæлхъмæ фæкомкоммæ дæ. Бахатыр кæн, нæ фарн фынæй уæд, кæд ма нæм исты фарн и. Æхсæвы номыры йемæ баззадтæ. Ферæджы дын, æмæ уым дæлæмæ дæ машинæ тæргæ бæхæй фæтардтай. Дæ бал фæндагыл амызти. Ай-

дагъ æппытæ ма ныххæццæ кодтай. Мингай сомтæ дæ борты зыхъыртæй амызтысты. Нæ лæппу йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, фæстæмæ ам æрбалæууыди, куырдадзы кусджыты сæ хуыссæнтæй сыстын кодта, æхсæв-бонмæ фæкуыстой, дæс æмæ ссæдз кусартгæнæн кардимæ нæ лæппу дыккаг бон хохы фиййæуттæм балæууыд. Алы кардæн дæр – фыс. Æрбауæй сæ кодта æмæ æртыккаг бон балты аргъ къасиры къухты банымадта.

М ы р з а х ъ у л. Аппо, уыцы операци чи скодта, уымæн æнæ гени уæвгæ хос нæй.

А х б о л *(йæ хъазæн ныхас ын ницæмæ æрдардта).* Дæ кæнгæ æфсымæр Дзантемырæн къухылхæцæг уыдтæ. «Волгæйыл» нæ барвæссыдтæ, «Чайкæ» дæр нæ бацагуырдтай. Æз, дам, мæ хойы, Иры дзыхъхъы чи нæма уыди, ахæм хаст хъуамæ акæнон. Вертолетыл чындз æрхастат!..

М ы р з а х ъ у л. Омæ æгъдау раттын дæр та... Стæй, Аппо, ахæм лыстæг хъуыддæгтыл дæ зæрдæ цæмæн риссын кæныс? Мæнæй афтæ ма æцæг истæмæй фæрæдыдтæн.

А х б о л. Цæй ныфсæй кæныс уыцы стыр гуыппытæ? Уысмы бæрц нæ асагъæс кæныс?

М ы р з а х ъ у л. Аппо, адæймаг цæрынмæ райгуыры. Цæмæн хъуамæ уæм адæмæй æдзæллагдæр? Далæ ахуыргæнæг Алыксандр чындзæхсæв скодта, æмæ дзы адæм сæ дзыхмæ комдзагæн цы систаиккой, уый рæстмæ нæ уыди. Ахуыргæнæг Алыксандр та, ды æцæг адæймаг кæй хоныс, уыдонæй у.

А х б о л. Æнхъæлдæн æмæ дæ æмбарын байдыдтон.

М ы р з а х ъ у л. Æз та дæ уæдæ æппындæр нал æмбарын. *(Ахбол та йæ армæй йæ цæстытæ æрæмбæрзта. Мырзахъул тыхсты змæлд кæны.)* Аппо, цæй-ма, бынтондæр мæм туджджыны цæстæй куы ракастæ. Нæ фæлæ ма... Хъуыды-ма кæныс?.. Бæх æмæ-иу барæгæй куы хъазыдыстæм. Уæд мæм афтæ касти, цыма æз æдзухдæр барæг уыдзынæн. Æвæдза, сывæллон куыд диссаг у! Мæ зæрдæ-иу æнахуыр куыддæр срысти, зæгъын, куы сдынджыр уон, уæд ма Аппойы æккой куыд баддзынæн. Аппо, фæстаг хатт ма бæх æмæ барæгæй кæд ахъазыдыстæм, уый нал хъуыды кæныс?

А х б о л. Дæ аттестатыл дын куы цин кодтам, уыцы бон. Уæд мæм дæ фидæн бынтон æндæргъуызон касти.



М ы р з а х ъ у л. Аппо, уыцы æрхæндæг ныхас нал ныу-уаддзынæ? Нæ фæлæ ма... *(Йæ цыппæртыл алæууыди Ахболы раз.)* Ахъазæм та: ныр та æз – бæх, ды – барæг.

А х б о л. Ныронг дæр барæг ды уыдтæ, лæппу, æмæ барæгæй баззайдзынæ.

## Æмбæрзæн

### *Дыккаг ныв*

**Хъæуы парк. Бæлæстæ. Æддозæй цырагъы рухс кæлы. Дардæй кафыны музыкæ, хъуысы. Æрбазгъорынц Дидинæг æмæ Мырзахъул.**

Д и д и н æ г *(йæхи буц кæны).* Ох, афтæ базæронд уыдзынæн, уый мæ никуы бауырныдтаид! Æртæ минутмæ мæ лæфлæф ссыди.

М ы р з а х ъ у л *(тыхулæфт кæны).* Уартæ ма уыцы бæласы онгты азгъорæм. Æмæ дын æй уæд зæгъдзынæн.

Д и д и н æ г. Иу къахдзæф дæр нал. Ам мын æй зæгъ.

М ы р з а х ъ у л. Гъер ды цавæр дохтыр уыдзынæ? Дохтыртæ æмдзыхæй куы дзурынц, згъорынæй пайдадæр ницы ис, зæгъгæ.

Д и д и н æ г. Уыцы ныхæстæ зæронд усгуртæм хауынц, мæнæ лæппуйæ гуыбын чи рауадзы, уыдонмæ.

М ы р з а х ъ у л. Æмæ дæумæ æппын ницы хуызы хауынц?

Д и д и н æ г. Æз уæларвон зæдтæй дæн, низ мæм æмгæрон нæ цæуы.

М ы р з а х ъ у л. Уæдæ дæм æз ныртæккæ дæр иу низ зонын.

Д и д и н æ г *(худы).* Мæнмæ? Ды? Низ?

М ы р з а х ъ у л. Æгæр бæрзондты тæхыс. А дунейы никæуыл æрвæссыс. Дæ хос: æрхиз зæхмæ. Дæ бынат зæххыл ис, мæ фарсмæ. Зæдтæн æнæ дæу дæр сæ сæр сæ кой сси – иу ракетæ сæм иннæйы фæдыл скъæрынц.

Д и д и н æ г. Ракетæйы коймæ æрлæууыди мæ зæрдыл. Де 'рдхорды чындзæхсæвæн вертолет куы баххуырстай, уæд ма уагæры дæхи Гадзыгызы та цæуыл æрхæсдзынæ?

М ы р з а х ъ у л. Вертолеты хабар историйы æбæрæг фæлмы аныгъуылд. Мæ Гадзыгызы æрхæсдзынæн, иунæг кад-

джын хуыцауы фæндæй, реактивон хæдтæхæджы. Бадгæ та æркæндзæни Цыргъ обауыл. *(Худынц).*

Д и д и н æ г *(зæрдиагхуызæй)*, Цæй-ма, мæв уд схаудзæни, цы мын зæгъинаг дæ?

М ы р з а х ъ у л. Дидинæг, ахæм лæвар дын æрцæттæ кодтон æмæ сæдæ азы куы фæхъуыды кæнай, уæддæр æй нæ базондзынæ. Кæсæджы молло дæр дын æй нæ зæгъдзæн. Къамæйфæрсæг цигайнагмæ дæр ма фæцу.

Д и д и н æ г. Халвайы асыкк.

М ы р з а х ъ у л. Æз хынджылæг нæ кæнын.

Д и д и н æ г. Замс кæрц.

М ы р з а х ъ у л. Нагъ.

Д и д и н æ г. Япойнаг магнитофон.

М ы р з а х ъ у л. Нæу.

Д и д и н æ г. Немыцаг парик.

М ы р з а х ъ у л. Нæ базыдтай.

Д и д и н æ г. Техасаг джинстæ.

М ы р з а х ъ у л. Уый дæр нæу.

Д и д и н æ г. Канадæйаг æууилгæ чъиу!

М ы р з а х ъ у л. Æмгæрон дæр нæ.

Д и д и н æ г. Медицион энциклопеди!

М ы р з а х ъ у л. Уæлдæр сæвнал, уæлдæр.

Д и д и н æ г. Францаг косметикæ.

М ы р з а х ъ у л. Нæ та йæ аргъæвтай.

Д и д и н æ г. Мырзахъул, мæхи æрбамардзынæн. Зæгъ мын æй!

М ы р з а х ъ у л. Дæттын дын... *(Йæ къухтæ йæ дзыппыты нытътъыста, йæ цæстытæ бацъынд кодта, йæ рус æм бадардта.)* мæ уадулæн аба кæныны бар. *(Дидинæг йæ къахфындзтыл бацыди. Мырзахъул тынг цинхуызæй æнхъæлмæ кæсы.)*

Д и д и н æ г. Хæрæг дæр ма, бирæгътæ йæ куы фæхæрынц, уæд йæ цæстытæ афтæ ныцъцъынд кæны.

М ы р з а х ъ у л *(йæ русмæ уырзæй амоны).* Мæнæ ацы ран.

Д и д и н æ г *(уый дæр Мырзахъулы русмæ уырзæй бавнæлдта).* Мæнæ ам?

М ы р з а х ъ у л. Уыцы тæккæ ран. *(Фырцинæй тайы. Æвиппайды йын Дидинæг йæ уадул ныцъцъыкк ласта.)* Æллæх! Дзæбæх тæвд батæ кæныс! *(Худынц.)*



*(Фæзыны Къелц.)* Дидинæг, уæдæ ардæм хъус. Мæ лæвар дын раргом кæнон.

Д и д и н æ г. Ницыуал мæ хъæуы. Дæ лæвæрттæй мæ хъуырмæ дæн.

М ы р з а х ъ у л *(йæ русмæ амоны).* Æз дæ батæй дæн мæ хъуырмæ. Министры хæдивæджы федтон. *(Дидинæг фæзæрдиагхуыз.)* Уралмæ дæ фæндыд æмæ нæхицæн (йæ риу хойы) баззадтæ!

Д и д и н æ г. Нæхи республикæйы мын куыст уыдзæн?

М ы р з а х ъ у л. Нæхи республикæйы сæйраг горæты сæйраг рынчындоны... *(Дидинæг цины гæппытæ скодта, æвваст Мырзахъулы русæн аба кодта.)*

К ъ е л ц *(удаистæй).* Дидинæг, ма бакæ! *(Бæласмæ адæргæй фæлæбурдта).*

Д и д и н æ г. Уауу! *(Алыгъди. Мырзахъул йæ фæдыл ацыди.).*

К ъ е л ц. Ацы хъуыддагмæ фæстæмæ кæсгæ нал у. Мырзахъул мын мæ къæхтæ æмæ мæ къухтæ сбаста, мæ бар, дам, æй уадз, æз, дам, дæм æй уæ рудзынгæй бадæтдзынæн. Гъемæ дæ ныр мæ бар уадз. Æз Дидинæгæн дæу тыххæй иунæг ныхас зæгъдзынæн æмæ дæм фæстæмæ дæр нал фæкæсдзæн. Ацы изæр хъуамæ мæ минæвар Езетханы кулдуар ныххойа. Балотти мын цал хатты загъта, минæвар мæ скæ зæгъгæ. (*Рæвдз ацыди.)*

## Æмбæрзæн

### *Æртыккаг ныв*

**Просцениум. Дидинæг иунæгæй**

Д и д и н æ г. Цæмæй хуымæтæджы ферсыл суай, уый тыххæй æппынкъаддæр раттын хъæуы фондзыссæдз зачеты æмæ фæлварæны. Дæлæ Калонкæйы та уырымарджыты курсытæ байгом кодтой. Ау, æмæ цымæ уæд усгуры ном райсын ахæм æнцон хъуыддаг цæмæн у? Чызг æмæ læппу хæрхæмбæлд фесты, кæрæдзи зæрдæты ныххаудтой æмæ æмбойны лæг æмæ усæй агæпп ластой, дыууæ боны ацардысты æмæ

кæрдзийæн уæнгæл фестадысты. Æвæдза, уырыссагау сæ ном сæ уæлæ ис ахæм чындзæхсæвтæн – брак. Бракованный чындзæхсæв! Уæдæ, Мырзахъул, æз цалынмæ дæуæн УЦК фæуын кæнон, уæдмæ мæнæй сæрибар дæ. УЦК – Усгурты Цыбыр Курсытæ. *(Ацыди.)*

**Æмбæрзæн байгом.**

**Езетханы хæдзар. Нырыккон зынаргъ хæдзары дзаума. Езетхан иту æвæры йæ чызджы дзаумæттыл. Кæуы, йæ цæссыгтæ асæрфы.**

Е з е т х а н. Æмæ, дам, рæстдзинад ис! Æмæ кæд рæстдзинад ис, уæд сын адон цы митæ сты? Чызг каст фæци институт, йæ фындзы бын йæ куыст, адон æй хъуамæ гандзайы амæттаг бакæной. Ардæм та арвы кæронæй цыдæр æцæгæлоны сæрвыстой. Ау, æмæ уыцы æрцæуæггаг дохтыр мæ чызгæй зæрдиагдæрæй баузæлдзæн нæ хъæубæсты рынчынтыл? Мæ зæрдæ ма Ахболыл дардтон, æмæ уый дæр йæхи ныккуыдз кодта. *(Паузæ.)* Мæ мадыстæн, æз æй никæдæм ауадздзынæн. Иухатт сæ зæронд Бæтæхъойыхъæумæ мæйы æмгъуыдмæ нартхор тонынмæ арвыстой æмæ йæ æртæ хатты бабæрæг кодтон. *(Паузæ.)* Чындзы куы ацæуид, уæд ам бæргæ баззаид, йæ лæджы хæдзары, Фæлæ мын никæуыл æрвæссы.

**Æрбацыди Дидинæг.**

*(Йæ цæссыгтæ Дидинæджы сусæгæй сæрфы. Дидинæг æй бафиппайдта.)*

Д и д и н æ г *(хъазæн ныхас кæны).* Уымæй уæлдай дын ницы ком дæтты Ахбол?

Е з е т х а н *(зæрдиагæй, кæуынхъæлæсæй).* Уастæн та йын цы зæгъон, къæрттæй цъула не 'ппары.

Д и д и н æ г. Дæхи ма хæр, Езе, мæ уды бао ма йæ уадз. Æз дын æй ардæм мидæгмоймæ куынæ æрбакуысси кæнон, уæд чызгæн нæ райгуырдтæн мæ мадæн.

Е з е т х а н *(фæкъæмдзæстыг).* Æнæнтыст дæ хуыцау макуы фæкæнæд! Мæнæн мæ игæр артыл судзы, ды та хынджылæг скъæрыс.



Д и д и н æ г. Дыууæ мойгæнæджы цы хæдзары уа, уым игæрæй, фарсылæвзагæй сауæвзалы куыннæ бауыдзысты.

Е з е т х а н. Æз та дæуæй æдылыдæр, дæуыл йæхи чи хæры.

Д и д и н æ г. Дон куыдкæсдæрæй фæныуазынц, чындзы та куыд хисдæрæй фæцæуынц.

Е з е т х а н. Мæ хæдзарыл, бынтондæр дæ цæсгом куы суагътай. Дыууæ боны хисдæр дæ уæддæр дæн.

Д и д и н æ г. Уый, æвæдза, КУБТД рауаид, уый зынзæгъæн у. Гъер, зæгъæм, мад æмæ чызг стæм, уый чи нæ зоны, ахæм усгур нæм æрбалæууыд. Уæд, æвæццæгæн, мæн дæ ауон акæнис æмæ зæгъис: ацы хæдзары мæны йеддæмæ мойгæнæг нæма ис.

Е з е т х а н. Бастъæлæд ныры фæсивæд! Де 'взаг цытæ кæрды! Раст дын уæлгоммæ къухæй дæ былты пырх акал!

Д и д и н æ г *(зæрдиаг хъæлæсæй).* «Ныры фæсивæд». Чысыл куы фæкъуыхцы вæййæм, уæд ныффæдис кæнут: ныры фæсивæд фесæфтысты! Хорзæй исты саразтам, зæгъгæ, уæд та – хисдæрты зондæй сгуыхынц. Лæппуимæ уынгты ацыдтæ, уæд дыл хæлды ном абаддзæн. Даргъфадыг хæлаф скодтай, уæд дæуæй сæфтдæр нал и. Фæлæ æрыгон сылгоймаг йæ сæрбæттæн быноз куы бæтта, æмæ хъæууынгты, зæхмæ кæсгæйæ, куы цæуа, йæ къахы бын сæгъы бага куынæ сæтта, уæд уыйбæрц дæр кæнæд хæлд митæ, уæддæр адæмы 'хсæн йæ уæздан, йе 'гъдауы кой кæндзысты.

Е з е т х а н. Ныхæстæ кæнын æнцон у. Документтæ уæм бирæ ис, машинæтæ дæр уæхæдæг тæрут, фæндæгтæ уын парахат. Мой скæн, адæмы цæстмæ къуыри де 'фсины цур абад, стæй дæ лæджы дæ дæларм акæн æмæ дæхи уды къоппайы кой кæн. Æниу дзургæ рæстытæ кæныс, фæлæ ахæм ныхæстæ кæныны бар ис, йæхæдæг бафæзминаг чи у, адæмы æхсагн фæрнджын чи у, ахæм адæймагæн. Æмæ гъер дæ хъæру æмæ дæхæдæг. Дæ бирæ курджытæй иуæн мидæмæ зæгъ.

Д и д и н æ г. Æз мой нæма кæнын!

Е з е т х а н. Æз дæ карæн куы уыдтæн, уæд ды *(къæмдзæстыгхуызæй.)* гуыбыны уыдтæ. Уæддæр ма мын мæ цæстмæ дардтой, æрæгмæ, дам, смой кодтай.

Д и д и н æ г. Æз гуыбыны никуы уыдтæн. Мæн папæ Калачы универмаджы балхæдта. йæхæдæг мын дзырдта – куклаты

æхсæнæй, дам, мæм дæ цæстытæ ныззынг кодтай. *(Фæзмы. Худынц.)*

Е з е т х а н. Иу хатт ма мын мæ ныхасæн аргъ скæн. Чызгæн иу рæстæг вæййы, усгуртæ йæм ныххæррæтт кæнынц. Гъеуæд куынæ фæцарæхса, кæнæ йæ фæцаразæг куынæ фæуа, уæд рохуаты аззайы. Цы ма дæ хъæуы? Поэт дæ куырдта, колхозы сæрдар дæ куырдта, æхсæз азы кæимæ фæцахуыр кодтай, ахæм лæппу дæ куырдта, афицер дæ куырдта – сæ иу дæр дæ нæ бахъуыди. Уыдоны кой нал кæнын. Ныр дыл мæнæ комыйаргъ лæппу сдзырдта. Æмæ та ракæ-бакæ кæныс. Хъусыс, дæ амонд дæ къахыфындзæй ма скъуыр.

Д и д и н æ г (*адæмырдæм). Æнхъæлдæн æмæ Мырзахъулы æхцатæм бабæллыди мæ мад. (Езетханæн. Къахæгау.)* Ныр ын цыма Къелцы машинæ иу ластæн йе 'хцатæ афæразид?

Е з е т х а н. Ныууадз, стæ, Къелцы дæр сæрра кодтай. Æниу мæнæн Къелцы хуызæн сйахс хуыздæр уаид. Дæуæн та Мырзахъулы хуызæн лæг хъæуы, æндæр дæ ничи æртасын кæндзæн. Уæдæ йæм цардæй дæр исты фенис.

Д и д и н æ г. Æртæ азæй раздæр не смой кæндзынæн.

Е з е т х а н. Фæрсгæ дæр дæ нæ бакæндзынæн. Мæнæ дын дæ фыдæфсымæртæм фæдзурдзынæн, æмæ дæ феддæдуар кæндзыстæм. *(Дидинæг рудзынгæй кæйдæр ауыдта, рудзынджы 'рдæм базгъордта.)*

Д и д и н æ г. Езе, мæ хæрзæгкурæггаг дæумæ – Ахбол æрбацæуы! *(Езетханмæ кæсы.)* Дзæбæх та куы асырх дæ.

Е з е т х а н. Дæ зæронд хынджылæггаг макуы фæуæд! Дæ фыдимæ дыууæ æфсымæры цард кодтой. *(Паузæ.)* Цæрæнбонты закъоны лæг у, æндæр дын уыцы æххуыс цæуылнæ бакодта. Чизоны, раст дæр нæ дæн, фæлæ йыл мæ зæрдæ фæхудти.

Д и д и н æ г. Мæ фыдимæ-иу куы æрбауади, уæд-иу сæ размæ разгъордтон. Ахбол мæ-иу фелвæста æмæ мæ-иу бæрзонд сæппæрста. Ныр дæр ма йæм уæды зæрдæ дарын.

Е з е т х а н. Дæ хъæбысы та йæ ма акæнай!

Д и д и н æ г. Цæуылнæ хъуамæ?

Е з е т х а н. Мырзахъулы минæвар у æмæ хæрзаг ма зæгъа, Дидинæг агæппæввонгæй бады.

Д и д и н æ г. Гъе, гъе, нæ ирон гæдымитæм та бахæццæ стæм. Уæдæ ма-иу ныртæккæ ачызгмæ фæкæс.



**Дуар æрбайгом. Æрбахауæгау кодта Къелц. Дидинæг йе 'фцæгыл ацауындзæг.**

К ъ е л ц *(фырцинæй фæкуыддæр. Залмæ).* Уæдæ, æвæццæгæн, Мырзахъулæй хынджылæг кæны. Хетæджыстæн, ацы Балотти Арыхъы моллойæ дæсныдæр у! Куыд тагъд сæ сразы кодта!

Е з е т х а н. Мæг-г-гуыры бонтæ! Ай та ма нын кæм æвзаринаг уыди?

Д и д и н æ г. Къелц, уый цы хуызæттæ дæ?

К ъ е л ц. Нæ, Дидинæг, афтæ ма зæгъ. Кæдæй-уæдæй æз дæр мæ ком суагътон. Иу азы хуыскъыл йæ хъуг ничи уæй кæны.

Е з е т х а н. Замманайы костюм, æмæ йæ цæмæйдæрты самæстай.

К ъ е л ц. Мырзахъул мын æй балхæдта. *(Дидинæджырдæм.)* Дидинæг, хорз лæппу у уый дæр. Сабырæй йын æй бамбарын кæн, тæригъæд у. Хетæджыстæн, æнæуый Мырзахъул ахæм гуырд у æмæ дуры гуыбынæй медицинский спъирт ралæмардзæн.

Д и д и н æ г. Ды дæр уыцы спъиртæй ахуыпп кодтай?

К ъ е л ц. Йæ сыгъдæгæй дзы анызтон. Æз æй дæттæйедтимæ нæ фæхæццæ кæнын. *(Езетханæн.)* Езетхан, ды дзæгъæлы дæхимæ ныхъхъуыстай. Хъуыддæгтæ фæхаир уыдзысты. Хуыцауы фæндæй.

Е з е т х а н. Искуыдæр ма нæ.

К ъ е л ц. Æз уал цæуын уæдæ. *(Фæцæуы. Дуар гомгæнгæйæ.)* Мæнæ уын цы рæсугъд дуары хæцæн ис! (*Ацыди.)*

Е з е т х а н *(зæрдиагæй худы).* Дзæгъæл хуымæтæджы нæ загътон, Къелцы хуызæн сиахс мæ хъæуы, зæгъгæ. Рагæй нал фæхудтæн афтæ.

Д и д и н æ г. Йæ фæдыл акæсон. Нæ сыхæгты бардæйы дзыхъхъы куы ныххауа, уæд æй се стуртæн бадардзысты æмæ мæ курджыты дзæбæхдæр доны къусы сæфт кæны. *(Ацыди.)*

**Æрбацыди Ахбол.**

А х б о л *(худæнбылæй).* Уæ хуыцауы хатырæй *(Дуарырдæм амоны.)*, уыцы лæг агуайæны хъуырæй сгæпп ласта?

Е з е т х а н. Ардæм дæр ифтыгъдæй æрбацыди.

А х б о л. Бæгæны бануазгæ дæр æй куы никуы ничи федта?

Е з е т х а н. Кæд нын бауарзта нæ чызджы! Нæ чызг рудзынгæй дæу куы ауыдта, уæд Къелц дæ разæй куыд фæци?

А х б о л. Уæ дуаримæ архайгæ йæ æрбаййæфтон. Исдуг мæм афтæ дæр фæкасти, кæд, зæгъын, дуары хæцæн æфтауы. Мæхи йæм нал равдыстон. Æцæгæлоны цур хъуыддаджы ныхас куыд чындæуа.

Е з е т х а н. Æнæ хъуыддалжы ныхасæй дæр-иу де 'рдхорды хæдзармæ дæс азы иу хатт куы 'рбакæсис, уый дыл æмбæлы. Æниу дæ æмбарын, æнæ сæрыхицау сылгоймаг дзырдамонд у нæ ирон адæмы 'хсæн. Бахатыр кæн, исты дын фенон.

А х б о л. Дæ хорзæхæй, ма стыхс. Фынгтæ Мырзахъул æмæ Дидинæджы чындзæхсæвмæ уадзæм. *(Езетхан йæ мидбылты бахудти.)* Дæ ныхасыл хъуыды кæнын. Раст загътай, æвæдза.

Езетхан. Омæ цас диссаг у сылгоймаджы дзыхæй дæр иу хатт раст ныхас куы схауа, уæд.

А х б о л. Адæймаг революцитæ аразы. Уæззау хæсты бырæй уæлахизæй æрыздæхы. Æхсæв-бон цæуы йæ нысанмæ. Фæлæ мæнæ хæлуарæджы тынау мæнгæфсон чи у... Стыр ныхасæй та æгъдау кæй хонæм. – Ныр æй не 'гас дæр зонæм, бызгъуырау æй аппарын хъæуы, басудзын æй хъæуы, æмæ нæ уыцы ныфс никæмæ разыны. Æз ацы хæдзармæ ахæм зæрдæ дарын, æмæ йæм алыбон дæр цæуин. Диссаг у, æвæдза, исчи исты куы зæгъа, зæгъгæ, цæрæнбонты ууыл фæхъуыды кæн æмæ дын иубон уыцы исчитæ дæ цæстытыл æрхæцдзысты!

Е з е т х а н. Мацæмæ мын æй бамбар, Ахбол, фæлæ раст, гъе, уыдæттыл æз дæр тынг арæх фæхъуыды кæнын. Мæ мойы нæ уарзтон зæгъын мæ бон нæу. Тыхлæвæрд дæр мæ нæ ракодтой. Никуы мæ ницæмæй бафхæрдта. Фæлæ мæ царды иу-цъусдуг уыди æмæ мæ зæрдæйы мыггагмæ рухс тæппæй баззайдзæн.

А х б о л. Дидинæгыл чи дзуры, уыцы поэтыл сахуыр дæ лирикон таурæгътæ кæнын?

Е з е т х а н. Кæс-ма, дæхæдæг дæр æй нæ бафиппайдтай, афтæмæй мæ алхыскъ кодтай.

А х б о л. Хатыр бакæн, дзур. Уагæры чи уыди уыцы адæймаг?



Е з е т х а н *(исдуг æм сдзурыны ныфс нæй).* Мæ къухылхæцæг Ахбол.

А х б о л *(сагъдауæй аззад).* Æмæ æз... Æз куы ницы... Мæ алы къахдзæф дæр хорз хъуыды кæнын.

Е з е т х а н. Мæ чындзæхсæвы бон уыди...

А х б о л. Уыцы рæстæг нуазгæ дæр нæма кодтон.

Е з е т х а н. Дæ хъæлæс дын куы фехъуыстон... Мæ зæрдæ цыдæр æнахуыр рухс ныцци. Мæнæ ма аргъæутты вæййы афтæ. Уый фæстæ мын мæ цонгыл куы æрхæцыдтæ... Мæ зæрдæ ныссæххæтт ласта. Машинæмæ мæ куыд сæргъæвтой, уый æмбаргæ дæр нал бакодтон. (*Ахбол рудзынджы цурмæ бацыд. Æддæмæ кæсы.)*

А х б о л. Езетхан, хуыцауæй курæгау дæ курын, мацыуал зæгъ.

Е з е т х а н. Æмæ æз афтæ... Дæ ном æз тынг сыгъдæг... Хиуоны зæрдæ дæм дарын. Уынджы цæугæ дæ куы фенын, уæд мæ æрфæнды: фæстæты дæм бахъуыз... *(Къахфындзтыл æм фæцæуы.)* Æмæ дын æваст дæ цæстытæ ахгæн. *(Йæ цæстытæ йын ахгæдта къухæй.)* Мæнæ афтæ.

**Дуар фегом. Къелц йæ сæр æрбадардта.**

К ъ е л ц *(сонтæй).* Бахатыр кæнут, æрдæбон мæ ферох хæрз изæр зæгъын... *(Ахбол æмæ Езетханы ауыдта.)* Æмбæхсынтæй хъазут? *(Адæмырдæм.)* Адоны чындзæхсæв, æвæццæгæн, фæразæй уыдзæн. Æмæ уал уæд мæ гал Ахболæн ауæй кæнон. *(Къелц фæауууон.)*

Е з е т х а н *(адæргæй цы акæна, уый нæ зоны).* Къелц, Къелц! Фæлæуу-ма! Йæ хæйрæджы къæхтæ ма йæ кæцæй æрбахастой? Æниу мын никæй аххос у. Цæрæнбонты дæм ныхасы æрдæг дæр куы никуы суæндыдтæн, уæд ныр цæуыл сæрра дæн.

А х б о л. Фенын æй хъæудзæн æвæстиатæй. Мыййаг нæ кæд галиуæрдæм бамбæрста, æмæ йæ куы ныцъцъиу-цъиу кæна...

Е з е т х а н *(цин кæны).* Æрхъуыды кодтон! Райсом æй Дидинæджы куывдмæ æрбахондзыстæм. Ныхас чи нæ бамбара, ахæм нæу.

А х б о л. Æмæ йын-иу æй дзæбæх бамбарын кæн.

Е з е т х а н. Нагъ, мæнæн аив нæ уыдзæн, Дидинæгыл дзу-

ры. Стæй нæлгоймаг нæлгоймаджы æвзаг хуыздæр æмбары.
А х б о л. Цæй, сылгоймаг ахæмтæм...
Е з е т х а н. Ахбол, уыцы бегара мын ма бавзарын кæн.
А х б о л. Мæнæн бынтон æнаив уыдзæн...

**Æрбацыди Балотти. Ахбол æмæ Езетхан тыхсынц.**

Б а л о т т и. Ахбол, æз дæр хъуыддаджы фæдыл... Мæ цыд йед нæу.
А х б о л. Уæдæ уæ æз нæ хъыгдарын. Хъуыддаг хисдæр у. Уæ изæр уæхи фæндиаг. *(Ацыди.)*
Е з е т х а н. Минæвар æрбацыди Ахбол.
Б а л о т т и *(адæмырдæм).* Æз цы минæвар дæн, уый дæр уымæй хуыздæр минæвар нæу. *(Езетханмæ.)* Æмæ ма Ахболы фæстæ æз исты рыг скалдзынæн?
Е з е т х а н. Ды дзы куы скалай рыг, уæд цæвæг марæджы нал æмбардзæн. Алæбон æгас нæм цу, Балотти, æмæ, дæ хорзæхæй, иучысыл нæм абад. Бахатыр мын кæн. Мæнæ уал истæмæ æркæс. *(Йæ разы йын альбом æвæры. Ацыди.)*
Б а л о т т и *(смуды, йæ комыдæттæ ныхъхъуыры).* Ахбол йæ фынг сдæргæ бакодта æви сæ уат хлорæй дезинфекци скодтой? *(Альбом фæлдахы. Иу фарсмæ æдзынæг фæкаст. Йæ дзыппæй къам систа. Куы, йæ армы цы къам ис, уымæ æркæсы, куы – альбоммæ.)* Гъе уый дын товар! *(Альбоммæ кæсы.)* Ам бирæ æрыгондæрæй ист у Езетхан. *(Йæ арммæ кæсы.)* Ныр дæр ма бирæ чызджытæй чызгдæр у.

**Езетхан æрбахаста чъирийы кæрстытæ, графины – нозт. Балотти къам йæ дзыппы амбæхста.**

Е з е т х а н. Хорз уынинаг бæргæ дæ, фæлæ цæйау акæнынц: уазæг – цæттæ, фысым – æдзæттæ.
Б а л о т т и. Цæуыл стыхстæ, Езетхан, ставддуртаг уазджытæ дæм мыййаг куынæ æрбацыд? *(Рауагъта нозт. Адæмырдæм.)* Ахбол цы фынгыл фæривæд кодта, уый фæлхæрттæ мын рахаста. *(Езетханæн.)* Езетхан, мах интеллигенци стæм, æмæ-нæ талынг хисдæртау сидтытæ дæртыл нæ кæндзыстæм. Æз æй æргомæй зæгъдзынæн: ацы цары бынæй цы саби фæндараст кæны йе ’цæг хæдзармæ, уый Мадымайрæм...



Е з е т х а н. Де ’гæрыл, Балотти, æгæр тагъд æй нæ фæраст кодтай? Ам ма дæ размæ дæр минæвар куы уыди.
Б а л о т т и. Абон уа, райсом уа – искæмæн разыйы дзуапп дæттын бахъæудзæн. *(Анызта, ныккæрзыдта.)* Уæллæй, спъиртæй цы кæныс! *(Комдзаг кæны.)*
Е з е т х а н. О, хæдæгай, ды уæддæр хицауадмæ хæстæгдæр лæууыс. Дыргълæмарæны спъиртты хабар та цы баци? Æппын гуырысхо дæр никæуыл кæнынц?
Б а л о т т и. Дон – хиды бынты. Æз дын зæгъын, уый дæсны лæджы почерк у.
Е з ет х а н. Цыма та уый дæр кæмæндæр батайдзæн?
Б а л о т т и *(цыма йæ не ’мбары).* Æмæ уый тынг хæлар нозт куы у.
Е з е т х а н. Мин литры, дам, уыдысты!
Б а л от т и. Уæллæгъи, Езетхан, æртæ тоннæйы.
Е з е т х а н. Æмæ сын уыдон нозт кæд фæуыдзысты, дæ мæрдты хатырæй.
Б а л о т т и. Гъер æз куы фæзæгъын, Езетханæн зæды зæрдæ ис, уæд... Æртæ тоннæйы 3 мин литры сты? Сты? Æртæ мин литрыл æртæ мин литры дон куы ауадзай, уæд дзы æхсæз мин литры водкæ уайы? Уайы! Æхсæз мин литры водкæйæ дыууадæс мин авджы байдзаггæнæн ис? Ис. Рестораны авджыдзаг кæны 6 сомы. Гъер, кæд нымайын зоныс, уæд уыцы фæрныг йæ гобаны цъары ауагъта – дыууадæс æмæ æртиссæдз мины. Шофырты нымадай та 13 «Жигулийы» æмæ *(Нымайы хинымæр.)* æртыдзæлхыг мотоциклет. Цыбыр дзырдæй, йæхæдæг нæ, фæлæ ма йæ цоты цот дæр мæнæ афтæ цæрдзысты. *(Йæ амонæн æнгуылдз йæ хурхыл æрбасæрфта.)*
Е з е т х а н. Нæ, нæ, нæ хъæуы. Лæг йæ къæбæр адæн куы бахæра æмæ æнæмæтæй куы бафынæй кæна, уæд дзы уымæн æмбал нæй. *(Балоттимæ.)* Рауадз-ма.
Б а л о т т и *(рауагъта нозт, фæстæмæ æрæвæрдта нуазæн).* Æз иунæг хуыпп дæр нал скæндзынæн.
Е з е т х а н. Исты дын фæхъыг и?
Б а л о т т и. Æрдæбон мын дæ ныхас мæ тъæнгтæ ацагъта.
Е з е т х а н. Мæ хæдзарыл, уагæры цы загътон?!
Б а л о т т и. Ахбол куы æрбакъахдзæф кодта, уæд уымæн дæр «иучысыл нæм абад» загътай? Æз дæр Ахболæй къаддæр хъуыддаджы фæдыл не ’рбацыдтæн.

Е з е т х а н. Ӕмӕ дӕм кӕд афтӕ хорз кӕсы ам, уӕд, табуафси, нӕ уӕттӕй дын иу рауӕлдай кӕндзыстӕм ӕмӕ дзы цӕр.

Б а л о т т и *(фӕхъӕлдзӕг).* Тынг раст кӕныс, Езетхан, тынг раст! Боныфӕстагмӕ адӕймаг хъуамӕ йӕхи уды къоппайыл дӕр хъуыды кӕна. Дидинӕг йӕ фӕрныг хӕдзар куы ссара, ӕмӕ дӕ, цӕссыгзгъалгӕ, куы ныууадза, уӕд ма дӕуӕн дӕ цард цард у иунӕгӕй. (*Езетханы зӕрдӕ ӕрбауынгӕг. Аивӕй йӕ цӕссыгтӕ асӕрфта. Балотти йӕ бафиппайдта, Адӕмырдӕм.)* Куыд кӕсын, афтӕмӕй, мӕнӕуый, дӕ хъул сах бады. *(Йӕ къух ауыгъта.)* Къелц дӕр кӕд ӕнӕ усӕй нӕ баззаид. *(Езетханы къухыл йӕ къух ӕрӕвӕрдта.)* Езетхан, ды дӕхимӕ хъусынил куы фӕуай, уӕд мӕнӕн дӕр мӕ цард сӕнад уыдзӕн. *(Езетхан йӕ къух йӕ сӕрмӕ сбыцӕу кодта, йӕ цӕстытӕ ӕмбӕрзы. Йӕ къухыуӕларм ын рӕвдаугӕ сӕрфы. Езетхан йӕ къух айста. Балотти анызта.)* Чызгӕрвысты рӕстӕг куыд ныффӕллайдзынӕ, уый мӕ цӕстытыл уайы. Фӕлӕ-ма бабыхс. Куыддӕр федде уа, афтӕ дын денджызы былмӕ ӕнӕфӕласгӕ нӕй дӕ фӕллад уадзынмӕ. Мӕхӕдӕг дӕр тынг бафӕлмӕцыдтӕн. Мах куысты капрон нуӕрттӕ хъӕуы.

Е з е т х а н. Ӕвӕццӕгӕн, мӕнӕн ахӕм нуӕрттӕ ис. Фӕллад цы у, уый ӕппындӕр нӕ зонын.

Б а л о т т и. Дидинӕг дӕр, кӕд ма аулӕфон зӕгъы, уый йеддӕмӕ тӕккӕ райсом дӕр йӕ бынаты кусын куы байдаид. *(Йӕ сӕрыхъуынтӕ йын лӕгъзытӕ кӕны.)*

Е з е т х а н. Кӕм и йӕ бынат?

Б а л о т т и. Мӕнӕ нӕхи рынчындоны.

Е з е т х а н *(ӕддӕдӕр абадт).* Уыцы бынатмӕ салыгӕрдӕйнаджы куы ’рбарвыстой.

Б а л о т т и *(анызта та).* Дидинӕгӕн йӕхи бафӕндыд, ӕндӕра, мӕ цӕстӕрттивгӕйӕ, уыцы салыгӕрдӕйнагӕн ам бынат нӕй. *(Езетхан йӕ сӕрыл схӕцыд, ныррухсдзӕсгом. Йӕхи йӕм байвӕзта.)* Ӕхсызгон дын нӕу, Дидинӕг нӕхимӕ кӕй кусдзӕн, уый?

Е з т х а н. Балотти, ницы фехъуыстай?

Б а л о т т и. Куы ницы. Ӕмӕ цы у, цы?!

Е з е т х а н. Нӕ дуканимӕ, дам, копрӕдзтӕ ӕрбаластой.

Б а л о т т и *(къултӕм кӕсы).* Ӕмӕ уӕ хӕдзӕрттӕ ног чъырӕйцагъд куы сты, уӕд копрадзы кой цӕмӕн кӕныс?

Е з е т х а н. Уымӕн ӕмӕ мӕ зӕрдӕ копрадзцъӕх фӕци. *(Сыстади.)*

Б а л о т т и *(рауагъта ӕмӕ та анызта. Мӕстыйӕ).* Езетхан, хӕрз дзӕгъӕлы мӕ бафхӕрдтай. Фӕлтау мӕ искӕй хъуымыздзых саби уӕлбӕхӕй ехсӕй куы фӕнадтаид. Тынг мӕ бафхӕрдтай, Езетхан, тынг, тынг. Ӕз дӕу рагӕй... Фыццаг хатт дӕ куы федтон, уӕдӕй нырмӕ... Ӕз цалдӕр хатты мӕ бинойнагимӕ дӕр... Дӕуӕй мӕ иучысыл дӕр ныфс куы уыдаид, уӕд... Ды та афтӕ зӕгъыс, копрадзцъӕх, дам. *(Къултӕм та кӕсы.)* Ӕз дӕ тынг рагӕй...

Е з е т х а н Цӕмӕй бӕрӕг у?

Б а л о т т и *(йӕ риуы дзыппӕй къам фелвӕста).* Зӕгъ-ма, ацы къам кӕды ист у?

Е з е т х а н *(сагъдауӕй баззад, къаммӕ ӕдзынӕг кӕсы).* Дӕс къласы каст куы фӕдӕн, уӕды.

Б а л от т и. Гъер федтай, мӕ риуы дзыппы йӕ кӕдӕй нырмӕ дарын.

Е з е т х а н. Ӕмӕ мах хъӕуы дӕуӕн дӕ кой, дӕ хъӕр дӕр куы нӕма уыди, уыцы рӕстӕг!

Б а л о т т и. Хӕрз дзӕгъӕлы гуырысхотӕ кӕныс. Банымайма, цал азы дӕ хӕссын мӕ зӕрдӕйы?

Е з е т х а н. Куыдӕй дӕм ӕрбафтыди?

Б а л о т т и. Лыстӕг хабӕрттӕй мӕ мауал фӕрс.

Е з е т х а н. Кӕд мӕ ӕцӕгӕй афтӕ бирӕ уарзыс, уӕд-ма зӕгъ: кӕм дын уыди ацы къам?

Б а л о т т и. Ахбол-иу йе ’фсӕддон билет рафӕлдӕхта ӕмӕ-иу дзы цӕмӕдӕр кӕсынтӕ байдыдта. Мӕхинымӕр-иу дисы бацыдтӕн: йӕ билеты фыстытӕ найзуст куы зоны, уӕд ма дзы цӕмӕ ныдджих вӕййы ӕдзух? Иуахӕмы кӕртмӕ ауади, билет стъолыл айрох. Кӕсын ӕмӕ дзы ацы къам. *(Къамӕн пъа кӕны, йӕ дзыппы йӕ ӕвӕры.)*

Е з е т х а н *(адӕмырдӕм).* Ох, мӕ зӕрдӕ!.. *(Дон ахуыпп кодта. Балоттийӕн.)* Цыдӕр егъау хъуыддаджы кой куы кодтай? Минӕвар цыма уыдтӕ? Ӕви дӕ ферох.

Б а л о т т и. Уый мӕ рох нӕу, фӕлӕ мӕхицӕн дӕр мӕ зӕрдӕ дывыдон арты судзы.

Е з е т х а н. Нӕ чызджы хъуыддаг бакӕнӕм, стӕй мах дӕр ам уыдзыстӕм.

Б а л о т т и. Уæдæ æз цы лæппуйы номæй æрбацыдтæн, уый дзыхъылæуд ницæмæй у.

Е з е т х а н. Чи у, чи? Ном ын нæй?

Б а л о т т и. Уæллай, айдагъ йæ ном дæр истæй аргъ у. Къелц. Дæ чызгæн мæ цæст хуыздæр цардæмбал нæ зæгъы. Дидинæг æмæ Къелц мæнæ афтæ цæриккой, мæнæ афтæ. *(Йе 'нгуылдзы йæ хурхыл æрбасæрфта.)*

Е з е т х а н. Балотти, гъе ды фендджын адæймаг дæ æмæ дæ хионау фæрсын. Ацы Мырзахъул та дæм куыд лæппу кæсы?

Б а л о т т и. Уæллæй, фырыхъулы хуызæн лæппу. Сæ хæдзар – мыды къусы хуызæн. Мырзахъул æмæ Дидинæг мæнæ афтæ цæриккой, мæнæ афтæ. (Йе 'нгуылдз та йæ хурхыл æрбасæрфта.)

Е з е т х а н *(сонтæй).* Тæхуды æмæ де 'нгуылдз Дидинæджы скальпель куы фестид æмæ дзы дæ хурхысæртæ куы æрбахауын кæнис!

**Æмбæрзæн**





## ДЫККАГ АРХАЙД

*Цыппæрæм ныв*

**Езетханы хæдзар. Сценæ афтид. Куывд, Дидинæг дохтыры диплом кæй райста, уый фæдыл. Фæссценæйæ хъуысы хъæлдзæг уынæр. Зарæджы ныхæстæ: «Айс æй, аназ æй!» Ирон цагъд æмæ джазы уынæртæ сиу вæййынц. Æрбацыди Мырзахъул. Йæ сахатмæ æркасти. Фæссценæмæ йæ сæры фæтылдæй ацамыдта, ома рацæут. Фидар къахдзæфтæгæнгæ фæдфæдыл 'рбацыдысты 20–25-азыккон æртæ лæппуйы. Сæ уæлæ – джинстæ, сæ сæрыхъуынтæ сæ фæсонтыл æндзæвынц. Сты домбæйттæарæзт. Æртæйæ дæр æнувыдæй æууилынц чъиу. Сс 'ккæйтты хъæбæргæххæттын егъау асыччытæ, сæ фæрстыл фæсарæйнаг фирмæты этикеткæтæ. Мырзахъул сын æнгуылдзæй ацамыдта иу ранмæ. Сæ уæргътæ æрæвæрдтой. Алчи йæ асыччы раз æдзæмæй лæууы, чъиу æууилы. Мырзахъул сын æнæдзургæйæ ацамыдта: цæут. Ацыдысты. Мырзахъул дуары дзæнгæрæг нылхъывта. Разгъордта Дидинæг.**

Д и д и н æ г. Мидæмæ, мидæмæ, Мырзахъул! Уазджытæ дæм кæдæй æнхъæлмæ кæсынц.

М ы р з а х ъ у л. Арфæ дын кæнын æз дæр. *(Амоны къоппытæм.)* Ацы дунейыл фылдæр цы уарзыс, уыдон мын айфыццаг нымадтай æмæ сæ дæлæ фен.

Д и д и н æ г *(цымыдисæй).* Æцæгæй?! *(Гæххæттын асыччытæм кæсы.)* Хъазгæ та мæ кæныс, æнхъæлдæн?

М ы р з а х ъ у л. Цæстæй сæ фен.

Д и д и н æ г *(асыччытæ халы, исы лæвæрттæ радыгай).* Мæлæты уæззау нæу. Уагæры цы у? *(Мырзахъулмæ.)* Схæцма. *(Систой халвайы къопп, йæ гæххæтт ын аскъуыдтой. Цингæнгæйæ.)* Халва! *(Фенкъардхуыз.)* Нæ загътон, хъазгæ та мæ кæныс... *(Мырзахъул фæссценæмæ йæ къух фæтылдта.)*

**Æрбацыдысты æртæ лæппуйы чъиу æууилгæ.**

М ы р з а х ъ у л *(халвайы къопмæ ацамыдта.)* Ахæссут æй. *(Лæппутæ халвайы къопп фæхæссынц.)*

Д и д и н æ г. Фæлæуут! Кæдæм æй фæхæссут?

М ы р з а х ъ у л. Йæ бынаты йæ сæвæрут. *(Лæппутæ æрбахастой халвайы къопп. Ацамыдта сын къухæй, ацыдысты.)*

Д и д и н æ г. Езе халвайы бæрц ницы уарзы! *(Асыккæй исы тыхтæттæ. Тынгæй-тынгдæр цин кæны.)* Немыцаг парик! Техасаг джинстæ! Францаг косметикæ! *(Иу чиныг систа.)* Медицинон энциклопеди! Монгойлаг замс кæрц! Япойнаг магнитофон! *(Мырзахъулмæ.)* Ацы лæвар дын ницы хуызы райсдзынæн.

М ы р з а х ъ у л. Цæуылнæ?

Д и д и н æ г. Æгæр зынаргъ у. *(Мырзахъул та фæссценæмæ ацамыдта.)*

**Æртæ лæппуйы та чъиу æууилгæ æрбацыдысты.**

М ы р з а х ъ у л *(магнитофонмæ амоны).* Ахæссут æй. *(Ахастой йæ. Дидинæгæн æхсызгон нæ уыд, сæ фæстæ кæсгæйæ баззади.)*

**Дуарæй йæ сæр радардта Езетхан.**

Е з е тх а н. Дидинæг, Къелц нæма зыны?

Д и д и н æ г. Нæма. *(Езетхан фæауuон.)*

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Къелц дæр та дефицит сси?

Д и д и н æ г. Куыд дын раарфæ кæнон, уый зонгæ дæр нæ кæнын.

М ы р з а х ъ у л. Афтæ чысыл цыдæртæ. Чындзы куы цæуай, уæд дын исты балæвар кæндзынæн.

Д и д и н æ г. Ардыгæй уæдмæ – æгас.

М ы р з а х ъ у л. Ау, Дидинæг æмæ Мырзахъулæн иунæг мæй цæрæнбон нал ис?

Д и д и н æ г. Æмæ иунæг мæймæ УЦК каст фæуыдзынæ?

М ы р з а х ъ у л. Уый та ма цавæр УЦК у?

Д и д и н æ г. Ме 'мбæлттæ æртæйæ, цыппæрæм курс дæр нæма фесты, афтæмæй моймæ агæппытæ кодтой. Æмæ дзы ницы сойтæ смæрзтой. Сæ иуæн йæ лæг авджы хъуырæй уæлæмæ нал быры. Æхсæв дæр æрыхъал вæййы æмæ йын бон цы нæ бантысы, уый баххæст кæны.

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Гъе уый профессионал у, гъе!

Д и д и н æ г. Иннæмæн йæ лæг фарон сæрды Гагрæйы гостиницæйы æнæхъæн мæй йæ уарзонимæ фæцард. Ус ыл фæгуырысхо. Уым балæууыд, æмæ сæ йæхи цæстæй федта... Канд Гагрæйы нæ – алы курорты дæр ын уарзон.

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Кæмдæрты ма мæхи хуызæн саглæгтæ ис.

Д и д и н æ г. Ме 'ртыккаг æмбалы лæг та иу бынаты мæйæ фылдæр нæ фæстиат кæны. Куыддæр куысты алæууы, афтæ йæ хицауыл анонимкæтæ фыссын байдайы. Ме 'мбал та йын йæ нарст пъартфелмæ бабæллыд – наукон кусæг æй хуыдта, мæгуыр. Иу анонимкæйы йæхи фыдгой дæр фæкодта, уæдæ мыл мæ хицау ма фæгуырысхо уа, зæгъгæ.

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Уæдæ æз хуымæтæджы фæзæгъын: æгæр сарæх сты ацы пъероджынтæ. *(Дидинæгмæ.)* Мæн исты аххосджын кæнынц? Цæй дымæгмæ мын сæ дзурыс, уый мын бамбарын кæн.

Д и д и н æ г. Ме 'мбал чызджыты лæгтæй иу дæр УЦК каст нæ фæци, сæхи та афтæ æвдыстой, цыма æппæтæй дæр ифтонг сты, æмæ сыл баууæндыдысты чызджытæ. Ныр ма сæ рустæ хæрдмæ хафынц.

М ы р з а х ъ у л. Цæвиттон, цалынмæ мæнæуый... Цы йæ хоныс?

Д и д и н æ г. УЦК.

М ы р з а х ъ у л. УЦК каст фæуа, уæдмæ Езетхан йæ уарзон сиахсы къафетты ад нæ базондзæн? Раст дæ бамбæрстон?

Д и д и н æ г. Тынг раст мæ бамбæрстай. Дæуæй, чизоны, исты рауайа.

М ы р з а х ъ у л. Æмæ кæм и дæ ликбез? Иу экзамен дзы цал мины аргъ у?

Д и д и н æ г. Ды та ам дæр æхцайæ сархайынмæ хъавыс, фæлæ УЦК – чи никуыма уыди, ахæм скъола у. Уæвæн ис, æмæ йæ цалдæр азмæ дæр каст ма фæуай. Фæлæ йæ иу бонмæ каст чи фæци, ахæмы дæр зонын. Фæлварæнтæисæджы ды нæ уыныс, уый дæ уыны, арвы айдæнмæ кæсы æмæ дын дæ алы къахдзæф дæр бары.

М ы р з а х ъ у л. Мæ зæрдæ мæм дзуры: къуыримæ йæ каст фæуыдзынæн. Мæй дæр фæуæд. Уымæй фылдæр мын рæстæг нæй. Æмæ мæнæ ацы минут райс дæ айдæн... Æрмæст мын ме скъолайы ном зæгъ. *(Фæссценæмæ ацамыдта.)* Ахбол æрбацæуы! Æз мидæмæ бакæсон. *(Ацæуы мидæмæ.)*

**Ærбацыди Ахбол, йæ къухы – хъуырдзæвæны хуызæн газеты тыхтон. Йæ ауун æй амбæхста.**

Д и д и н æ г *(адæмырдæм).* Дидинджытæ йæм ис! Цымæ сæ Езейæн æрбахаста æви мæнæн? *(Ахболмæ.)* Ахбол, куыдфæнды сæ æмбæхс – цавæр дидинджытæ сты, уый дæр зонын, цал сты, уый дæр зæгъдзынæн.

А х б о л. Зæрондæй ма мæхицæй цыдæр аразын. Хъæдындзты тыхт сæ бæргæ скодтон, уæддæр мын, æхсидæвтау, мæ къухтæ сыгътой. Ирон лæг дидинджытæ хæссын никуы базондзæн. *(Дæтты сæ Дидинæгæн.)* Дидинæгау рæсугъд у зæры бонтæм, æрмæст дæм алкæй къух ма ’ххæссæд.

Д и д и н æ г *(йæ хъæбысы йæ акодта).* Бузныг, Ахбол. Мидæмæ ахиз.

А х б о л. Гъед та?... Исчитæ дзы и?

Д и д и н æ г. Уым сты, дæу дæр фарстой. Ахиз, ахиз.

А х б о л. Æмæ гъед та?.. Мæнæ цыдæр куы хуынди?.. О, Къленц нæма фæзынд?

Д и д и н æ г. Къелц нæма. *(Ахбол бацыд мидæмæ.)* Цы дзы кæнынц уагæры? Езе дæр æй агуырдта, афтæмæй йæм хонæг дæр куынæ уыди.

**Фæссценæйæ хъуысы хъæрæй æхснырсын.**

Д и д и н æ г. Сыгъдæгæй дæр кæмæндæр йæ хæдзар аллергион басгуыхт.

**Æхснырсын та хъуысы. Ærбацыди Балотти, æхснырсгæйæ. Йæ къухы аслам дидинджыты баст, дидинджытæ йæ цæсгомæй дарддæр цæмæй уой, ууыл архайы, уæддæр йе ’хснырсын нæ уромы.**

Дæ низ цæмæй дзæбæхгæнгæ у, Балотти? Аспирин дын радавон æви сыкъайыдзаг?

Б а л о т т и *(адæмырдæм).* Мæнæн мæ хос Езетханмæ ис бæргæ. *(Дидинæгæн.)* Бузныг, Диди... Рæхджы бон дæ чындзæхсæвы дæр куыд абадæм, фæрныг хæдзар куыд ссарай æмæ мæнæ афтæ куыд цæрай дæ къаимæ. *(Йе ’нгуылдз йæ хурхысæртыл æрбасæрфта. Æрыхснырста. Дидинджытæм амоны.)* Иунæг амбрози се ’хсæн фæци æмæ уый дæр куы сæппæрстон, уæд ма дзы цавæр хъылма бахауд *(Дидинджытæ дæтты.)*



Д и д и н æ г. Бузныг, Балотти. Мидæмæ ахиз.

Б а л о т т и *(адæмырдæм).* Гъер, цымæ æз ацы фынгмæ хуынд цæуылнæ уыдтæн? Уæвгæ фендзыстæм, цымæ хонæг кæмæ уыд, уыдонæй æвзæрдæр сарæхсин минас кæнынмæ. (Дидинæгмæ.) Дæхæдæг! ма мын мæ къухыл ахæц. *(Мидæмæ ахызтысты.)*

**Ærбацыд Къелц. Ærбахаста хъæбысыдзаг быдираг дидинджытæ. Се ’хсæн зыны гæдыйы дымæджы коцоратæ, æртæсыфонтæ æмæ æндæр кæрдæджытæ. Йæ дæлармæй бырынц æмæ сæ дзæбæхтæ кæны.**

К ъ е л ц. Гъер ма ацы хæрдзтæ цæмæн хъуыдысты. Нæ тæккæ ног хæдзарaразгæйæ стæм Дидинæгимæ æмæ хъуамæ капекк капеччы уæлæ æвæрæм. Æниу сæ цæуылнæ фæиу кодтам – дипломы куыд æмæ дыууæ чындзæхсæвы. Иу гæрахæн æртæ сырды афæлдæхтаиккам. Адæм дæр афтæ кæнын байдыдтой.

**Рæвдз рауад Езетхан.**

Е з е т х а н *(адæмырдæм).* Ацы лæг, сыгъдæгæй, Кæрдæгхæссæнтæм æрбацыд, æндæр цы! Ахбол цымæ нæма ныхас кодта йемæ? *(Къелцмæ.)* Алыбон æгас нæм æрцу, Къелц! Куыд æрæгмæ фæзындтæ?

К ъ е л ц. Нырма йæ сахаты размæ фехъуыстон. Афтидæй куыд æрбацыдиан, æмæ машинæ Мысакайы рагъмæ фæтардтон. Дидинæг уым – къубалмæ. Сæ фæлхæрттæ дæр сын нал равзæрстон фыртагъд-тагъдæй. *(Гæдыйыдымæг, æртæсыфонтæ дидинджыты æхсæнæй ласы, æппары сæ.)*

Е з е т х а н. Къелц, дæ хуын бирæ, чызджыты хуыздæр дæ хай!

К ъ е л ц. Раст зæгъыс, Езæтхан, чызджытæн сæ хуыздæр у Дидинæг,

Е з е т х а н. Замманайы лæппу дæ, Къелц, фæлæ фæстаг рæстæджы ноzтыл æгæр сагъуыдтæ.

К ъ е л ц. Хетæджыстæн, Езетхан, лæджы хуызæн лæг гъе арахъхъ куынæ нуаза, гъе тамако куынæ дыма, уæд йæ хамбохъы тæфæй йæ цурты ацæуæн нæ вæййы. Стæй ма цы бафиппайдтон: æнæ ноzт фынгыл адæймаг хæргæ-хæрын цъæм-цъæм кæны.

Е з е т х а н. Къелц, иуæхсæв ма дæ фæстæ бæргæ ахъæр кодтон. Мæ мадыстæн, æз æмæ Ахбол...

К ъ е л ц. Æмæ цæуыл тыхсыс, Езетхан, уый та цы ’фсæрмыйаг у.

Е з е т х а н. Æмæ гъер... Куыд дын æй зæгъон...

К ъ е л ц. Зыбыты дзæгъæлы æфсæрмытæ кæныс. Æнæзæгъгæйæ дæр æй æмбарын.

Е з е т х а н. Гъер, Къелц, мах... Гъед у... Уыцы кары нал стæм...

К ъ е л ц. Хисдæрты чи нæ бамбара, ам ахæм фæсивæд нæй.

Е з е т х а н. Омæ дзы, Къелц, мæ къона... Ды цы ахъуыды кодтай.

К ъ е л ц. Ныууадз-ма уыцы ирон æфсæрмытæ. Хетæджыстæн, Езетхан, мах дыуунæ чындзæхсæвы иу бон дæр скæндзыстæм.

**Æрбацыди Дидинæг. Къелц ын хъæбысыдзаг дидинджытæ дætты. Езетхан ацыди.**

Мысакайы рагъы дидинджытæ иууылдæр ацы кæрты куы фестиккой, уый дæр мæ бæргæ фæнды.

Д и д и н æ г. Æмæ ма дзы уæвгæ исты баззади?

К ъ е л ц. Фæлæуу, мæнæ уал нæ чындзæхсæв фæхицæн уа, кæддæра æз нæ хæдзар дидинæгæй нæ байдзаг кæнин. Æз рейсы кæм нæ вæййын – гуырдзыйаг дидинджытæ дæр нæм уыдзæн, сомихаг дидинджытæ дæр. Хъалмыхъы быдырты ахæм зыр-зырæгтæ ис æмæ сæм адæймаг кæсынæй никуы бафсæддзæн.

Д и д и н æ г. Къелц, æмæ ницыма фехъуыстай?

К ъ е л ц. Чындзæхсæвы тыххæй? Æмæ йæ кæд кæнæм?

Д и д и н æ г. Цæмæй чындзæхсæв скæнай, уый тыххæй ног указмæ гæсгæ курсытæ фæуын хъæуы – УЦК.

К ъ е л ц. Æмæ сæм цал къласæй исынц? Æхсæзæмты куы ахуыр кодтон, уæд стыр дзуарæй фæрынчын дæн, æмæ мæ фыдыфсымæр Зынцъарæй...

Д и д и н æ г. Кълæсты тыххæй ма тыхс. Æз дын баххуыс кæндзынæн.

**Æрбацыди Мырзахъул. Дидинæг барæй йæхи ’нæуынæг скодта. Мырзахъул сын сæ ныхас нæ хъусы.**



М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Езетханы хæдзары цыппæркъахыгæй гæды йеддæмæ куы ницы ис, уæд утæппæт кæрдæг кæмæн æрбаласта?

Д и д и н æ г. Ныртæккæ мах сбæрæг кæндзыстæм, дæ хабар куыд рауайдзæн, уый. Зæгъ-ма: чызгимæ фæцæуыс проспектыл æмæ дыл дæ зынцъайраг фыдыфсымæр сæмбæлд. Фæдзырдта дæм æмæ дын загъта, ахæм æмæ ахæм хабар, æвæстиатæй Емаусмæ хъæргæнæг ацу. Куыд бакæнис?

К ъ е л ц. Ам фарны кæйттæ чындæуыд, фæлæ ирон адæммæ зианæй хисдæр ницы ис æмæ уыцы минут машинæ бацагурин.

Д и д и н æ г. Фыццаг рæдыд уал! Чызджы уал йæ хæдзармæ бахæццæ кæнын хъуыд. Дæ уарзоны афæдз æмгъуыдæй ахуырмæ æрвитынц. Ды йæм вокзалмæ бацыдтæ фæндараст зæгъынмæ. Минуты фæстæ поезд фенкъуысдзæни. Куыд хъуамæ дарай дæхи?

К ъ е л ц. Цæгатаг горæтмæ куы цæуа, уæд ын бафæдзæхс, уазалæй дæхи бахъахъхъæн, зæгъгæ. Стæй йын уыцы бон йæ фæстæ дыууæйы фæллыст къуымбил цъындатæ арвит.

Д и д и н æ г. Дыккаг рæдыд.

К ъ е л ц *(тагъд-тагъд).* Уæд та йын бафæдзæхс: дæ ахуыры кой-иу кæн, адæмы лæппутæм-иу дзæгъæлгаст ма кæн.

Д и д и н æ г. Ницы базыдтай. Ахæм уавæрты хъæуы мæнæ афтæ. *(Къелцы русæн апъа кодта. Мырзахъул фесхъиудта.)*

М ы р з а х ъ у л. Уый та чердыгон чъыллипп у?!

Д и д и н æ г *(Къелцæн).* Ус курынмæ цæттæ нæма дæ, Къелц? Иунæг хос дын ис – УЦК!

К ъ е л ц. Æмæ та кæд уым дæр стыр конкурс ис? Иу бынатмæ дзы цымæ цал лæджы ис?

Д и д и н æ г *(адæмырдæм).* Мæ курджытæ цал уыдисты? *(Йе ’нгуылдзтыл нымайы. Къелцæн.)* Иу бынатмæ – фараст лæджы. Фæлæ ды бахаудзынæ, фæллойы стаж дæм бирæ ис. Ахæсс дидинджытæ, мидæмæ ацу. *(Къелц ацыди. Хъуысы йæ зарын: «Ницы и рæсугъддæр дидинæгæй царды!» Мырзахъулы цыма ныр бафиппайдта, ахæм хъæлæсыуагæй.)* Фынгæй цæмæн сыстадтæ? Хисдæрæй бар ракуырдтай?

М ы р з а х ъ у л. Ныронг уым кæй фæбадтæн, ууыл дæр фæсмон кæнын.

Д и д и н æ г. Уанцон нæу, Мырзахъул! Исчи дæ бафхæрдта?

М ы р з а х ъ у л. Æфхæргæ зæгъыс? *(Мæстæлгъæд худт кæны. Æваст фæзæрдиаггъуыз.)* Байхъус-ма, Дидинæг. Мæн чи бафхæра, уый йæхи æфхæры. Ныртæккæ ууыл нæ дзурдзыстæм. Фæлæ ма мын зæгъ: цы ныхасаг ис дæуæн Къелцимæ? Цы уæ тыбыртæ цæгъдут?

Д и д и н æ г. Ахæмæй куы ницы. Абон ацы хæдзары чи сæмбæлд, уыдон мæнæн иууылдæр уазджыты ад кæнынц. Уæлдай хъулон сæ никæй кæнын. Къелц дæр уазæг у, мæгуыр йæ бон.

М ы р з а х ъ у л *(былысчъилæй худы.)* Гъо-гъо, Къелцæн, мæгуыр йæ бон – уадулы ба. Мырзахъулæн та, йæ бонæй уа, уадулы – дзæхст. Хазын-хъазын у, фæлæ хъуыддагыл адзурæм. Абон цы бон у?

Д и д и н æ г. Сабат.

М ы р з а х ъ у л. Уæдæ иннæ сабаты – фидаугæ, хуыцаубоны – хæсгæ.

Д и д и н æ г. Чи та ссардта йæ амонд?

М ы р з а х ъ у л. Дæ чындзæхсæвмæ кæй æрбахонинаг дæ, уыдонæн фехъусын кæн, рæстæг нал ис. Æвæццæгæн, ам бирæ нал бакусдзынæн. Кисловодскмæ мæ Главкмæ ивынц.

Д и д и н æ г. Æмæ, дам, ма уарз Къелцы æхсидгæ уарзтæй! Афæдз дæр мæм æнхъæлмæ кæсид, фондз азы дæр, дæс азы дæр.

М ы р з а х ъ у л. Иннæ сабаты мæ фидауджытæ ацы къæсæрыл æрбахиздзысты.

Д и д и н æ г. Дзæгъæл гæрах дын уыдзæн, Мырзахъул. Стæй нырма УЦК дæр каст нæма фæдæ. *(Мидæгæй хъуысы Езетханы хъæлæс: «Чызг, мæнæ уазджытæ дæу куы агурынц! Тагъд рауай!»)* Хатыр! (*Азгъордта.)*

М ы р з а х ъ у л *(иунæгæй)*. Амæн æз сæ Гадзыгызтæй æнхъæл уыдтæн, фæлæ цыма уыдонæй нæу. Мæнгæн мын нæ загъта кæддæр Ахбол: алцæмæн æхцайæ балхæнæн нæй. Уæд мæм худæгау фæкаст йæ ныхас. Æппындæр мын рæстæг нал ис, иунæг бон дæр. Кæнæ ныр, кæнæ – никæд. Мииййаг ацы спъирты хабар куы райхъуыса, уæд хъуыддаг бынтондæр ныссуйтæ уыдзæни. Ныридæгæн ме 'ртæ цæргæсы цыдæртæ æрыхъуыстой. Чызджы хъустыл исты куы 'рцæуа, æндæра ацы спъирты хабар бæргæ бамынæг кæниккам. Кæнæ Дидинæг, кæнæ – ничи. Адæмы æхсæн равдисынмæ дзы йæхицæн æмбал нæй. Гъер мæм дысон Ростовы фæлхасцæдисы хицау телефонæй дзырдта: акъуыри, дам, нæм Махмуд Эсамбаев йæ ног программæ æвдисдзæни, æмæ, дам, дæ йæ концертмæ хонын. Æмæ ахæм ран мæн хуызæн уæздан лæг нывыл сылгоймагимæ йæхи ма бавдисæд. Уæд та цынæ вæййы – Шолохов дæр уыцы концертмæ хуынд æрцыди... Æмæ ахæм лæгмæ мæхи куыннæ хъуамæ бавдисон фæсконцерт. Ахæм заман та мæ рахис фарс хъуамæ лæууа Дидинæджы хуызæн сылыстæг. Уый йеддæмæ скъаппы хæйрæджытæй фылдæр цы ис кæмдæрты. Нæ, Мырзахъул, иугæр рæгъауæй дæхицæн æфсургъ æвзарынвæнд скодтай, уæд сæ тæккæ рæсугъддæры æмæ сæ тæккæ фыдуагдæры! *(Ацыди мидæмæ.)*

**Æрбацыди Къелц. Кæй ма анозта, уый бæрæг у.**

К ъ е л ц. *(иунæгæй адæмырдæм).* Уæдæ цы фæуыдаид Мырзахъул? Сымахæй дæр æй ничи æруыдта? Абон хъуамæ фидарæй баныхас кæнæм: мæн Мырзахъулæй хуыздæр къухылхæцæг нæ хъæуы. Мырзахъул гуыппытæ уарзы, уый иугæр хъуыддаджы куы бацæуа, уæд ын фæмæнг уæвæн нал ис.

**Мидæгæй рацыди Ахбол.**

А х б о л *(Къелцы ауынгæйæ, адæмырдæм).* Цымæ Езетхан йемæ нæма аныхас кодта?

К ъ е л ц *(адæмырдæм).* Ацы лæг мæнæй зындæр уавæры ис, æвæдза. Æмæ йыл худæн дæр нæй. Зын у, тынг зын у дыккаг амонд ссарын.

А х б о л *(Къелцæн)*. Фарн дæм бадзурæд, Къелц. Агуырдтон ма дæ.

К ъ е л ц. Уый тыххæй ма тыхс, Ахбол. Фæкæсыны фыдæй дзы ницы баззайдзæн...

А х б о л. Къелц, дæ хорзæхæй, чысыл мæм байхъус.

К ъ е л ц *(нæ йæм хъусы).* Ау, уæдæ ма лæг хуыздæр кæмæ фæкæса бахъуаджы сахат. Хетæджыстæн, æз...

А х б о л. Айфыццаг нæ... *(Хæдзарырдæм амоны.)* Цыдæрхуызæттæй баййæфтай...

К ъ е л ц. Хетæджыстæн, Ахбол, æз дæр зноны лæппу нал дæн. Цыдæртæ æмбарын байдыдтон.

А х б о л. Фæлæу-ма, Къелц, кæрæдзи бамбарæм.

К ъ е л ц. Омæ дзы цастæ æмбарын хъæуы. Езетханæн дæр загътон: дыууæ чындзæхсæвы сты æмæ сæ иу бон скæнæм.

А х б о л *(йæ къух ауыгъта).* Æнхъæлдæн æмæ хорз лæдджы ахæсты нæ фæдæн. Ай ма мæ зæрондæй æнæчындзæхсæвæй ныуадза... *(Мидæмæ ацæуы.)*

К ъ е л ц *(иунæгæй).* Ацы Мырзахъул дæр абон Сырдоны гаццайы дæлдзæхтæ кæны. (Бацыди мидæмæ.)

**Рацыди поэт. Йæ дзыппæй систа блокнот, афæлдæхта йæ.**

П о э т *(иунæгæй).* Цымæ та Дидинæгæн ацы æмдзæвгæ дæр йæ зæрдæмæ фæцæудзæн?

**Æрбацыди Мырзахъул.**

М ы р з а х ъ у л. Уæллæй, алы ноэтджын лæг дæр фантаст у. Иу та дзы афтæ зæгъы, дæс тоннæйы, дам, фæхъуыди цистернæйæ. Фæлæ а-дамкъраты кой кæй кæнынц, уый мæ зæрдæмæ нал цæуы. Ацы Къелц фырцинæй ногзад роды хъылдымтæ кæны, æмæ йæ чысыл æруазал кæнын хъæуы. *(Федта поэты.)* Ацы уазæг мидæмæ цæуылнæ ахизы? *(Поэтæн.)* Æфсымæр, мидæмæ саккаг кæн.

П о э т. Бахатыр кæнут, байрæджы кодтон. Заманхъулы нын быдырон станы фембæлд уыди. Механизатортимæ.

М ы р з а х ъ у л. Фембæлд дзы чызгимæ куынæ уа...

П о э т. Ацы фæрныг хæдзары та чызгимæ сæмбæлдзыстæм, хуыцауы фæндæй.

М ы р з а х ъ у л. Æмæ уæд мидæмæ – æхсинтæ уым сты.

П о э т. Хатыр бакæ. Мæнæ абон кæуыл цин кæнут, уымæн лæвар ницы мæ къухы бафтыди, фæлæ йæ номыл цалдæр рæнхъы ныффыстон æмæ ма сæм байхъус, кæддæра равдисыны аккаг сты.

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм)*, Ай дæр та йæ бирæ курджытæй ма уæд? *(Поэтæн.)* Табуафси, бакæс æй.

П о э т *(кæсы)*.

Дзырдтай:

«Кæны æнцон фæндаг зындонмæ...
Æвæлмон цардæй не счындæуыд ном...
Куыдуæлдæр хæхты сатæгдæр у дон...
Аслам хорзæх нæ равзарин фæндонæй...»
Зæгъ-ма, уæдæ,
Цæмæн равзæрстай мæн?
Цы нымдзаст вæййыс ме 'рхæндæг хуыэистмæ?
Æнæнхъæлæджы фембæлды тæлмæн
Нæ дыууæйы дæр карды коммæ систа...
Æз – ам,
Ды – уым...
Æгуыппæг катай – не 'хсæн...
Мæн де 'взонг монцæй раздæхтай мæрдтæй...
Кæнын æмдыз-дыз уарзт æмæ мæтæй –
Дæ фидыц мæн дывыдон артмæ фехста!
Цæмæн, цæмæн, цæмæн бауарзтай мæн –
Æнæсæрфат поэтгонды, хæрзсæфты?!
Цæмæн ризы дæ урс риуты тæмæн
Мæ цæстыты
Æнæхуыссæг æхсæвты?..

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Ай дæр та дын цæттæ дæндагниз. *(Поэтæн.)* Дзæбæх æмдзæвгæ у, кæд исты зонын, уæд. Фæлæ иу хабар: бæлвырдæй йæ зоныс, Дидинæг дæу равзæрста, уый.

П о э т. Æмæ уый куы зонин, уæд...

М ы р з а х ъ у л. Дæ разы комкоммæ куы фыссыс: Цæмæн равзæрстай мæн? Цæмæн бауарзтай мæн?

П о э т. Мæнмæ йæ цæмæн æмбарыс? Уый лирикон хъайтар зæгъы.

М ы р з а х ъ у л. Лирикон хъайтар ма та дзы кæцы у? Ис фæллойы хъайтартæ... Хæсты хъайтартæ...

П о э т. Мидæмæ куы бацæуæм, уæд дын æй бацамондзынæн. Ам дзы æнæмæнг исчи уыдзæни.

М ы р з а х ъ у л. Лирикон хъайтар, уæдæ ма зæгъ, витамин «Г» дæм арæх æрбахауы?

П о э т. Ома, цы?

М ы р з а х ъ у л. Ома, зæгъын, гонорар исты акусыс? Зæгъæм иу чиныгæн цас райсыс?

П о э т. Мæ иу чиныджы гонорарæй цæуы дыууæ вагоны

дзул, æртæ тоннæйы зæгæлтæ, дæс æмæ ссæдз голладжы спичкæтæ.

М ы р з а х ъ у л. Уæдæ-ма, лирикон хъайтар, бавдæл, æмæ ацы хатт та исты пайдайаг куыст бакæн. Мæ сонты-бонтæй фæстæмæ мæм иу бæллиц ис æмæ мын дæуы йеддæмæ ничи баххуыс кæндзæн.

П о э т *(дис кæны)*. Уагæры цы?!

М ы р з а х ъ у л. Æгас зæххы цъарыл нæ фыдæлтæ – аланты тыххæй дзырды æмбисы онг дæр мыхуыргонд цы ’рцыди, уыдон ииуылдæр æрæмбырд кæн æмæ сæ томтæй рауадзæм.

П о э т. Генион хъуыды!

М ы р з а х ъ у л. Гъе, дæ хъуыддаг раст. Тæккæ райсом райдай. Мæскуымæ дæ цæуын хъæуа, фæсарæнмæ дæ цæуын хъæуа – фæндаггаджы тыххæй дзы къуыилымпы нæ уыдзæни. Уый мæ уды бар фæуæд.

П о э т. Дæ фæндтæ кæуылты сты, фæлæ дæ дзыпп дæр амоны?

М ы р з а х ъ у л. Гъер ды тынг æмбаргæ лæппуйы каст кæныс, фæлæ иу хъуыддаг дзæбæх нæ хатыс.

П о э т. Уæд цавæр?

М ы р з а х ъ у л. Æнæ дæ чиныгæй адæймаг цæрæнбонты фæцæрдзæн, фæлæ мæ къухы цы дзаума ис, æнæ уымæй адæймаг иу бон дæр нæ цæры.

П о э т. Уагæры цы у?

М ы р з а х ъ у л. Уыцы дзаумайы ном хуыйны комдзаг, мæ хæлар лирикон хъайтар.

**Мидæгæй рацыди Къелц. Уыны йæ. Поэтæн.**

Мидæмæ ахиз. *(Ацæуы. Къелцмæ цæстызулæй амонгæйæ мæстыйæ.)* Ай мæ æппын нал ныууадздзæн, æви цы? Сусæны мæйы бындзау, йе сæфты æрра сси бынтондæр.

К ъ е л ц *(гæзæмæ фæцуды)*. Мырзахъул, дуне рæсугъд куы у, уæд æнкъард цæмæн кæныс? Цом-ма, æз дын ахæм чызг равзæрстон уæртæ хъазты...

М ы р з а х ъ у л. Лæппу, æз дæу куы никуы федтон. Чи дæ?

К ъ е л ц *(худы)*. Цы худæг дæ, Мырзахъул.



М ы р з а х ъ у л *(мæстыйæ)*. Чи дæ, зæгъын? Чердыгон дæ? Дæ ном цы хуыйны?

К ъ е л ц. Къелц дæн, дæ хуыздæр æрдхорд Къелц.

М ы р з а х ъ у л. Æз зыдтон Къелцы. Уый коммæгæс лæппу уыди, æвронг лæппу, кусаг.

К ъ е л ц. Къелц ныр саби нал у. Къелц слæг и. Чындзæхсæв кæны, Мырзахъул, ды та мын къухылхæцæг уыдзынæ.

М ы р з а х ъ у л. Афтæ куы къупп кæнай, уæд дæхицæн дыууæ къухылхæцæгæй къаддæр нæ хъæуы.

К ъ е л ц. Æз æй Дидинæгæн дæр загътон. Мырзахъул дын, зæгъын, дæ къухыл рахæцдзæн.

М ы р з а х ъ у л. Уæ хæдзар кæцырдыгæй ис, уæдæ ма мын уый бацамон. *(Къелц йæ мидбынат æрзылд, амоны йе ’нгуылдзæй.)* Ацу ныртæккæ уæхимæ æмæ дзæбæх фæфынæй кæн, райсом дæ рейсы цæуын хъæуы. Бамбæрстай мæ?

К ъ е л ц. Æмæ нырма Дидинæгимæ дæр куынæ асимдтон.

М ы р з а х ъ у л *(йе уæхсчытæй йæ бауыгъта)*. Чи дæм дзуры, уый зоныс? Дæ цæстытæй-ма ракæс.

К ъ е л ц. Нуазæн дæр мын куынæма авæрдтай.

М ы р з а х ъ у л *(тызмæгæй)*. Фæстаг хатт ма дын зæгъын: ацы минут уæ хæдзармæ цæугæ æмæ дæ лыстæн бацагур!

К ъ е л ц. Цалынмæ Дидинæгимæ асимон...

М ы р з а х ъ у л. Бакæс-ма дæхимæ, бынмиз, дæ мæтæй мæлы Дидинæг, æвзæр боны гуырд чи у, уый! Мæ цæсты разæй фесæф!

К ъ е л ц. Иу къахдзæф дæр нæ акæндзынæн. Дидинæг дæу нæ уарзы, Дидинæг мæн уарзы. Уый йæ хуыздæр зоны, нæ дыууæйæ чи лæгдæр у...

М ы р з а х ъ у л *(адæргæй йæ къухтæ цы фæкæна, уый нал зоны, акъахдзæф кодта адæмырдæм)*. Мæ цæргæстæ мæ куыд æхсызгон хъæуынц. Искуы уал æй бафæсвæд кæниккой. *(Къелцмæ азылд.)*

К ъ е л ц. Цы мæм дзагъултæ кæныс? Æппындæр дæ нæ тæрсын. Мæнæй цæмæй хуыздæр дæ, зæгъ-ма? Давгæ кæй кæныс, уымæй? *(Мырзахъул ын йæ уадул ныккъкъæрц ласта. Къелц ахаудта.)*

М ы р з а х ъ у л. Кæд йæ чемы æрцæуид. *(Къелц сыстад.)*

К ъ е л ц *(йе схъæл æнгуылдз æм æвдисы)*. Мæнæ дын мукъу, Мырзахъул. Дидинæг мæн у, мæн. Ныртæккæ ма-иу

фæкæс, æз сын алцыдæр радзурдзынæн! *(Хæдзарырдæм азылди. Иæ хъæлæсыдзаг хъæр кæны.)* Хорз адæм, рацæутма! *(Мырзахъул ын йæ дзых ахгæдта.)*

М ы р з а х ъ у л *(сабыр хъæлæсæй).* Лæппу, дæхи æрæмбар. Мæлдзыгæн йе сæфт куы 'рцæуы, уæд ыл базыртæ разайы. Адæм куы рацæуой, уæд сын цы зæгъдзынæ? Цæмæй мæ базылын кæндзынæ?

К ъ е л ц. Æртæ тоннæйы спъирт адавтай. Мæ къухы дæ, мæ къухы.

М ы р з а х ъ у л. Спъирт дæ машинæ аласта. Дамкрат ссардтой æмæ уый дæр дæ машинæйы дамкрат уыди. Æз дæм ницы бар дарын.

К ъ е л ц. Хъалагъур мын æвдисæн.

М ы р з а х ъ у л. Хъалагъурæн йæ дзыппы мин сомы нывæрдтон.

К ъ е л ц *(хорзау нал у).* Æмæ æз... Æз сын алцыдæр...

М ы р з а х ъ у л. Табуафси, кæд дæ ахæстонмæ фæнды... Тæккæ изæр дæ аласын кæндзынæн. Дæ лыстæныл дæр нал сæмбæлдзынæ. Нæ дæ уырны? Уæд æз ныртæккæ... *(Фæцæуы.)*

К ъ е л ц *(базгъордта йæм, лæгъстæ хъæлæсæй).* Фæлæуу, Мырзахъул, хъазгæ кодтон... *(Мырзахъул раздæхт.)*

М ы р з а х ъ у л. Зынгæй хъазæн нæй – дæхи дзы басудздзынæ.

К ъ е л ц. Æз афтæ æнæуи... Дидинæгæн фæтарстæн æмæ фырмæстæй цытæ дзырдтон... Уарзондзинад цы у, уый куы базонай, Мырзахъул, уæд мæ бамбардзынæ.

М ы р з а х ъ у л. Цу, цу, æмбарын дæ.

К ъ е л ц. Уæдæ нæ лымæндзинад нæ фехæлд, нæ, Мырзахъул?

М ы р з а х ъ у л. Нæ фехæлд, нæ.

К ъ е л ц. Къухылхæцæг куынал бакомай, уæддæр дæ чындзхæсджыты хисдæр кæндзынæн.

М ы р з а х ъ у л. Хорз, хорз. (Къелц ацыди. Иунæгæй.) Ай мын мæ чындзæхсæв сæнад кæндзæн æмæ йæ дард рейсы арвитын хъæуы.

### Æмбæрзæн





**Дыккаг нывы декораци.**

**Æрбацыд Дидинæг æд чумæдан. Джинс костюмтæ йыл. Йæ сахатмæ æркаст.**

Д и д и н æ г. Фараст сахатмæ мын куы загъта. Æмæ ныр дæсæм дæр куы райдыдта, уæд кæм ныссагъди? Ацы «Жигулиты» хицæуттæ демисезонный шофыртæ сты *(йæ сахатмæ кæсы.)* Поезд араст уыдзæн фондз æмæ дыууиссæдз минуты фæстæ. Цæй, ардыгæй Беслæнмæ ссæдз минуты цыд йеддæмæ нæу. Свердловскы аэропорты куыддæр æрхизон, афтæ Еземæ тел ныццæвдзынæн. Бынатыл куы сæмбæлон, уæд та йæм письмо ныффысдзынæн. Иучысыл кæугæ дæр акæндзæн, фæлæ сылгоймаджы цæссыг тагъд сур кæны. Науæд дæр рацæуæд æмæ иумæ цæрдзыстæм. Фæлæ а Мырзахъул та куыдтæ кæндзæн? Куывдæн мæм йæ дыккаг бон йæ минæвæрттæ æрбалæууыдысты. Уæд уанцон фæдис нæу. Хæрзаг зæгъы, куысты бынат ын ссардтон, зынаргъ лæвæрттытты бын æй фæкодтон, æмæ ныр Дидинæг йæхæдæг ме 'фцæгыл æрцауындзæг уыдзæн. УЦК-йы кой куы фæкæнын, уæд æнхъæлы, æмæ æз хынджылæг скъæрын. йæ минæвæрттæ æнæ дзуаппæй кæй аздæхтысты, ууыл, дам, арвмæ асинтæ æвæрдта. Мырзахъул, кæд ма УЦК-йы фæстаг фæлварæн сфæразай, уæд дæ амонд æмæ дæхæдæг. Кæдæм мæ æрвитынц кусынмæ, уый зоны æмæ мæ кæд æцæгæй уарзы, уæд мæ фæстæ уым балæудзæн. *(Йæ сахатмæ кæсы.)* Сайдзæн мæ уыцы лæппу, æмæ мæ поезд ирвæзы. Уæд та иу такси куы фæуаид исчердыгæй. *(Ацыд фæссценæмæ.)*

**Хъуысы рог машинæйы уынæр, йæ уромæнты хъыллист. Кæрæдзи фæдыл æрбацыдысты чъиуæууилджытæ. Сæ уæлæ та – уыцы дарæстæ. Чъиу æууилынц. Сæ сахæттæм æркæсынц. Ацыдысты. Райхъуысти та машинæйы уынæр. Æрбацыди Къелц, йæ уæлæдарæс – æнцъылдтæ, у æнæдаст. Ныззæмбы.**

К ъ е л ц *(йæ сахатмæ кæсы)*, Ацафон-иу æрæздæхти Дидинæг горæтæй, институты ма куы ахуыр кодта, уæд. Æхсæз азы дæргъы ардæм фæцыдтæн. *(Рахизæрдæм амоны.)* Уæртæ-иу уым автобусæй куы æрхызти, уæд-иу мæнæ ацы

бæласы аууон балæууыдтæн. Мæнæ-иу ацы къахвæндагыл æрбацыди... Уæвгæ цæугæ нæ – донхъазау-иу æрбацæйленк кодта. Йæ къæхтæ-иу цыма зæххыл ныдзæвгæ дæр нæ кодтой. Афтæ мæм касти, цыма йæм мæны йеддæмæ кæсыны бар дæр никæмæн ис. Диссаг та куыннæ у, диссаг! Æхсæз азы размæ ма хæрз æрыгон уыди, сывæллон. Æмæ мæ цæстыты раз куыд ачызг, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Ныр йæ курджытæ амброзийæ арæхдæр систы, æз та йæм бæласы аууонæй гудзитæ кæнын. Хетæджыстæн, мæнæ ныртæккæ æваст куы фæзынид, уæд дæр та ме ’взаг мæ хъуыры аирвæзид. Ацы нозт æрхъуыдыгæнæг мæрдтæй сыгъзæрин талатæ суадзæд. Дидинæгмæ дыууæ хатты мæхи равдыстон æмæ уый дæр нозты руаджы. Мырзахъул афтæ ’нхъæлы, æмæ исчи йæ фындзыхуынчъытæй дон нуазы. Æмæхсæвæджы мæ, Хъалмыхъы дарддæр цы къуым ис, уым стуртæ ласынмæ балæууын кодта. Ныронг-иу Мырзахъулы номæй кæмæ баулæфыдтæн, уыдон-иу мын цæстыфæныкъуылдмæ мæ хъуыддæгтæ ацарæзтой. Ныр мын цыма кæлæнтæ счынди, къуырийы дæргъы мын абон-райсом фæкодтой. Æмæ уæд мæ зæрдæ фæкъæпп кодта – барæй мæ рарвыста Мырзахъул арвы кæронмæ. Сыгъдæгæй дæр цыдæр ныффæнд кодта мæ сусæгæй. Цæлхдур ын дæн æмæ мæ аиуварс кодта. Æз дæр ратымычъе ластон. Дзæбæх дын куы ратардта Дидинæг дæ минæвæртты, Мырзахъул! Уæдæ кæдмæ ам лæудзынæн? Дидинæгæн йæ фæндæгтæ ныр æндæр рæтты цæуынц. Цæуон æмæ йæм сæ рудзынгæй аивæй уæддæр бакæсон. *(Ацыди.)*

**Æрбацыди Дидинæг, тыхстызмæлд кæны.**

Д и д и н æ г. Цæхджын сайд мæ фæкодта уыцы лæппу. Уæдæ ма хуыздæр кæуыл бауууæндыдæуа – æхсæз азы иумæ фæцахуыр кодтам.

**Райхъуыст та рог машинæйы уынæр, бæрæг у – дзыхълæуд ныккодта.**

Мæнæ цы хорз у! Мæ амондæн æй æрбахаста хуыцау! *(Февнæлдта йæ чумæданмæ.)*

**Æрбауадысты чъиуæууилджытæ. Егъау сау кæсæнцæстытæ сыл.**



Д и д и н æ г *(исдуг фæджихау, адæргæй).* Вокзалмæ-ма мæ... *(Чъиуæууилджытæ йæ алыварс алæууыдысты. Змæлынц цырд, кæнынц æмæвнæлд. Фелвæстой йæ.)* Езе-е-е!.. *(Чъиуæууилджытæ йæ ахастой.)*

**Сценæ исдуг у афтид. Йæ бæстастæу – Дидинæджы чумæдан. Æрбазгъордта Къелц.**

К ъ е л ц. Цыма Дидинæджы хъæлæс!.. *(Ауыдта чумæдан.)* Дидинæджы чумæдан!

**Фæссценæйæ райхъуысти, машинæ æвиппайды йæ бынатæй куыд асхъиудта, уый уынæр. Дардæй-дарддæр кæны.**

Аскъæфтой йæ (Азгъордта.)

**Æмбæрзæн**

*Æхсæзæм ныв*

**Хъæды æрдуз. Мæйрухс æхсæв. Зынынц мæй æмæ стъалытæ. Æрбацыдысты Мырзахъул æмæ Балотти. Сæ сахæттæм кæсынц.**

Б а л о т т и. Æвæццæгæн, сæ къухы нæ бафтыд. Уæллæй, Мырзахъул, ацы сылгоймæгтæн сæ зæвæттæ, дæлимонты зæвæттау, разæрдæм сты, æмæ сæ тæккæ фындзы бынæй дæр ацъыллинг ластаид.

М ы р з а х ъ у л. Гъер, кæд карчы цъиу тыгъдбыдыры æртæ хъæрццыгъайæ аирвæздзæн, уæд мæ цæргæстæй дæр Дидинæг аирвæздзæн. Мæ зæрдæ æндæр цæмæдæр æхсайы. Куы сæ сызнæт кæна, æмæ йæм дзы исчи æнæрхъуыды æвнæлд куы фæкæна. Фыдбылызæн бирæ нæ хъæуы.

Б а л о т т и. Æвæдза, кæнгæ йын тынг раст кæныс. Æз æй арæх фæзæгъын: адонæн сæ гайкæтæ уартæ райдианты ныздухын фæхъæуы. Æмæ кæд уыцы хъуыддагмæ афойнадыл фæцарæхсай, уæд дæ бинойнагимæ мæнæ афтæ цæрдзынæ, мæнæ афтæ. *(Йæ амонæн æнгуылдз йæ хурхысæртыл æрбасæрфта.)* На, уый нæй, уæд дæ йæхицæн чапар сараздзæн. Иу сыхаг мын ис æмæ алкæд æхсы йæ фырты

сывæллоны хæцъилтæ. Афтæмæй та сыхбæсты чъирикувæгыл нымад у.

М ы р з а х ъ у л. Сыгъдæгæй мын дæхи хабæрттæ дзурыс. Æмæ уæд дæ хæдзары матриархаты дуг нырма йæ тæккæ тæмæны и.

Б а л о т т и. Хорз мæ нæ зоныс, Мырзахъул. Уæллæй, мæнæн йе 'нгуылдз мæ дзыхы чи акæна, уымæн æй йæ тæккæ рæбынил адзæнгæл ласдзынæн. *(Мырзахъул тыхсы, иуранмæ нымдзаст.)* Мырзахъул, æппындæр мацæуыл тыхс. Мах ам хуыртæ æхсæдынмæ не 'рбацыдыстæм. Хъуыддаг афтæ сараздзыстæм æмæ йæм къух бакæнæн ничердыгæй уыдзæн.

М ы р з а х ъ у л. Ныргъæвстхуыз дæн, æвæццæгæн?

Б а л о т т и. Иунæг сыкъайыдзаг, æндæр ын бæргæ ницы хъуыди, фæлæ æз дæр ацы хатт æрхъуыдыджын нæ разындтæн. Уæлæ стъалытæм агуывзæйы бынæй æрмæст иунæг каст куы скæнис, Мырзахъул, уæд дæм ацы æрдуз дзæнæты бынат фæкæсид.

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Ацы Балоттийы дзыхæй дæр хатгай рæстытæ схауы. *(Балоттийæн.)* Æз ныртæккæ. *(Фæцæуы.)*

Б а л о т т и *(адæмырдæм).* Дæ мад, дæ фыды хатырæй, ай кæдæм цæуы? *(Мырзахъулмæ.)* Кæдæм-ма цæуыс?

М ы р з а х ъ у л. Маргъы 'хсырмæ. *(Ацыд.)*

Б а л о т т и *(иунæгæй).* Куыддæр ме уæнджы мигъ бады. Тæрсын, ацы къахдзæф мын куынæ фæрæстмæ уа. *(Йæ дзыппæй мыхуыр систа.)* Фыццаг хатт рахызти ацы мыхуыр хъæусоветы къæсæрæй. Æвæдза, уый Ахболы хъустыл æрцыди, хуыцау бахизæд! Цæй, кæд æй не сдзырддаг кæнид. Æниу цы бæрæг и, чизоны, бузныг дæр ма мæ фæуа. Йæ кæнгæ фырт уæддæр у Мырзахъул. Цымæ «Жигули» ныртæккæ цас кæны? Уæллæй, мæнæ фæстагмæ кæй рауагътой, уыдон «Волгæтæн» бар ницæмæй дæттынц. Фæлæ мын, æвæццæгæн, уыйбæрц нæ ратдзæн Мырзахъул. Цæй, ницы кæны, мæ каис ма сыл афтаудзæн. Хуыцауыстæн, не скъаппы хæйрæдджы къуыри дæр нæ фæдарин нæ хæдзары, ахæм сызгъæрин фыд ын куынæ уаид, уæд. Æмæ ныр мæ «Жигули» мæ фарсытæнæгæй куы фæуа, уæд та? Æгæр раст лæг у Ахбол, йæхи удыл дæр нæ ауæрды. Дон дæр раст къæцæлы ласы. *(Мыхуыр систа, йæ алывæрстæм кæсы.)* Ам æй искуы бамбæхсон.



Мырзахъулæн зæгъдзынæн: ме 'ннæ хæлафы дзыппы баззад. Цалынмæ фæстæмæ нæхимæ цæуон, уæдмæ хъуыддаг исчердæм ныууыдзæн.

**Æрбацыд Мырзахъул, йæ къухы – агуывзæ, шампайнаг сæны авг. Балотти фæхъæлдзæгдæр. Мыхуыр йæ дзыппы æмбæхсы.**

Уый æцæг куы фæхæст дæ маргъы æхсырыл. *(Адæмырдæм.)* Мæнгæй нæ фæзæгъы Къелц, Мырзахъул, дам, уираг дуры гуыбынæй медицинон спъирт ралæмардзæн. *(Мырзахъулæн.)* Уæллæй, мæ цардцæрæнбонты æз лæгæй кæй федтон, уæдæ цæуæнты фæцыдтæн, хætæнты фæхаттæн, фæлæ дзы дæ хуызæн нæртон лæгыл никуы сæмбæлдтæн. Уæд мæ мард фенæд чи нæ мын æй зæгъа? Кæм дын уыди, кæ?

М ы р з а х ъ у л. Мæ зæрды сюрприз саразын ис Дидинæгæн. Мæнæ уал, зæгъын, ацы æрдузы иучысил чындзæхсæвгонд ацаразæм. *(Мырзахъул авгæй фæгæрах кодта. Рауагъта дзы. Дæтты йæ.)*

Б а л о т т и. Æмæ иунæг авгæй чындзæхсæв?..

М ы р з а х ъ у л *(фæссценæмæ амоны).* Тыхсгæ ма кæн, цæргæстæй ницы ферох ис. Зæгъ уал, ды хисдæр дæ. Æрмæст цыбыр. *(Йæ сахатмæ æркаст.)* Рæхджы сæ ардæм хъæуы.

Б а л о т т и. Цы хъуыддаджы фæдыл фыдæбон кæнæм, уымæй нæ иу дæр фæсмонгонд куыннæ фæуа, ахæм арфæ стыр иунæг кадджын хуыцау ракæнæд! *(Анызта йæ. Адæмырдæм.)* Нозтарæхæй хъæды астæумæ ахæм ралас, æнхъызт къуымæлау *(Мырзахъулæн.)* Тынг хорз нозт у, адæмæн уый ад фæкæн.

М ы р з а х ъ у л *(рауагъта та).* Уый та дын мæ нуазæн. *(Балотти йæ къух батылдта, нал, зæгъгæ.)* Мæ нуазæнæн аздахæн нæй.

Б а л о т т и *(исы нуазæн).* Уæдæ ма йæ æз ноджыдæр иу хатт зæгъдзынæн: цы хъуыддаджы фæдыл фыдæбон кæнæм, уымæй нæ иу дæр фæсмонгонд куыннæ фæуа, ахæм амонд Хетæджы Уастырджи раттæд. *(Нуазы.)*

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Цымæ æртыккагæн та цы зæгъид? *(Рауагъта та йын.)*

Б а л о т т и. Æз хуыпп дæр нал. Дæхæдæг дæр иу баназ.

М ы р з а х ъ у л. Цæй, йер сæ иумæ баназæм. *(Йæ цæст æм нықъулы.)* Куыннæ йæ æмбарыс, ахсæв мæнæн бирæ нуазæн нæй. *(Авг æмæ агуывзæ бакъуырцц кодтой.)*

Б а л о т т и. Уæдæ йæ æз æртыккаг хатт дæр зæгъын: мæнæ цы фæрныг хъуыддаджы фæдыл тухи кæнæм, уымæй нæ иу дæр фæсмонгонд куыннæ фæуа, ахæм арфæ Рекомы дзуар ракæнæд!

М ы р з а х ъ у л *(адæмырдæм).* Амæн афойнадыл йæ хъалон куынæ бафидон, уæд ахсæвбонмæ фынæйæ йæ бинойнаджы хъусы дæр уыцы иу гаджидау зардзæн. *(Авг йæ хъуырыл сдардта. Авг иуварс аппæрста. Хæлд чи нæма уыди, æхцаты ахæм къопа сласта йæ дзыппæй æмæ йæм сæ баппæрста.)*

Б а л о т т и. Мæ мардмæ æрбацу, мæ ингæны ныккæс, кæд, Мырзахъул, мæнæн мæ фæсонæрхæджы дæр ахæм исты уыди. Дæ хорзæхæй, сæвæр сæ бынаты.

М ы р з а х ъ у л. Сæ бынат ныр та дæ дзыппы ис. Æхца куынæ змæла, уæд хъуына кæны.

Б а л о т т и *(мыхуыр йæ дзыппæй систа).* Мæнæ ныртæккæ уæ гæххæттыл ацы мыхуыры фæд ныууадзын хъæудзæн... Ау, æмæ Мырзахъул, уыцы хъуыддаг лæвар куы саразон, уæд цас диссаг у? Ирæттæ нал стæм!

М ы р з а х ъ у л. Гъед та. Баз дæ нæ ферох и?

Б а л о т т и. Æмæ мын куы ничи загъта уый тыххæй. Æндæр уын æз Дидинæгимæ фæйнæ базы дæр рахастаин.

М ы р з а х ъ у л *(мæстыйæ).* Дæ мыхуыр кæм ныттулыс, уыцы базы кой кæнын.

Фæссценæйæ хъуысы машинæй*ы уынæр. (Балоттийæн.) Мах уал мæнæ ацырдæм акæсæм.(Ацыдысты.)*

**Чъиуæууилджытæ æрбахастой Дидинæджы. Æрæвæрдтой йæ цъæх нæуыл. Йæ къухтыл ын хæцынц. Бæласы лыггаг ын стъолы бæсты йæ цуры æвæрынц. Лыггагыл æвæрынц гæххæтт. Йæ рахис къух ын суагътой. Дæттынц æм егъау сувенирон ручкæ. Æртæйæ дæр се 'нгуылдзтæй гæххæтмæ амонынц, ома, дæ къух дзы æрæвæр. Дидинæг ручкæ фехста æмæ йæ дзыхæй къæрмæг ратыдта.**

Д и д и н æ г. Æдзæсгæмттæ! Абырджытæ! Сæркъуыртæ! *(Чъиуæгууилджытæ йын къæрмæг йæ дзыхы атъыстой.*



*Йæ рахис цонгыл ын хæцынц, афтæмæй та йæм ручкæ радтой. Æнгуылдзтæй та амонынц гæххæттмæ. Дидинæг йæ сæрæй амоны: мæ къух не 'рæвæрдзынæн гæххæтты. Йæ къухтæ йын суагътой, Дидинæг фæгæпп ласта. Чъиуæууилджытæн сæ къухты фегуырдысты хæдгомгæнгæ хъæндзалджын кæрдтæ. Æмкъæпп æркодтой. Дидинæг йæ бынаты хауæгау æркодта. Ручкæ та йæм радтой, кæрдты фындзтæй амонынц гæххæттмæ, дæ къух æрæвæр, зæгъгæ. Дидинæг ризгæ къухæй гæххæттыл фыссы. Йæ дзыхæй йын къæрмæг раппæрстой.)*

**Æрбацыдысты Мырзахъул æмæ Балотти.**

Д и д и н æ г *(Балоттимæ).* Балотти, фервæзын мæ кæн! Бабын дæн!

Б а л о т т и *(йæ дзыпмæ æвналы).* Дидинæг, æппындæр ма тыхсгæ мацæмæй кæн! *(Чъиуæууилджытæ йæм гæххæтт дæттынц. Балотти мыхуыр йæ комытæфæй бауымæл кодта, гæххæттыл мыхуыр сæвæрдта. Гæххæтт дæтты Мырзахъулмæ, мыхуыр йæ дзыппы афснайдта. Дидинæгæн.)* Æппындæр ма тыхсгæ мæ кæн, мæ хур акæнай, Дидинæг. Мырзахъулы фæрныг хæдзары мæнæ афтæ цæрдзынæ, мæнæ афтæ! *(Йе 'нгуылдз йæ хурхысæртыл æрбасæрфта. Дидинæджы размæ бауади.)* Æри-ма уый тыххæй дæ къух...

Д и д и н æ г. Æлгъаг! *(Йæ уадул ын цæвы.)*

Б а л о т т и. Гъер афтæ у, афтæ! Хорз, дам, ма ракæ æмæ фыд ма ссарай. *(Адæмырдæм.)* Худæн ыл нæй, ныртæккæ мæсты у. Фæлæ йын куы акувæм, уæд йæ зæрдæ зæлдагау æрфæлмæн уыдзæн.

Цымæ Мырзахъулы æвæрæнтæ дард сты? *(Ацыди. Чъиуæууилджытæ сценæйы рæбын фæйнæ раны, хъахъхъæнджытау, æрлæууыдысты, сæ чъылдым – залмæ. Чъиу æууилынц.)*

Д и д и н æ г *(мæстыйæ).* Цытæ дын сты адæттæ, Мырзахъул?

М ы р з а х ъ у л. Æмæ дæуæн УЦК цы уыди?

Д и д и н æ г. УЦК? Усгурты цыбыр курсытæ. Æнтысджынæй дзы дыууæ курсы каст куы фæдæ, уæд æй куыннæ зоныс?

М ы р з а х ъ у л. Нæ дæ 'мбарын.

Д и д и н æ г. Хъуыды-ма кæныс? Къуырийы дæргъы æрвылизæр киномæ фæцыдыстæм. Æнафоны мæ-иу нæ хæдзармæ бахæццæ кодтай æмæ иунæг къæйных æвнæлд дæр никуы фæкодтай. Уæд фæдæ УЦК-йы фыццаг курс.

М ы р з а х х ъ у л *(цымыдисæй).* Æмæ уæд дыккаг курс та кæд фæдæн?

Д и д и н æ г. Парчы дын дæ уадул куы ныггæрах ластон æмæ куынæ смæсты дæ, уæд та фæдæ дыккаг курс.

М ы р з а х х ъ у л. Ау, æмæ мæм æртыккаг курсы фаг ницы?..

Д и д и н æ г. Æртыккаг курс дæр фæцæйфæуд кодтай, фæлæ æнæнхъæлæджы «дыууæ» райстай.

М ы р з а х х ъ у л. Уанцоны «дыууæ» нæу?

Д и д и н æ г. Дипломы куывдæй магнитофон фæстæмæ куы арвитын кодтай, уæд фæкъуыхцы дæ. Дæхи сраст кæныны фадат ма дын арæзтон, фæлæ...

М ы р з а х х ъ у л. Нал та дæ æмбарын. Цавæр фадат?

Д и д и н æ г. Кæд, зæгъын, Свердловскы мæ фæстæ балæууа æмæ мæ фæстæмæ нæхимæ ракæнынил тынг бацархайа, уæд мæ æцæгæй уарзы. Фæлæ дæхи аххосæй курсытæ каст нæ фæдæ. Стæй сæ, куыд кæсын, афтæмæй дæ ацы хъæддаг миты фæстæ каст нал фæуыдзынæ.

М ы р з а х х ъ у л. Уыдон хъæддаг митæ не сты. Уыдон сты ЧМК-йы домæнтæ.

Д и д и н æ г. Фæлæуу, ма мын æй зæгъ, мæхæдæг... Ома, Чызджыты Моралон Кодекс.

М ы р з а х х ъ у л. Цардæй фæсте тынг баззадтæ. ЧМК! – Ома, чызджыты миникурсытæ.

Д и д и н æ г. Уыдон курсытæ не сты, уыдон хъæддаг митæ сты.

М ы р з а х х ъ у л *(систа йæ дзыппæй, мыхуыр æвæрд кæуыл æрцыд, уыцы гæххæтт, æвдисы йæ).* Мæнæ уый хоныс хъæддаг ми?

Д и д и н æ г. О. хъæддаг ми! *(Мырзахъул ныскъуыдтæ кодта гæххæтт, аппæрста гæбæзтæ.)* Бынтондæр дæ сæры зонд фæцыди!

**Æрбацыдысты Къелц, Ахбол æмæ Езетхан. Чъиуæууилджытæ се ’ргæмттæ сценæмæ раздæхтой. Чъиу æууилынц.**



*(Базгъордта Езетханмæ.)* Езе-е-е! (*Йе ’фцæгыл ацауындзæг, кæуы.)*

Е з е т х а н. Мæ арт бауазал, Дидинæг! Чи дæ бафхæрдта, мæ зæрдæдарæн! *(Кæуы.)*

М ы р з а х х ъ у л *(Къелцæн).* Хæрзконд, ды та ам цæмæн дæ?

К ъ е л ц. Афтæ дæу хъуамæ бафæрсиккам.

А х б о л *(Мырзахъулмæ).* Лæппу, цы ’рцыди ам?!.

М ы р з а х х ъ у л. Уадиссагæй ницы.

К ъ е л ц *(Мырзахъулæн).* Уый дæм ницы кæсы? Чызджы раскъæфтай æви нæ? Фæхынджылæг дзы кодтай æви нæ?!

А х б о л *(Мырзахъулмæ).* Лæппу, дæу куы фæрсын, цы сты адон?!

М ы р з а х х ъ у л. Афтæ чысыл цыдæртæ. Цыбыр комедигонд.

А х б о л *(Дидинæгмæ).* Дидинæг, æргом-ма йæ зæгъ: ацы адæмæй дæ исчи бафхæрдта? *(Дидинæг хæкъуырццæй кæуы. Сценæйыуæвджытæ цымыдисæй æнхъæлмæ кæсынц, йæ дзуапмæ. Паузæ. Дидинæг æрæджиау йæ сæр банкъуыста, ничи, зæгъгæ.)*

М ы р з а х х ъ у л *(Къелцæн).* Фехъуыстай, хæрзконд. Бæстæ цъиувæдис скæныс. Мæнæ кæй æрбахæццæ кодтай, уыцы адæмы фæстæмæ сæ хæдзæрттыл сæмбæлын кæн. Æмæ райсом сæумæцъæхыл Хъалмыхъы быдыртæм дæ фæндаг ногæй адар. Кæннод машинæ йæ бынаты сæвæр æмæ-иу куыстмæ мауал рацу.

К ъ е л ц. Куыстмæ чи нал рацæудзæни, уый бæрæг нæма у. Стæй ды чи дæ, Дидинæг уый куы зонид, уæд ныртæккæ æндæр дзуапп радтаид Ахболы фарстæн.

М ы р з а х х ъ у л. Ома куыд чи дæн?

К ъ е л ц. Мæнгард æмæ давæг!

М ы р з а х х ъ у л *(лæбуры йæм).* Гъы, куыдзы хъæвдын! *(Цæвынмæ йæ хъавы.)*

А х б о л *(мæстыйæ Мырзахъулмæ).* Лæппу! *(Мырзахъул йæ бынаты сагъдауæй аззад. Къелцмæ.)* Исты зæгъынмæ хъавыдтæ, мыййаг?

К ъ е л ц. Хъавгæ бирæ фæкодтон, фæлæ-иу ацы лæджы уындæй пъæззы ныббадти ме уæнгты. Йæ къæппæгмæ-иу мæхи къахæй фæцæйцыдтæн, мæнæ хæфс калмы дзыхмæ куыд фæцæйбыры, афтæ. Ныр мын æнæзæгъгæ нал и.

М ы р з а х ъ у л. Ратаурæгъ-ма кæ, дæ хорзæхæй, нæ тæрхоны лæг!

К ъ е л ц. Къуырийы размæ мæ фæсæмбисæхсæв мæ хуыссæнæй сыстын кодтай. Загътай: Дыргълæмарæн цехæй æртæ тоннæйы фæткъуыйы дон раласын хъæуы. Мæ машинæ уынджы сисрæбын баурæдтон. Ды сисы сæрты шланг раппæрстай, боцкъайы хъуыры йæ ауагътон æмæ йæ тæккæдзаг куы баци, уæд базыдтон, цы сайд мыл æрцыд, уый. Мæ машинæмæ мын рацъырдтай 3 тоннæйы спъирт. Баласын мын æй кодтай рестораны директоры каистæм.

М ы р з а х ъ у л. Къелц, нæ рæдийыс? Кæд миййаг æртæ четверты уыдысты.

К ъ е л ц. Дæс æмæ дыууиссæдз тоннæйы кæм цæуы, уыцы цистернæйы бын дамкрат бакодтай сисырдыгæй. Цистернæ фæкъул и æмæ, спъиртæй цыма æртах дæр нæ фæхъуыди, шкала йæхи афтæ равдыста.

М ы р з а х ъ у л. Ахбол, ацы прокурормæ иу-цалдæр фарсты раттæн ис?

А х б о л. Цыбырдæр дзурæн нæй? Æнафон у.

М ы р з а х ъ у л *(Къелцмæ).* Машинæ кæй уыди?

К ъ е л ц. Мæн.

М ы р з а х ъ у л. Рестораны директоры каистæм спъирт чи баласта?

К ъ е л ц. Æз.

М ы р з а х ъ у л. Дамкрат кæй уыди?

К ъ е л ц. Мæн.

М ы р з а х ъ у л. Уæдæ ма ам цæмæн дæ? Комкоммæ ахæстонмæ цæуылнæ ацæуыс?

К ъ е л ц. Ахæстонмæ ды ацæудзынæ. Мин сомы кæй дзыппы сæвæрдтай, уыцы хъалагъур дыл комдзог рацыд. Дыккаг бон дæ мин сомы директоры стъолыл æрæвæрдта.

М ы р з а х ъ у л *(тыхсы, фæлæ йæ æмбæхсы).* Дæ таурæгъæн йæ кæрон нæма разынди?

К ъ е л ц. Дыккаг бон цехмæ бацыдтæ, дамкрат фæстæмае райстай, цистернæйы æртæ тоннæйы дон ауагътай. Лаборанттæн фæйнæ мин сомы сæ дзыппыты нытъъыстай æмæ уыдон журналы ныффыстой, спъирт сыгъдæг у, зæгъгæ. *(Мырзахъул арф ныуулæфыди, йæ дзыппæй фелвæста цыдæр. Уырзтæй йемæ ацархайдта, йæ дзыхы йæ баппæрста).*



Д и д и н æ г *(йæ уæрджытæ æрхоста).* Марг аныхъхъуырдта! Куыд æм кæсут?

М ы р з а х ъ у л *(æуууилы, чъиуы цъар æвдисы.)* Канадæйаг чъиу. Кæд искæй зæрдæ зæгъы?

**Æрбацыди Балотти, йæ къухы арахъхъы æрдæгнозт авг. Бæрæг фæхъæлдзæгдæр.**

Б а л о т т и *(адæмырдæм).* Мæ усы æвæрæнтæ Нарты Сырдон дæр не ссарид, фæлæ сæ æз уайтагъд ракъахын. Мырзахъул дæр мын ссардта æмбæхсæн. *(Сценæйыуæвджыты уыны.)* Мæнæ цас хуынды адæм и! Чындзæхсæв æнæ мæн ма бахæрæнт. *(Ахболмæ.)* Ахбол, каст ма истæмæ у? *(Амоны Чъиуæууилджытæм.)* Уæд мæнæ кæсдæртæ фынгтæ равæрой.

А х б о л *(мæстыйæ Балоттимæ)*, Ды дæр ацы хæдмæлхортимæ æмдзæхдон дæ?

Б а л о т т и *(лæгъстæ хъæлæсæй).* Ахбол, æз дзы æппындæр ницы гæнæг дæн... Æз афтæ схъиуæццагæй...

А х б о л. Ды дæр, зæгъын, æмдзæхдон дæ ацы гæртамдæтджытимæ?

Б а л о т т и. Ахбол, мацы ахъуыды кæн. *(Йæ зонгуытыл æрхаудта. Æхцатæ йæ дзыппæй систа. Дæтты сæ Ахболмæ.)* Мæнæ мын ацы капеччытæ мæ дзыппы лæгдыхæй нытътъыста. Æмæ мæ ницæмæн хъæуынц. Раттут ын сæ. *(Баззайы зонгуытыл лæугæйæ.)*

А х б о л *(Мырзахъулмæ).* Хъуыды-ма кæныс: мæ цæстытæ кæмæй риссынц, уыдоны мын куы нымайын кодтай? *(Амоны йæм.)* Абон ма сæм иу бафтыди. *(Балоттимæ.)* Райсом-иу дæ куыстмæ мауал рацу.

Б а л о т т и *(фестади).* Æмæ райсом кусгæ бон нæу?

**К æ р о н.**





# АДÆМОН СФÆЛДИСТАДÆ

*(Киунугæ «Нартæ»-й. Кæрон. Райдайæн 2016 анзи журнал «Ирæф»-и 1-аг, 2-аг, 3-аг, 4-аг æма 2017 анзи 1-аг номерти)*

## СИРДОН ÆМА ДУУÆ УÆЙУГИ

Сирдон рацудæй, кумæ цудæй, ка ин ци зонуй?! Надбæл дууæ гурумухъ уæйугей гъæбесæй хуæцгæ баййафта, тохгæ. Фæрсуй сæ Сирдон, цæбæл тохетæ, ци уæбæл æрцудæй, цæбæл нæ федауетæ, зæгъгæ.

Етæ ба ин загътонцæ: «Дууæ æнсувæри ан, мæнæ аци баслæхъ ба нин, нæ фидæй ка байзадæй, е æй. Нур ба ‘й иуаргæ кæнæн æма ‘й нæ еу дæр æхе хонуй, иннæ дæр, нур ба нæ тæрхон дæумæ дæттæн».

Сирдон ба сæ бафарста, уагæр, зæгъгæ, уæмæ ци кæсуй уæ баслæхъ, уотæ кæбæл нæ федауетæ. Æма ин уæйгутæ загътонцæ: «Баслæхъ уæхæн баслæхъ æй æма ‘й дæ уæле ку рабæттай, уæд дæ неке фæууиндзæнæй, неке дæ иссерддзæнæй».

Сирдон æ цæстæ æхемæ æркъуæрдта æма син загъта:

- Хилæ ма кæнтæ, æз уæ бафедаун кæндзæнæн.

- Корæн, æма нæ бафедаун кæнæ, - загътонцæ уæйгутæ.

- Уæлæ еци тегъæмæ цотæ, баслæхъ ами уагътæ æма уордигæй æруаетæ ардæмæ, æма уи ка æрраздæр уа, уой куд уа баслæхъ, уотæ унафæ кæнун, - загъта Сирдон.

Арази ан еци унафæбæл, зæгъгæ, уæйгутæ сæ баслæхъ Сирдонмæ февардтонцæ æма рандæ ‘нцæ тегъæмæ. Тегъæй ку ракастæнцæ, уæд сæмæ дзоруй, рауаетæ, зæгъгæ.

Етæ ку рауадæнцæ, уæд Сирдон баслæхъ æ сæрбæл æрбабаста æма, уæйгутæ ку нæбал рауидтонцæ Сирдони, уæд сæ кæрæдзей нимморæ ластонцæ.

## ХÆМИЦ ÆМА КАМБАДАТИ МÆНКЪÆЙ КАМБАДА

Нарт ка 'й, етæ аци нартихуари кæнунæй бабун æнцæ. Хор анз сæбæл искодта 'ма еугурæй дæр басугъдæнцæ сæ будуртæ, еунæг нартихуари дзелкъор дæр неке æрлас-та нæртон лæгæй æ хæдзарæмæ. Гъема судæй мæлунмæ æрцудæнцæ æгас Нарт дæр.

Лæг æ уодæн ку фæттæрса, уæд алли амали муггаг дæр кæнун куд райдайуй, уотæ Нарти тæнгъаздæнд Хæмиц дæр цауæни хæтун райдæдта. Гъема, сирди фидæй æ биййонтæ дæр, уæдта æ синхонти дæр судæй мæлун нæ уагъта, бонефхæссæн сæ кодта.

Уæд, еу кæми адтæй, уоми ба уæлбони сконди æ гебена æ уæле ракодта, уотемæй сау гъæдæмæ хæтуни рандæ 'й. Исмедæг æй сау гъæди æма си сирд гъæуай гæнгæ хæтуй, цауæйнон куд, уотæ, 'ма æруидта еу æруæз. Се 'хсæн адтæй, уæсити æхсæн дугæрдуг куд фæззæгъунцæ, уотæ еу устурдæр.

- Уой ку 'рмарон, уæд мин Хуцау равардта, - зæгъгæ, æхе меднимæр æхецæн дзубандитæ кодта, уотемæй имæ Хæмиц нигъгъавта, фал уæдмæ Елиай гæрахау гъæр райгъустæй æма, Хæмиц кæмæ гъавта, еци саг фæуууæлгоммæ 'й.

Хæмиц дæр ниддес æй: «Сагмæ гъавгæ æз кодтон, маргæ ба 'й æндæр кадæр кæцæйдæр ракодта, уæд а ци дессаг æй», - зæгъгæ, æ цæститæ саги мардмæ ниййирд кодта.

Кæсуй, кæсуй, 'ма дин имæ еу минкъий сувæллон, æ дæргъцæ улинкъæ, æ уæрхцæ ба удзеснæ, уæхæн фелвæстæй. Рагъæуæйттæ кодта 'ма Хæмици рауидта, фал имæ дзоргæ ба неци искодта, уотемæй саги марди сирдкъæртт ракодта.

Хæмиц дæр имæ кæсуй æма меднимæр бадугъ-дугъ кодта, 'ма, додой дæ мæрдти арт кæнуй, æ цар ин ку æстъегъай, уæд мæ иннердæмæ хатунмæ дæр нæ хондзæнæ фæййагъаз кæнунмæ, зæгъгæ.

Фал, хæрæги думæг, и сувæллон гъуди дæр не 'ркодта Хæмици, уотемæй æй дзурди усми рагъуд кодта 'ма заманай саги фидæй фондз ухсти артмæ тавун райдæдта.

Хæмици дæр, мæгур, гъудигæнæг ку нæ адтæй, уæд æхуæдæг, æнæ хонгæй, ниццудæй сувæллони размæ 'ма имæ дзоруй: «Дæ бон хуарз, биццеу, 'ма дин Хуцау берæ раттæд!»



Хæмицæн æ закъæ добæрай асæ адтæй 'ма имæ и сувæллон дзоруй, еумæ нин æй Хуцау равардта, зæронд лæг, æма исбадæ, мах ба мæнæ еу фæйнæ роси искæнæн, зæгъгæ 'й исбадун кодта, 'ма фезонæг хуæрун райдæдтонцæ.

Уотемæй Хæмиц, куд нæртон кадæбæл цæуæг лæг адтæй, уомæ гæсгæ, еу минкъий ку рахуардта, уæд райарфæ кодта, дæ мийнасæ берæ уæд, биццеу, зæгъгæ, æма фингæмæ æвналгæ дæр нæбал никкодта, фал феппарзбæл исбадтæй. Еу цубур дзубандийæй, су-вæллони хуæрунмæ кастæй. Сувæллон дæр фиццаг ездон хуæрдтитæ кодта, фал Хæмиц æ хуæрун ку ниууагъта, уæдта æваст фондз ухстей дæр рафснайдта.

Цидæр адтæй, и дууæ лæги ку бахуардтонцæ, уæд сæхе сау гъæди фæсалæбæл рауагътонцæ 'ма рафунæй æнцæ. Уотемæй сæбæл уоми æрæхсæвæ 'й 'ма уоми се 'хсæвеуат æркодтонцæ, гъема, мæгур, Хæмиц æхсæвæ-бонмæ хусгæ дæр нæ никкодта, фал сувæллони лæгигъæдтæмæ куд æркастæй, уомæ гæсгæ ин Нарти хъурми дзубандитæ фæккодта. Гъема и сувæллон дæр ниггузавæ 'й.

Уæд æрбон æй 'ма Хæмиц сувæллонмæ дзоруй: «Корун ди, 'ма мин мæ мæгурдзийнадæмæ æркæсæ, дæ хæццæ мæ рауадзæ хæтуни, кæд æз дæр дæумæ гæсгæ ести рамаринæ, 'ма кæд Нарт судæй цæгъдуни нæ фæуууиунцæ».

- Æгайтима дæ сæр хæссис мæ хæццæ хæтунмæ, цæмæннæ дæ рауадздзæнæн, - зæгъгæ, ранæхстæр æнцæ. Гъема, мæскъæ дууæ 'мбеси кæми кодта, уордæмæ ку бахæццæ 'нцæ, уæдта сувæллон дзоруй Хæмицмæ:

- Де 'хсæнтæ мæмæ равдесай, - зæгъгæ.

Хæмиц æ фæттæ фелваста æма ин сæ биццеу барæвдзитæ кодта, гъеуæдта фæйнæ мæскъебæл рандæ 'нцæ.

Сувæллон Хæмицæн ниффæдзахста: «Сирд ку фæйнай, уæд имæ гъавгæ мабал кæнæ, фал дæ сагъиндахъ уой æрдæмæ фæййаразисæ æма 'й бахсисæ уотемæй», - зæгъгæ.

Хуарз. Рандæ 'нцæ 'ма сувæллон бони æмбесмæ сæдæ саги рамардта, хæдзæбæл сæ бакодта 'ма сæ æ рагъи æрхаста сæ бунатмæ. Уоми ба дууæ саги ухститæбæл рацавта 'ма сæ хуарз исфезонæг кодта. Фезонгутæ нæ хуæруй - Хæмици хезуй.

Уотæ рæхги ба Хæмиц дæр сæдæ сирдей ургтæй уаргъ искодта, уотемæй фелвæстæй лæф-лæфгæнгæ.

Дзоруй имæ сувæллон: «Айдагъ ургти уаргъбæл дæ хъуæцæ ку кæлуй, дæ сирдти мæрдтæ ба кæми 'нцæ?»

- Сæдæ сирди рамардтон, ци мæскъæбæл иссудтæн, уоми, 'ма син айдагъ сæ ургтæ æрхастон, сæхе ба син, ке си кæми рамардтон, уоми ниууагътон, - зæгъгæ, имæ дзоруй Хæмиц дæр.

- А, Хæмици зæронд, Хуцау дин ма бакома, кæд берæгъти тæрегъæдти кумæ бацудтæ! Кæд сæмæ дæ нифс нæ хастай æрхæссунмæ, уæд сæ ма ниццагътайсæ, е ба си берæгътæ сæхецæн нæуæгæй-нæуæгмæ æвгарстайуонцæ. Нур ба уоми фенагъаз уодзæнæнцæ, нисмаг уодзæнæнцæ 'ма смаг фид ба берæгъ дæр нæ фæххуæруй, - зæгъгæ, бабæй имæ дзоруй сувæллон дæр.

Гъема, мæгур, Хæмицæн сувæллони дзубандитæмæ æ зæрдæ исхъурмæ 'й 'ма имæ и биццеу дзоруй: «Рацæуай, кæми сæ фæммард-тай, уони мин байамонæ, æз ба дин син сæ бунат иссерун кæнон», - зæгъгæ, фæннæхстæр æнцæ.

Уайтагъддæр æй Хæмиц æ сирди мæрдти сæргъи балæуун кодта. Гъема сæ сувæллон сæ думгутæй æ рагъи æрхæццæ кодта. Уоми ба бауолæфтæнцæ и дууæ цауæйнони.

Уæдта сувæллон фезонгутæ æркарста 'ма Хæмицмæ дзоруй:

- Хуæргæ кæнæ, мæ хестæр!

Хæмиц дæр еу къуар роси ракодта, уæдта бабæй æ хуæрун ниу-уагъта. Сувæллон дæр ма 'ймæ еу къуар хатти æхе бахатта 'ма уæддæр - нæбал. Гъема уæдта и сувæллон хуæрунмæ бавналдта 'ма бабæй дууæ саги марди рахуардта.

Æз æдосæ дæр дæумæ гæсгæ æстонгæй байзадтæн, зæгъгæ, имæ исдзурдта уотемæй.

Хуарз. Уæд сæбæл æрæхсæвæ 'й 'ма ниххустæнцæ, æма бабæй, Хæмици уосæ седзæр ке адтæй, уой дзубандитæ фæккодта бонмæ сувæллонæн.

Уæд æрбон æй 'ма сувæллон сирдти мæрдтæ æртæ æмбеси ракодта, 'ма дзоруй Хæмицмæ: «Етт, Хæмиц, гъенур кæрæдземæн хуæрзбон зæгъун афонæ æркодта 'ма мæ базонун фæндуй, æз æма дæуæй ка хестæр æй, уой!»

Хæмицæн, мæгур, æ зæрдæ рахудтæй сувæллони дзурдбæл 'ма имæ дзоруй:

- Йай, биццеу, биццеу, - зæгъгæ, загъта, - ходуйнаг ку 'й



зæронд лæгæн уотæ хинттæ кæнун! Цæмæн ма мæ фæрсис, ка ни хестæр æй, зæгъгæ. Уотемæй ба 'й нæ зонис, æз дæуæй хестæр ке дæн, уой? Нæ уинис æй, мæнæн мæ закъæ добæрай асæ ку 'й, дæуæн ба дæ хъумуз дæ донгомтæй ку кæлуй, уæд, - зæгъгæ. - Фал дæ, æвæдзи, сирдтæй дууæ хаййи райсун фæндуй 'ма уомæн хестæри кой кæнис. Йей, мæ хор, æз дин сæ еугурæй дæр ниу-уадздзæнæн, хъурмæ ма кæнæ, æз уæддæр мæгур æма мæгур!

- Мæстгун ма кæнæ, Хæмиц, фал кæд хестæр дæ, уæд кæци догон дæ, уой мин зæгъæ, уæдта кæци фæлтæрæй, - зæгъгæ, имæ дзоруй сувæллон дæр.

- А, ду цæй фæлтæртæ æма догтæ кæнис, уонæн æз мæ сæрæн ку неци зонун 'ма ма мин уони байамонæ, - зæгъгæ, бабæй имæ Хæмиц дæр дзоруй.

- Мадта, мæ хор, байгъосæ, Хæмиц, æз ба дин сæ балæдæрун кæнон тæккæ фиццаг райдайæнæй. Фиццагидæр-фиццагидæр Хуцау исфæлдиста уадмерити 'ма æгæр налат ке адтæнцæ, уой туххæн зæнхæбæл цæрунмæ нæ бæзтæнцæ 'ма сæ Хуцау фесафта. Уони фæсте ба гæмерити рафæлдиста. Етæ бабæй, устур уогæй, лæхлæбæз, æгæр бунмез адтæнцæ 'ма сæ уой туххæй Хуцау фесафта. Уæд уони фæсте ба елиати рафæлдиста. Етæ бабæй бустæги лæгигъæдгун разиндтæнцæ 'ма сæмæ Хуцау æрхицæ кодта, æма сæ уæларвмæ æхе размæ исиста, 'ма нур ба уоми цæрунцæ. Гъема уæд-та зæнхæбæл цæрæг нæбал адтæй, 'ма камбадати рафæлдиста. Æз камбадатæй дæн, сæ тæккæ фиццаг адæмæй. Фал мах муггаг бабæй æгæр минкъийтæ фæцан 'ма нæ уой туххæй фесафта, цæгæй, æз ма байзадтæн, уой туххæн, æма елиати хуæрифурт адтæн, 'ма нæ муггаги исæфти дзамани уæларв мæ мадирвадтæлтæмæ адтæн. Гъе, уæдта мах фæсте ба сумах, Нарти рафæлдиста. Гъема, сумах ба зæнхи аккаг адæм разиндтайтæ, 'ма ибæл фæццæретæниви хæццæ дзæбæхæй. Гъема, Хæмиц, еци Нарти æвдæймаг æййивдæй дæ, уой зонæ! Гъенур ба мæ, мæ хор, ду хаййи туххæй дзорун æнгъалд-тай, фал æз хайбæл нæ дзурдтон, цæмæй ести зонай туххæй, - гъома: Нарти æхсæн исбадгæй, ести куд зонай.

Гъенур ба аци сирди мæрдтæ еугурæй дæр дæу фæууæнтæ 'ма тагъд Нартæн сæхецæн сирди фид фæххæссун кæнæ,

- зæгъгæ, Хæмици къох райста ‘ма фæннæхстæр æй æ хæдзарæмæ.

Хæмиц дæр уоми сагъдæй байзадæй ‘ма еу сахат, уæдта æ фæсте уайун байдæдта: «Айбæрцæ агъæзтæ ‘ма зундгин дзубандитæ мæнæн ка фæккодта, е мин кæд æнкъай силгоймаг дæр байамонидæ», - зæгъгæ, ‘ма ‘й сорун байдæдта, ‘ма ‘ймæ ку бахъæрттæй, уæдта имæ дзоруй:

- Йей-йа, Камбадай фурт! Дæ агъæзтæ ‘ма дæ хуарз дзубандитæй мæ зæрдæмæ берæ райстон, ‘ма мин, дæ ном ци хуннуй, уой байамонæ! Уордигæй дæлæмæ ба ма мин еу агъаз бакæнæ, - гъома: кæд ма сумах муггагæй ескæми силгоймаг ес, уæд мин уосæ нæма ес, ‘ма мин уой гъуддаг бакæнæ, æз ба дæу фæрци æнкъайбæл фæххуæст уон! Гъема ди хъæбæр арфæ кæндзæнæн мæ рамæлæти уæнгæ алли гъуддаги туххæй дæр.

Камбадай фурт дæр имæ дзоруй:

- Мæ ном хуннуй Камбадати мæнкъæй Камбада. Нур ба, силгоймаг æнкъаййæн агорис ‘ма нæмæ кизгæ нæбал ес, ‘цæгæй мæхецæн рæсугъд хуæрæ ес, фал бонæ хæфси цар даруй, ‘ма дæу аккаг нæй!

- Хæфси цар нæ, кæд хелаги цар даруй, уæддæр ди корун, ‘ма мин исаккаг кæнæ, цæмæй дæу сугъзæрийнæ уоди хæццæ хæстæгдзийнади медæгæ баст уон, уой туххæй, - зæгъгæ, бабæй имæ дзоруй Хæмиц дæр.

- Уотæ хъæбæр ми ма корæ! Куд зæгъун мæ хуæрæй, уотемæй кæд дæ нифс æма дæ сæрмæ хæссис æ хæццæ цæрунмæ, уæд дæу фæууæд! Æма нæ Хуцау хаир хæстæг искæнæд, - зæгъгæ, ин загъта мæнкъæй Камбада дæр.

Гъема ин уæдта æ лæвари туххæй хъæбæр райарфæ кодта Хæмиц, фал ма ‘й бафарста: «Нур дин дæ хæдзарæ ба ци амалæй иссердзæнæн, уæдта дæмæ кæд фæццæуон мæ киндзхонти хæццæ?

- Мæ хæдзарæ ба æнцон ерæн æй: мæнæ ардигæй нуртæкки мæ арци фий сау гъæди бæлæстæбæл буцæугæнгæ цæудзæнæн ‘ма си кæбæлдæр ракъобалæ уа, етæ еугурæй дæр хъантæ кæндзæнæнцæ. Будурмæ ку рахъæртон, уæдта мæ галеу къах серфмæ зæнхæбæл хафгæ цæудзæнæн ‘ма зæнхæ ауæдзæ кæнгæ цæудзæнæй. Еци ауæдзæ кæми исæскъуна, уоми уодзæнæй мæ хæдзарæ. ‘Ма мæмæ æрбацо,



абони - майрæнбон, иннæ майрæнбони дæ киндзхонти хæццæ дæ уосæ, мæ хуæрæ хонунмæ!

Хуарз. Уотемæй кæрæдземæн хъæбæр райарфæ кодтонцæ ‘ма си алкедæр æ хæдзарæмæ рандæ ‘й.

Хæмиц Нартæн сирдти мæрдтæ фæххæссун кодта. Уой фæсте ба Сослани æхецæн ис къохбæлхуæцæг кодта, уотемæй æгас Нарти Камбадатæмæ киндзхон исхудта æма сæ мæнкъæй Камбада астæй-астмæ, уæдта уæлæфтау æртæ бони хъæбæр фæххинста.

Уæд киндзæ хонун афонæ ку иссæй, уæдта Сослан кизгутти æхсæнмæ бацудæй, мæ хуæри ку бафæсмæринæ, зæгъгæ, ниуазæни хæццæ ‘ма сæмæ дзоруй:

- Мæ хуæрæ уи ка ‘й, е æрцæуæд æма мин мæ ниуазæн райсæд!

Етæ дæр имæ дзорунцæ: «Махæй дæу хуæрæ неке æй, дæ хуæрæ дæлæ гобани дудагъи ‘ма дин дæ ниуазæн е райсдзæнæй!»

Сослан нæрæмон лæг адтæй ‘ма фæстæмæ дæр нæбал фæккастæй, фал гобани дудагъ фæхъхъел кодта: «А мæнæн цæй хуæрæ ‘й, гобани дудагъи æхе ка банимахста», - зæгъгæ, ‘ма си æцæгæй хæфсæ лæф-лæф гæнгæ æруидта.

Рамæстгун æй Сослан ‘ма рагъæр кодта æгас киндзхонтæбæл дæр: «Нарт, бабун айтæ абонæй фæстæмæ, уой туххæй, æма нæ зæронд Хæмиц фегадæ кодта - хæфси бæдолæ æхецæн уосæн ракурдта ‘ма фестетæ, мах ба нæ хæдзарæ багорæн!»

Еугурæй дæр, Хæмицæй фæстæмæ, рафардæг æнцæ сæ хæдзæрттæмæ, Хæмици ба уоми ниууагътонцæ ‘ма е дæр æ уоси рахудта æнафони, адæм ку ниххустæнцæ, уæд. Гъема æ хæццæ цардæй сосæггай.

Уотемæй, цæй бæрцæ фæццардайуонцæ, уæдта Хæмицбæл Бориати Борæфæрнуг марун унафæ искодта, æстонг дзамани Нарти ке фæййервæзун кодта, уой туххæн ‘ма бæсти кувд искодта Борæ-фæрнуг. Кувдмæ ба Хæмицмæ дæр рарвиста.

Уæд Хæмици уосæ кувди хабар ку æригъуста, уæд лихстæ кæнун райдæдта Хæмицæн: «Нæ лæг, дæ дзиппи мæ кувдмæ фæххæссæ, æз аци хатт, Нарти хестæртæ куд ковдзæнæнцæ, уомæ байгъосон!»

Е дæр æй æ дзиппи ниввардта ‘ма ‘й кувдмæ æрхаста. Кувди ба æ уосæн хуæруйнæгтæ æ дзиппæмæ рацæвидæ. Гъема ‘й урдугистгутæ æристæфтæнцæ ‘ма уайтагъддæр Хæмици сосæг фæгъгъæр æй æгас кувди адæмбæл дæр. Хæмиц дæр, мæгур, хуарзау нæбал фæцæй ‘ма еци фæдбæл сæхемæ фæййагайдта, ‘ма æ уосæн загъта: «Абони уалдæнгæ дæ хъæбæр берæ уарзтон, фал мин нур ба дæ хæццæ фæццæрæн нæбал ес ‘ма дæ хæдзарæ байагорæ!»

- Мадта мæ кæд тæргæ кæнис, уæд мæмæ дæ мастæй куд неци байзайа, уой туххæй дæхе ниггубур кæнæ, æз ба дин де ‘уонти рахастмæ мæ цæстисуг никкалон ‘ма мæ маст иссæуа!

И силæ Хæмици æргубур кæнун кодта æма ин æ дууæ иуоней æхсæнмæ е ‘рхун никкудтæй. Уоси губуни, мæйæ ма ке гъудæй, уæхæн сувæллон адтæй ‘ма Хæмици иуонтæбæл ниццæфстæй, æхуæдæг ба, и силæ ка адтæй, ейæ никъкъуæрдта.

Хæмицæн дæр мæйи бонмæ æрхи сæр сувæллон райгурдæй.

Гъема ‘й уæдта уой фæсте ба Бориати Борæфæрнуг æ хуæрифуртæн, Сайнæги фурт Сау Албæгæн, рамарун кодта Хæмици.

## БАТРАЗИ РАЙГУРÆН

Бецентæй уосæ ракоруй Нарти Хæмиц.
Бецентæ ин зæгъунцæ:
«Мах ан хæстмаст, цубурхъур, цубур муггаг:
Нæ бæрзæндæ - дууæ удзести,
Уæрхæмæ ан уомæй минкъий гъæуаггин.
Махæн нæ тухæ, нæ лæгигъæдæ
Æвзурст æй. Нур дин ку раттæн
Нæ рæсугъд хуæри, уæд дин сбæздзæнæй
Уодæмбалæн, дарун æй кæд базонай.
Фал æ зæрдæ естæбæл ин ку фæхходун кæнай,
Уæд нæ фегъустон ма зæгъæ,
Дæ хæццæ нæбал ниллæудзæнæй».
Æ дзиппи ‘й ниввæруй Хæмиц,
Еу бон æй Нарти кувдмæ рахæссуй.



Стур Нарт рæнгъитæй бадунцæ
Даргъ фингитæбæл æма ниуазунцæ.
Хæмици æрбадун кæнунцæ.
Е дæр хуæруй, ниуазуй æма
Хуæруйнагæй æ дзиппæн хай кæнуй,
Куд неке ‘й фæйна, уотæ.
Уæд Гæтæги фурт Сирдон уой æртергади кæнуй,
Нартæн сæ тъасхитæ бæрæг кæнуни бæрцæ
Æ уод дæр нæ уарзта, сæ аййепп син не ‘ронх кодта.
Еци бон адтæй Сирдон урдугистæг.
Барæй æхе ниуазæндæттæг ракæнуй,
Æма Хæмици думæггæгтæбæл æрхæтуй,
Силæстæги цъæхахст æваст фæццæуй.
Низгули унцæ Стур Нарт.
Сирдон ку зæгъуй:
«Гъе, уæуууæй, Стур Нарт, маке уи байзайа!
Уæ уоститæ уæ дзиппи хæссун байдæдтайтæ
Кувдмæ, уой уин ку фегъосонцæ адæм,
Уæд уой бæсти уи ку неке байзайа,
Уæд хуæздæр æй!»
Адæми Хæмицмæ æркæсун кодта.
Хæмиц дæр ралигъдæй.
Уой фæсте загъта Хæмицæн æ уосæ:
«Хуцау си ма саразы уæд,
Мæнæн мæ сæрбæл кæми æрхаттæй Сирдон
Æма мæ ходуйнаг кæми фæккодта,
Уоми мæнæн дæ хæццæ цæрæн нæбал ес.
Лæхъуæн мæ губуни фезмалдæй,
Фурт дин ниййирдтайнæ. Нур ба
Æз цæун мæ цæгатмæ, фал ма дин
Æз ке зæгъон, уой бакæнæ».
Æ дууæ уони астæу ин
Нитту кодта æма ин загъта:
«Фараст мæйи уæнгæ ‘й багъæуай кæнæ
Къæртт кæнунæй, дæ уонти астæу
Ка сзайа, еци сункъæ».
Ни ‘й фу кæнуй æма рандæ уй æ цæгатмæ.
Еци бонæй фæстæмæ æ дууæ уони астæу
Хæмицæн рæсуйун байдайуй.

Е ‘мгъуд ку ‘рцæуй, уæд уордæгæй рацæуй,
Æ сæрæй æ бунмæ æндон болат, Батраз.
Содзгæ артмæ багæпп ласуй,
Уордæгæй синдзгун артмæ багæпп кодта,
Æцæг æндон уæд ку фестуй Хæмици фурт
Нарти Батраз.





## НАРТИ УАЦАМОНГÆ

Еу бон кæми адтæй, уоми Нарти адæм Уацамонгæбæл дзорун райдæдтонцæ. Хæмицæй фæстæмæ еугурæй дæр æрдзурдтонцæ, фал Уацамонгæ Сослани дзурдтæбæл еу минкъий исирадæй, иннети дзурдтæй ба сибиртт дæр некæбæл искодта.

Уæд Хæмицмæ æрхъæрттæй дзурди барæ, фал син нæ арази кодта:

- Мæ фурт Батрази æной уин неци зæгъдзæнæн, - зæгъгæ.

Æма Батрази æрцудмæ æнгъæл кæсун райдæдтонцæ. Батраз ба еци бон хæтуни адтæй æма гъæумæ куд рараст æй, уотæ ибæл еу уæйуг рамбалдæй. Батраз æй фæрсуй:

- Ци хуæздæр хабар ракæнай, кæд Нарти фалдзос ескæми адтæ, уæд?

Уæйуг дæр ин загъта:

- И Нартæмæ еу хабар ес: æримбурд æнцæ сæ Устур нихæси æма Уацамонгæбæл дзорунцæ, дæу фидæ Хæмиц ба син нæ комуй æнæ дæу дзорун, æма е скъелтæбæл фиййаукуййи бадт искодта, уотемæй дæмæ æнгъæл кæсуй.

Батраз æ болат церхъæй уæйуги æркъуæхтæ кодта:

- Ду ба фиййаукуййи хузæн ке фиди хонис, - зæгъгæ, æма ранæхстæр æй сæ хæдзарæмæ.

Æрхъæрттæй æма имæ Æхсийнæ дзоруй:

- Ци ‘й а, биццеу, кæми фесафтдæ? И Нарти адæм Уацамонгæбæл дзорунцæ, дæ фиди дин батухсун кодтонцæ æма имæ никкæсун гъæуй.

Батраз дæр ин загъта:

- Уæй, нана, уобæл тухсгæ ма кæнæ, хуæруйнаг мин ести февæрæ, уæдта Хуцау ци зæгъа, е уодзæнæй.

Æхсийнæ низзелæнтæ кодта æма ин æмидзаг тумбул фингæ ра-йаразта.

Батраз æхе хуарз фæууидта, уой фæсте ба Нарти тумугъмæ рацудæй. Ку рацудæй, уæд Нарти адæм Хæмицмæ дзорунцæ:

- Зæгъæ гъенур дæ зæгъуйнаг, - зæгъгæ. Батраз уой ку æригъуста, уæд син загъта:

- Мæ фиди бæсти дзурди барæ мæнæн раттетæ, кæд аккаг æй, уæд.



Ис ин арази æнцæ Нартæ, æма Уацамонги сæргъи æрлæудтæй. Ку æрлæудтæй, уæд имæ Хæмиц дзоруй:

- Биццеу, зæгъуйнаг зæгъæ, æнæзæгъуйнаг ма зæгъæ!

Цæй зæгъуйнаг æма æнæзæгъуйнаг, зæгъгæ, загъта Батраз, и сæумон идаугутæй авд куд рамардтон, уой цацæг зæгъун, уацæг Уацамонгæ мæ фидæн æ уæраги сæртæмæ исирайæд. Уацамонгæ Хæмици уæраги сæртæмæ исирадæй. Хæмиц бабæй имæ дзоруй:

- Биццеу, зæгъуйнаг зæгъæ, æнæзæгъуйнаг ма зæгъæ!

- Мадта изæйрон изæдтæй дæр аст куд рамардтон, уой цацæг зæгъун, уацæг дæр Уацамонгæ мæ фидæн æ ронбастмæ исирайæд.

Уацамонгæ Хæмици ронбастмæ исирадæй æма бабæй Хæмиц дзоруй:

- Биццеу, зæгъуйнаг зæгъæ, æнæзæгъуйнаг ма зæгъæ!

Батраз ба загъта: «Хуалердари фурт Борхуар Алийи дæр æз куд рамардтон, уой цацæг зæгъун, уацæг дæр Уацамонгæ мæ зæронд фидæн æ рехæмæ исирайæд æма си мæ фидæ æртæ ‘лвæси никкæнæд!»



Уацамонгæ Хæмицæн æ рехи уæнгæ исирадæй æма си æртæ ‘лвæси никкодта.

Уæд уалдæнги Хуалердар Уацамонги хурфи хъоппæгъи хузи бадтæй æма æ фурт Борхуар Алийи хабар куддæр райгъуста, уотæ уордиги ралæуирдта: «Уогæ ба Борхуар Алийи сумах рамардтайтæ», - зæгъгæ, æма мæнæуи æфсерæбæл фæххуæстæй, ис æй æмбурд кодта, ‘ма ма си минкъий куд райзадæй, уотæ ба имæ Уасгерги дзоруй:

- Уæддæр ма си мæнæн къерехуар ниууадзæ!

Фæсси уагъта, æхуæдæг ба хуари æфсерæмæ февналдта æма уой æфсерæ дæр исæмбурд кодта. Уасгерги бабæй имæ дзоруй, уæддæр ма си мæн бæхæн сайæнхуар ниууадзæ, зæгъгæ, æма ин ниууагъта уомæй дæр.

Уæди уæнгæ мæнæуæн дæр æма хуарæн дæр се ‘фсертæ сæ едæг-ти уæнгæ хъæрттæнцæ, фал уоци бонæй фæстæмæ мæнæуæ ‘ма хуари æфсертæ, нур цæй æстæ ‘нцæ, уой æстæй зайун райдæдтонцæ. Нарти адæмæн æхцæуæн кæми адтайдæ, фал ма син ци гæнæн адтæй æма рахæлеу æнцæ. Батрази лæгигъæдтæ Нарти адæм уæд базудтонцæ.

## НАРТИ УРУЗМÆГ ÆМА ХÆМИЦИ ФУРТ БАТРАЗИ ТАУÆРÆХЪ

Еу кæми адтæй, уоми нæртон зæронд Урузмæг Нарти нихæси еунæгæй дорбæл цæурæхцæ кодта. Ку райгъал уидæ, уæдта æхе меднимæр цæбæлдæр бадугъ-дугъ кæнидæ.

Уæд Нарти сувæллæнттæ нихæси фалæнбулай къозоти гъазтонцæ ‘ма сæ еу къозо никъкъуæрдта, æма ‘й Хуцау Урузмæги уæрагбæл фæккодта. Урузмæг дæр куд нæ рамæстгун адтайдæ сувæллæнттæмæ æма къозой низзуввут кодта. Гъема, мæгур, и сувæллæнттæ кæун байдæдтонцæ ‘ма син æртæрегъæд кодта. Сæ къозо син фæстæмæ æрхаста, ниссæ сабур кодта, сæ хæццæ гъазун райдæдта, уæддæр и устуртæй ба неке зиннуй нихæсмæ ‘ма уæдта Урузмæг фæрсуй сувæллæнтти:

- Нæ уонæхсæрттæ кæми ‘нцæ, уомæн неци зонетæ? - зæгъгæ.

Æма сувæллæнттæй сæ еу дзоруй:

- Æз, - загъта, - нур ибæл еу къуæре цæуй, уæд нæ фонс хезуни адтæн æма сæ Уаскъоппи бæрзондбæл фæууидтон, синди æрхуæстæнцæ, уотемæй.
‘Ма син сæ дзубандитæй неци фегъустай, зæгъгæ ‘й, фæрсуй Урузмæг.
Неци си фегъустон, ‘цæгæй се ‘хсæн бадзурд кодтонцæ, зæронд нæ хæццæ куд некæдбал бауадзæн, зæгъгæ.
Уотæ ин радзурдта и биццеу. Урузмæг, мæгур, еци дзубанди куддæр райгъуста, уотæ æ тог æхсирау райрадæй. Сæ хæдзарæмæ тундзгæ æрхæлæф кодта æма æ устур мæртæнбæл рабадтæй.
- Бæрæг уодзæнæй, æдта Нарти уонæхсæрттæ мæн се ‘хсæнмæ ку нæ бауадзонцæ, уæд, - зæгъгæ, ‘ма Уаскъоппи бæрзондмæ нæртон фæсевæди размæ исмедæг æй. Дзоруй сæмæ:
- Байрайайтæ, нæ уонæхсæрттæ! - зæгъгæ. ‘Ма имæ кæсгæ дæр нæ ракодтонцæ, фал си кæмæн куд æнтæстæй, уотæ кафта.
Урузмæг æ сувæллонæй æ базæронди уалдæнгæ ци æлдари кизгæбæл фæззелæн кодта, е сæмæ æрвайдæнæй кастæй ‘ма си цæмæй уой зæрдæмæ еске бацудайдæ, уой туххæй кафтонцæ «æз хуæздæр»-æй. Цæстизолæй дæр имæ ку нæ ракастæнцæ, уæд Урузмæг мæртæни къембур фездахта æма уайун исамадта и кизгæмæ, æхе меднимæр æхецæн дзурд равардта: «Тæходуйтæ, уæ Хуцауи фæрци, еци кизгæ мæ къохи ку бафтуидæ, уæд мæхуæдæг базæронд дæн, фал сæмæ ‘й исхонинæ ‘ма мæ кæддæра уæддæр сæ ас-тæумæ нæ бауадздзæнæнцæ», - зæгъгæ.
Уотемæй бахæстæг æй и кизги цæрæнмæ æма æ уад фæттагъддæр кодта. Кизгæ дæр хæдзари дзатмабæл бадтæй ‘ма зæронд лæг бæхбæл уайгæ ку æруидта, уæд имæ дзоруй:
- Кумæ ледзис, хуарз зæронд лæг?
- Кумæ ледзун, - зæгъгæ, загъта - Уæсхæри æфсæдтæ æрба-цæунцæ, дуйней содзгæ, цæгъдгæ, буларæ æфтаугæ. Мæнæн ба мæ хуæрæ Уаскъоппи бæрзондбæл æй, гъема ма кæд уой фæййер-вæзун кæнинæ, зæгъгæ, уордæмæ хæлæф кæнун.
- Удт, дæ хуарзæнхæй, хуарз зæронд лæг, мадта мæн дæр дæ хæццæ хонæ, кенæ ба мæн дæр бафхуæрдзæнæнцæ еци



знæгтæ, ку æрбахъæртонцæ, уæд, - зæгъгæ, имæ дзоруй и кизгæ дæр.
- Бæргæ дæ хонинæ, фал æрбахæстæг æнцæ ‘ма еунæг бæхбæл ку уайæн, уæд нæ раййафдзæнæнцæ, ‘ма нæ не ‘носон цардмæ рарветдзæнæнцæ, - зæгъгæ, æнкъардгомау дзубанди ракодта Урузмæг.
- Цæбæл цæуæн æма тагъд ци амалæй уайæн, уæхæн дзауматæ ба мæхемæ бæргæ ес, - загъта и кизгæ.
- Гъетт, мадта уотемæй ба фæстæмæ дæр ма кæсæ, фал ци амал ес, уомæй фæттагъддæр кæнæ, маха ледзæн, - зæгъгæ, дзоруй Урузмæг кизгæмæ.
Гъема и кизгæ хуарз дууæ саулохи раефтигъта æхгæд уæрдунбæл.
Уоми рабадтæй еунæгæй æ бæхтæрæги хæццæ.
Ранæхстæр æнцæ. Урузмæг мæртæнбæл разæй надамонæг, и силæ ба уой фæсте уадæй, уотемæй. Цæй бæрцæ рацудайуонцæ, Хуцау зонуй, уæдта Урузмæг мæртæнмæ дзоруй сосæггити:
- Куйтæ дæ бахуардта, дæхе фæкъкъулух кæнæ барæй ‘ма æрлæууæ, цума мæ нæбал фæразис, уотæ, кæдимайди мæ кизгæ æ хæццæ исбадун кæнидæ!
Уотæ хъæбæр фæндадтæй кизги фарсмæ бадун Урузмæги.
Мæртæн дæр æхе фæкъкъулух кодта ‘ма æрлæудтæй. Гъема уæд-та и кизгæ Урузмæгмæ дзоруй:
- Мæ уод ервæзунгæнæг, хуарз зæронд лæг, дæ бæх ку нæбал фæразуй ‘ма рауай, мæнæ мæн хæццæ мæ уæрдуни рабадæ, - зæгъгæ.
Кизги, мæгур, æнæуой дæр фæндадтæй зæронд лæги хæццæ бадун, цæмæй ин дзорæг æмбал адтайдæ, уой туххæй.
Гъема Урузмæг рабадтæй кизги фарсмæ, æ бæх бæхти фарсмæ бабаста, уотемæй.
Æнæ нади нæдтæбæл цудæнцæ ‘ма еу сæ уæрдун ку фæттехъул кæнидæ, уæд Урузмæг кизгæбæл банцойнæ кæнидæ. Гъема, алли банцойни хæццæ дæр Урузмæги уорс закъи сау æрдо рабадидæ, уотемæй цалдæн Уаскъоппи бæрзондмæ хъæрттæнцæ, уалдæнги Урузмæги уорс закъæ сау-сауид фестадæй.
Ку æрбахъæрттæнцæ, уæд Уаскъоппи бæрзондбæл Нарти

уонæхсæртти æхсæн силæстæг ку нæ уидта, уæд фæстæмæ æздæхунмæ бæргæ рагъавта и кизгæ, гъома, балæдæрдтæй, Урузмæг æй ке басайдта, уой, фал ма дин æй кæми рауагъ-тайуонцæ нæрæмон адæмихатт? Уотемæй ин, мæгур, гæнæн нæбал адтæй 'ма байзадæй уоми. Уоми ку байзадæй, уæд Сослан бакафта:

- Корун ди æма мæ хæццæ еу кафт искæнæ, - зæгъгæ. 'Ма имæ кизгæ кæсгæ дæр не скодта, уотемæй имæ дзоруй:

- Нæ кафун дæ хæццæ, уой туххæй, æма æгæр нæрæмон лæг дæ, - зæгъгæ. Уой фæсте ба имæ Хæмиц бакафта: «Мадта мæн хæццæ ракафæ», - зæгъгæ.

- Дæу хæццæ дæр нæ кафун, уой туххæй æма æгæр зæронд лæг дæ, уæдта худзар æркъетæ дарис, - зæгъгæ.

Уæд бабæй имæ Субæлци бакафта 'ма бабæй уомæ дæр дзоруй:

- Дæ хæццæ дæр нæ кафун, уой туххæн, æма ду ба цибæл лæг дæ, сили цъух дин ес, 'ма мæхуæдæг еу силæ, уæд ма дæу хæццæ мæхе цæмæн исеу кæнон, - зæгъгæ.





Гъе, уæдта имæ се 'гасей фæсте ба Батраз бакафта:

- Хуцау кæмæн нæййес, цæмæннæ нæбæл æнвæрсис, мадта мæн хæццæ искафæ, - зæгъгæ.

- Дæуæн ба дæ фиди фиди Хъæндзæргæс уæйуг Сау денгизи билæмæ æхецæн фиййауæн фæххаста 'ма уой ку æрбаздахисæ, уæд бæргæ искафинæ дæу хæццæ ба, - зæгъгæ.

Гъема ибæл уæд е 'мбæлтти æвдесæн бакодта Батраз, уотемæй рандæ 'й и фиди фидæ Алæги агорунмæ Сау денгизи билæмæ.

Цæй бæрцæ фæццудайдæ, Хуцау зонуй, уæдта бахъæрттæй Хъæндзæргæс уæйуги зæнхæмæ 'ма дин еу рауæн дæркъити фæсте еу устур сау дорбæл цæурæхцæ кодта, худзар къæредæ ибæл нихъхъæбæр æй, уотемæй Алæги иссирдта.

Батраз æй æваст кæми рафæсмардтайдæ, фал сæгъгæс ку æр-уидта, уæд имæ дзоруй: «Дæ фонс берæ, зæронд лæг! Мæлæти зæронд ку бадæ 'ма циуавæр дæ? Сæгъгæс ма цæмæн хæтис», - зæгъгæ.

- Дæ цæрæнбон берæ! Æз нæртон лæг дæн 'ма æнæбари бонæй æрифтудтæн мæ хецау, Хъæндзæргæс уæйугмæ, тугъди замани мæ æрхаста, 'ма мæ нур ба атæ гъезæмарæй маруй. Фал дæу цæрунгъæ-уагæ уоди ба ци хор, ци къæвда æрхаста? Тагъд рандæ уо, кенæ ба дæ ами ку æрбаййафа мæ хецау, уæд дæ рамардзæнæй, - зæгъгæ, имæ дзоруй Алæг дæр.

- Гъетт, баба, баба, - зæгъгæ, загъта Батраз, - мадта æз дæр нæртон игурд дæн. Хæмици фурт дæн 'ма дæу агорунмæ æрбацудтæн, 'ма мин дæ хецауи байамонæ, æз ба си дæ мæститæ райсон, ра 'й марон, - зæгъгæ.

- Цæй нæртон игурд дæ ду, цæмæн мæ саис? Нартæй æзмæлæг ку нæбал ес, кенæ ба мæ фурт Хæмицæн бийнонтæ ку нæ адтæй, уæд ду уой фурт кæцæй дæ? Æрцæуай ардæмæ, кæд нæртон игурд дæ, уæд дæ æз базондзæнæн, мæ къох дин де 'уæнгти рахастбæл ку радарон, уæд.

'Ма имæ Батраз хæстæг бацудæй. Алæг дæр ибæл æ къох ра-дæрдтитæ кодта 'ма си байруагæс æй, Батраз нæртон игурд ке адтæй, ейæ, е 'уæнгти рахастмæ гæсгæ. Гъема имæ уæдта дзоруй Алæг:

- Бауæндтæн нур æцæгæй, нæртон игурд ке дæ, уобæл 'ма мин æхцæуæн æй, муггаг ма ни ке ес, ейæ, фал ди уæддæр корун, цæмæй дæхе банимæхсай æма рандæ уай ардиг-

гæй, уой. Уой туххæн, æма ин неци искæндзæнæ, ра дæ мард-зæнæй, - зæгъгæ.

- Æма мин ардигæй фæццæуæн нæбал ес, цалдæн дæу нæхемæ фæххонон æма дин де 'знаги рамарон, уалдæн, - кар-зæй загъта Батраз дæр.

- Мадта дин Хуцау байагъаз кæнæд, æрауайæ ардæмæ 'ма мæ дæ рагъи исæвæрæ, æз ба дин æй байамонон.

Е дæр æй æ рагъи исæвардта, уотемæй Хъæндзæргæс уæйуги хæдзарæмæ исмедæг æнцæ. Хусгæ 'й ниййафтонцæ 'ма ибæл æрбадтæй Батраз, æ дууæ гъосебæл ин æрхуæ-стæй, уотемæй.

Дзоруй имæ Батраз:

- Хуæрзбон зæгъгæ аци уæлæбæл дуйнейæн, маргæ дæ кæнун, мæ фиди фиди мин нурмæ ке фефхуардтай, уой тух-хæй!

- У-у, æз дæ мадæ, дæ фиди иуазæг æма мин мæ уоди мон-ди ма бацо. Кæд дин дæ тог, де стæг бафхуардтон, уæд мин авд ме-дæггойни ес; уонæй алке дæр алли хуарздзийнадæй идзаг æй 'ма ин си æ хъиамæти бæрцæ райсæ. Уæдта сæ еу-еми ба сугъзæрийнæ цадæ ес, зæронд фиди фидæ лæхъуæн кæми феста, - зæгъгæ, имæ корæгау дзоруй Хъæндзæргæс уæйуг дæр.

Уонити ин ку байамудта, уæд Батраз баздахтæй 'ма уæйуги сæр ракъуæрдта, ра 'й мардта. Æхуæдæг ба авд медæггой-ни байгон кодта 'ма фиццагидæр Алæги сугъзæрийнæ цади нивдулдта, æма Алæг, æ уосгори дзамани куд адтæй, уотæ фестадæй. Гъе, уой фæсте ба иннетæми ци хуарздзийнæдтæ адтæй, уони рамбурд кодтонцæ 'ма сæ бæхтæбæл исцурхтон-цæ.

Уотемæй дууæ нæртон лæги Хъæндзæргæс уæйуги мулк, фонс рамбурд кодтонцæ еугурæй дæр 'ма сæ Уаскъоппи бæр-зондмæ Нарти уонæхсæртти размæ исмедæг кодтонцæ. Нар-ти уонæхсæрттæ дæр сæбæл цæмæннæ цийнæ кодтайуон-цæ, хъæбæрдæр - Алæгбæл, гъома, исæвдæй ке разиндтæй, уой туххæй.

Хуцау зонуй, цæй бæрцæ фæцциййнæ кодтонцæ, уæдта Ба-траз æлдари кизги хæццæ искафта.

Гъема кæрæдзей зæрдæмæ бацудæнцæ, кæрæдземæ сæ къохтæ равардтонцæ нæртон адæми æхсæн:



- Абонæй фæстæмæ мах лæг æма уосæ куд уæн нæ кæ-рæдземæн, уотæ, - зæгъгæ. Гъема уæдта Батраз, Алæги хæц-цæ ци фонс æрбакодта, уони æртæ æмбеси рахæйттæ кодта 'ма дзоруй Урузмæгмæ:

- Гъенур, Урузмæг, ду хестæр дæ, фал дæмæ уæддæр æн-деун 'ма дин хъæбæр арфæ кæнун. Фал мæнæ æртæ æмбеси ци мулк бакодтон, уомæй дууæ хаййи дæу фæууæд, еу дæхе хай, иннæ ба дин мæн хай, æруæдтаг, зæгъгæ, Алæгæн ба æ хай æхе уæд.

Урузмæг дæр нецибал исдзурдта 'ма дууæ хаййи и Хъæнд-зæргæси мулкæй райста.

Уотемæй Нартæ Уаскъоппи бæрзондбæл кæрæдземæн райарфæ кодтонцæ 'ма сæ хæдзæрттæмæ рандæ 'нцæ.

## НАРТИ БАТРАЗ

Нартæбæл фуд æстонг анз искодта. Ци бахуардтайуонцæ, е сæмæ нæбал адтæй. Цауæни хаттæнцæ 'ма сирди фидæй сæ царди æгъдау евгъуйун кодтонцæ. Уæд, еу бон кæми ад-тæй, уоми Нарти Хæмиц цауæнæй еу сикъей мард æрхаста; æхе бийнонтæ дæр си хуардтонцæ, уæдта си адæмæн дæр фæллæвартæ кодта 'ма уотемæй сикъей мард фæцæй. Æ синхон къæсибадæг уосæ дæр имæ фенгъæл кастæй 'ма ин си неци рарвиста. Уæдта имæ æхуæдæг æрбацудæй, куд син-хон, уотæ, æ сикъей æстгутæ 'ма æ цари гæппæлтæ сосæг-гай сæхемæ æрбахаста 'ма ин си хийнæ искодта. Æстгутæ 'ма цари гæппæлтæ арти бакалдта 'ма загъта:

- Абонæй фæстæмæ дин Хуцау Æфсатий фонсæй хай ма-бал бакæнæд, æхстмæ нæ, фал, дæ цæстæй карк дæр куд нæбал фæууинай, уотæ.

Еци бонæй фæстæмæ Хæмиц цауæни хаттæй, сирди муг-гагæй æ цæстæ дæр нецибал фæууидта 'ма 'й базудта, ци-дæр хийнæ ин ке скиндæй, уой. Æндæр къæсибадæг уосæмæ фæццудæй фæрсунмæ. Е ба ин загъта:

- Мæнмæ ба ма цæмæн æрцудтæ? Дæ размæ дæ синхон къæсибадæг уосæ дæмæ фенгъæл кастæй, дæ сикъей мар-дæй ин ратдзæнæ, зæгъгæ, 'ма ин си ку нæ рарвистай, уæдта дин хийнæ искодта. Ниддæ баста, дæ сикъей марди æстгутæ

‘ма цари гæппæлтæ дин сосæггæй æхемæ æрбахаста ‘ма сæ арти бакалдта.

Мадта мин мæ баст исуæгъдæ кæнæ, зæгъгæ, корун байдæдта къæсибадæг уосæй Хæмиц.

- Хуасæ дин байамондзæнæн, - зæгъгæ, загъта къæсибадæг уосæ, - æртæ уæлвицги ‘ма хумæллæги сæхъун райсæ тæбæгъи ‘ма сау гъæдæмæ фæццо. Фиццагидæр ци стур бæласæмæ исхъæртай, уой буни сæ исковдзæнæ. Дууæ уæлвицги дæ фæйнæ фарсемæ рагæлдздзæнæ, æртиккаги ба бахуæрдзæнæ. Хумæллæги сæхъун ба ниддумдзæнæ ‘ма зæгъдзæнæ: «Абонæй фæстæмæ мæ баст ихалд куд уа, уотæ, уæдта аци хумæллæги сæхъун тæбæгъæй куд фæццох æй, уотæ ми ме ‘лгъист æма мæ хийнæ куд фæццох уонцæ, уотæ».

Къæсибадæг ин цидæриддæр загъта, уони бакодта Нарти Хæмиц. Уæдта æ кард, æ саздахъ райста ‘ма сау гъæди цауæни рацудæй. Гъæди еу сахат фæццудæй, уæдта еу æрдози цъæх зæлдæбæл сæгти къуар хезгæ ниууидта ‘ма сæ фехсон, зæгъгæ, уотæ ба сæгтæн сæ тæккæ баргъондæр к’ адтæй, е уоми райзадæй. Хæмиц дæр дес кæнуй: «Мегъæ дæр ку некæми ес, уæдта арви цæф дæр куд уодзæнæй, æндæр еске æй рамара, æма лæг дæр ку некæми зиннуй». Уотæ ба гъæдбунæй еу минкъий лæг фæззиндтæй, саги æрбавгарста, æ фæстаг хурфи дзауматæ ин фелваста ‘ма сæ бæласи сæрмæ фехста. Анæмæ дæр, зæгъгæ, æнгъæлдзаутæ ес æма атæ ба уони хай. Нарти Хæмиц берæ къуæцæлтæ рамбурд кодта, нииййимæ цудæй, æ сирди мардбæл ин къуæцæлтæ бакалдта, æхуæдæгка имæ дзоруй:

- Берæ дин Хуцау ратта Æфсатий фонсæй!

Ке дæттун мин сæ гъæуй, мæхе ку æнцæ, уæд, зæгъгæ, е дæр имæ дзоруй. Минкъий лæг саг ракосарт кодта, арт ракодта, ургтæ æма фидти дзæбæхтæй цуппар ухсти райдзаг кодта, æма сæ артмæ фезонæг фунх ракодта. Дууæ си Нарти Хæмици размæ æрбайвардта, дууæ ба си æхуæдæг хуæрун байдæдта. Уайтагъддæр минкъий лæг дууæ ухстей ‘дзаг фезонгутæ рахуардта. Нарти Хæмиц ба еунæг ухст дæр туххæй фæцæй.

- Хуæргæ цæмæннæ кæнис? - зæгъгæ, дзоруй минкъий лæг Хæмицмæ. - Куд тагъд рафсастдæ? Устур лæг уогæй, куд минкъий бахуардтай? - ‘ма æртиккаг ухсти дæр æхемæ æрбайста æма уой дæр бахуардта. Никки дæр саги фæстаг къалеуи æд фарс æркъуæрдта, ра ‘й фезонæг кодта æма уой дæр бабæй рахуардта. Нарти Хæмиц устур дестæ кодта, ци дессаги лæг æй, минкъий уогæй, ци берæ хуæруй, зæгъгæ, ‘ма ‘й базудта, хумæтæги лæг ке н’ адтæй, уой.

- Куд дæ фæндуй, Нарти Хæмиц, - зæгъгæ, имæ дзоруй минкъий лæг, - еумæ цауæни ку рахæтианæ, уотæ дæ фæндуй?

- Рахæтæн, - зæгъгæ, загъта Хæмиц дæр. Фæйнæ комеми рандæ ‘нцæ цауæн гæнгæ. Фæйнæ сæдæ сирди рамардтонцæ. Минкъий лæг сæ куд маргæ цудæй, уотæ син сæ къобæлттæбæл уæрдæхтæ æфтаугæ цудæй. Уæдта сæ еу рауæнмæ æрæмбурд кодта ‘ма сæ æ рагъи сæ бунатмæ æрхаста. Нарти Хæмиц ба æ сирди мæрдтæ къæрттитæ гæнгæ цудæй ‘ма син сæ ургтæ фелвасидæ, уотемæй син сæ ургтæ нимæти æрцурхта ‘ма сæ туххæй бунатмæ æрхъæртун кодта. Бунати сæ уæззау гæлст æркодта ‘ма имæ минкъий лæг дзоруй:

- Ци дин æнцæ атæ, ци уæззау гæлст сæ æркодтай?

- Сæдæ сирди, - зæгъгæ, - рамардтон ‘ма син сæ ургтæ мæ хæццæ æрхастон.

- Уæд дæ сæдæ сирдей мæрдтæ ба кæми ‘нцæ?

- Кæмити сæ рамардтон, уомити сæ ниууагътон.

- ‘Ма сæ дзæгъæли цæмæн ниууагътай? Берæгътæн æнæ уой дæр берæ ку ес, рацо мæ хæццæ ‘ма мин сæ байамонæ, кæми ‘нцæ, уой.

Хæмиц æ хæццæ рацудæй ‘ма ин сирдти мæрдтæ амонгæ. Е дæр син сæ къобæлттæбæл уæрдæхтæ æфтаугæ ‘ма сæ еу рауæнмæ æмбурд кодта. Уæдта сæ æ рагъи ракодта, уони дæр сæ бунатмæ æрхаста. Дууæ сæдæ сирди марди ку æрæмбурд кодта еугурæй дæр, уæд сæ, минкъий лæг ка ‘й, е æртæ хаййи кæнун байдæдта. Хæмиц дес кодта, дууæ æмбалемæй æндæр ку нæ ан æма æртиккаг хай кæмæн кæнуй, зæгъгæ. Æвæдзи æхецæн дууæ хаййи кæнуй æма ацал-ауал анзи мæнбæл уæхæн æфхуæрд ку некæд сæмбалдæй. Хуæздæри хай ми ку некæд неке райста, уæд а куд æй, зæгъгæ, æхе меднимæр загъта æхецæн. Хæйттæгонд ку фæцæй, уæдта минкъий лæг фæрсуй Нарти Хæмици:

- Æз æма дæуæй ка хестæр æй?

- Ка ни хестæр æй, зæгъгæ, уотæ ба мин цæмæн бафæраз-тай, - æз зæронд лæг ку дæн, ду ба ма лæхъуæн ку дæ?

- Мадта ди æз минкъий хестæр дæр нæ дæн, фал ди æгас фæлтæр хестæр дæн. Хуцау, зæгъгæ, фиццаг фæлтæри сфæлдиста гумерити æма ин æгæр устуртæ фæцæнцæ; уæд-та дуккаг фæлтæри ба ис-фæлдиста уадмерити; уæдта æртик-каг фæлтæри ба исфæлдиста елиати 'ма ин етæ æгæр тухгин фæцæнцæ; цуппæрæймаг фæлтæри ба исфæлдиста мæнæ мах, кæмбæдати 'ма ин мах ба æгæр минкъий-тæгонд фæцан. Мах фæсте ба фæндзæймаг фæлтæри исфæлдиста сумах, нæртон адæми, гъема, æз дæуæй дæн хестæр æгас фæлтæр, фал уæддæр хестæри хай дæттун дæуæн. Æма фиццаг дæ хестæри хай исесæ, уæдта райсæ де 'мбалхай дæр.

Уотемæй Хæмиц райста дууæ хаййи, Кæмбæдай фурт ба еу хай æма 'й е 'рагъи ракодта, уотемæй æ хæдзарæмæ ра-раст æй. Ку раевгъудæй, уæд еу сахати фæсте ба Хæмиц æ фæсте уайун байдæдта 'ма 'й Кæмбæдай фурт фæстæмæ ку рауидта, уæд æ сирдти мæрдтæ æривардта, 'ма 'й хезуй: æвæдзи мæбæл, зæгъгæ, æ зæрдæ естæмæй фæххудтæй. Ку имæ æрхъæрттæй, уæдта 'й фæрсуй, ци хабар дæмæ ес, мæ фæсте ма ку уайис, зæгъгæ.





- Еу гъуддагбæл ма дæ фæрсун феронх дæн, кæмæй дæ, ци-уавæр дæ, уой мин зæгъæ, кенæ ба некæмæй байруагæс уодзæнæй, æз уой бæрцæ сирдтæ ке рамардтон, е, æма син уæд ци зæгъдзæнæн?

Æз дæн, зæгъгæ, загъта, Кæмбæдатæй, елиати хуæри-фурт, цæрæн, зæгъгæ, зæнхи буни.

- Мадта ма ди еу гъуддаг корун. Минкъий угæй, уотæ хъау-рæгин ка 'й, кæд уæмæ уæхæн силгоймаг ес, уæд мæ сума-хæй стæггагæ ку уайдæ, уотæ мæ фæндуй.

- Ес нæмæ, - зæгъгæ, загъта, - фал ин æнхæст афонæ нæма 'й, хъæбæр æведауцæ 'й, хæфси цари æй æма ку не сарази уай.

- Дæтгæ мин æй ракæнæ 'ма мæ сумахæй стæггагæ фæуу-æд, 'ма 'й Хуцау цъифи золкъи цари дæр фестун кæнæд.

- Мадта дин махæй стæггагæ лæвар фæууæд æма, абони май-рæнбон æй, иннæ майрæнбони ба дæ киндзхонти хæццæ дæ бийнойнаг фæлласдзæнæ. Берæй æрцæунæй ма байау-æрдетæ. Иуазæги хуаллагæй уин рахъæртдзинан.

- Мадта ма мин æруæд ци уодзæнæй, уой ку зæгъисæ.

- Æруæд ба дин уодзæнæй сæдæ сугъзæрийнæ гъоли.

Нарти Хæмиц æ нимæт фæггæлста, æ курæти думæггаг фæхъхъел кодта, ра 'й ихалдта, сæдæ сугъзæрийнæ гъоли си исиста 'ма сæ Кæмбæдай фуртæн банимадта æ къохмæ.

- Уæд уæмæ цæугæ ба кумæ фæккæндзинан? Кæми цæре-тæ, уой дæр ма мин ку байамонисæ.

- Мæнæ мæ биде фæрсмæ дардзæнæн 'ма гъæди бæлæ-стæ лух гæнгæ цæудзæнæй, етæ еуæрдæмæ хъантæ гæнгæ цæудзæнæнцæ. Лигъз будурмæ ку рахъæртæн, уæдта мæ еу къах фæрсмæ дардзæнæн 'ма зæнхæ ауæдзæ гæнгæ цæуд-зæнæй сауæнгæ мулдзугути гобати уæнгæ. Гъе, уоми ба дин зæнхи буни мæ хæдзарæ.

Уотемæй сæ кæрæдземæн хуæрзæбон загътонцæ. Кæм-бæдай фурт æ сирди мæрдтæ е 'рагъи фæккодта 'ма æ хæд-зарæмæ фæд гæнгæ рандæ 'й. Хæмиц дæр æ сирди мæрдти ургтæ нимæти ратухта 'ма Нартæмæ фæдеси рандæ 'й. Æ ха-бар син радзурдта. Нарти адæ-ми æ хæццæ æрбахудта сир-ди мæрдтæмæ 'ма сæ фæххастонцæ еугурæй дæр сæхемæ. Нарти адæм куд нæ дес кодтайуонцæ, уой бæрцæ сирдтæ, зæгъгæ, ка рамардта, 'ма 'й фарстонцæ Хæмици. Е дæр æрд-

зурдта, куддæриддæр адтæй сæрæй бунмæ, уой, циуавæр лæг ибæл исæмбалдæй ‘ма дууæ сæдæ сирди куд рамардтонцæ, куд сæ байурстонцæ, уой, уæдта син сæ кизги бийнонтæн куд ракурдта ‘ма имæ иннæ майрæнбони хонунмæ куд цæун гъæудзæнæй, уой.

Майрæнбон ку æрхъæрттæй, уæд Нарти адæм Хæмицæн дууæ сæдæ киндзхонемæй уосæ хонунмæ рацудæнцæ. Кæмбæдай фуртæн хуæрзбон ци рауæн загъта, уордæмæ æрбацудæнцæ. Уордигæй ба гъæди цагъдбæл рацудæнцæ, будурмæ ку рахъæрттæнцæ, уæдта, куд загъта, уотæ ауæдзæ фæззиндтæй. Ауæдзæбæл цæун байдæдтонцæ ‘ма еу мулдзугути гобатмæ бахъæрттæнцæ. Загъд син куд адтæй, уомæ гæсгæ уоми æрлæудтæнцæ. Сæ бæхтæй куд æрхизтæнцæ, уотæ ба сæмæ Кæмбæдати фæсевæд мулдзугути гобати бунæй исгæппитæ кодтонцæ, сæ нимæттæ, æндæртæ син зæнхи бунмæ ниййистонцæ, уæдта син дуар исигон кодтонцæ ‘ма син сæ бæхти дæр æма сæхе дæр уордæмæ никкодтонцæ. Æртæ бони ма хуарз фæммийнасæ кодтонцæ, уæдта син Кæмбæдатæ загътонцæ:

- Кæдмæ дæр нæмæ мийнасæ кæнайтæ, иуазæги хуаллаг дæр нæмæ берæ ес, уæдта уæбæл гъигæ дæр не суодзинан, фал уæ гъенур цæуни барæ ес.

Хæмици киндзхонтæ цæуни унафæ искодтонцæ. Сослан къохбæлхуæцæг куд адтæй, уотæ кизгæмæ бацудæй æма дзоруй:

- Кæми ‘й мæ хуæрæ?

Дуйней рæсугъд силгоймæгтæ си æрæмбурд æй: уосæй, кизгæй. Сослан æнгъæл кæсуй, мæ хуæри мин байамондзæнæнцæ, зæгъгæ, ‘ма еуемæ дæр бакæсуй, иннемæ дæр, уæдта имæ дзорунцæ:

- Анæй дæ киндзæ неке æй, фал уæртæ гобæнтти æхсæн бадуй.

- Гириз мæбæл цæмæн кæнтæ, - зæгъгæ, сæмæ дзоруй Сос-лан, - мæ киндзæ кæци æй, уой мин цæмæннæ байамонетæ.

- Мæнæ дæ киндзæ, - зæгъгæ, ‘ма имæ гобæнтти æхсæнæй хæфсæ фелвастонцæ.

Фиццаг сæ гириз кæнун æнгъæл адтæй, фал си ку байруагæс æй, æцæгæй сæ киндзæ хæфси цари ‘й, е, уæд æндæмæ рацудæй æма Нарти киндзхонтæмæ гъæрæй дзоруй:



- Нурмæ дæр Хæмиц æнæ уосæй уомæн байзадæй, æма рагæй дæр гириззаг адтæй, нур ба Нарти адæми бустæги фæхходуйнаг кодта. Хæфсæ ракурдта ‘ма нин уой Нарти æхсæнмæ хонун кæнуй. Алке æ бæхбæл рабадæд ‘ма æ хæдзарæмæ цæуæд!

Кæмбæдатæ ба загътонцæ:

- Хæмиц, нæ дин загътан, нæ кизгæн афонæ нæма ‘й ‘ма нуртæккæ хæфси цари ‘й, зæгъгæ? Загъд дин куд адтæй, бонæ ин хæфси царæй рахезæн нæййес, æхсæвæ ба цид рахездзæнæй ‘ма имæ кæд уотемæй фæддарунмæ дæ нифс нæ хæссис, уæд æй ма корæ!

Нарти киндзхонтæ фæххæлеу æнцæ, алке æ хæдзарæмæ рандæ ‘й. Хæмиц ма æхуæдæг еунæгæй æризадæй æма ин Кæмбæдатæ загътонцæ:

- Гъа, мæ хор, мæнæ дæ сугъзæрийнæ гъолтæ дæр райсæ, мах уонæмæ гъæуагæ нæ ан. Уæдта дæ уоси дæр хонæ ‘ма дæ зæрдæмæ ку нæбал бацæуа, уæдта ‘й уæртæ уоци туппурмæ æрхондзæнæ ‘ма ‘й уоми ниууадздзæнæ.

Хæмиц æ бæхбæл рабадтæй ‘ма ин æ фæсабæрцæмæ хæфси дæр багæлстонцæ. Уотемæй сæхемæ иссудæнцæ. Хæмицæй уотæ, кæд хæфсæ рахаудтæй, зæгъгæ, е ба саргъи къудур æма æфтауги æхсæн балæстæй.

Æ бæх рафснайдта, саргъ ба медæмæ байста ‘ма исхустæй. Хæмиц ку рафунæй æй, уæд и кизгæ хæфси царæй ралæстæй æма авари кизги дзиккотæй хорау фæррохс æй. Хæмиц фегъал æй æма имæ дзоруй:

- Ци изæд дæ, ци идауæг дæ?

- Изæд дæр, идауæг дæр нæ дæн, фал дæн, Кæмбæдатæй ци кизгæ ракурдтай, е. Бонæ мин хæфси царæй ралæсæн нæййес, æхсæвæ бабæй мин Хуцауи фæлдесондæй хæфси цари лæууæн нæййес.

Хæмиц нийдзулдæй, ни ‘йбæл цийнæ ‘й æма имæ дзоруй:

- Рацо, мадта, мæ хæццæ æрхуссæ.

Е ба ин загъта:

- Уотемæй дæ хæццæ нæма ниххусдзæнæн, фал мæмæ æрæвдесай, уосæ хонуни дарæси рæвдзитæй дæмæ цитæ ес, уони.

Хæмиц æ хуссæнæй фæггæпп кодта ‘ма имæ æ кири дуæрттæ фæййигон кодта, ‘ма си куд н’ адтайдæ хъумаци дзæ-

бæхтæ ‘ма туни дзæбæхтæ - æ биццеуи дзаманæй уосæ хонуни уæнгæ ке фембурд кодта. И кизгæ кæрдæн райста ‘ма кæрдунмæ февналдта, æхсæвæ- бонмæ, сæдæ лæгей сæ къахæй сæ сæрмæ цидæр гъудæй фæлустæй, уони кæрдгæ дæр, хуйгæ дæр бакодта. Дуккаг æхсæвæ дæр гъеу-уотæ. Уотемæй дууæ сæдæ лæгей фæлуститæ ку сцæттæ кодта и кизгæ, уæдта загъта Хæмицæн:

- Нур ба сæ адæмæн райуарæ, сæ хуæздæртæ син, ка куд мæгурдæр æй, уонæн.

Куд ин загъта, уотæ сæ Хæмиц дæр райурста ‘ма адæм дес кодтонцæ, Хæмицæн еци хъæппæлтæ кæми адтæнцæ, зæгъ-гæ.

Уотемæй Хæмиц æ уоси хæццæ цæрун райдæдта, бонæ и уосæ хæфси цари бадтæй, æхсæвæ ба рахезидæ. Уотемæй сæбæл цæй бæрцæ рацудæй, уæдта Бориати Борæфæрнуг хуарисæр кодта æма Нарти адæммæ хонæг рарвиста. Хæмиц æхе кувдмæ цæуни рæвдзæ ракодта ‘ма имæ и уосæ дзоруй:

- Мæн дæр дæ хæццæ хæссæ.

- Ходуйнаг æй, - зæгъгæ, имæ дзоруй Хæмиц дæр. - Нарти æгъдауæй не ‘нгъезуй лæгæн æ уоси хæццæ цæун кувдмæ, ‘ма мин уой ку базононцæ, уæд мин се ‘хсæн рацæуæн нæбал ес.

Н’ адтæй, уæддæр ниллæудтæй, дæ дзиппи мæ, зæгъгæ, ниввæрæ, æхсæвæ ба нимæт мæ уæле æримбæрздзæнæн ‘ма мæ нæ базондзæнæнцæ. Гæнæн нæбал адтæй, Хæмиц хæфси æ дзиппи рацавта ‘ма Бориати Борæфæрнугмæ кувдмæ рандæ ‘й. Бон-изæрмæ кувди фæббадтæнцæ, фæммийнасæ кодтонцæ, изæрæй ба алке исхустæй. Хæмиц дæр исхустæй, æ уосæ æ хæццæ, уотемæй, стур нимæт сæ уæле æрæмбарзтонцæ.

Уæд Сирдон рагæй дæр Нартæн фидбилиз куд н’ адтæй, сайтанти хуæрифурт адтæй, ‘ма Хæмицæн æ уосæ кувди æ хæццæ ке адтæй, ‘ма æхсæвæ ба æ хæццæ ке хустæй, уой зудта, ‘ма ин уонити Нартæ цæмæй базудтайуонцæ, уой бакодта. Биццеути исардудта, цæмæй и хуссæг адæмбæл сæ хуссæнтæмæ бугъæ калдтайуонцæ. Биццеутæ дæр, ци лæхæ-бугъæ адтæй, уони адæмбæл сæ хуссæнтæмæ калун байдæдтонцæ ‘ма иуазгутæ еугурæй дæр хъаугъа кæнун байдæдтонцæ, ци ‘нæконд æма æнæгъдау æнцæ, зæгъгæ, Нарти кæстæр фæсевæд. Уæд син Сирдон, зонæнгин адтæй, ‘ма уотæ:



- Куцæй ма уæбæл ма гириз кæнонцæ Нарти биццеутæ дæр, Нарти хуæздæртæ кувдтитæмæ сæ уостити хæццæ æхсæвеуатæй цæун ку байдæдтонцæ.

- Уой ба ци хонис? - зæгъгæ, Нарти адæмæй алке æ хуссæнæй ралæуирдта. Хæмиц ба æхе æ хуссæни нигъгъос кодта. Еугурæй дæр æй базудтонцæ, Хæмиц æ уоси хæццæ æхсæвеуати Бориати Борæфæрнуги кувдмæ ке иссудæй, æма ке фæххoдуйнаг æй, уой.

Хæмиц æ уоси хæццæ еци сахат сæ хæдзарæмæ æрцудæй ‘ма ин загъта:

- Абонæй фæстæмæ мин дæу хæццæ цæргæ нæбал æй, - Нарти астæу дæу туххæй стур ходуйнаг фæддæн ‘ма дæ уæхемæ ласун!

- Уосæ ба ин загъта:

- Ма мæ ласæ, уадзæ мæ, берæ мæ нæбал гъæуй, уæдта мæ хæфси царæй рахездзæнæн... Еу бон дæр, дууæ бони дæр, æртæ бони дæр дæбæл фæххoддзæнæнцæ, уæдта дæ феронх уодзæнæнцæ.

Нæ ин бакоммæ кастæй Хæмиц:

- Аци ходуйнагæй дæ хæццæ цæрунмæ неци бакæндзæнæн, - ‘ма æ бæхбæл саргъ февардта. Рабадтæнцæ ибæл æ уоси хæццæ ‘ма ин кумæ амунд адтæй æ хонунбæл, уордæмæ ‘й æрхаста. Уоми дæр бабæй ин æ уосæ загъта:

- Ма кæнæ, ма мæ цох кæнæ, фæсмон дæмæ цæудзæнæй. Фæнддзæнæй ма дæ, фал мин раздæхæн нæбал уодзæнæй, мæйæй æндæр мæ нæбал гъæуй, уæдта мæ хæфси цар рагæлдздзæнæн æма дæмæ адæм хицæ дæр ма кæндзæнæнцæ... Мадта мæмæ дæ дууæ уони æрбадарай.

Хæмиц имæ фæстæмæ æхе рахатта æма имæ е уонтæ бадардта, уосæ уæззау адтæй, е ‘нгъудмæ ба адтæй еугурæй мæйæ, ‘ма Хæмици дууæ уоней астæу нитту кодта ‘ма æ губуни ци сувæллон адтæй, е æ дууæ уоней астæу цар æма фиди астæу равзурстæй, æхуæдæгка дæлзæнхæмæ ниллæуирдта.

Хæмиц фæстæмæ æрбаздахтæй сæргубурæй, е уонти астæу къубус дардта, уотемæй. Сатана зонæнгин адтæй æма ‘й уайтагъддæр базудта, Хæмици дууæ уоней астæу къубуси сувæллон ке адтæй, уой, уæдта ма циуавæр æй æма ‘й цæй бæрцæ гъудæй игурунмæ, уой дæр.

Хæмиц фулдæр бæнттæ хъанæй лæудтæй, уæззау уосæ æ

за-йунмæ хæстæг хъан куд фæууй, уотæ, ‘ма æ мæйи бон ку æрхъæрттæй, уæдта имæ Сатана æ хуссæн уатмæ бацудæй, ‘ма ‘й, цума, нæ зудта, уотæ имæ дзоруй:

- Ци кæнис, ци, Хæмиц, дæ сæйгæ ци даргъ ниццæй?

- Магъа, мæнæ мæ дууæ уоней астæу цидæр сункъæ ис-кодта ‘ма мæ фезмæлун нæбал уадзуй.

- Равдесай, æз ба дин æй фæууинон æма кæд исцæттæ ‘й, уæд æй фæкъкъæртт кæнон.

Хæмиц имæ æ дууæ уоней астæу бадардта. Фæййин æй къæртт кодта Сатана ‘ма биццеу фелваста. Иннæ авармæ ‘й бадавта ‘ма ‘й бузурти ратухта, æхуæдæгка ин ном равардта - Батраз. Сæ синхонти уосæ сæмæ æрбауадæй ‘ма Сатанамæ дзоруй:

- Æз ба уин уæ сувæллонæн дзедзе бадарон, - зæгъгæ, ‘ма имæ бауадæй, дзедзе ин æ гъæлæси рацавта æма ин Батраз æ дзедзе ратудта, ‘ма ин æй ранихъуардта. И уосæ кæугæ фелвæстæй Сатанамæ, уæ биццеу мин мæ дзедзе ратудта, зæгъгæ, Сатана дæр су-вæллонмæ бауадæй ‘ма имæ дзоруй:

- Еци мæгур уоси цæмæн бафхуардтай? Æ дзедзе ин фæ-стæмæ исгæлдзæ!

Сатанай дзурдмæ ин æнæ игъосун н’ адтæй ‘ма ин æ дзед-зе æ губунæй фæстæмæ исгæлста, ра ин æй нихастонцæ фæстæмæ. Уосæ сæхемæ рандæ ‘й. Еци хабар адæмбæл ку æригъустæй, уæд æй базудтонцæ, Батраз хумæтæги игурд ке н’ адтæй, уой.

Батразæн æ нæуæг игурди дзамани Æхсæртæгкатæ æма Бориатæ стур æзнагæй цардæнцæ. Бориати Борæфæрнуг, æхуæдæг имæ нæ нифс кодта Хæмицмæ, фал ибæл æ хуæ-ри фурти Сау Айнæги бадæг Сау Албæги сардудта. Уæдæй фæстæмæ Сау Албæг Хæмици рамарунмæ агурдта. Еу бон кæми адтæй, уоми сæ кæрæдзебæл исæмбалдæнцæ, ‘ма Сау Албæг е ‘фсоргъæбæл куд бадтæй, уотемæй æй æрсурдта. Хæмиц имæ æхе куд фæззилдта, уотæ ‘й кардæй ниццафта ‘ма ин æй Хуцау е ‘ндон дæндагбæл рауайун кодта, - кардæй еу къæртт фæххаудтæй. Никкиддæр æй ниццæфтæ кодта ‘ма ‘й, уотемæй, рамардта. Æхуæдæгка ‘й бæхи саргъбæл рабаста ‘ма ‘й рауагъта. Бæх Хæмици мард ку æрхаста, уæд æй Æхсæртæгкатæ уайтагъддæр базудтонцæ, сæ лæгбæл Бориати ардудæй Сау Албæги бæллæх ке æрцудæй, уой.



Хæмици фурт Батраз гъазунгъон ку рацæй, уæд, еу бон ку адтæй, уæд Бориатæмæ кувд адтæй ‘ма е дæр Сатанамæ дзоруй, æз дæр, зæгъгæ, Бориати кувдмæ цæун.

Сатана ба ‘й нæ уагъта ‘ма, цæмæй нæ фæццудайдæ, уой туххæй ибæл еу гебенатæ ракодта, æхуæдæгка ибæл фунук бакалдта. Батраз уæддæр нæ ниллæудтæй ‘ма Бориати Бо-рæфæрнуги кувди исмедæг æй. Берæ сувæллæнттæ си адтæй ‘ма гъæзтонцæ, нисан искодтонцæ, хæснæбæл сæ хъæппæл-тæ æрæвардтонцæ, ка ‘й фер-гъæва, уой куд уонцæ, зæгъгæ.

Нисан æхстонцæ ‘ма ‘й неке фергъавта. Уæдта ‘й фæстаг ба Батраз фехста ‘ма ‘й фергъавта. Сæ хъæппæлтæ син рам-бурд кодта ‘ма син сæ раскъафта. Нарти биццеутæ дæр æ фæсте ниббазуртæ ‘нцæ, нæ хъæппæлтæ нин фæххæссуй, зæгъгæ.

Е дæр сæмæ фæстæмæ фездахтæй ‘ма син сæ тæккæ устурдæри, раздæр имæ ка æрхъæрттæй, уой райахæста, æ къæхтæй æй низзилдта ‘ма ‘й фехста. И биццеу фагуси стур калдбæл исæмбалдæй, æ сæр размæ, уотемæй, ‘ма си иннер-дигæй ралæуирдта, æ еу къах раморæ ‘й, уотемæй. Иннетæн дæр, кæмæн æ цонг раморæ кодта, кæмæн æ астæуи стæг раморæ кодта, уотемæй фæстæмæ кæугæ раздахтæнцæ сæ хæдзæрттæмæ. Кувди адæммæ бахабар æй, нæ биццеути хъæппæлтæ еу биццеу фæххæссуй, сæхе ба син, зæгъгæ, ниттатхуалитæ кодта. Гæр, æма е ка уодзæнæй, зæгъгæ, уæд-та син Сирдон уотæ:

- Ци зонун, уомæй, е, Хæмицæн хæфсæй ци биццеу байза-дæй, е уодзæнæй.

Сирдон æ фæсте рацудæй æма имæ дзоруй:

- Уæлæ дæмæ кувди адæм дзорунцæ.

Батраз, Бориати Борæфæрнуги авд лæхъуæней хъæппæл-тæ æ дæлагис, уотемæй кувди адæми сæргъæмæ бацудæй.

Алли лæгигъæдæй дæр æнхæст адтæй, сæ фингæмæ син февналдта ‘ма си цидæр адтæй, уони сæрæй бунмæ рахуард-та. Еугурæй дæр ниддес æнцæ, уæдта имæ сæ еу дзоруй:

- Мадта кæд уотæ лæгигъæдгун дæ, уæдта дæ фиди марæ-гæн ести бакæнæ.

- Еци загъди хæццæ Батраз биццеути хъæппæлти зæнхæ-бæл фæккодта ‘ма исцирен кодтонцæ.

Дорин къæпхæнтæ къахæй ниггуппитæ кодта ‘ма етæ дæр

гургурæй исцæфстæнцæ, æхуæдæгка сæхемæ фæтътъæбæртт кодта, ‘ма æ къахдзæфтæ дæр æ фæсте исцирен кæниуонцæ. Сæхемæ æрхъæрттæй ‘ма мæтъæл бадт тъæрæбæл æрбакодта. Сатана имæ дзоруй:

- Ци кæнис, еске дæ бафхуардта?

- Ка мæ бафхуардта? Адæми биццеутæ еугурæй дæр цæкутæ хуæрунцæ ‘ма мин нæ равардтонцæ, мæнæн ба цæкутæ дæр некæд искодтайтæ.

- Цæкутæ дæ уой бæрцæ дæр ку гъæуидæ! Нуртæккæ дæр дин ракæндзæнæн.

Æма устур къæйæ артбæл февардта. Къæйæ ку ‘ссурх зинг æй, уæд Сатана ‘ма сæ косæг уосæмæ фæллæбурдта ‘ма син сæ къохтæ тæвдæ къæйæбæл нилхъивта.

- Тагъд мин, мæ фиди марæг ка ‘й, уой зæгъетæ!

- Хуцау си ма сбоз уæд, дæуæн уой ка загъта, - зæгъгæ, имæ дзоруй Сатана, - дæ фиди дин рамарун кодта Бориати Борæфæрнуг æ хуæрифуртæн, Сау Айнæги бадæг Сау Албæгæн.

- Цæргæ ба кæми кæнуй? - зæгъгæ ‘й фæрсуй Сатанай.

Кæми цæруй, уой дæр ин байамудта, фал ин загъта:

- Уотемæй ибæл зин фæххуæст гæнæн æй, фал æ дууæ æфсоргъи, гъе, еци рауæнмæ сауæдонæмæ ку раласа дон ниуазунмæ, уæд æй гъеууордæмæ бабæрæг кæндзæнæ. Уæдта ин æхе кардæй фæстæмæ мæлæт дæр нецæмæй ес.

- Хуарз, - зæгъгæ, загъта Батраз. - Уæд мæ фидæн ба неци байзадæй, е бæх, е ба тохæн дзаумаутæ?

- Дæлæ бæх, æма æ дууæ гъоси зиннунцæ фагуси хурфæй, гъе, уой рартайæ ‘ма дин е бæх.

Батраз искъæтæй æ фидæ Хæмици бæх, æрфæни раласта, дони ‘й раргадта, саргъ ибæл февардта, æ кард æрбабаста, рабадтæй, æма ин Сатана кумæ нииййамудта, уордæмæ рандæ ‘й.

Сауæдони дондарæнмæ куд исхъæрттæй, уотæ ба Сау Айнæги бадæг Сау Албæг дæр æ дууæ æфсоргъей хæццæ æрхъæрттæй.

- Ци агори? - зæгъгæ, имæ дзоруй Сау Албæг.

- Дæу уæнгæ иссудтæн, - зæгъгæ, загъта Батраз. - Нарти адæмæй уотæ игъосун, ‘ма мæн карди хузæн ма цума дæумæ ес, уотæ.



- Равдесай, циуавæр æй дæ кард?

Батраз æ кард фелваста ‘ма имæ Сау Албæг ку ‘ркастæй, уæд загъта:

- Мæн карди размæ дæу кард равдесунмæ дæр нæ бæззуй.

- Ра мæмæ ‘й æвдесай мадта.

Сау Албæг æ кард æрдæгмæ исласта, дестæ ибæл кæнуй Батраз.

- Æ кæрони уæнгæ ма ‘й исласæ.

Еугур ласт æй искодта ‘ма дин æ кæрони ба æ комæрдигæй еу рауæн къæртт хаудт. Батраз ин æ кæронбæл фæххуæстæй ‘ма æ дууæ æнгулдзи сæ кæрæдзей иссердтонцæ, æхуæдæгка ‘й фæрсуй:

- Аци хуарз кард дин цæбæл фæкъкъæртт æй?

- Цæбæл фæкъкъæртт æй? Нарти Хæмиц мæрдти мæ сау хæрæги дæндæгутæ ку бахуæридæ! Маргæ ‘й ку кодтон, уæд æй ку æрсурдтон, уæд мæмæ æхе куд фæззилдта, уотæ ‘й нирræуигътон аци кардæй, ‘ма æ еу дæндаг æндон адтæй, ‘ма уобæл фæкъкъæртт æй.

Еци загъдмæ ба Батраз нæбал фæллæудтæй, æ зæрдæ исирадæй ‘ма кард æхердæмæ æрбакъуæрдта ма æ хуæцæн Сау Албæгмæ райзадæй, кард ба уомæ бафтудæй. Æхе кардæй æй Батраз цъинккитæ кæнун байдæдта ‘ма ‘й рамардта. Æ еу цонг ин æрлух кодта, æхе ба ин æ еу æфсоргъбæл бабаста ‘ма ‘й раскъардта. Сау Албæги цонг æ фæсабæрцæ хурдзини ниввардта, уотемæй æрцудæй сæхемæ.

Сау Албæги цонг Сатанамæ бахаста ‘ма ин загъта:

- Дæ саутæ исесæ. Мæ фиди марæги, Сау Албæги рамардтон. Мæнæ а ба æ цонг, æ бæрæггæнæн.

Сатана ибæл нæ бауæндтæй ‘ма Уæрппи хонхмæ фæуадæй, ‘ма уордигæй Сау айнæгмæ ракастæй. Æцæгдзийнадæй, æ хуæртæ ‘ма уоси богъ-богъ арви нæрунау игъустæй. Сæ сугъзæрийнæ дзиккоти тонаутæ ба син, дунгæ хор бони саги сæтæ куд фæххæссуй, уотæ хаста. Сатана уонити ку рауидта, уæд си байруагæс æй, Батраз Сау Албæги ке рамардта, е. ‘Ма фæстæмæ сæхемæ ку æрцудæй, уæд æ саутæ исиста, æхуæдæгка Батразæн загъта:

- Дæ фиди дин мæрдтæмæ иуонг гъæуаггинæй нæ рауагъта, ‘ма ин æ цонг фæстæмæ фæххæссæ.

- Куд ин æй фæххæссон?

- Ма тæрсæ, неке дæ рамардзæнæй, - Сатана ибæл æ зæрдæ дардта.

Батраз æ бæхбæл фæстæмæ рабадтæй 'ма, Албæги цирти билæбæл куд æрæвардтонцæ, уотæ ин æ цонг исхъæртун кодта. Æ бæхæй æрхизтæй, арцæ зæнхи никъкъуæрдта 'ма 'й уобæл бабаста. Æхуæдæгка, Албæги цонг æ къохи, уотемæй, мардмæ мæрдæгъдау гæнгæ бацудæй: «Мæ фиди мин иуонг гъæуаггинæй нæ рауагъта 'ма 'й æз дæр иуонг гъæуаггинæй нæ цæун кæнун мæрдтæмæ», - 'ма ибæл æ цонг ниввардта.

Адæм гъос-гъосæй дзорунцæ: «Саг фæрæтмæ æрцудæй», - зæгъгæ. Фал си ка лæдæргæдæр адтæй, е сæмæ дзоруй:

- Атæ ка æрбандиудта, е хумæтæги лæг нæ 'й. 'Ма ин дæлæ æ бæхи арцæбæл исхуæцетæ. Кæд уой исласайтæ, уæд уæ ци фæндæуа, уой кæнетæ, кенæ ба сабур лæууетæ.

Фæсевæд бæхи арцæ исласун радæгай равзурстонцæ 'ма си 'й æзмæлун дæр неке фæккодта. Уæдта имæ Батраз æхуæдæг ниццудæй, ра син арфæ кодта сæ кæстæреуæгдзийнадæн, арцæ фел-васта, æ бæхбæл рабадтæй 'ма никъкъуæрдта сæхемæ.

Еу бон кæми адтæй, уоми бабæй Батраз бæхбæл фуддæйрагæн Бориати рæзти æрцудæй, 'ма 'й сæ уоститæ куддæр рауидтонцæ, уотæ сæ лæгтæн балæдæрун кодтонцæ, уæ тоггин Батраз фæццæуй, зæгъгæ. Бориати Борæфæрнуги авд лæхъуæни дæр сæхе ра- рæвдзитæ кодтонцæ, сæ бæхтæбæл рабадтæнцæ 'ма 'й фæстегæй сорун райдæдтонцæ. Æр æй æййафтонцæ 'ма имæ дзорунцæ:

- Хæтунмæ кæд цæуис, Хæмици фурт Батраз, уæд мах дæр дæ хæццæ цæуæн.

Хæмици фурт Батраз ба син загъта:

- Мæ хæццæ уæ уотемæй рауадздзæнæн: мæнæ ами æрлæудзæнæн, мæ гъæлæс уæмæ рахæлеу кæндзæнæн æма 'й авдемæй дæр фехсдзинайтæ. Кæд æй фергъæвайтæ, уæд уæ уадзун мæхе хæццæ, кенæдта нæ.

Æрлæудтæй 'ма сæмæ æ гъæлæс рахæлеу кодта. Авдемæй дæр æй фехстонцæ æма фæттæ еугурæй дæр æ гъæлæси исæмбалдæнцæ. Авд фатей дæр æ гъæлæси фæууорæдта æма сæ фæстæмæ ракалдта. Фат си нæ хизтæй Батрази. Уæдта бабæй сæмæ дзоруй:



- Фæттæ мæмæ уотæ берæ нæййес 'ма мæ авд фати дзæгъæли нæ фесафдзæнæн. Фал авдемæй дæр кæрæдзей фæсте æрлæууетæ 'ма раззаг æ гъæлæс рахæлеу кæнæд, фат имæ фехсдзæнæн, æма 'й раззаг æ гъæлæсæй райахæсдзæнæй.

Куд син загъта, уотæ кæрæдзей фæстети рæнгъæй æрлæудтæнцæ, сæ раззаг ба æ гъæлæс рахæлеу кодта. Батраз сæ фехста 'ма фат раззаги гъæлæси исæмбалдæй, фæстаги мæкъурæй ба ралæуирдта. Авд æнсувæри дæр фæйнердæмæ æркалдæнцæ. - «Ци 'нцæ атæ, фонс æнцæ æви ци 'нцæ?» - 'ма син сæ мæрдтæ сæ бæхтæбæл бабаста, уотемæй сæ раскъардта. Бориати Борæфæрнуг æ авд фуртей мæрдтæ ку фæууидта, уæд нирдеуагæ кодта 'ма 'й базудта, Хæмици фурт Батрази бæлах сæбæл ке сæмбалдæй, уой.

Цæй бæрцæ афæнттæ рацудайдæ, уæдта Бориати Борæфæрнуг æ авд фуртемæн хист кæнун унафæ искодта 'ма, бæгæни кæнунмæ сог гъæдæй куд ласта, уотæ ба ибæл Хæмици фурт Батраз фембалдæй 'ма имæ дзоруй:

- Согæй ци кæнис, зæронд лæг?

- Мæ авд фуртемæн хист кæнун унафæ искодтон 'ма сог ласун бæгæни кæнунмæ.

- Уæ, мæнæ зæронд куй, бакæсæ ма имæ, гъæздуг æй 'ма ин хиститæ кæнунмæ дæр рæстæг ес! - Батраз æй æ кардæй ниссихта 'ма ин æ сæр рахаун кодта.

Уомæн дæр бабæй æ мард æ уæрдуни сæрбæл исæвардта, сæхемæ 'й æрхъæртун кодта 'ма сæмæ багъæр кодта:

- Мæнæ уæ согдзау æрхъæрттæй 'ма имæ ракæсетæ.

Ра имæ калдæнцæ 'ма сæ мард ку æруидтонцæ, уæд нирдеуагæ кодтонцæ. Сæ мард бабæй бафснайдтонцæ. Уæд бабæй еу бон кæми адтæй, уоми бабæй сæмæ Батраз æрбацудæй 'ма Борæфæрнуги уосæмæ дзоруй:

- Еу минкъий мин мæнæуæ инайæ кæнуйнаг ес æма дæ нос-тæлти хæццæ рацæуайтæ, мах ба 'й раинайæ кæнæн.

Æ разæй зæронд уосæ æма авд ностей ракодта, 'ма сæ кокойни синдзæмæ æркодта. Уоми ба син ностæлтæн сæ дзиккотæ кæрæдзебæл бабаста, зæронд уосæмæ ба даргъ æхсæ равардта 'ма сæ кокойни синдзи ратæрæ-батæрæ кæнун райдæдта бæгъæмбæдтæй. Сæ къæхти тог алли пазбунæй пурх кæнун байдæдта 'ма сæ гъеуутемæй ба сæ хæдзарæмæ рарвиста.

Уотемæй Æхсæртæгкати Хæмици фурт Батраз Бориати Борæ-фæрнугæй æ фиди тог райста.

Батразæн æ фидæ æма æ мади æфхуæрд никкидæр æ зæрдæбæл æрлæудтæй. Нарти адæми æрæмбурд кодта ‘ма син загъта:

- Мæ фидæ Хæмици дæр мин бафхуардтайтæ, мæ мади дæр мин фæссурдтайтæ ‘ма уин ке зæгъон, уой мин ку не сæнхæст кæнайтæ, уæд уин æнæ ниццæгъдун нæййес. Дзалгъæдæй мин æфсой куд искæнайтæ, царвæй мин æхсæрфæмбæлттæ куд искæнайтæ, донгонæй мин хуфийни дон куд исхæссайтæ, хъумацæй ба мин æвзалу куд искæнайтæ, уотæ.

Нарти адæм ин дзурд равардтонцæ, ци зæгъис, уони дин еугурæй дæр искæндзинан, зæгъгæ. Ка загъта, - æз дзалгъæдæй æфсоййаг иссердзæнæн; ка ба загъта, - мæнмæ ба æдта царв берæ ес ‘ма æз ба царвæй æхсæрфæмбæлттæ искæндзæнæн; ка ба загъта, - мадта мæнмæ ба хъумац берæ ес æма си æвзалу искæндзæнæн. Уотемæй Нарти адæми æ разæй ракодта Хæмици фурт Батраз æма сæ Уæрппи хонхи бæрзондмæ искодта, бацæуæни риндзæбæл æрлæудтæй. Ка цæмæй зæрдæ байвардта, уобæл косун райдæдта. Дзалгъæдæмæ ка рандæ ‘й, е æфсоййи аккаг гъæдæ не ‘ссердта. Донхæссæг хуфийни дон фелвасидæ æма ин æркæлидæ. Æхсæрфæмбæлттæй зæрдæ ка ивардта, е дæр царв æрбатумбултæ кæнидæ, ухстбæл сæ рацæвидæ ‘ма сæ артмæ куддæр бадаридæ, уотæ ба фæддон уидæ. Хъумац берæ кæмæ адтæй, е дæр æ хъумац содзун байдæдта ‘ма ‘й ку расодзидæ, уæдта ‘й дунгæ раскъæфидæ, уотемæй е дæр æвзалу не скодта. Æма сæ дзурдтæй еунæг дæр не сæнхæст æй.

Батраз сæмæ исмæстгун æй ‘ма сæ цæгъдун байдæдта. Уæд еци дзамани изæдтæ ‘ма идаугутæ зæнхæбæл цардæнцæ адæми хузи ‘ма ку фæттарстæнцæ, нур Батраз нæ еугурæй дæр цæгъддзæнæй, зæгъгæ, уæд фæйнердæмæ фæттахтæнцæ, ‘ма Гори федармæ исæмбурд æнцæ. Батраз уордæмæ дæр сæ фæдбæл исхъæрттæй ‘ма сæмæ бацæуæни амал ку не ‘ссердта, уæд æхе дзармадзани фати райвæрун кодта ‘ма ‘й фехстонцæ. Дзармадзани фат мæсуги фарси балæ-уирдта, медæгæй мæсуги къагъд адтæй ‘ма Батраз уордæмæ нихха-удтæй. Ниццийнæ кодтонцæ нæртон адæм, изæдтæ, идаугутæ, Батразæн къагъдæй исхезæн нæбал ес, зæгъгæ. Къагъди



‘й рамаræн, зæгъгæ, загътонцæ æма ибæл дортæ, гъæдтæ калун байдæдтонцæ. Батраз дæр, къагъд куд идзагдæр гæнгæ цудæй, уотæ ба æ сæрмæ хезгæ цудæй ‘ма, уотемæй, фæуу-æлбилæ ‘й.

Ку æй рауидтонцæ изæдтæ, уæд, цæгъдуй нæ, зæгъгæ, ниппæр-пæр кодтонцæ арвмæ, зæнхæбæл ниллæуун некæми бал бандиудтонцæ. Хуцаумæ сæ гъаст бахастонцæ. Хæмици фурт Батраз нæ фæццагъта, зæнхæй нæ фæссурдта, нур ба нæмæ ардæмæ дæр ку ‘ссæуа, уомæй дæр си тæрсæн æма нæ багъæуай кæнæ.

Хуцау ба син загъта:

- Æ райгурци ин мæнæй мæлæт лæвæрд нæййес ‘ма ин мæн бон неци ‘й, фал елиатæ æ мади мади æрвадтæлтæ ‘нцæ æма ин уони бон ку неци исуа, уæд ин неке бон неци исуодзæнæй.

Изæдтæ Елиатæмæ æрцудæнцæ ‘ма син сæ хабар радзурдтонцæ. Етæ ба загътонцæ:

- Мах нæ еу къохæй иннæ къохи куд æрбалух кæндзинан? Е не стæг, нæ тогæй ку æй.

Фæстæмæ бабæй Хуцаумæ иссудæнцæ изæдтæ ‘ма ин гъаст кæнунцæ нæуæгæй. Елиатæ дæр, зæгъгæ, Батрази рамарунмæ нæ арази кæнунцæ, не стæг, нæ фид, дан, æй, зæгъгæ.

- Цотæ, - зæгъгæ, фæстæмæ бабæй сæ Хуцау рарвиста елиатæмæ, - ‘ма син зæгъетæ: «Ра ‘й маретæ Хæмици фурт Батрази, кенæдта зæнхæй ардæмæ ку схеза, уæд сумахæн дæр фидбилиз исуодзæнæй».

Æр сæмæ цудæнцæ нæуæгæй елиатæмæ изæдтæ ‘ма син Хуцау ци загъта, уой загътонцæ. Исарази ‘нцæ елиатæ Батрази рамарунбæл. Æма ‘й гæрæхтæ кæнун байдæдтонцæ дугъосуг аги асæ æрхи фæттæй, ‘ма ин, æ сæр ка ‘й, уой, мæнæ гæгъæди куд уа, уотæ нитътъæпæн кодтонцæ. Батразæн æ сæр еугурæй æрхийæй конд адтæй, æ тæккæ бæрæг астæу хуари нæмуги асæ адтæй хъанз ‘ма фætти цæфтæ уомæ ку рахъæрттæнцæ, уæд Батраз рахъан æй. Ку ‘рхъан æй, уæд ма Хуцаумæ уотæ искувта: «А, Хуцау, ку рамæлон, уæд къудургæлмæ куд ниуун æма ме смагæй, мæ фалæмбулай мæ сæрти цидæр изæд, цидæр идауæг ратæха, етæ куд мæлонцæ æма зæнхæмæ куд кæлонцæ».

Хуцауæй ин лæвæрд адтæй искурдиадæ æма, æ сæрти ци

изæд ратæхидæ, е смагæй фæммард уидæ æма æрхауидæ. Изæдтæ бабæй Хуцаумæ нæуæгæй багъаст кодтонцæ:

- Батразæн нин е 'гас фидбилиз адтæй, фал нин æ мард ба никкидæр стурдæр фидбилиз ку разиндтæй. Дуйней е смагæй бабæй ку фæццæгъдуни ан.

- Мæнæй ин искурдиадæ лæвæрд æй 'ма ин мæ бон неци 'й, фал цотæ, 'ма ин зæгъетæ: «Софиай зæппадзæмæ дæ бахæсдзинан 'ма нæ ниууадзæ».

Æр имæ цудæнцæ 'ма ин загътонцæ хабар. Ис син арази æй, фал син загъта:

- Атемæй мæ не сфæраздзинайтæ, - 'ма бабæй Хуцаумæ искувта: «А, Хуцау, хумæллæги голлаги уæзæн мæ фестун кæнæ!»

Куд искувта, уотæ фестадæй æма 'й æмбурдæй рахастонцæ, Софиай зæппадзæмæ 'й бахастонцæ, 'ма 'й дуарбæл баесæн, зæгъгæ, уотæ æ сæр размæ, уотемæй, уæдта сæмæ дзоруй:

- Æгас ма ку дæн 'ма мин мæ къæхтæ раздæр байесетæ.

Æ къæхтæ размæ, уотемæй æй зæппадзи дуарбæл куд бацæй истонцæ, уотæ æ астæумæ куд бахъæрттæй, уотæ ба е 'рæмбуйни къæдзтæ фæйнердæмæ фæккодта 'ма 'й размæлун кæнун нæбал ба-фæразтонцæ.

- Амæй медæгдæр мæ мабал есетæ. - 'Ма искувта Хуцаумæ: «Мæ астæуæй дæлæмæ мæхецæй куд нæбал уа, мæ астæуæй уæлæмæ ба цæрæг уод куд уон!»

Куд искувта, уотемæй байзадæй Батраз, фал син загъта изæдтæн:

- Астæуæй уæлæмæ цæрæг уод ку уодзæнæн, 'ма уæд цæргæ цæмæй кæндзæнæн?

Изæдтæ ба ин загътонцæ: «Хуæруйнаг æма ниуазуйнаги муггаг цидæр ес, уомæй Хуцау æма изæдти ном цæмæй не 'ссирдæуа, етæ дин агъаз куд кæнонцæ 'ма уонæй дæ цард куд уа, уотæ!»

Хæмици фурт Батраз ниццийнæ кодта:

- Мадта айдагъ фиййаути месинтæ дæр мæ фагæ æнцæ. Етæ, месин цумгæй, Хуцауи ном некæд иссердтонцæ.

Гъе, уæдæй абони уæнгæ хуæруйнаги сæрæй Хуцауи ном цæмæйдæр не 'ссерай, уой хъаурæ Нарти Хæмици фурт Батразмæ цæуй.



## ЦÆГÆР ЧЕРЕГИХЪОЙ ТАУÆРÆХЪ

Раги, Нартæн се сæфт ку æрцудæй, уæд сæбæл хор анз искодта 'ма сæ тиллæг будури басугъдæй, исæфтмæ, судæй мæлунмæ æрцудæнцæ, ци ма кодтайуонцæ, уой нæбал зудтонцæ. Фал ма сæ еу къуар бæнтти Бориати Борæфæрнуг ервæзун кодта, алцæмæй дæр гъæздуг адтæй, æма.

Уæд Борæфæрнуги тиллæг дæр фæцæй æма Нарти уонæхсар лæхъуæнтæ стонгæй рахъæнттæ 'нцæ гъæунгти, нихæсти. Æма сæ хъумайаг Сирдон æ нæуæгзад гацца исардудта, цæмæй Нарти уонæхсар лæхъуæнти билтæбæл æ къæбисти залæ фæррасæрфæ-басæрфæ кодтайдæ, уой туххæй. Гацца дæр, æ хецау ин ци загъта, уой цæмæннæ кодтайдæ 'ма и судæймард лæхъуæнтæн сæ билтæбæл æ залæ расæрфæ-басæрфæ кодта.

Уæд æй Бориати Борæфæрнуг уотемæй æруидта 'ма ибæл æ дзиуарсар сугъзæрийнæ лæдзæг ниббунтæй-бунтæмæ кодта.

Уæ, Нæтæр-Уæтæр мæнгард Сирдон, сауæнги дæ хъумайаг гъуддæгтæ æма миутæ ци кæнис, дæ гацца дин дæ мæрдтæ бахуард-та, зæгъгæ, æма æ лæдзæг цуппар цуппæрæнхайййи рахаудтæй.

Сæхемæ æрбацудæй, къелабæл исбадтæй 'ма бабæй къела дæр цуппар цуппæрæнхайййи фæххаудтæй. Дзоруй имæ æ уосæ:

- Ци 'й а, нæ лæг, аци бон дæхе кеми ку нæ дæ 'ма дæбæл ци æрцудæй, - зæгъгæ?

- Ци мæбæл æрцæуйнаг æй! Нартæн се сæфт æрцудæй æма сæ фур æстонгæй хъæнттæ, цæгъдуни кæнунцæ. Сирдони мæнгард ба ма сæбæл æ нæуæгзад гаццæй исардудта 'ма син е дæр æ залæ сæ билтæбæл расæрфæ-басæрфæ кæнуй, 'ма, гъе, уобæл. Уæдта и гаццабæл мæ лæдзæг басастон, 'ма, гъе, уобæл дæр. Фал, æвæдзи, мæ еугур мæститæ дæр иссæуиуонцæ, нæртон адæми ма ка бафсада се сæфти размæ, еунæг уæхæн лæг ма ку разиннидæ, уæд, - зæгъгæ, хъурмæгæнгæ æрдзубанди кодта Бориати Борæфæрнуг æ уосæн. Æ лæдзæги хъуæлтæ кæрæдзебæл райвæрæ-байвæрæ кодта, æхуæдæг ба сагъæсæй тухстæй.

Уæд имæ æ уосæ дзоруй: «Уæ, нæ лæг, нæ лæг, уæхæн

тиллæг-гун лæг дæ агорун нæ гъæуй. Атæ ма мæхе фæсте рауай, æз ба дин хуæруйнæгтæ иссерон де 'рваддæлти хинцунмæ».

Уосæ æ лæги авд медæггойней размæ бахудта. Уоми ба ин фиццаг еу медæггойни дуар байгон кодта, 'ма е ба æ тæккæ цъоппидзаг кури хъуæццуд гъолгунтæй. Инней байгон кодта, 'ма дин уоми ба фури бæзгин нард фæрстæ 'ма гали астæуи стæги хъуæлтæ, кæсæлгити фезонгутæ. Æртиккаги байгон кодта, 'ма е ба идзаг сæгъи фиуæй конд æхсæрфæмбæлттæй. Уотемæй се 'гасей дæр байгон кодтонцæ 'ма еугурæй дæр сæ тæккæ идзаг алли дзæбæх хуæруйнаг æма ниуазуйнагæй.

Борæфæрнуг уони ку æруидта, уæд æ сæр фæнниллæгдæр æй æма имæ æ уосæ ба дзоруй:

- Ци кæнис? Æз дæ байдзулун æнгъæл ку адтæн, ду ба ку фæммæтъæл дæ?

- Мæ зæронддзийнадæбæл фæммæтъæл дæн, уой туххæн, æма æз зæронд ку н' адтайнæ, уæд, æвæдзи, мæн æнæ зонгæй, мæ хæдзари ауæхæн сосæг ивæрæнтæ нæ адтайдæ мæ хъиамæтæй.

Борæфæрнуг уæхæн æхсилкъæ дзубандитæ ку ракодта æ уосæн, уæд ин и уосæ дæр загъта:

- Гъой, нæ лæг, уонæй дæу хъиамæт неци адтæй, фал етæ æнцæ, мæ киндзи æрцæуннæй ардæмæ мæмæ ниуазæнтæ æма хунтæ ка æрцудæй, еци дзæбæх мийнæстæ. Уæхæн зæрдæ мæгургæнæн дзубандитæ ма кæнæ, фæлтау цо, æрхонæ Нарти еугурæй дæр.

Борæфæрнугæн дæр æ зæрдæ фæррохсдæр æй, уомæ и фæрзеу хунтæ æма ниуазæнтæй æрæмбурд æй, уой ку базудта, уæд.

Гъема еци фæдбæл Нартæбæл федеуæг нигъгъæр кæнун кодта:

- Уæ, Нартæ, къахбæл цæунгъон ма уи кадæр æй, е мæмæ æ къахбæл рацæуæд; къахбæл цæун ка нæбал фæразуй, е ба æ фазæбæл æрбалæсæд! - зæгъгæ. 'Ма Нартæ еугурæй дæр æрæмбурд æнцæ, уод ма си кедæр медæгæ адтæй, етæ Бориати Борæфæрнуги хæдзарæмæ, 'ма сæ е дæр хинста, ци ин æнтæстæй, уомæй.

Нур Борæфæрнугæн ба адтæй авд фурти, уонæн ба се 'гасемæн дæр фæйнæ уоси адтæй 'ма æгас киндзити дæр хаста медæггон æма медæгхуарæй, хор, мæйæ син нæ уинун кодта, уотæ имонау сæ дардтонцæ. Борæфæрнугæн æ авд фурти ба еци хинсти рæстæги будури гъæзтонцæ æндурæй æхсæнгæтти.

Уæд сæбæл уотемæй уæллаг синхæй Хуцау æрифтудта Цæгæр Черегихъой 'ма ибæл Борæфæрнуги фурттæ гириз кæнун райдæдтонцæ, федис ин кодтонцæ. Цæй бæрцæ ибæл фæггириз кодтонцæ, уой Хуцау зонуй, уæдта имæ фæйнæ æхсти равардтонцæ гиризгæ-нæгау. Цæгæр Черегихъо дæр син се 'ндури фæттæ листæг фæракæ никкодта, æхуæдæг ба æ хæдзарæмæ никъкъуæрдта.

Борæфæрнуги фурттæ ба, мæгур, еу рауæн æркъупхæ 'нцæ 'ма кæунæй сæхе мардтонцæ сæ фур мæстæй.

Уæд Сирдон, Хуцауи налат ка'й, е баздахтæй 'ма фætти пухцитæ рамбурд кодта, уотемæй сæ Борæфæрнуги колдуармæ ниппурх кодта, æхуæдæг ба хæдзарæмæ бацудæй 'ма 'й Борæфæрнуг фæрсуй:

- Ци хабар ес, кæми адтæ, уæ, мæнæ хъумайаг Сирдон, - зæгъгæ.

- Кæми адтæн, - зæгъгæ, имæ дзоруй Сирдон дæр, - дæ авд фуртей æндурти фæттæ дин уæллаг синхаг Цæгæр Черегихъо дæ колдуари дуæрттæбæл листæг фæракæ никкодта 'ма дин еци хабар игъосун кæнунмæ æрбацудтæн!

- Гъейтт, мадта тагъд се 'гасей дæр æрбамбурд кæнетæ, - Черегихъой æрхонун кодта 'ма имæ Борæфæрнуг дзоруй:

- Куй ке низзадæй, ци 'гъдауи туххæй бафхуардтай мæ сувæллæнтти. Ду кæд уотæ лæг дæ, уæд дин дæ фиди дæндæгутæ нартихуари нæмгутау ка фегъзалдта 'ма 'й уотемæй ка рамардта, уой бафхуæрæ, уомæй дæ тог райсæ, - зæгъгæ.

- Гъетт, Бориати Борæфæрнуг, мæстгун ма кæнæ, фал мин æртикъахуг фингæ æртæ идзаги ракæнæ хуæруйнаги дзæбæхтæй, уæдта дин дзуапп зæгъдзæнæн дæ салантæн, - зæгъгæ, имæ дзоруй Цæгæр Черегихъо.

Уæхæн устур кувди ци райдзæгтæ кæнуйнаг адтæй æртикъахуг фингæ, бустæги ба - фæсмаст дзуаппмæ æнгъæлдзау, æма 'й алли хуæруйнаги дзæбæхтæй райдзæгтæ кодтонцæ. Цæгæр Черегихъо дæр фездахтæй æма æхе хуарз рафсаста.

Гъема ку рахуардта, уæдта дзоруй:

- Гъæ, не 'лдар, Бориати Борæфæрнуг, абони ду мæн æф-

хуæрис, фал мæ Хуцау ма рамарæд, цалдæн, ке сæрбæл мæ хæццæ хилæ кæнис, еци авд фуртей дин Едили синдзи бæхти думгутæбæл раласæ-баласæ фæккæнон, уæдта син сæ сæртæ æркæнон ‘ма дæмæ уони базелон дæ авари хурфæмæ, уалдæн. Уæдта дин дæ авд киндзей дæр еци синдзи медæгæ хуаринайæ фæккæнун кæнон бæгънæгæй, уалдæн, - зæгъгæ, фендæдуар æй æма æ мадæмæ исхæццæ ‘й æнкъардæй.

Æма имæ æ мадæ дзоруй, ци мæтъæл дæ, ци; уотæ ку нæ фæууис, уæд дæбæл аци хатт ба ци æрцудæй, зæгъгæ.

- Куд нæ ма уон мæтъæл, абонккæй далæ нихæси фæббадтæн ме’нгарти хæццæ ‘ма етæ се ‘гас дæр гулми цæкутæ хуардтонцæ, ду ба мæнæн цæкутæ дæр ма некæд искодтай! - зæгъгæ, æхе бамæгуртæ кодта Цæгæр Черегихъо.

Гъæ, мæ сугъзæрийнæ еунæг бæдолæ, дæ мадæ дæ финдзи фæууа, уæхæнттæбæл бабæй ци гузавæ кæнис, зæгъгæ, ин æ мадæ аги идзаг цæкутæ ракодта ‘ма си цолпийдзаг фелваста, уотемæй имæ æ къох бадаргъ кодта.

- Гъей, нана, æвæдзи мæ гъæдин къохæй ке исхастай, атæ байтамал дæр уомæн фæддæн, - дзоруй Цæгæр Черегихъо ‘ма и мадæ цæкутæ фæстæмæ равгæдта. Æма си фæстæмæ æ къохтæй фелваста:

- Гъе, е ба дин къохи лæвæрд! Аци бон мæмæ куддæр кæсис биццеу, - зæгъгæ, имæ дууæ къохи дæр бадаргъ кодта.

Цæгæр Черегихъо дæр фæллæбурдта ‘ма æ мади дууæ къохи тæвдæ цæкути хæццæ нилхъивта. Æхуæдæг ба имæ дзоруй, нана, мæ фиди мин ка рамардта, уой мин цалдæн зæгъай, уалдæн дин дæ къохтæ нæбал исуадздзæнæн, зæгъгæ. Гъема и мадæ æ къохти содзунæн ку нæбал фæразта, уæд загъта:

- Хуцау си ма исбоз уæд, дæуæн уой ка загъта, уомæй. Дæ фиди дин рамардта нæ устур сакъадахи хецау Сайнæги фурт Сау Албæг, - зæгъгæ.

Мадта нур ба, Хуцауи ка фæндæуа, е уодзæнæй, зæгъгæ, Цæгæр Черегихъо æ цъеугъун мелтæ баздухта ‘ма æ мадæмæ дзоруй, - гъæтт, нæ мадæ, мæ фиди марæг кæми базудтон, уоми мин мæ тог есунмæ æнæ цæун нæбал ес. Фал ма мæ фидæн кæд къæсмустæ ести байзадæй, уæд нæуæг тохæн гæрзтæй етæ хуæздæр уодзæнæнцæ ‘ма мин сæ ку байамонисæ, зæгъгæ.



Уæртæ нæ сау кирæ уæхæнттæй идзаг бæргæ ‘й, фал сæбæл æрхугонд æй ‘ма имæ хатиагау дзорун гъæуй, кенæ ба дин игон кæнун нæ бакомдзæнæй, зæгъгæ, имæ æ мадæ дзоруй. Цæгæр Черегихъо дæр бауадæй ‘ма сау кири æ къахæй истъæпп кодта, ‘ма листæг буройнæ фæцæй. Хуæздæр дзаумауæн си изгæхуæрд æхсаргард иссердта ‘ма ‘й хуарз фæрсинсад искодта.

Уæдта бабæй æ мади фæрсуй, нана, нæ фидæн бæх ба неци байзадæй, зæгъгæ.

- Бæх ма ин бæргæ ес, фал уæртæ е дæр горени фагуси буни ниццæй ‘ма ма дæуæн цæмæн исбæздзæнæй?

Уæд бабæй Цæгæр Черегихъо уомæ дæр бауадæй æма ‘й æ дууæ гъосемæй фелваста.

Денгизмæ ‘й баласта ‘ма ‘й уоми цæхдони хæццæ айкæ ‘ма сапонæвдулд искодта, уотæмæй ин æ дзиндзæрдо исзиннун кодта. Уæдта ибæл æ фиди саргъ исивардта. Ра ‘йбæл бадтæй ‘ма еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ æргъæзтитæ кодта. Æхуæдæг ба дзоруй æ мадæмæ:

- Нана, ра мæмæ кæсæ фæстаг къæразгæй, куд федаун мæ фиди бæхбæл?!

Мадæ дæр ракастæй æма имæ дзоруй:

- Куд федауйнаг дæ? Гъунгун зæронд хъебур куйбæл бæркъотæ куд низзæбæлттæ унцæ ‘ма етæ уобæл куд фæффедаунцæ, уой федуд кæнис!

- Гъо-гъо-гъой!

Цæгæр Черегихъо уæхæн дзубанди куддæр райгъуста, уотæ æ бæхи ниццæлхъитæ кодта ‘ма кæсгон хумæ ‘ндæргъцæ зæнхæ æ фæсте усхъунмæ хатгæ рацæуидæ. ‘Ма бабæй уæдта дзоруй æ мадæмæ:

- Нана, нур ба куд федаун?

Гъема уæдта æ мади зæрдæмæ дæр бацудæй ‘ма ин ракувта:

- Æллæх, æллæх, биццеу, цæрунæй фæстæмæ дæ нецибал гъæуй ‘ма дæ Хуцау мæ фæндæуагæ лæг искæнæд. Федаугæ ба дессаг федуд кæнис: раст уалдзигон сугъди кæрдæгбæл хор ку бакæсуй, уæд е куд фæффедауй, уой федуд кæнис! - æхуæдæг ба ин рагъæн рæуæг æма хъæстæн дзæбæх хуаллаг ралæвардта къæразгæй.

Уотемæй Цæгæр Черегихъо фæннæхстæр æй ‘ма уайтагъд

Сай-нæги фурт Сау Албæги гъæумæ исмедæг æй. Бадзурдта ин æ хæдзарæмæ. Еу унæут ракастæй.

Сайнæги фурт Сау Албæг кæми 'й, зæгъгæ, имæ дзоруй Цæгæр Черегихъо. Саулох бæхтæ донмæ фæлласуй, бахезæ, нуртæкки фæззиндзæнæй, зæгъгæ, ин загъта унæут дæр.

Цæгæр Черегихъо уæдмæ нæ фæггæдзæ кодта, фал фæййагайд-та, Сайнæги фурт Сау Албæг æ бæхтæн дон даруниау кæми адтæй, уордæмæ 'ма имæ донæн е 'ннæ фæрсти фелвæстæй. Дондарæни сæрти бауадæй 'ма дони еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ нигъгъазидæ, уотемæй дон ислæкъун кодта.

Уæд Хуцау Сайнæги фурт Сау Албæги саулохтæ фæттæрсун кодта 'ма ракафтонцæ, сæ хецауæй сæхе ратудтонцæ.

Æма Сайнæги фурт Сау Албæг рамæстгун æй, Цæгæр Череги-хъой дæр æрфæсмардта æ бæхмæ гæсгæ 'ма имæ дзоруй:

- Гъæ, мæнæ куй, æвæдзи дæу дæр дæ фиди фæндагбæл цæун фæндуй 'ма ардæмæ уомæн фæззиндтæ, уæдта мин мæ саулохти дон дæр уомæн ниллæкъун кодтай 'ма дин æз, лæг ци æрдиги æй, уой байамондзæнæн.

Цæгæр Черегихъо дæр æ фиди бæхæй ралæуирдта æма имæ дзоруй:

- Тоггинæй тогагорæй игъаугидæр нæййес 'ма дин хестæри барæ дæттун, цæвæ, фиццаг цæф дæу фæуувæд!

Дæ цæвунтæ мæнмæ 'нцæ, зæгъгæ, имæ бауадæй Сайнæги фурт Сау Албæг 'ма фæгъгъæбесæй æнцæ. Рахуæцæ-бахуæцæ кæнунцæ 'ма Хуцау Сайнæги фурт Сау Албæги фæббунæй кодта. Цæгæр Черегихъо дæр æ фиди æхсаргард фелваста, уомæй ин æ сæр ра- къуæрдта 'ма ин æ тогæй месиндзæг байдзаг кодта, уæдта ин æ рахес цонг дæр æривгарста. Уотемæй æ тоггини мард уоми фæу-уагъта, цонг æма месиндзæги 'дзаг тоги хæццæ ба æ хæдзарæмæ æрфардæг æй 'ма æ мадæмæ дзоруй:

- Нана, абони уалдæнгæ сау фæддардтай мæ фидæбæл. Нур ба рамардтон мæ фиди марæги 'ма ин мæнæ æ тогæй дæхе нихснæ, 'ма дæ саутæ исесæ, уæдта ин мæнæ æ цонги фидтæй ба дæхе бафсадæ! Дæ хуæрзæнгорæггаг мæн!

- Нанай бæдолæ, нанайæй е некæд байруагæс уодзæнæй, 'ма ду Сайнæги фурт Сау Албæги рамардтай, фал,



æвæдзи, ескæми еу хугæси рамардтай, 'ма мæ нур ба сайис.

- Мадта мæбæл кæд не 'ууæндис, уæд исон уæлæ нæ устур мæсуги сæрмæ исхезæ 'ма уордигæй гъæуай кæнæ, кæддæра ин æ мардмæ берæ адæм нæ цæудзæнæй. Уæдта æз уой ацацæгæй зæгъун, уацæгæй исони бони, ду мæсуги сæрæй гъæуай ку кæнай, уæд дæбæл уостити дзиккоти тундтитæ саги сætау куд къобæлттæ кæнонцæ, сæ дзиккоти бунæй ци тог кæла, уомæй ба дæбæл сæлфунæг уарун куд æрцæуа!

'Ма ибæл иннæ бон ба цæгæй, мæсуги сæрмæ ку исхизтæй, уæд, Цæгæр Черегихъо куд загъта, уотæ æрцудæй.

Гъема уæдта мадæй байруагæс æй æ фурти æцæгдзийнадæ, фал æй фæстæмæ рарвиста:

- Æ цонг ин фæстæмæ фæххæссæ, адæмæй ходуйнаг æй, уой туххæн, æма дин дæ фиди мæрдтæмæ иуонг гъæуаггинæй нæ барвиста!

Цæгæр Черегихъо дæр æ бæхбæл æхе багæлста 'ма Сайнæги фурт Сау Албæги цонг фæстæмæ исхаста. Ку исхъæрттæй, уæд æ бæхæн бæхарцæ расагъта 'ма мæрдгин хæдзарæмæ, цонгæй æ сæр хуайгæ, мæрдæгъдау гæнгæ бацудæй:

- Рохсаг уæд, аци гъуддаг ми даргæ кодта, - мардбæл цонг байвардта, уотемæй фæстæмæ раздахтæй.

Нур Цæгæр Черегихъо мардмæ мæрдæгъдау кæнгæ ку бацудæй, уæд ибæл кæстæр фæсевæд ба марун унафæ ракодтонцæ, фал сæ еу зæронд лæг нæ бауагъта:

- А хумæтæги лæхъуæн нæ 'й! Сабурдæр унафæ кæнтæ, фиццаг бал ин, цотæ, уæлæ æ бæхарцæ ласун равзаретæ! 'Ма кæд уой ис-фæразайтæ, уæд ин ести искæндзинайтæ, кенæ ба ин неци искæндзинайтæ.

Гъема бæхарцæбæл сæхе равзурстонцæ. Æзмæлун дæр æй не сфæразтонцæ 'ма уæдта ниссабур æнцæ.

Цæгæр Черегихъо дæр æ бæхи размæ иссудæй 'ма бæхарцæ па-къуйау фелваста, æма 'й фехста. Æхуæдæг ба æ бæхбæл рабадтæй 'ма Бориати Борæфæрнуги хæдзарæмæ æрцудæй.

Гъема ин æ авд фуртей бæхти думгутæбæл ниббаста, уотемæй сæ Едили синдзи раласæ-баласæ фæккодта, уæдта син сæ сæртæ æркодта 'ма сæ Борæфæрнугмæ авари хурфæмæ базилдта:

- Мæнæ дин авд сæри 'ма сæбæл дзæбæх исковæ, - зæгъгæ.

Уой фæсте бабæй ин æ авд киндзей ракодта, ис сæ бæгъ-нæг кодта, уотемæй сæ еци Едили синдзи фæрратæрæ-батæ-рæ кодта хуар инайæгæнæгау.

Гъе, уотæ бафиста Черегихъо æ маст Бориати Борæфæр-нугæн.

## УАЗИ ФУРТ АЦÆМÆЗИ ЗАР

Нихæси бадтæнцæ адæм æма кастæнцæ. Загътонцæ:

- Уæлæ Фæснæлæрдæги Бонвæрнæ искастæй!

Еу лæг ба загъта:

- Е Бонвæрнæ нæ ‘й, фал Уази фурт Ацæмæз æй.

Уæдта бабæй загътонцæ:

- Дæлæ хорискæсæн æрдигæй Кæрдæг-æстъалу искастæй.

Æма бабæй иннетæ загътонцæ:

- Е Кæрдæг-æстъалу нæ ‘й, фал, табу ин уæд!

Е æнккæтей рæстгæнæг Уасгерги æй.

- ‘Ма ци кæнуй? - загътонцæ.

- Хъæрæу Æфсатиймæ лæваргор Уази фурт Ацæмæз цæуй æма ‘й æ хæццæ хонуй.

Ранæхстæр æнцæ æма сæбæл надбæл Никкола фембал-дæй.

Дзурдта сæмæ, кумæ цотæ, зæгъгæ.

‘Ма ин Уасгерги загъта:

- Мæнæ Ацæмæз Æфсатиймæ лæваргор цæуй æма мæ æ хæццæ хонуй.

Загъта син Никкола:

- Алли лæварæй дæр уин барæ уодзæнæй æма ма бакоме-тæ. Уæдта уæ нæбал уадздзæнæй, æдта ци коретæ, зæгъгæ, æма ин уæдта зæгъдзинайтæ:

- Æдта нин кæд лæвар кæнис, уæд нин де ‘носи хæтæл ра-лæвар кæнæ.

Бацудæнцæ æма син хъæрæу Æфсатий къуæре мийнасæ исаразта, къуæре сæ бонæй-бон хуæздæр фæххинста. Цæу-гæ ку кодтонцæ, уæдта син загъта:

- Ести райсетæ, кæд уæ фæндуй - бæхæргъау, кæд уæ фæндуй - галæргъау, кæд уæ фæндуй - æд фиййау дзогæ.



Уасгерги ин загъта, махæн фонс дарун нæ рæстæг нæ ‘й, зæгъгæ.

Уæдта сæ бахъурмæ кодта, мадта уæ ци фæндуй, зæгъгæ, уой мин бандеуетæ.



Загътонцæ ин:
- Кæд нин дæттис, уæд нин де 'носи хæтæл ралæвар кæнæ.
Зийнадæ гæнгæ бацудæй æма син æй равардта. Æрбацудæнцæ сæхемæ. Уорс хонхи сæрмæ иссудæй Ацæмæз æма 'й уоми ниццагъта. Ацæмæзи хæтæли гъæрæй Уорс хонхи къæбуртæ æркалдæнцæ æма зуртæ-зуртæ фæцæнцæ. Уæдта Сау хонхи сæрмæ исхизтæй. Уоми 'й ниццагъта æма Сау хонх æд бунтæ низмалдæй. Еу ма 'й ниццагъта æма Сау хонхи буни сау айнæги дуар фегон æй. Айнæги саурæсугъд имæ дуарæй ракастæй æма имæ дзоруй:
- Ци изæд, ци дауæг дæ, ардæмæ ку неке цæуй, адæми муггаг дæ æви æндæр ести дæ?
'Ма ин загъта:
- Изæд дæр нæ дæн, идауæг дæр нæ дæн, хуæнхаг адæймаг дæн.
Уæдта ин загъта айнæги саурæсугъд:
- Ци рæсугъд цæгъдис, тæходуй дæ цæгъдтитæ мæ ку уайуонцæ.
Ацæмæз ба дзоруй:
- Мæ цæгъдтитæ дæу уæнтæ, фал мæн ба, тæходуй, дæ цæсгони рæсугъддзийнадæ ку уайдæ.
Саурæсугъд имæ дзоруй уæдта:
- Мæ цæсгони рæсугъддзийнадæ дæу нæ 'й, фал мæ ду ба мæ сæргъи истæгæн ку уайсæ.
Ацæмæз ба ин загъта:
- Хуарз æй, æз дæ сæргъи истæг ку уайнæ, фал мæ ду ба бийнонтæн ку уайсæ.
Саурæсугъд ин загъта:
- Бæргæ ку уайнæ дин бийнонтæн, фал зин дæттæн дæн, мæнæн мæ фидæ Саулæг хуннуй 'ма мæнæ Сау айнæги медæги горен ес мæ хæдзарæбæл, Æфсатий сирдтæй уой ка байдзаг кæна, уомæн мæ дæттуй.
'Ма ин загъта Ацæмæз:
- Мадта е зин нæ 'й, - зæгъгæ, рацудæй хæтæли хæццæ æма Уорс денгизмæ бахъæрттæй. Хæтæл ами ниццагъта æма имæ сор собæхътæ æргъæуттæй рацудæй æма Сау денгизмæ æрбацудæнцæ æ хæццæ. Уоми дæр æй ниццагъта æма хæтæли гъæрмæ сор дудæхътæ билæй кæлун байдæдтонцæ. Етæ дæр æ хæццæ ранæхстæр æнцæ æма Хъуми будурмæ æрбацудæй, уоми дæр бабæй æй ниццагъта æма æ фæсте сау робæстæ æруæзтæй рацудæнцæ. Уордиги ба сау гъæдæмæ æрбацудæнцæ. Уоми дæр æй ниццагъта æма пихсилсæр сæгтæ æ фæсте рацудæнцæ æруæзтæй. Уорс хонхи сæрмæ æрбацудæй æма 'й уоми ниццагъта, æма къæлæтсæр дзæбодуртæ æ фæсте рацудæнцæ æруæзтæй. Сау хонхи сæрмæ исхизтæй æма 'й уоми ниццагъта, æма лацамарз гъунгун æрситæ дугъ-дугъ гæнгæ æ фæсте рацудæнцæ. Æрцудæй Сау айнæги дуармæ æма дуар бахуаста, Сау-лæг, ракæсæ, мæнæ дæхеуон райсæ, зæгъгæ.
Дуар байгон кодта æма сирдтæ багур-гур кодтонцæ, æма медгорен райдзаг æй, уæдта имæ исдзурдта Ацæмæз:
- Де 'фсар берæ уæд, æндæ горен ка 'й, етæ дин æргомæггаг, медæггорен ка 'й, етæ ба дæ кизги æруæд, нур ба мин мæхеуон рарæвдзæ кæнæ.
'Ма ин исрæвдзæ кодта, уæдта 'й еунæг æхуæдæг рахудта, æ хæтæлæй ниццагъта е 'цæгæй, цума æ хæццæ сæдæ лæги адтæй, уотæ. Игъæлдзæгæй рацудæй. Гъема 'й æрхудта æма цæргæ, хуæргæй байзадæй.

## АЦИ ФУРТ МИНГИ АЦÆМÆЗ

Стур Нарти Аци фурт Ацæмæз ранæхстæр æй цауæни Сау хонхмæ. Райста е, цауæни ку цудæй, уæд сугъзæ-рийнæ хæтæл, уæдта сагъæдахъ æ усхъи бафтудта 'ма Нарти адæм загътонцæ:
- Аци фурт минги Ацæмæз цауæни фæццæуй Сау хонхмæ.
Сау хонхи сæрмæ исхизтæй 'ма хæтæлæй ниууаста, 'ма Сау хонхи къæдзæхтæ ниццагътонцæ, уотæ - исзардтонцæ. Дзæбодуртæ фурау кафун байдæдтонцæ уой хæтæли цæгъдунмæ. Сикъетæ уой хæтæли цæгъдунмæ уæрау кафун байдæдтонцæ. И мæргътæ сæ базуртæй уади гъæр кæнун байдæдтонцæ.
Дуккаг хатт хæтæлæй ку ниццагъта, уæд сау гъæди сæргин сæгтæ имæ галау уасун байдæдтонцæ; æрситæ сæ лæгæттæй ралæстæнцæ 'ма кафун байдæдтонцæ.
Æртиккаг хатт ку ниццагъта, уæд Сау хонх дууадæс ивæзни байгон æй. Сайнæг-æлдар уордигæй рацудæй æ рæсугъд

кизгæ Агунди хæццæ хормæ. Сузгъæрийнæ къелабæл дзиуарбадт æркодта Сайнæг. Æ кизгæ æ размæ рацудæй ‘ма, хор некæд фæййидта, ‘ма æ размæ кафун байдæдта. Æ думæггæгтæй кафгæ кодта, æ къохтæй ба - æрдзæф.

Кафун ку байдæдта, уæд уæллæй, хонхи сæрæй, Аци фурт минги Ацæмæз кæсæнцæстæй ракастæй ‘ма дес кодта: а ци дессаг æй, æ кизгæ хор ку некæд фæйдта, нур ба æ размæ æ думæггæгтæй кафгæ ку кæнуй, æ къохтæй ба æрдзæф? Еци цæгъдгæ-цæгъдгæ дæлæмæ æхе ласуй, хæтæлæй ку исцæгъдидæ, уæд е дæр низзелидæ æ фиди размæ. Ку расабур уидæ, уæдта е дæр æ кафун ниу-уадзидæ.

Уой ин ку балæдæрдтæй Аци фурт минги Ацæмæз, и кизгæ æ хæтæли цагъдмæ кафуй, зæгъгæ, уæд хуæздæр цæгъдун байдæдта. Е дæр кафта. Ку æрхæстæг æй, уæд ин Сайнæг загъта:

- Æхецæн бийнонтæ ка агоруй, е идардæй нæ мийнæвæрттæ кæнуй, фал гъæуама хæстæгдæр цæуа.

Уой ку фегъуста Аци фурт минги Ацæмæз, уæд сæмæ æхе ра-уагъта ‘ма сæмæ кафгæ цæун байдæдта æ къохтæ, æ къæхтæбæл. Куд хæстæг кодта, уотæ уæрагисæртæй æхе ку фехсидæ, уæд дзæвгарæ хæпполти хаудтæй, уотемæй сæмæ хæстæг кодта. Ку нихъхъæрттæй, уæдта кизгæ ‘ма лæхъуæн кафун байдæдтонцæ ‘ма дууæ сахатти æнæ исуадзгæ фæккафтонцæ, æма син уой ку æруидта Сайнæг, уæд загъта:

- Цæй, кизгæ, иуазæг кæд нæ хæццæ рæфтад кæнуй, уæд рæфтад афонæ ‘й, кенæ ба иуазæг дæр фæндагираст куд уа, уотæ!

Кизгæ имæ дзоруй:

- Иуазæгæн кæрдзин бахуæрун не ‘нгъезуй, кæд ин кæрдзин хуæрун кæнис, уæд.

Æ дзурдæй æй ралæдæрдтæй ‘ма имæ дзоруй:

- Гъе, æдта уæ кæрæдземæн Хуцау хайир кæнæд.

- Гъе, æдта ирæдбæл мæхуæдæг исдзордзæнæн, - зæгъгæ.

Аци фурт минги Ацæмæз дзоруй и кизгæмæ:

- Зæгъгæ, дæ сæрæн ци аргъ кæнис, уой, де ‘рæд!

Кизгæ ба имæ дзоруй:

- Берæ нæ агорун: еу анзи цæуæтæй мæ фидæн сæдæ саги куд уа, уотæ.



Дзурдта Аци фурт минги Ацæмæз:

- Сæгтæ иссердзæнæн, фал сæ еу анзи цæуæтæй уони еумæ куд иссердзæнæн?

Е ба имæ дзурдта:

- Ку дæ гъæуа, уæд иссердзæнæ!

Бацудæнцæ, рæфтад искодтонцæ æма ин уомæй æндæр неци загъта, «ку дæ гъæуа, уæд иссердзæнæ», зæгъгæ.

Аци фурт минги Ацæмæз фæххуæстæй æма еци фæдбæл Æфсатиймæ бацудæй. Æфсатийæй ракурдта:

- Гъе, атæ-атæ, æ кизгæ мин равардта, фал мин ирæдæй ба, гъе, айбæрцæ тухæ искодта: еу анзи цæуæтæй сæдæ саги.

Е ба загъта:

- Нартион æхсарæй дæс лæги иссерæ, уони хæццæ иссо ‘ма уин байамондзæнæн, фæйнæ дæси еу рауæнмæ куд æримбурд кæнайтæ, уой.

Аци фурт Ацæмæз рараст æй Нартæмæ. Уæдмæ ба и Нарт еугурæй дæр ранæхстæр æнцæ, байагорæн, зæгъгæ, Аци фурт минги Ацæмæз ци фæцæй: е æй зæйæ фæлласта, е хонхæй рахаудтæй.

Нихъхъæрттæй Аци фурт минги Ацæмæз и Нартмæ, куд ранæхстæр æнцæ, уотæ, ‘ма загъта, цæуон, и Нарти хестæртæн райарфæ кæнон, зæгъгæ, æма æруидта, кæмæн æ сагъæдахъ æ усхъæбæл, кæмæн æндæр ести, æма дес кодта: «А Хуцау, атæ кумæ ранæхстæр æнцæ?»

Уотæ ба ‘й бафæсмардтонцæ, мæнæ æрхæццæ ‘й, зæгъгæ.

Ба сæмæ ‘здахтæй ‘ма син загъта:

- Уæ бон хуарз, хуарз Нарти хестæртæ!

Загътонцæ ин:

- Æгайтима æрцудтæ! Мах ба дæу сагъæсæй ами нур къуæре тæрхæнтти ку бадæн! Нур æгайтима æрцудтæ! Уосæ коруни унафæ дин кодтан мах ба.

Е ба загъта:

- Киндзхонæй мæ уæ хуарзæнхæ уæд æма байагъаз кæнетæ, бийнонтæ ба мæхуæдæг иссердтон.

Уомæй ба байагъаз кæндзинан, зæгъгæ, ‘ма ин сæ гъæдæг адæмæй, цауæйнонтæй, дæс лæги исаккаг кодтонцæ. Сæдæ лæги ба ин Нарти хестæртæй киндзхонæн æ хæццæ куд бацæуа, уотæ.

Цауæйнонтæ разæй ранæхстæр æнцæ æма сæ рази сæдæ

саги еу анзи цæуæтæй æримбурд кодтонцæ, ‘ма уæдта рараст æнцæ киндзæ хонунмæ. Сæдæ саги ин æ тæккæ размæ Фæснæли коми бакодтонцæ, сæ дзурд куд адтæй, уотæ.

Сайнæг дæр баздахтæй, æма сæдæ лæги, киндзхон к’ адтæй, уонæн, лæгæн дзæбодур равгарста, сæдæ дзæбодури Æфсатийæй ракурдта, уотемæй.

Бацудæнцæ киндзхонтæ æма æрбадтæнцæ. Сайнæг-æлдар сæ æстæмæй-астмæ бауорæдта, алкæмæн дæр æ дзæбодури хай æ размæ, уой хæццæ ба фæйнæ ронги гъосини ниуазуйнаг. Æстæмæн бон ку ‘рхъæрттæй, уæд киндзхонтæ ранæхстæр æнцæ æма рахудтонцæ Агундæ-рæсугъди сæ хæццæ.

Афæдзи уæнгæ Агундæ æртæ лæхъуæни ниййердта еци еунæг æхсæвæбæл, æнæ цорибадæг æ размæ, уотемæй, æнæ ка хестæр, ка кæстæр исбæрæг гæнгæ.

Номæвæргутæ, куд сæбæл исæвæрæн ном, зæгъгæ, сагъæс кæнун байдæдтонцæ ‘ма сæ дзурд Нарти Сатанамæ бацудæй. Уиндæй ба Ацæмæзи фурттæ уотæ адтæнцæ, æма син æртасуни амал æгас Нарти адæм не ‘ссирдтонцæ, уотæ æнхузон адтæнцæ.

Е ба - Сатана - загъта, нæййес син, зæгъгæ, уотæ номæй фæстæмæ: Ацæмæзи æртæ фурти.

Æма сæ Нарти адæм уотæ хонун байдæдтонцæ.





## НАРТИ НАСИРАН

Нарти Насиран адтæй уосæ, лæги дарæсти. Дуйнебæл хæтун байдæдта æма уомæн æфсæддонæн ка нæ рацудæй, уæхæн нæййес. Авд сабати сæ авд æмбурди æркодта. Е ‘фсæдтæн сæ нимæдзæ ка ‘ссирдтайдæ, уомæ сæ барæ лæвардта. Кастæй алли сахат дæр æма си алли адæмæй дæр уидта е ‘фсади, фал си Ацæтæй неке адтæй. Бæрæг кæнунмæ сæмæ ‘ссудæй, ба сæмæ гъæр кодта, еу зæронд уосæ имæ ракастæй: «Ци кæнæн, мæ хор, махæй раздæр дин ка фæццудайдæ æфсæдти, фал Ацæтæй еу змæлæг нæбал ес. Еу сувæллон сæмæ сæнтæстæй, е дæр гъазунгъон фæцæй, бæхбæл рабадтæй æма кумæдæр рандæ ‘й».

Рацудæй Нарти Насиран. Кæсуй: еу бæхбæл еу лæхъуæн гъазуй, - еуæрдæмæ кæсгон хуми дæргъцæ рагъазуй, иннердæмæ дæр уотæ. Фæстаг хатт Нарти Насиранмæ æхе ниййаразуй æма ин «бонхуарз» зæгъуй.

- Кæмæй дæ?

- Æз дæн Ацæтæй, æрæгиау ка рантæстæй, еци Ацæмæз.

- Мæ адæмтæ дæу ку хезунцæ, - зæгъуй Насиран.

Æ хæццæ рацæуй Ацæмæз, е ‘фсæдтæ ин банимайуй: финддæс мини, сæ уæлдай ба - æртæ сæди.

Цæунцæ нур денгизи билæбæл цæрæг Гуцмаз-æлдармæ. Дон сæ ласуй радугай.

Ацæмæз æхе сæ дæллаг фæрсти фæккæнуй æма сæ ахæста радугай.

Денгизи уордæг сæ æртумугъ кодта. Загъта син: «Нур бал ами лæууетæ, æз ба, мæ бон ка уа, уой бакæндзæнæн!»

Бацæуй бæхæргъæуттæмæ, ра сæ тæруй. Гуцмаз-æлдармæ фæдес фæккæнунцæ. Ра ‘й æййафуй, бон-изæрмæ фæттухтæнцæ, уæдта ин зæгъуй Гуцмаз-æлдар: «Сæумæмæ, кæд лæг дæ, уæд мæмæ фæккæсæ, сæумæ бабæй тохдзинан». Гуцмаз-æлдарæн адтæй уохæн силгоймаг, æма ин æ цæфтæ сдзæбæх кæнидæ. Сæумæ бабæй тохунцæ бон-изæрмæ. Изæри зæгъуй Гуцмаз-æлдар:

- Сæумæмæ мæмæ фæккæсæ.

Рандæ уй. Æ бæх зæгъуй Ацæмæзæн: «Йарæбий, ци ‘нæзунд дæ! Амæн æ уосæ уохæн хуарз уосæ ‘й, æма ‘й æхсæвæ е цæфтæй сдзæбæх кæнуй, дæу ба исон рамардзæнæй,

еу амал ку нæ бакæнай, уæд. Дæхе марди хузæн ниййаразæ, тургъæмæ дæ е бæхи думæгбæл бастæй фæлласдзæнæй. Уоми дæбæл адæм æмбурдтæ кæндзæнæнцæ æма зæгъдзæнæнцæ: «Гъе уæууæй, Гуцмаз-æлдар, æртæ бони фæттухтдæ аци сувæллони хæццæ?!» Дзатмабæл дæ æрæвæрдзæнæй. Æхсæвæ ниххусдзæнæй Гуцмаз-æлдар. Цалдæнмæ цæхæртæ хаун байдайа æ гъæлæсæй, уалдæнмæ ма фестæ, уæдта имæ бацо ‘ма ‘й рамарæ!»

Бæх куд загъта, уотæ æрцудæй гъуддаг. Æхсæвæ еу афони Ацæмæз, «фестон» - загъта æма фезмалдæй, мед аварæмæ ‘й балæдæрдтæй Гуцмаз-æлдар, рацудæй æма бабæй марди хузæн ний-йаразта æхе Ацæмæз. Фæллæудтæй Гуцмаз-æлдар æ сæргъи, уæдта бабæй медæмæ бацудæй, æ хур-хур сервазтæй. Уæдта æхседæрфтæ хаун байдæдта æ гъæлæсæй.

Фестадæй Ацæмæз æма ‘й рамардта. Уосæ к’ адтæй, е уой бацæй. Уосæн загъта: «Ис мæ дзæбæх кæнæ!» Е дæр æй дзæбæх кодта. Фæстæмæ раздахтæй. Насирани ‘фсæдтæ денгизи баиста. Уой фæсте Насиран æ дарæстæ рагæлста æма загъта: «Æз абони уæнгæ лæги хузæнæй фæццардтæн, лæги цæстæй мæмæ кастæнцæ, нур ба мæхе дæуæн аккаг кæнун, Ацæти Ацæмæз.»

Уотемæй, Ацæмæз дууæ уосей хæццæ цæрун байдæдта. Æфсæдтæ фæххæлеу æнцæ.

Нæртон адæми астæу Ацæтæ сæ райдайæнæй сæ байдауæнмæ тухгиндæр ‘ссæнцæ.





# ФЕППАЙУЙНÆГТÆ

РАГОН НАРТИ ÆМА УОНÆН СÆ ФÆСТАГОНТИ - ЗÆРОНД ДИГОРИ ДИН
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 144, 51 п.
Гарданти Михали финст. Киристонгъæу, 1893 - 1924.
М.а. - «Ирæф», №1, 2001, 50-71 ф.

НАРТИ РАНТÆСÆН
Уадмеритæ
Уæйгутæ
Нарт
(Аци æртæ тексти ист æнцæ «Нарти рантæсæн»-æй)
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п. Саулати Дзæрæхи дзурдтæй Туй-гъанти Мухарбеги финст. 1901.

УÆРХÆГ ÆМА Æ ЦÆУÆТ
Æхсæртæгкати Уæрхæг æма æ цæуæт
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 20.03.1909.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Нарти фæткъу
Донбеттири кизгæ Ацира-рæсугъд
Æхсар æма Æхсæртæги мæлæт
Урузмæг æма Хæмици райгурд
Урузмæг æма Хæмиц Уæрхæгæн сæ мадæ Ацира-рæсугъди куд æрхудтонцæ
(Аци фондз тексти ист æнцæ «Нарти рантæсæн»-æй)
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п. Саулати Дзæрæхи дзурдтæй Туйгъанти Мухарбеги финст. 1901.

Сатанай райгурд
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 20.03.1909.
М.а. - «Нарты», 1 т.

ОРÆЗМÆГ ÆМА САТАНА
Æлдий тъæппи тауæрæхъ

ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п., 229-230 ф. Радзурдта æй Хъæлицти Уомар, ни 'й финста Дзагурти Губади. Задæлескæ, 28.06.1910.

Нарти Сатана æма Орæзмæги зар
(Бæгæний зар)
ЦИГСÆИ-и архив, Дзагурти Губадий фонд, 21 п. Радзурдта æй Гадати Тазе. Ни 'й финста Дзагурти Губади. Дзæуæгигъæу, 3.09.1930.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Урузмæги балци æма Сатана
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 70, 25 п. Радзурдта æй Бузойти Гена.
М.а. - ИАС, 1 т.

Сатанай зар
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 16, 10 п. Бузойти Генай дзурдтæй финст. Æхсæуæ, 1937.
М.а. - ИАС, 1 т.

Уонайи зар
ПНТО, в. 2, 1927. 146-147 ф. Кæлухти Елмæрзай дзурдтæй Гарданти Михали финст. Уæхъæцæ, 10.07.1926.

Орæзмæги кувд
ПНТО, в. 2, 1927. 11-15 ф. Къолойти Баззе æма Гецати Бабаййи дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 8.10.1903.
Орæзмæги тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 153, 144 п. Кæлухти Елмæрзай дзурдтæй Цагъати Анастасии финст. 17.08.1953.
М.а. - НК, 1 т.

Нарти Орæзмæг
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 36, 4 п. Ни 'й финста Хадати Берди Золойти Къæбуси дзурдтæй. Киристонгъæу, 1938.
М.а. - ИАС, 1 т.



Нартæ æз-хуæздæруонбæл куд дзурдтонцæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 56, 23 (VII) п. Годзойти Тæкъай дзурдтæй Бесати Тазей финст. Дур-Дур, 4.02.1941.
М.а. - НК, 1 т.

СОСЛАН
Сослани рантæсун
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п. Ни 'й финста Туйгъанти Мухарбег 1902 анзи. Æ радзорæг бæрæг нæ 'й.
М.а. - ИАС, 1 т.

Сослани кæрцæ
ПНТО, в. 2, 1927. 59-61 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 24.10.1902.

Гори федари æфсæдтæ
ПНТО, в. 2, 1927. 47-51 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 18.10.1903.

Сослан æма Тотрази фурт Алибег
ПНТО, в. 2, 1927. 16-18 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 27.10.1903.

Сослан æма сæри хъаболæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 88, 30 п., 275-276 ф. Бетрозти Емæзай дзурдтæй æй ниффинста скъоладзау. Лезгори гъæу, 1940.

Сослан
ЦИГСÆИ-и архив, фольк. №14, 7 п., 629-634 ф. Ниффинста æй Темирати Данел. Æ радзорæг бæрæг нæ `й.

Сослан æма Нарти адæм
ДС, 36-38 ф. Кадæнгæ Киристонгъæуи ниффинста Гарданти Константин. Æ радзорæг бæрæг нæ `й.
Нарти Сослан уодæгасæй мæрдти куд адтæй
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 86, 262 п. Бæзати Майрæни дзурдтæй Toласти Æндирей финст. Киристонгъæу, 25.01.1927.
М.а. - ИАС, 1 т.

Сослани мæлæт æма Ойнони Цалх
ПНТО, в. 2, 1927. 18-21 ф. Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 23.10.1903.

Сослан мæрдтæмæ кутемæй цудæй
ПНТО, в. 2, 1927. 22-23 ф. Кæлухти Хамæзай дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 27.10.1903.

СИРДОН
Сослан æма Сирдони райгуруни тауæрæхъ
ПНТО, в. 2, 1927. 9-10 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 28.09.1903.

Нарти хийнæ Сирдон
ПНТО, в. 2, 1927. 61-64 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 28.09.1903.

Нарти Сирдон уæйугбæл марунвæндæ куд искодта
«Ирæф», №1, 2004, 198-201 ф.
Туайти Батæрбеги дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Дзæуæги- гъæу, 1942.

Сирдон Сосланмæ цæмæн фезнаг æй
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 86, 262 п. Радзурдта æй Хъæлицти Уомар. Задæлескæ, 30.07.1910.
М.а. - ИАС, 1 т.

Нарти Сирдони тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 15, 8/2 п. Радзурдта æй Мудойти Мæхæмæт. Ни ‘й финста Толасти Æндире. Киристонгъæу, 4.03.1927.
М.а. - ПНТО, в. 5, 1941.

Сирдон æ мадæн куд хист кодта
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 36, 4 п. Ни ‘й финста Хадати Берди, Уæхъæцæ. Æ радзорæг бæрæг нæ ‘й.



Сирдони хæснæ
«Ирæф», №1, 2004, 201-202 ф.
Уæдати Хъубадий дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Дзæуæги- гъæу.

Сирдон æма æхсири къибила
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Текъойти Хъубадий дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Задæлескæ, 29.06.1910.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Нарти мæгурбæнттæ
ПНТО, в. 2, 1927. 35-36 ф. Къолойти Баззей дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 8.10.1903.

Сирдони мард
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 36, 4 п. Цакъоти Елхъани дзурдтæй Хадати Бердий финст.
М.а. - ИАС, 1 т.

Нарти Сирдон
«Ирæф», №1, 2004, 205 ф.
Туайти Батæрбеги дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. 19.07.1942.

Сирдон дзенети
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Текъойти Хъубадий дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. 29.04.1910.
М.а. - «Нарты», 1 т.

ХÆМИЦ ÆМА БАТРАЗ
Батрази райгурун
ПНТО, в. 2, 1927. 23-25 ф. Къолойти Баззей дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 1903.

Золахъ фæрдуг æма фæндури фæззинд
(«Болат-Хæмиц»-æй)
ПНТО, в. 2, 1927. 9 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, сентябрь, 1903.

Уорæзмæг æма Хæмиц хестæрдзийнадæбæл куд дзурдтонцæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 14, 28/1 п. Радзурдта æй Текъойти Хъубади. Задæлескæ, 4.07.1910.
М.а. - ИАС, 1 т.

Нарти синд
ПНТО, в. 2, 1927. 25-32 ф. Къолойти Баззей дзурдтæй Гарданти Михали финст. 10-11 февраль, 1904.

Нартæ æма уæйгутæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 56, 23 п. Къолойти Геуæргий дзурдтæй Хъазбегти Хъазбеги финст. Киристонгъæу, 2.02.1941.
М.а. - ИАС, 1 т.

Хæмици мæлæт
(«Нарти Батраз»-æй)
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 15, 8/3 п. Толасти Æндирей финст. 1.08.1930. Æ радзорæг бæрæг нæ ‘й.
М.а. - ИАС, 1 т.

Хæмици фурт Батраз æ фиди тогесæг
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 76, 28/3 п. Радзурдта æй Саулати Дзæрæх. Киристонгъæу, 23.03.1909.
М.а. - ИАС, 1 т.

Хæмици фурт Батраз æма Орæзмæги тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 133 п. Радзурдта æй Магкити Цæппо. Ни ‘й финста Толасти Æндире. Къамати гъæу, 6.08.1927.
М.а. - НК, 1 т.

Сослан æма Хæмици фурт Батраз
ПНТО, в. 2, 1927. 57-58 ф. Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 27.09.1903.

Хæмици фурт Батрази мæлæт
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Саулати Дзæрæхи дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 23.03.1909.



М.а. - «Нарты», 1 т.

АЦÆМÆЗ
Насиран æлдар
ПНТО, в. 2, 1927. 68-72 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 25.09.1903.

Адæкези кизгæ Уадзæфтауæ
ПНТО, в. 2, 1927. 53-56 ф. Къолоти Баззей дзурдтæй Гарданти Михали финст. 1.10.1903.

Нарти сæлф ходæ
ПНТО, в. 2, 1927. 52-53 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 3.10.1903.

Аци фурт мингий Ацæмæз æма Æнзорай фурт
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 25.08.1909.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Нарти Ацæмæзи зар
ИАС, 1 т., 270-279 ф.
Ни ‘й финста Туйгъанти Мухарбег. Дур-Дур, 1900. Æ радзорæг бæрæг нæ ‘й.

ХЕЦÆН КАДÆНГИТÆ
Бориатæ æма Æхсæртæгкатæ
ПНТО, в. 2, 1927. 42-46 ф. Хадати Гамоси дзурдтæй Гарданти Михали финст. 23.10.1903.

Сослан Телбердий æртæ фуртей кутемæй рамардта
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 31, 79 ф.
Хъæлицти Уомари дзурдтæй финст. Задæлескæ, 26.06.1910.
М.а. - ИАС, 1 т.

Тъизмудæ æма Нарти æгæнон синд
ПНТО, в. 2, 1927. 64-68 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй

Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 24.10.1903.

Нокари фурт Æхсæ-Будай
ПНТО, в. 2, 1927. 58-59 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. 27.09.1903.

Елæхсæрдтон æма Негор æлдар
ПНТО, в. 2, 1927. 72-75 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 1.10.1903.

Уасгерги `ма æнæ финдз Маргъуз
Туйгъанти Мухарбег, «Дигорон кадæнгæ», Дзæуæгигъæу, 1911. 28-41 ф.

Нарти Еунæги тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 4 т., 133 п. Темирати Данели финст. Æ къохфинсти №64, 566-575 ф.
Фудиронхгæнæн дор
Гъæдгæси дзурдтæй æй ниффинстонцæ Къибирти Амурхан æма Скъодтати Эльбрус. Сурх-Дигорæ, Хусфæрæк, 12.06.1986.

Нарти исæфт
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п. Тауæрæхъгæнæг Боранти Гадзи. Ни ʻй финста Туйгъанти Мухарбег, 1900.
М.а. - «Нарты», 1 т.

МИНКЪИЙ ЦИКЛТÆ ÆМА ВАРИАНТТÆ
Æхсæртæгкати Зевæг
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 87, 30 п. Радзурдта æй Саулати Дзæрæх. Киристонгъæу, 24.13.1909.

Нæртон Зивæги æма Уацирохс-Зæрдирохси тауæрæхъ
ПНТО, в. 5, 1941. 163-166 ф. Баликъоти Слангерий дзурдтæй финст. Фæснæл, 18.12.1927.

Борæфæрнуг
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 36, 4 п.
Радзурдта æй Кертибийти Кертиби. Ни ʻй финста Хадати Берди. Уæхъæцæ, 1910.
М.а. - ИАС, 1 т.



Курд-Алæгон
ПНТО, в. 2, 1927. 46-47 ф. Ни `й финста Гарданти Михал. Мæхческæ, 8.10.1903.

Деденæги тауæрæхъ
ПНТО, в. 2, 1927. 32-35 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. 26.10.1903.

Деденæги фурт Ерæхцау æма Нарти Сослан
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 73 п.
Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 2.04.1909.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Нарти Деденæг æма æ фурт Арæхцау
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 12 т., 133 п.
Тобойти-Дзæукъати Дзæрæхмæти фурт Цицеуи дзурдтæй æй ниффинста Толасти Æндире. 23.02.1927.

Нарти Орæзмæг æма Къантдзи фурт минкъи Сæуувай
«Ирæф», №1, 2004, 186-195 ф.
Гатути Дабеги дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Дзæуæгигъæу, 10.11.1924.

Къантдзи тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, I т., 133 п.
Хамихъоти Тæкъай дзурдтæй Собити Инали финст. Хонхи Дигорæ, Нæуæггъæу, 1898.
М.а. - «Ирæф», №3, 2004.

Къантдзи фурт Сæууаййи бæх Гемудæ Нарти догъи æрфиццаг æй
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п.
Хамихъоти Елмæрзай дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Нæ-уæггъæу, 22.06.1910.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Нарти сау робас
ПНТО, в. 2, 1927. 37-42 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 26.11.1903.

Нарти Сослан æма Кæрзæлгъист уосæ
ПНТО, в. 5, 1941. 149-156 ф.
Хъайтухъти Адæгой дзурдтæй финст. Киристонгъæу, 5.07.1929.

Нарти сау робасдзари тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 87, 30 п., 90-106 ф.
Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 26.03.1909.

Зæронд Уæрхæг
ПНТО, в. 2, 1927. 75-78 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 30.09.1903.

Нарти Уæрхæг æма æ фурти тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 12 т., 133 п., 2-10 ф.
Тобойти-Дзæукъати Дзæрæхмæти фурт Цицеуи дзурдтæй Толасти Æндирей финст. Киристонгъæу, 27.10.1927.
М.а. - «Ирæф», №3, 2004.

Æхсарæ æма Æхсæртæг
ПНТО, в. 2, 1927. 5-8 ф. Кертибийти Кертибий дзурдтæй Гарданти Михали финст. Мæхческæ, 30.10.1903.

Æхсæртæгкатæ æма Бориатæ куд цардæнцæ, уой тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 12 т., 133 п., 11-18 ф. Тобойти Цицеуи дзурдтæй Толасти Æндирей финст. 6.02.1927.
М.а. - «Ирæф», №3, 2004.

Урузмæг æма е ‘нæном фурт
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п. 37-40 ф.
Ни ‘й финста Туйгъанти Мухарбег, 1901. Æ радзорæг бæрæг нæ `й.



Сатанай зар
ЦИГСÆИ-и архив, Дзагурти Губадий фонд, 13 п. Ра ‘й дзурдта Хъубадти Елхъан. Дзæуæгигъæу, 24.11.1922.

Сослани рантæсæн
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 2 т., 133 п.
Туйгъанти Мухарбеги финст 1900-1912. Æ радзорæг бæрæг нæ `й.
М.а. - «Ираф», №3, 2004.

Сослан Нарти адæми закъитæй кæрцæ куд æскодта
ЦИГСÆИ-и архив, ф. №11, 67 п., 176-178 ф.
Хамихъоти Тæкъай дзурдтæй æй ниффинста Собити Инал. Хонхи Дигорæ, Нæуæггъæу, 1898.

Сослан Гори федар куд басаста
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 87, 30 п., 90-106 ф.
Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 26.03.1909.

Сослан æма Тухи фурт Нокара
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 46-6, 3 п.
Бетрозти Емæзай дзурдтæй финст. Лезгорæ, 1.01.1941.
М.а. - ИАС, 1 т.

Сослан æма Нокарай фурт Нокара-æлдар
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 2 т., 133 п.
Туйгъанти Мухарбеги финст. 1900-1912.

Орæзмæги Борæатæ куд фæррасуг кодтонцæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п.
Хъæлицти Омари дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Задæлескæ, 28.08.1910.
М.а. - ИАС, 1 т.

Æлбеги фурт минги Тотраз
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п.
Кадæнгæгæнæг Саулати Дзæрæх. Ни `й финста Туйгъанти Мухарбег.

М.а. - ИАС, 1 т.

Сослан æма Ælбеги фурт минги Тотраз
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 2 т., 133 п.
Туйгъанти Мухарбеги финст. 1900-1912.
М.а. - «Ирæф», №3, 2004.

Сослан æма Иуойнони Цалх
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 2 т., 133 п.
Туйгъанти Мухарбеги финст 1900-1912.
М.а. - «Ирæф», №3, 2004.

Сослани мæлæт
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 2 т., 133 п.
Туйгъанти Мухарбеги финст. 1900-1912.

Нарти Сослан мæрдтæй куд æрбаздахтæй, уой тауæрæхъ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 345, 5 т., 133 п.
Толасти Геуæргий финст.

Зиндони цадæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 56, 23 п.
Гатути Дабеги дзурдтæй Хъазбегти Хъазбеги финст. Дигори гъæу, 5.02.1945.
М.а. - ИАС, 1 т.

Сослан дзенетæй цæмæн раздахтæй
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 56, 23 п.
Кæлухти Елмæрзай дзурдтæй Хадати Бердий финст. Сурх-Дигорæ, 6.02.1941.
М.а. - ИАС, 1 т.

Нарти Сослан адзали фæндагбæл куд ранæхстæр æй
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 56, 23 п.
Гасанти Мæхæмæти дзурдтæй æй ниффинста Хæмицати Алексей. Чикола, 12.02.1941.
М.а. - ИАС, 1 т.



Сирдони миутæй
Бузойти Генай дзурдтæй финст.
Æхсæуæ, 4.03.1937.
ПНТО, в. 5, 1941. 186-187 ф.

Сирдон æма Сохтатæ
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 46, 3 п.
Радзурдта æй Бетрозти Емæза. Лезгорæ, 14.02.1941.
М.а. - ИАС, 1 т.

Сирдон æма дууæ уæйуги
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 36, 4 п.
Хадати Бердий финст. Фегъуста æй биццеу уогæй.

Хæмиц æма Камбадати мæнкъæй Камбада
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 15, 8/3 папкæ, 412-427 ф.
Бесолти Сергей дзурдтæй Толасти Геуæргий финст.

Батрази райгурæн
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п. Ни ‘й финста Туйгъанти Мухарбег. Æ радзорæг бæрæг нæ ‘й.
М.а. - ИАС, 1 т.

Нарти Уацамонгæ
Гобети Бебпай дзурдтæй финст. Устур-Дигорæ, 1937.
М.а. - ПНТО, в. 5, 1941. 157-158 ф.

Нарти Урузмæг æма Хæмици фурт Батрази тауæрæхъ
Цъебойти Харитони дзурдтæй финст. Киристонгъæу, 1924.
М.а. - ПНТО, в. 5, 1941. 159-162 ф.

Нарти Батраз
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 15, 8 п. Ни ‘й финста Толасти Æндире. 1.08.1930. Æ радзорæг бæрæг нæ ‘й.
М.а. - ИАС, 1 т.
Цæгæр Черегихъой тауæрæхъ
Дзансолти Уогъалухъи дзурдтæй финст. 1937.
М.а. - ПНТО, в. 5, 1941. 167-171 ф.

Уази фурт Ацæмæзи зар
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 77, 29 п. 54-56 ф.
М.а. - ИАС, 1 т.

Аци фурт минги Ацæмæз
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 351, 145 п. Мудойти Сабей дзурдтæй Дзагурти Губадий финст. Киристонгъæу, 2.04.1909.
М.а. - «Нарты», 1 т.

Нарти Насиран
ЦИГСÆИ-и архив, ф. 13, 6 п.
Ни ‘й финста Туйгъанти Мухарбег. Æ радзорæг бæрæг нæ ‘й.
М.а. - ИАС, 1 т.





# ДЗУРДУАТ

## А

Аварæ - цæрæн уат
Агарцæ - агауиндзæн бæхъи дæргъæ
Аггæл - агæмæ зелæнгæнæг, агæмæ кæсæг
Адагæ - донхуæрд арæхъ
Аласа - бæхи муггаг
Ангустаг - циуавæрдæр бæстаг
Арвайдæнæ - Нарти адæми фæлгæсæн айдæнæ
Аргъдунгæ, æлгъдунгæ-æнæнимæдзæ, æнæкæрон берæ
Арцæ - рæхуайæн циргъаг
Асхъод - сосæг
Атагъа - донгæнтти пихсбун, къотæрбун, гъæдæй æмбæрзт рауæн
Аул - хъаун, ахил, къабазæ, тогхæстæг
Ахæр, ахæри хъиамæт - исæфт, дуйней исæфти бон
Ахъуз - думгæ, уадæ
Аццау - 1) æвеппайди; 2) гъæддаг бабузи муггаг

## Æ

Æвдадзæ - уодихуасæ
Æвдуст - æфхуæрд, æлхъивд
Æврагъ - мегъæ
Æгæнон - æнæуаг устур, берæ
Æгъзæли-æгъзæлгай - листæг морæ, листæг буройнæ
Æзморæ - хъаугъа, хилæ, гегæ
Æмигиртæ - еу лæги дууæ, кенæ цалдæр уоси
Æнагæ - æна
Æндарг, æндæрг - адæймаги, цæрæгоййи гурисконд, зинна-нæзинна хузæгонд тари, талинги
Æндон - исард
Æндурæ, æрдунæ - сагъæдахъ, саздахъ, сагъиндахъ
Æргъæу кирæ - æрттевгæ æфсæйнагæй, къалайæй конд кирæ
Æруæз - æрдонг, бал
Æрфæн - нартион бæх

Ærxугонд - къумайæй æхгæд
Æстæггадæ - дууæ муггагей æхсæн тогхæстæгдзийнадæ (лæг æма уосæн биццеу ку райгуруй, уæд фæззæгъунцæ, «æстæггадæ сæмæ ес», зæгъгæ)
Æстæмæй-астмæ - рæстæгæй-рæстæгмæ, цæйдæр бæрцæ рæстæг
Æтхæлд, æтхалун - æнхъерæн, уайдзæф
Æфсаргъæ - æгъдау, кæстæреуæг
Æфсæн кирæ - æфсæйнагæй конд кирæ
Æфсоргъæ, æфсорхъ - бæхи муггаг
Æхсæрфæмбал - игæр, кенæ рæуæги фидæй, хъалойнаги тугъдæй, фезонæггонд ковунæн
Æхседæн зингитæ - зинги æсхъеуæдздзæгтæ
Æхседун - æндон кæнун
Æхсийнæ - паддзахи, æлдари уосæ
Æхсинæг - гъæддаг бæлæу (ами)
Æцæг дуйне, Устур дуйне - мæрдти бæстæ, æносон бунат

Б

Бабиаг - циуавæрдæр бæстаг
Балердзаутæ - кæсалгдзаутæ
Барз, бæрз - туппургонд, зобат
Басмухътæ - къахидарæс
Бæрсткувд, барсткувд - Хуцаумæ ка игъусуй, уæхæн кувд
Бæрцаг - æмсæр, æмбарæ
Бæхвæлладæй - бæхбæл бадтæй фæлладæй (ами)
Билдогъ - нихкъуæрд раттун
Болат - æндон
Бонвæрнæ - сæумон æстъалу
Борæмæзæ - циуавæрдæр санс, хуарæн

Г

Галауан- федар, устур цæрæнбунат
Гамходæ - дæ уæле ‘й æркæнгæй, ке фæрци нæбал зиннай, уæхæн ходæ
Гебена - сундакъæй конд курæт
Гебунтæ - æфсæйнагæй конд къæндзугин къахидарæс æма къохæрходтæ, хуæнхтæмæ хезунмæ
Гегæ - нихмæ ун, нæуарзондзийнадæ, æзнаггадæ
Гозе - фагус
Горцъе - гауз
Гуппургин - тухгин, мæрзæздухт, иуонггин

ГЪ

Гъæуанз - силæ саг
Гъомурун - нези хатт
Гъосой - æнæ еу гъос

Д

Дангъа - бæрæггæнæн, игакæгонд
Дæсни уосæ - зонæнгин уосæ
Дигиза - киндзæмбал, исхæссæг мадæ, рæвдауæг
Доммай - гъæддаг гал (ур. зубр)
Донгинтæ - бæгæний фæлсодзæнтæ
Дугъосуг - устур цукбун, кенæ тъæпæнбун агæ, бæгæни кæнунмæ, кувдтити æма устур хистити фид фицунмæ; æрхигурдти къохæй конд устур хæзна дзаума
Дудахъ - маргъи муггаг (ур. дрофа)
Думетонг - думæги бунти уагъд, саргъуорамæн бæндæн, гæрзæ

ДЗ

Дзалгъæдæ - марггун къотæр (ур. азалия), ирæзуй бæрзæндти
Дзахан-м ахан - зиндонæ
Дзахануми устур хъум - зиндони цадæ
Дзигло - хуæнхаг минкъий цъеуи муггаг (уотæ худтонцæ уæйгутæ Нарти)
Дзин - дæлуймон, аргъæутти медæгæ адæймаги нихмæ ка фæххуæцуй, е
Дзиндзæрдо - ирд зæлдагæ, сугъзæрийнæ æрдо
Дзиргъаг, дзиргъæг - циргъаг
Дзиуапп - дзуапп

Дзурунæ - дæрæн кæнун, пурх кæнун, цæгъдун

**Е**

Евгед- бæрагæ
Егар - цауæйнон куй
Емиллæг- бадт кæбæл нæма адтæй, уæхæн æнæ ахур бæх
Ехæврагъ - ехи мегъæ

**З**

Зам-Зами дон, Дзæм-Дзæми дон - мæрдти бæсти устур цæугæдон, æ сæрти цæуй зиндони хед, еци хедбæл æнæ цæуæн нæййес
Зæрдæхсайгæй - æнæуодбарæй (ами)
Зиндони цадæ - мæрдти бæсти тæрегъæдгунти цадæ
Золахъ (гъолахъ фæрдуг) - хъазар дори муггаг, мард æгас кæнуни æма цæфтæ дзæбæх кæнуни тухæ кæмæ ес аргъæутти, уæхæн фæрдуг
Зугул - хуарæй конд гул
Зурæ - хурбун, дорбун зæнхæ

**И**

Ивæзнæ - баредзæ, къохти райвæзти дæргъцæ
Игъауги - уæлдай
Идзæгъиæ - бæласи къозой листæг инсад соргондæй, æрцъинкк æма æртдорæй зинг кæбæл æфтудтонцæ, е
Иругъд - æдзæллаг, нецигъон, æруадзгæ
Исæрхун - хе ефхæссун

**К**

Кæнæгой - уадза, хæтагæ адæймаг (ами)
Кæстаг - кæстæри хай
Кегъæре - фæндагамонæг, лæггадæгæнæг
Кегъог - горенæй, кауæй, æндæр естæмæй æхгæд цæрæн, æд зæнхи гæппæл, æд тургъæ æма æд азгъунститæ
Кунцæ - курдбадзи цæхæрбæл думæн тæнтæ, мийгæнæн



Кунцгом - кунци ком
Кур - богъа
Курæт - уæледарæс
Кусийнæ - гъæдин мийдауæн, хъалац
Кустуæлеуон - кустæй еппæрд, кустæй уæлæнгæйтти изайæг адæймаг

**КЪ**

Къабеллаг - мæллæг, фудхуз
Къахой - æнæ еу къах
Къæсибадæг уосæ - хингæнæг, кæлæнгæнæг, дæсни уосæ
Къохой - æнæ еу къох
Къустелæ - бæласи мурайæй конд дзаумау, еу æртæ къибилай дон кæми цæуй, уæхæн. Хонхбæсти си силгоймæгтæ дон хæссиуонцæ се ‘рагъи

**Л**

Лацамарз - æнæгъудгонд, æнæфснайд, дзæндæл, гумудза
Лæзæрун - фехсуйун
Лæхцорæн - донкæлæн, æхсæрдзæн

**М**

Махсумæ - нартихуар, кенæ æндæр хуарæй конд ниуазуйнаг
Мæртæн - бæхи муггаг
Мегъæнуай бæх - мегъи хузæн цурд уайагæ бæх
Медæггойнæ - хуаллаг æвæрæн бунат, къæбицгонд
Медгъун кæрцæ - æ гъун медæмæ кæмæн æй, уæхæн кæрцæ
Мудзура - циргъ æфсæнфий лæдзæг

**Н**

Налхъут-налмас тæ - хъазар, æрттевагæ дортæ
Нахæтбон с, нæхæтбос - бæттæн, бæхи фæсабæрцæ, саргъбæл ести бабæттунмæ - нимæт, дзæкъæлттæ æма æн-

дæр дзауматæ

**Р**

Рисхъæ, ирисхъæ - нихидзауарæ, карнæ, амонд
Ронг- нартион ниуæзтæ, мудæй конд
Ронгæцæу - ниуæзти фæдбæл цæрддзогæнæг

**С**

Сайнæ азгъунст - мæнгæфсон азгъунст
Сами-Миса н,Сами-Мисин - адæймаг ци бæсти сикъитæй конд æй, е
Саулох - бæхи муггаг
Сафа- уæлартон рæхис
Сæлф ходæ- æнæзингæ ке фæрци исуй адæймаг, уæдта цидæрхузи агъази тухæ кæмæ ес, уæхæн ходæ
Сæргун уæрдун- рагон сæрæмбæрзт уæрдун
Сæцигонд рæхис - æздухтитæ рæхис
Сире - гъæдин хуссæн, дивани хузæн
Собахъ, совахъ- будуйрон сирди муггаг (ур. антилопа)
Стæр- тугъдон балци, лæбурд, æсгæрст
Сугъди кæрдæг - фæсалæ басугъди фæсте, уалдзæги ци кæрдæг æрзайуй, е

**Т**

Табæт - кирæ
Таус - дзубанди, кой
Тæзгъæстæг - рæуæстæг, тæссонд æстæг
Тæнхъа - финкæ
Тæппæзтæ - гæндзæхтæ
Тæрфæ - гъæди хъулфау, æндзæр, æнæбæласæ рауæн
Тонаутæ - лæбурди, тугъди уæлахездзау ке байсуй е ‘знагæй, етæ
Туппур - къулдун, устур тегъæ
Тонх - адæймаги бунат дзиллон царди
Тург - зуст



**ТЪ**

Тъасхæ - бæлдат, исбæрæг кæнун
Тъæпæнæг - гъæдин дзаумау; къумæл, бæгæни кенæ æндæр уæхæн естидонæ
Тъæпсæ, тъæфсæ - къæсибадæг, кæлæнгæнæг уоси æхсæ

**У**

Уадæндзо - уади, думги хæццæ æндзудгæнæг
Уадзæн - уасхæн, сомийæн
Уасхæ - артхуæрд, соми, федар дзурдлæвæрд
Уацайраг - знаги къохмæ бафтуйæг
Уацахæссæн - нивæ ахæссæн, уæларвон тухæй хайгин
Уæластæн - уæлæмхасæн, уйнагæй фулдæр
Уæлеуат - азгъунсти уæллаг, сæрккаг уат
Унæут - æлдари сæрмагонд гъæуайгæнæг, фæсдзæуийнæ
Ундугæ - нарæг кауин бид тæрхæг, астæуартмæ хæстæг ауигъд, ести хуаллаг сор кæнунмæ
Уобай - дорæй даст уæлзæнхон цирт
Уонæхсарæ - бæгъатæр, тугъдон финдздзæуæг
Уормег, уормен - теуай гъунæй конд хъазар, æнæ дус уæледарæс, кæрцæ, дардтонцæ ‘й бонгиндæртæ
Уосæнсанст - уосæфхуæрд
Уосиат - адзали, мæлæти размæ фæдзæхст
Урундухъ - рагон, зурнæй зилд, гъæдин бадæн

**Ф**

Фагæ - тиллæги муггаг
Фаст - раст фæндæ, федауцæ унафæ, «фæййарæзт» (ами)
Фасти хадзи - раст фæндæгæнæг, тæрхонгæнæг
Фæдессайæг - æ фæсте фæдес ка расаидæ, е (е адтæй тугъдон мадзал)
Фæзгъæл, фæзгъæр - хъуæл, фæхцæ, къæртт
Фæндагсодзæг хузесæг - фудвæндаггæнæг, цæстæйсодзæг, фудкъах
Фиййаггонд лæдзæг - фиййаги хузæн лæдзæг (ами: Хæмиц фæндур кæмæй искодта, е)

Финдзой - æнæ финдз

Фудиронхгæнæн Дор - Нартæ сæ масти туппуртæ кæбæл исуадзиуонцæ, сæ тæрегъæдтæ кæмæ нигъгъариуонцæ, еци нифс райсуни, ардхуæруни уас дор

### Х

Хайуан(х æрсæн) - хæрæг, бæх, хъадир

Харадзаст, хæрадзаст - 1) мæтъæлæнгас;
2) уарунхæссæг тар мегътæ

Хард - гъулæг, зин

Хатиаг æвзаг - æнахур, æнæзонгæ æвзаг

Хахидонæ - нивæфтудтæ идонæ

Хæзгол, хуæзгол - кæнæгой уарзон

Хиздар - хизæй ахæссæг кæсалгдзау

Хой - маргъи муггаг

### ХЪ

Хъабагъ - 1) нисан; 2) дорин циртдзæвæн

Хъазауат - бæгъатæрдзийнадæ, уонæхсардзийнадæ

Хъалагъур - тохæнгæрзтæй ефтонггонд гъæуайгæс

Хъалаур- 1) гъæуайгæнæн бунат; 2) хъалагъурти къуар

Хъамуци - нæмæн, тохæн лæдзæг, æ бункгаг кæрон - къоборгонд

Хъæстаргъ - курди дзаумау, æфсæйнаг кæбæл надæуй, е

Хъæсхъæр цæлæ - ставд лæхурдæй конд цæлæ

Хъумайаг - ихуæрст, æцæгæлон

Хъутас (хъудас) - тумбул мурæ

### Ц

Цæлхæмбурд - æмæмбурд

Цæмаузт - ехин аузт

Цæхгæр - гъæдин дзаумау

Церхъ - дууердигæй циргъгонд хуæцæнгарз

Цилпæ - 1) хъамил; 2) æнæгъудгонд хелæ



### ЦЪ

Цъæмæлтæ - хуари уæлдæйттæ

Цъифхуар - хахуртæгæнæг, фудкойгæнæг, цъуххæссæг



## НАРТИ КАДÆНГИТИ АРХАЙГУТÆ


Агунда - Елæхсæрдтони кизгæ - 81
Агундæ - Ауари рæсугъд, Хæмици уосæ хæфси цари - 139
Агундæ - Гори федари рæсугъд, Сослани фиццаг уосæ - 248
Агундæ-рæсугъд - Ацæмæзи уосæ, Сайнæг æлдари кизгæ - 180
Агундæ-рæсугъд - Бориати Борæфæрнуги кизгæ - 322
Адæдзе (Адæдзе-рæсугъд) - Хори кизгæ, Цибалций уосæ - 298
Адæкезæ - Уадзæфтауи мадæ - 171
Айгез æма Агузнæ - Субалци ке хæццæ истухтæй, уони æфсæдти
финдздзæугутæ - 294
Айсана - Уорæзмæги фурт, Нокари фурт Æхсæ-Будаййи
рамарæг - 202
Айсана-рæсугъд - Алумбегатæй, Тайсанай уосæ - 60
Акула-рæсугъд - Хъара-денгиз æма Ахъ-денгизи астæу
сакъадахи, Тамани будури цæрæг, Батрази уосæ - 143
Алаурди - сувæллæнтти незтæй гъæуайгæнæг изæд - 21
Алæг - Нарти Батрази фиди фидæ - 388
Алæгатæ - нартион муггаг - 40
Алий - Сайнæги фурт - 110
Алибег - Тотрази фурт - 86
Алумбегати Алибег - Айсана-рæсугъди фидæ - 60
Алцри - Æхсæртæгкати кизгæ, Борæфæрнуги уосæ - 306
Анæгол - мудибиндзити баридауæг - 24
Арæхцау - Деденæги номбæлфурт, Теуредзи фурт - 249
Арган-Аурген - Хъара-денгизи билæмæ æфсæдтæгæнæг - 144
Асæхъ-Масæхъ-Гъолонрехæ – Сослан ке закъæ исхаста, е - 320
Астæ - адæмихатт, нæ рагфиддæлти ном - 204
Астæуккæгтæ - Хуцауи тæрхон æнхæстгæнгутæ - Уодесæг,
Алаурди æма Руни-Барæ - 21
Асти уосæ Агундæ - Елæхсæрдтон `ма Негор æлдари
хуæрæ - 204
Ахъуз - къæсибадæг уоси лæг - 287
Ацæ - Ацæти Ацæмæзи фидæ - 173
Ацæмæз - Нарти нæртон хæтæлдзæгъдæг - 168
Ацæтæ - нартион муггаг - 167
Ацира-рæсугъд - Донбеттири кизгæ, Æхсар æма Æхсæртæ-ги
мадæ - 45
Æлди - Орæзмæги уосæ - 51
Æнзорай фурт - Аци фурт мингий Ацæмæзи каййес - 177
Æрдзимайхуæ - Дзимайхуи фурт, Сослан Гори федар сæт-тунмæ
ке фæххудта, е - 322
Æставд лæдзæг Алмуталхъ - Нарти галдæрæг - 268
Æфсати - сирдти æма цауæни баридауæг - 20
Æхсар, Æхснарт - Уæрхæги фурт - 43
Æхсæ-Будай - Нокари фурт - 202
Æхсæртæг - Æхсари фазон - 43
Æхсæртæгкатæ - Нарти зингæдæр муггаг - 40
Багъодза - Æхсæртæгкати муггагæй - 302
Барастур - Æцæг дуйней хецау - 20
Барастури кизгæ - Сослани уосæ - 273
Батраз - Æхсæртæгкати Хæмици фурт - 34
Бецентæ - Нарти Хæмици каййестæ - 382
Болат Хæмиц - Æхсæртæгкатæй - 137
Борæфæрнуг - Бориати муггаги хестæр - 43
Бориатæ - нартион номдзуддæр муггæгтæй еу - 40
Борхуарали - Хуарелдари фурт - 163
Будури изæд - хумтæ, игуæрдæнтæ, будуртæ ке бæрни æнцæ,
еци уæларвон фæлдесонд - 21
Гæтæг - Сирдони фидæ - 382
Гемудæ - Къантдзи фурт Сæууаййи бæх - 266
Гумеритæ - Хуцау Нарти размæ ке сфæлдиста, еци фæл-тæртæй
еу - 109
Гуцмаз-æлдар - денгизи билæбæл цæрæг, Нарти Насиран ке
хæццæ тухтæй, е - 417
Гъæдæрæхснæг - гъæди изæд, гъæди хецау - 20
Гъæуизæд - гъæуи изæди хай - 20

Дæлуймонтæ - сайтæнттæ - 20
Деденæг - Ерæхсауи фидæ - 83
Донбеттир - дони баридауæг, Ацира-рæсугъди ниййерæг - 20
Донбеттиртæ - денгизти, устур фордти цæргутæ - 256
Дзендзет - Дзимайхуи фидæ - 322
Дзимайхуæ - Æрдзимайхуи фидæ - 322
Елæхсæрдтон - Гори федари цæрæг - 81
Елæхсæрдтон - Негор æлдари æнсувæр - 204
Елиа - арви нæрд æма арви æрттивди баридауæг - 20
Ерæхсау - Ацæти Таувез æма Уацирохси фурт, Сослани хæццæ
Гори федар сæттæг - 240
Еунæг - нартион бæгъатæр - 217
Зевæг - Æхсæртæгкатæй, фунуктъиз - 225
Зимайхуæ - Æрзæмайхуи фурт, Гори федар Сослани хæццæ ка
саста, е - 81
Изæд - адæми дзæбæхдзийнадæбæл, федауцæбæл аразæг
уæларвон исфæлдесонд - 20
Камбадати мæнкъæй Камбада - Хамици каййес - 376
Кæнти Сæр-Хуæндонæ - Кæнти æлдар - 192
Келæхсæн - Хузми федари хецау - 251
Курдалæгон - уæларвон æрхигурд, курдон - 20
Къантдз - Нарти Сæууаййи фидæ - 143
Маргъуз (æнæ финдз Маргъуз) - Уасгергий æмсиахс - 207
Мæрзæздухт - Саулæги фурт - 359
Минги Тотраз - Æлбеги фурт - 334
Мадæ-Майрæн - æгас дуйней мадæ - 20
Мисирхан - Мæйи кизгæ, Хæмици уосæ - 149
Нарт (Нартæ) - уæйгути фæсте Хуцау ке сфæлдиста, еци фæлтæр - 40
Нарти Мæгуйраг - Ацæти æнсувæрти иуарæг - 181
Нарти Насиран - тугъдон силгоймаг лæги дарæсти - 417
Нарти фертæсгутæ - Нарти æртæст лæгтæ - 254
Насиран-æлдар - нартион бæгъатæр, Тогус-æлдари æфсæдтæ
ка ниддæрæн кодта, е - 167
Натар-Уатар - Сирдони фидæ - 114
Негор æлдар - Нарти номдзуд бæхдавæг, Асти уорс аласа ка
радавта, е - 204
Никкола - адæми лимæн, адæми фидæ - 20
Нокара - Тухи фурт - 325
Нокара-æлдар - Нокарай фурт - 330
Ойнони Цалх - Нарти Сослани марæг - 105
Руймон - æнахур, илгъаг, тæссаг цæрæгой, рæуует ке
низзайуй еуæй-еу хатт хелаги хузи, уæхæн - 25
Сайтан - дæлуймон, æвдеу, фидбилизхæссæг, фудгæнæг - 19
Сатана - Нарти номдзуддæр силгоймаг, Уорæзмæги уосæ,
Æхсийнæ, Æхсийнæ-æфсийнæ - 53
Сау Албæг - Сайнæги фурт, Хæмици марæг - 152
Саулæг - Нарти бæгъатæртæй - 109
Сау уæйуг - Сау хонхи цæрæг уæйуг - 199
Сæдсæронтæ - уæйгутæ, æнахур тæссаг фæлдесондтæ - 109
Сæризæд - бийнонти изæди хай - 20
Сæууай - Къантдзи фурт, Нарти дзæбæхтæй еу - 109
Сибека - Дæллаг синхи федеуæг - 199
Сирдон - Нарти хийнæдæр, циргъзунддæр лæг - 47
Созурухъо -Нарти фæйнæгфарс - 184
Соппæри æртæ фурти - Нартæй хъалонесгутæ - 294
Сосæг-æлдар - Нарти Сослани фидæ - 113
Сослан - Нарти гуппургинтæй еу - 34
Сохтатæ - адæмихатт - 373
Субæлци - Уæрхæг æма Ацира-рæсугъди фурт - 47
Тайсана - Сатанай фурт - 60
Таувез - Ацæти муггагæй - 238
Тæтæрай фурт - Тæтæрати авд æрвадей кæстæр - 138
Телбердий æртæ фурти - Нартæй хъалонесгутæ, Сослан сæ
рамардта - 195
Тогус æлдар - денгизуордæг цæрæг, Насиран-æлдар æфсæдтæ
кæбæл искодта, е - 167
Тула, Тулабег - Асти дуаргæстæ - 205

Тъизмудæ - Хъæрæм Солтани усæ - 198
Уадæхезæ - Бориати усæ, Æхсартæгкати кизгæ - 192
Уадзæфтауæ - Ацæти Ацæмæзи усæ, Адæкези кизгæ - 174
Уадмеритæ - Хуцауи фæлдесондти кæцидæр фæлтæр - 39
Уаз - Ацæмæзи фидæ - 411
Уасгерги - Лæгти Изæд, фæндаг растгæнæг уæларвон бæхгин - 20
Уас-Тотур - Фæлвæрай фонсихатт гъæддон сирдтæй, æзнаггадæй гъæуайгæнæг - 20
Уацелла - уæларвон изæд - 317
Уацил - Нокарай уоси басайæг - 331
Уацирохс - Ацæти Таувези уарзон, Деденæги дуккаг усæ, Ерæхсауи мадæ - 238
Уацирохс-Зæрдирохс - Нæртон Зивæги усæ, Бориати муггагæй - 230
Уæйгутæ - Хуцауи фæлдесондти фæлтæр - 39
Уæларвон Басил - Хуцауи уарзон адæймаг, Хуцауи рази лæуууæг, дуйнейæн нæуæг цард дæттæг, зæронд анз æй-йевæг,
нæуæг æнзтæ аразæг æма хуарздзийнæдтæ дæттæг - 20
Уæрхæг - Нарти фиддæл - 43
Уодесæг - адæймагæн Хуцау зæнхæбæл цæрун аккаг ку нæбал
фæккæнуй, уæд ин æ уод æнæхатирæй ка сесуй, е - 21
Уомар - Тухи фурт, уæйуг - 78
Уон - Нарти номдзуд лæг - 89
Урузмæг - Нарти номдзуд бæгъатæр, Æхсæртæги фурт, Хæмици фазон - 34
Урундухъ-æфсийнæ - унафгæр æфсийнæ - 88
Фæлвæра - фонси баридауæг, изæд - 23
Фидбилиз - дæлуймонти дуйней хецау - 18
Фид-Уаней кизгæ - уæларвон Марсуги кизгæ - 105
Хæмиц - Нарти номдзуд бæгъатæр, Æхсæртæги фурт, Урузмæги фазон - 34
Хириуфий Саулæг - Нарти кадæнгити устурдæрвудон ар-хайæг,
хевидхуар - 63
Хорцескæ - Хори кизгæ, Уони усæ - 149
Хуарелдар - хуартæ, тиллæгути баридауæг, изæд - 20



Хуарз Хириуфий - нартион бæгъатæр - 109
Хумбар - Нарти Устур хумгæнæг - 199
Хуцау - дуйней сæр, дуйне исфæлдесæг - 15
Хъæндзæргæс - æвдсæйрон уæйуг - 147
Хъæрæм Саухал - Хъæрæм Солтани фидæ - 200
Цæгæр Черегихъо - нартион бæгъатæр - 405
Цæразон - Уæллаг синхи федог - 199
Цибалци - Уæрхæги фурт, Адæдзей лæг - 298



## АРХАЙДИ БУНÆТТÆ

Авд Нарти - 371
Адай цъопп - 184
Ауар (Ауарæ) - 161
Ахкема - 238
Ахъ-денгиз - 143
Æрги нарæг - 184
Бестауи бæрзонд - 86
Гор - 323
Гори федар - 81
Гъазæн туппур - 338
Дæллаг дзиллитæ - 207
Дæллаг синх - 199
Дигоргом - 184
Дон (цæугæдон «Дон») - 22
Дзулати мæсуг - 249
Идили дон (цæугæдон «Волга») - 173
Курпи бæрзонд - 184
Мæцутæ - 345
Менгитау - 322
Нарти бæстæ - 67
Нарти гъæу - 71
Нарти Нихæс -63
Нарти Стур фæзæ - 313
Ногъай - 67
Нокарай зæнхæ - 327
Сау айнæг (Гори федар кæми ‘й, еци хонх) - 83
Сау денгиз - 201
Сау хонх - 180
Софиай дзæппаз - 164
Стур Гъазæн туппур - 339
Тамани будур - 144
Тарæ-ком - 301
Тæгæри Тъæпæн - 268
Тæтæри гъæу - 212
Тимили будур - 324
Тубауи хонх - 184
Туркаг сахар - 212



Уазай æфцæг - 127
Уазай бæрзонд - 127
Уаскъопп - 387
Уæллаг синх - 199
Уæрпп - 87
Уæрппи бæрзонд - 335
Уæрппи хонх - 402
Уорс денгиз - 256
Уорс хонх - 202
Устур Нихæс - 384
Фæс-Нарт-Хузæдзæгат - 161
Фæснæл - 411
Хæрани туппур - 87
Хузæдзæгат - 105
Хузми федар - 250
Хъазбеги хонх - 322
Хъалæрдо - 23
Хъара-денгиз - 143
Хъара-Ногъай - 260
Хъæреуи бæрзонд - 183
Хъæреуи хонх - 183
Хъизлар - 250
Хъобан - 22
Хъуми будур - 86
Циуалтас - 327

***Феппайуйнаг.*** Нарти кадæнгити архайгутæ æма архайди бунæттæй еуæй-еуетæ киунуги æмбæлунцæ хъæбæр берæ хæттити. Уомæ гæсгæ сæ æвдесæн еугай рауæнти.

Архайгути æма еуæй-еу бунæтти нæмттæ хецæн текстити æнцæ фæйнæ хузти финст, - зæгъæн: Урузмæг, Орæзмæг, Уорузмæг, Уорæзмæг; Ойнон, Уойнон, Иуойнон; Нарти Стур фæзæ, Нарти Стур Гъазæн фæзæ æма æндæртæ. Етæ дæр дзурдуæтти æвдист цæунцæ еугай хузти финстæй.

## НАРТИ НÆМТТÆ КА ХÆССУЙ, ЕЦИ РАУÆНТÆ ДИГОРИ ÆМА УОНИ ÆВДЕСÆНДАРТÆ

1. Мæцути «Нарти Сослани обай».
2. Багъай (Багъайти, к.а.) тегъæбæл «Нарти Нихæс», Къумбулти гъæуи сæри. Ес си дортæ æвæрд зилдæй.
3. Лезгори буни «Нарти Нихæс». Ес си дортæ зилдæй.
4. Хæзнидони, Кети билæбæл «Нарти æртæ `нсувæрей уолæфæн бæласæ».
5. Секери сæри устур туппур хонунцæ «Нарти Нихæси туппур».
6. Æхсæрисæрæй Кæлухи астæу ес еу æрдозæ, æма уоми ес «Нарти Нихæс», æ дортæ ма ин æгас хонунцæ.

Æрдозæ хуннуй «Æфтуйæнтæ», Æрсаки.

7. Хъогъалухъти сæри, Дæргъæвси сæри æрбаррæстæ, ес æрдози гæппæл æма хуннуй «Нарти бæхтæ иуарæн».

ЦИГСÆИ-и архив, ф. 56, 23 (IV) п. 11 ф. Ни `й финста Хадати Берди, 1941.

8. «Астæуккаг Нартæ» («Нарти Гъазæн фæзæ») - Ирæфи дони галеу билгæронбæл, æндзæри, Донифарс æма Мæцути астæу. «Гъазæн фæзæ» Ирæфи дон æма зæнхи æрлæбурдтитæ æфхуæрунцæ `ма минкъийдæргæнгæ цæуй.

Тахъазти Федари дзурдтæй финст. Дзæуæгигъæу, 2.10.2001.

9. «Сослани ковæндонæ» æй дууæ Нарей (Уæллаг æма Дæллаги) астæу.
10. «Сослани бадæн дор» - æй æвæрд «Сослани ковæндони».
11. «Сирдони бадæн дор» - Багъайти, «Нарти Нихæси» зилдæй æвæрд устур дортæ дæргъеццон æнцæ, сæ еу ба æй цуппæртегъон. Æвæрд æй дортæн сæ хорæфтуйæн æрдиги. Фиддæлтæ куд дзори-уонцæ, уомæ гæсгæ, Сирдон еци дорбæл бадидæ. Нихæси адæм сæ кæрдтæ ци фæлмæн инсойнæ дорбæл циргъ кæниуонцæ, е дæр ма абони уæнгæ Нарти бадæн дорти рази `й.

Тамати Таймуразi дзурдтæй финст. Дзæуæгигъæу, 7.11.1988.



## НÆРÆМОНИ ТУХХÆЙ

Нари ракæсæни ес еу хумæ æма уомæй раздæр неци хуар рацæттæ уидæ (гъома, уомæй раздæр хуар некæми рацæттæ уидæ, к.а.). Уой фæдбæл рауадæй дзурд «Нæрæмон», зæгъгæ. Еци хумæ адтæй Нарти.

ЦИГСÆИ-и архив, ф. 110, 88 (6) п. 173 ф.

Созаонти Дзитдзий дзурдтæй æй ниффинста Хъазбегти Хъазбег. 23.07.1940.

Цубургонд дзурдтæ

в. - выпуск
д. - дело
ДС - Дигорские сказания по записям И.Т. Собиева, К.С. Гарданова и С.А. Туккаева, с переводом и примечаниями Всеволода Миллера. Москва, 1902.
ИАС - Ирон адæмы сфæлдыстад (Осетинское народное творчество), т. 1-2. Орджоникидзе, 1960-1961.
Изв. - Известия
«Ирæф» - Цæгат Иристони-Аланти финсгути Цæдеси журнал. Дзæуæгигъæу.
к.а. - киунугæ аразгутæ
м.а. - мухургонд адтæй
«Нарты» - Нартæ. Ирон адæмы героикон эпос (Осетинский героический эпос). М., 1 ч. - 1990, 2 ч. - 1989, 3 ч. - 1991.
НК - Нарты кадджытæ. Ирон адæмы эпос. Дзæуджыхъæу, «Ирыс-тон», 2003.
оп. - опись
п. - папка
ПНТО - Памятники народного творчества осетин. Владикавказ, 1925, 1927, 1928, 1941.
р. - рауагъд
с. - сифæ
т. - том
ур. - уруссагау
ф. - нимæдзи разæй финстæй амонуй фонд, нимæдзи фæсте - фарс, кенæ - фæрстæ.
фольк. - фольклор

ЦИГСÆИ - Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти институт.

ч. – чиныг

Кæрон

**ФÆСДЗУРД.** *Киунугæ «Нартæ» (исарæзтонцæ 'й Скъодтати Эльбрус æма Къибирти Амурхан) хайгай, фал æнæгъæнæй мухургонд æрцудæй журнал «Ирæф»-и фæрстæбæл журналкæсгути фæндон æма курдиадæмæ гæсгæ, удта ин æцæгæй тукæнтти иссерæн ке нæбал ес рагæй дæр, уомæ гæсгæ.*





# ПУБЛИЦИСТИКÆ

КОЛИТИ Витали

## САУКУЙТИ СОФЙА – ФИЦЦАГ ДИГОРОН СИЛГОЙМАГ – ПОЭТ

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ 'хседуй,
Зæрди фæндуй райгъал ун.

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ 'змæлуй,
Гъуди цæуй æнæ рун.

Аци цæрæццаг рæнгъитæ 1932 анзи исхаудтæнцæ æригон поэтесси цæхæркалгæ зæрдæй. Уæд еци æригон кизгæбæл æдеугурæй цудæй 16 анзи.

Æ кæдзос уоди гъудитæ адæми рæнгъæмæ æнæрунæй, кæдзос зæрдæй рахаста фиццаг хатт Саукуйти Хамбийи кизгæ Софйа.

Æртинæймаг æнзти литературæ, кæд еумæ райсгæй, цард æма догæ æппæлæнти уолæнти дæлбун адтæй, уæддæр си фæззиннидæ, æцæг скурдиадæй хайгин ка адтæй, уæхæн уадзимистæ. Кæд сæ рæстæг уотæ адтæй æма зæрдибунæй ци гъуди кодтонцæ, уой фæндон исзæгъуни барæ н' адтæй, уæддæр, мæнæ дон æ ауæзнæ куд ратона, уотæ рагулф кæнидæ æцæг поэзи.

Мæнæ куд финста газет «Соц. Осетия» еци æнзти.

Среди современных писателей, сказителей, поэтов, драматургов нашей республики нет почти ни одного, через все творчество которого пролетарская революция не проходила бы красной нитью...

...Нигер, А. Гулуев, Ц. Хутинаев, Х. Ардасенов, Т. Епхиев, Т. Бесаев, Софья Савкуева, С. Чехоев – все они поэты и писатели революции».

*Газ. «Социалистическая Осетия», № 260*
*7 ноября 1940 г.*

Рæстæги тæвагæ æнæмæнгæ фæззиндтæй Софйай сфæлдистадæбæл дæр. Æ заргути еу хай æнæхай н' адтæй уæди доги риторикæй, фал си æхсæн-мæхсæнтæй ци æрдæфæнтæ фесхъиуидæ, етæ ба дзорæг æнцæ, Софйамæ æцæг поэтикон ацъагъуæ ке адтæй, уобæл.

Æхе гъудити хæццæ, æхе федар къахдзæфтæй æрбакъахдзæф кодта æма ибæл уадзгæ дæр æхе фæд никкодта нæ литератури хумзæнхæбæл. Æ байтуд æвзартæ сæ рæстæги агайдтонцæ кæсгути зæрдитæ, кодтонцæ сæ нифсгундæр, цæрæццагдæр, иуæнгрæуæгдæр.

Æ тæккæ фиццаг ампъезтæй дæр бæрæг адтæй, поэт æ цард, æ лирæ, æ хъаритæ æ уарзон адæмæн ке хæсдзæй нивондæн, е.

Мæ цийнæ, мæ хъаурæ,
Мæ лирæ, мæ зар.
Советон курдадзæ,
Кæнун дин лæвар!..

Еци гъуди, еци зундирахаст æ зæрди, æ уоди уотæ исфедар æй æма ибæл, цалинмæ финсунгъон адтæй, уæдмæ не 'сæйййивта. Уой медæг æй е 'хсарæ, æ поэтикон æскъуæлхтдзийнадæ.

«Саукуйти Софйа райгурдæй Цæгат Иристони Ирæфи райони Лескени гъæуи. Æ ниййергутæ адтæнцæ рæстæмбес цæрæг бийнонтæбæл нимад. Софйабæл 7 анзи ку исæнхæст æй, уæд æ фидæ фæззиан æй æма æвзонг кизгæбæл æринцадæй уæззау уаргъ, – берæ бийнонти мадæн гъудæй æнхус кæнун. Æма æ бон цæйбæрцæ адтæй, уомæй æ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй, æнхус кодта хæдзари кустити.

1926 анзи Лескени скъола арæзт ку æрцудæй, уæд Софйа дæр ахур кæнунмæ бацудæй гъæууон скъоламæ. Зæрдæргъæвд, ахурмæ цибæл кизгæ уайтæгъддæр иссæй ахури раззагдæртæбæл нимад.

1935-36 æнзти Софйа каст фæцæй рабфак æма æ ахур раидарддæр кодта Цæгат Иристони Педагогон институти литературон факультети» (Хъазбегти Хъ. Саукуйти Софйа. «Колхозон фæндур». Раздзурд).

1932 анзæй фæстæмæ Софйай æмдзæвгитæ зиннун райдæдтонцæ Ирæфи райони газет «Сурх Дигори» фæрстæбæл, фæстæдæр ба республикон мухури оргæнти дæр: газеттæ «Рæстдзинад», «Æригон большевик»-и, журнал «Мах дуг»-и. Æма кæд æ фиццаг фæлварæнтæ бустæги æнхæст н' адтæнцæ техникон æгъдауæй дæр, уæддæр бæрæг ба адтæй, автор ке агоруй æхе сæрмагонд фæндаг, ке нæй фæндуй еске фæнзун, еске цæттæ над къахвæдтæбæл цæун, е. Софйа хуарз лæдæрдтæй, зин ин ке уодзæй æвæд фæндæгтæ æсгарун, уой дæр:

Æрвхуз бæлæу тæхгæ-тæхгæй,
Æ базури рохс кæрæнттæй
Дони суги ке 'рфинста...
Уони сумах хуарз зонетæ...

Софйай финстити адæймаги æргом æхемæ æздахуй е 'взаги хуæрзгъæдæдзийнадæ дæр. Æ кæци финст ин ку бакæсай, уæддæр си еунæг рауæн дæр не 'ссердзæнæ аразгæ дзурбæститæ, кæнгæ, æримисгæ фæлгонцтæ. Æ алли рæнгъæ дæр æхемæ æздахуй кæсæги æ хумæтæгдзийнадæй, нæ си ес дæлгоммæгонд фæлхæнтæ.

Уомæ гæсгæ æнцæ уотæ æнцонлæдæрæн æма зæрдæмæгъаргæ.

Æрхун зæрдæн дæ фæууиндæ,
Рагуалдзæги хори каст.
Гъейт! Æма ма дæ зарунмæ
Искæнæ нур фæндон каст.

«Сау денгизæн».

Софйай æмдзæвгити æрдзи нивтæ дæр æдзард, æррæстæ ивадхузæй æвдист нæ цæунцæ, фал косæг лæги архайди хæццæ æмæзмæлдæ кæнунцæ. Уомæ гæсгæ ба цардæгасæй æристунцæ кæсæги рази. Адæймаги æууæндун кæнуй поэт, æрдзæ æррæстæ нивæ ке нæй, цæстæ ке æстæфуй,

фал нæ хæццæ уæлдæфæй æмуолæвд ке кæнуй, уобæл.

Ци æхсицгон æй дæ думгæ,
Куд ниццæвуй дæлахъур!
Дæ идзулдæй æнæ заргæ
Некæд адтæй нæ мæ хъур.

«Сау денгизæн».

Фал уæддæр Софйай сфæлдистæди сæйраг архайæг æй хумæтæги зæнхкосæг лæг. Ци уæззау хъиамæт æй зæнхи куст кæнун, уой æвдесуй е 'цæги.

Хуасгæрдгутæн сæ фæсонтæ
Æрттевунцæ сæ хедæй.
Циргъ цæвгути фæтæн уонтæ
Рæуегъунцæ æндонæй.
Хед кæнунцæ фæйнердæмæ,
Уæледарæс исцъифæй.

Куд ма ес хуасгæрдгути хъиамæт æцæгдæрхузæй равдесæн?

«Софйаæн æ тематикæ æй нæ доги цард, нæ доги æнтæстдзийнæдтæ, нæ доги идзулд цардиуагæй гъæст».

(Хъазбегти Хъазбег. «Колхозон фæндур». Раздзурд)

Еумæйагæй раст æй Хъазбеги-фурти гъуди, фал, гъулæггагæн, абони уæнгæ нæ къохи нæма бафтудæй, Софьяйæн ма къохфинстæй ци байзадæй, еци архив, нæма æнцæ кæронмæ æмбурдгонд, газеттæ æма ин журнали фæрстæбæл ци уадзимистæ мухургонд æрцудæй, етæ дæр. Æрæмбурд кæнун ба сæ гъæуй æнæмæнгæ, уомæн æма Софйай сфæлдистадæ комкоммæ баст æй нæ дигорон литератури райдайæни хæццæ.

Зин зæгъæн æй, Софйай литературон сфæлдистадæ идарддæр ци хузи æхе раййивтайдæ, е. Гъулæггагæн, уæззау нез тухгиндæр разиндтæй æма ин фадуат нæбал фæцæй æ æрдзон искурдиади къубулойнæ идарддæр райхалунæн. Фал ин исаразун ци бантæстæй, етæ ба гъæуама махæй – æ фæдонтæй, иронхуати ма изайонцæ, куд нæхе – фиццаг дигорон силгоймаг поэти ном, уотæ. Мæрдтæмæ ди хатир корæн, Софйа, æгæр æрæгиау нæ ке раевдалдæй дæумæ, уомæй æма нур нæ еци рæдуд раст кæнæн.

Дæлдæр ци æмдзæвгитæ мухур кæнæн, етæ ист æрцудæнцæ, Саукуйти Софйайæн æ уодæгасæй ци еунæг киунугæ рацудæй 1940 анзи «Колхозон фæндур», зæгъгæ, уомæй.





САУКУЙТИ Софйа



## СИЛГОЙМАГМÆ

Гъейт! Хонхæй ратахтæн халонау,
Мæ цардмæ æрцудтæн хæстæг!
Æз æнкъард нæбал дæн рагонау,
И нифсæй идзаг æй ме ’стæг!

Æрзарун абони мæ зарæг,
Фæззонун мæ фæндæ æргом.
Советон рохс бæстæ нæ дарæг,
Гъе е нин фæлундуй нæ бон.

Бæлвурдæй æртасун ме ’хæстæ.
Иссердтон рохс цардæн дæгъæл.
Зонун æй, тохи ’нзтæ – нæ æнзтæ,
Минут дæр не ’сæфуй дзæгъæл.



Ахурмæ, ахурмæ æмвæндæ,
Рацо, цæй! Æнгарæ цурддæр.
Партион съезди раст тæрхæнттæ
Базонæ, ма уадзæ дзурд дæр!

Рæуæстæг нæ цийни æрсемæ,
Берæ ’й нур фæсонтæн губур!
Фæсседæ, фæсседæ пъеромæ,
Ниссастон къахкъуæрæн къудур!

*1932 анз*

## ЗÆРДÆ ЦÆВУЙ

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ ’хседуй,
Зæрди фæндуй райгъал ун!

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ ’змæлуй,
Гъуди цæуй æнæ рун!

Зæрдæ цæвуй,
Реу рæуегъуй,
Зæрдæ уарзуй уæлахез.

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ уарзуй
Хъазауат куст æдзæстхез!

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ фицуй,
Зæрдæн цийнити ’й йе ’ргом.

Зæрдæ цæвуй,
Зæрдæ ходуй, –
Зонуй, йе æй рохси бон!

*1932 анз*

## ХОРИ ТÆФÆЙ

Дæнтти сугтæ сугъзæринау
Æрттевунцæ нæ хорæй.
Фонси къуæрттæ бони сахи
Уолæфунцæ сæ тæнтæй.

Хуасгæрдгутæн сæ фæсонтæ
Æрттевунцæ сæ хедæй.
Циргъ цæвгути – фæтæн уонтæ
Рæуегъунцæ æндонæй.

Хед кæнунцæ фæйнердæмæ,
Уæледарæс исцъифæй.
Хори тæфæй тагъд фицунцæ
Сæ даргъ уестæ рæнгъитæй.

Уоддзæф истуй æнæзмæлгæй,
Æнхъуæт. Содзуй и дуйне.
Лигъз будурти æвецудæй
Фонсæй лæууæг нæбал йе.

Цъуз кæнунцæ и биндзитæ,
Бæлæсти бун сæ лæууæн.
Цъингк кæнунцæ сæ думгутæй,
Игъæлдзæг æй сæ цæрæн.

*1932 анз*

* * *

Мæ цийнæ, мæ хъаруæ,
Мæ лирæ, мæ зар.
Советон курдадзæ,
Кæнун дин лæвар!..



## КУРОНДОНМÆ

Уайуй, уайуй нæ дони суг,
Æхсæвæ дæр, бонæ дæр.
Калуй пернæ æ цæсти суг.
Фæйнердæмæ, – гъæр-гъæр-гъæр!..

Перни стъæлфæн финкæ кæнгæ.
Дони сæрбæл æсхъеуй.
Куронвидтæ инсад калгæ!..
Зæнхæ уонæй æзмæлуй.

Зелуй пернæ, ’хемæ скъæфуй,
Калуй æртæхбæл æртæх...
И дон уайуй, пернæ кафуй,
Æхе æртайуй дзæбæх!

*1932 анз*

## УАЛДЗÆГ

Къомбохтæ... Талатæ...
Райгъал æй дуйней.
Цъæх зæлди балатæ
Уайунцæ «уай, уай».

Фезмалдæй деденæг.
Рарттивта будур.
Цъæх арвæн аллибон
Цæуй æ гур-гур!

Бандавта бæрзæндти
Фæлмæн хор фæндон.
Ферттивта будурти
Трактор – готон.

Цъибирттæг зæрбатуг
Уоддзæфи гъазуй.
Дæлбилти дони суг
Гум-гумæй заруй.

Ракæсæ, деденæг –
Гъолæнттæ хонсар.
«Гъейт! Æрдзæ ме ’скæнæг!..»
Базаруй халсар.

Райгъустæй цъеути зар.
Сау гъæдтæ, кæмттæй.
Рæсугъд маргъ, дзубулдар –
Рагъазуй цийнæй.

Фезмæлгæй цъете дæр
Фескъудтæй хурфæй.
Бæрзæндти уæлхонх дæр
Базмæлуй тулфæй.

«Гъейт» гæнгæй, колхозтæ
Цæунцæ кустмæ.
Йериси заргæнгæ
Рæвдзæ ’нцæ – усмæ.

*1933 анз*






## САУ ДЕНГИЗÆН

Тæходуйтæ ма бафсæдæ,
Нæ Сау денгиз, дæ уиндæй.
Йеунæг хатт ма дæ фæууинæ,
Дæ фæлхъазæнтæй гъазгæй.

Æрхун зæрдæн дæ фæууиндæ, –
Рагуалдзæги хори каст.
«Гъейт!» Æма ма дæ зарунмæ
Искæнæ нур фæндон кафт!

Дæу уорс наутæ ма фæууинæ,
Фегъосæ ма дæ унæр.
Йеунæг хъури дин никкæнæ, –
Уайнæ нигки идзулддæр!..

Ци æхсицгон æй дæ думгæ,
Куд ниццæвуй дæлахъур.
Дæ идзулдæй æнæ заргæ
Некæд адтæй, нæ, мæ хъур!

*1933 анз*

## УАЛДЗÆГ

Бæрзонд рæгътæ, сау гъæдбунтæ
Рарттивтонцæ хъæдавау.
Цæрæгойтæ, деденгутæ
Федаунцæ æнæ фау.

Сæумон думгæ кæдзос хуæнхтæй
Къæразгæбæл багъазуй.
Колхозонтæн се ’дзурд зартæй
И цъæх æрдзæ низзаруй.

Бæрзонд хуæнхтæй дони сæр-сæр.
Цъæх уæлдæфи игъусуй.
Гъæурæбунти кæлæн робас
Зуймон миути имисуй...

Колхозонтæн партий фарнæй
Сæ царди бон идзулуй.
Еумæ кусти соцерисæй
Тог се ’уæнгти ивулуй.

Æгас цæуай, рæсугъд уалдзæг,
Æд деденæг, гæлæбо!
Нур мæ зæрдæ хуæрзигъæлдзæг!
Уо, нивонд ин æрбауо!

*1934 анз*

## МЕ ’МБÆЛТТÆМÆ

Цæрдæг Ирæ, ’ма Фиалетæ, –
Маййи бонау раст уæ конд.
Зæрбатугау æрзаретæ,
Нæ царди хор уæ нивонд.
Æрсеметæ, цæй, мæ Ирæ,
Æрттеветæ куд нæ рохс.
Уæ бахудти – хорзæрийнæ,
Уæ кади бон нæ колхоз.

Мæгур зæрдæн уæ цийни каст
Сæумон хорау æхцæуæн.
Мæ цагъдмæ уин уæ тумбулкафт
Исцæйкæнтæ нæ цардæн.

Нæ рохс доги, цæй, мæ лирæ,
Æрцæйцæгъдæ мæ фæндон.
Уæ цийни уарзт, уо, мæ Ирæ,
Уæд нæ бæсти æносон.

*1934 анз*



## ЙЕХИН КÆРЦÆ[1]

Ци ’й ка ’ргъузуй тæхгæ маргъау
Æ базуртæ æргъувдæй?
Ци ’й ка’ркæрдуй æхсаргардау
И уоддзæфи æвудæй?

Ка исбурстæй тох кæнунмæ
Æрдзи хæццæ нифсгунæй?
Зуймон уоддзæф æ тæхунмæ
Кæмæ резуй мæстгунæй?

Гур-гургæнгæ и тæхгæ маргъ
Кæмæн бурсуй æ комæй?
И цъæх арвæн æ денгизи
Накæ кæнгæй, фæндонæй.

Кæми сæлуй коми тулфæ,
Кæми сæлуй лæги тог.
Уой бæрзонди ма и тухæ
Кæмæн содзуй æ иуонг?

Етæ æнцæ нæ цæргæстæ,
Сурх цæдесæн æ фæлтæр.
Цъæх уоддзæфæн æ уолæнтæ
Радаудтонцæ бæгъатæр.

Тохæй-тохмæ раздзæугутæ
«Æрдзæй тухгиндæр уа лæг!..»
Адтайтæ сумах уæйгутæ,
Искодтайтæ хъазауат!..

*1934 анз*

[1] Аэростати фесæвди фæдбæл финст æй аци æмдзæвгæ. (Автори феппайуйнаг.)

## ЧЪ. М-МÆ

Бæргæ косис зæрдиуагæй,
Бæргæ «устур æй дæ зунд».
Фал нæ зонун, ци дессаг æй,
Нæ дин лæдæрун дæ дзурд.

Гъур-гъур кæнис, гъунтъуз арсау,
Ласис дзурдтæ бæндæнæй.
Нæ ратдзæнæ фарсти-фарстау,
Ра нæ марис гъенцъунæй.

*1934 анз*

## ГЪЕ, ЙЕ ДИН ДЗУАПП

Кæд йесге дæ рази,
Æхсæз, йе авд анзи
Фу-фуйæй цæруй.

Рæсугъд æй цæсгонмæ,
Фал уæгъдæ йе ’сонмæ
Сайгæ дæ кæнуй.

Кæд зони æвзарун,
Кæд зони бауарзун.
Уæд уодæн йæ апп.

Мæ мæмæ фæззуст уо,
Мæ мæмæ ниддор уо,
Гъе, йе дин дзуапп...

*1935 анз*



## УОЛÆФÆН ХÆДЗАРИ

Ракæсæ, фæууинæ –
Кафдзæнæ зæрдæй.
Деденæг... Бæлæстæ...
Ходунцæ зилдæй.

Фæндуй дæ – искафæ.
Фæндуй дæ – зарæ.
Зонæ нур де ’взагæй
Æма сæ финсæ.

Нæзити бун думгæ
Дæлахъур цæвуй.
Мæ фарсмæ цъетедон
Сæх-сæхæй цæуй.

Зарунгъæр, фæндурдзагъд
Иуæнгти гъазуй.
Фурцийнæй зæрдиуаг
Тæхунмæ гъавуй!..

*1934 анз*

## УОЛÆФÆН ХÆДЗАРИ

Ракæсæ, фæууинæ –
Кафдзæнæ зæрдæй.
Деденæг... Бæлæстæ...
Ходунцæ зилдæй.

Фæндуй дæ – искафæ.
Фæндуй дæ – зарæ.
Зонæ нур де ’взагæй
Æма сæ финсæ.

Нæзити бун думгæ
Дæлахъур цæвуй.
Мæ фарсмæ цъетедон
Сæх-сæхæй цæуй.

Зарунгъæр, фæндурдзагъд
Иуæнгти гъазуй.
Фурцийнæй зæрдиуаг
Тæхунмæ гъавуй!..

*1934 анз*

## ЗÆРБАТУГ

Уалдзигон зæрбатуг...
Æртæхæ тагъддæр!
Мæ хъури сурх фæрдуг,
Æрзарæ гъæрдæр.

Дæ сæумон рæсугъд зар,
Дæ уæлдæфи гъазт.
Игъæлдзæг царди дуар
Ку уарзуй, ку, раст.

Дæ рæсугъд базуртæй
Ниттохæ ду мæн.
Дæ зæлдагæ хъуртæй
Ка 'фсæдуй дæуæн.

*1935 анз*



## ЗÆРДÆБÆЛ ДАРУЙНАГ

Нæ агорун мæ финститæн
Устур аргъ æма кадæ.
Мæ гъудийæн, мæ фæууиндæн
Ку нæ кæнонцæ адæ...

Æрмæст есгæд и царди бон
Ку раййева дæ æнгас.
Уæд бакæсæ мæ нуриккон
Баст гъудити ду де 'нгас.

Æрлæудзæнæй уæд зæрдæбæл
Ка нæ 'ргъувта æ æрфуг.
Дæ къох йесгæй дæ фæндагбæл
Ка æгъзалдта цæстисуг...

Нæ агорун мæ финститæн
Устур кадæ, йе æгъдау.
Адгин æмбал зæрди цийнæн
Разиндзæнæй ма дæуау.

*1936 анз*

## М-ÆН

Ме 'взаг дзурдбæл нæ фæлхæтгæй,
Кодтон дæумæ фæндон каст.
Зæрдигъæлдзæг, дæ къох райсгæй,
Загътон дæуæн «фæндараст».

Мардзæ, зæнхи ку фæндидæ,
Ку радтидæ мин сæдæ.
Хъоппæгъ мæнæн сау цæститæ, –
Кæсионцæ æгас дæумæ...

*1936 анз*

## КЪОСТАЙÆН

Уæззау мегътæ лæбурдтонцæ
Æппунæдзох и кæмттæй.
Рæсугъд хорæн римахстонцæ
Æ гъар тунтæ нæ зæнхæй.

Уæддæр ду ба бæгъатæрæй
Нæ мæгурти рæвдудтай.
Идзулд бонмæ дæ фæндурæй
Царди радæбæл зардтай.

Нур рагуалдзæг и фæзтæбæл
Ку фæцъцъæх æй и кæрдæг.
Ку рарттивта и тегъæбæл
Сурх-сурхидæй деденæг.

Ходуй Сталин и рохс бони,
Цæуæн размæ æнгонæй.
«Ирон фæндур» нæ сæрбари
Ниццæлхъ кæнæн дæ номæй!

*1936 анз*

## ФÆНДАГБÆЛ ФÆДЗÆХСТ

Фæндагбæл æрлæугæй,
Мæ зинаргъ æмбæлттæ.
Кæнун æз сумахæн мæ зар.

Евгъуд бæнтти фудмаст,
Абони хори каст.
Фæссурдта мæ реуæй мæнæн.

Еумæ куст, еумæ гъазт
Еумæ зар, еумæ кафт.
Уæ хæццæ мæ зæрдæ, мæ цард.



Кумæдæр фæццæуон,
Зинрауæн бафтуйон,
Уæ хæццæ, фæскомтæ, мæ над.

*1937 анз*

## СÆРДТОН ИЗÆР

Сæрдтон изæр... Æвзест мæйдзалх
Арви цъæхбæл исгурдæй.
Бæрзонд хуæнхти и ’хсæйвон къах
Æд сау пæлæз ислæудтæй.

Ферттивтонцæ тумбул симди
Йи стъалутæ зилдæгæй.
Зад будуртæ се ’стур кувди
Фелаунцæ идзулдæй.

Сатæг думгæ цъæх сифтæртæн
Сæ сосæг дзурд æрдавуй.
Рæсугъд изæр хъал кизгуттæн
Сæ уадæлттæ æрдауй.

Коми цъухи къæдзæхрæбун
Рæсог донæн æ хур-хур.
Идзулунцæ бæласи бун
Сахъ фæсевæд хуæрзахур.

Кусти ’нтæстæй се ’дзулдæнгас
Изæри цъæх нихъуæруй.
Гъей, уæрæйдæ, бæстæ æдас!
И зар нæуæг игуруй.

*1938 анз*

## САЛАМ

Салам, салам мæ рохс бæстæн!
Салам дæуæн мæ цийнæй!
Салам дæ хонх, дæ будуртæн,
Арфæ дæ рохс, дæ хорæй.

Хуайун æфсæйнаг курдбадзи,
Есун дзæбокæ рæуæг.
Хъаруæ – денгизау иуæнгти,
Мæ зар нæуæг, игъæлдзæг!

Дасæн мæйтæмæ галуантæ,
’Хседуй арти нæ цæхæр.
Дæуæн, мæ бæстæ, мæ арфæ,
Дæуæн нивонд æй мæ сæр.

*1938 анз*

## НÆУÆГ АНЗ

Нæуæг анзи нæуæг цийнæй,
Нæуæг царди нæуæг рохс.
Уорс закъæ лæг бæгæнийæй
Ку ’рфæлдахуй гъæдин къос.

Нæуæг анзи нæуæг закъон,
Нæуæг хуæрзтæ фæлундуй.
Ирд æхсæви цалхи хузон
И мæйæ дæр идзулуй.

Нæуæг анзи нæуæг зартæй
Æвзонг зæрдæ ку цæуй.
Тумбул цагъдæн Республикæн
Арвбæл æ цъæлхъ æндзæвуй.

Нæуæг анзи нæуæг цийнæй
Нæуæг нифс ес, зæрдæ рохс.
Уорсзакъæ лæг бæгæнийæй
Æрфæлдахуй хъæзин къос!



ХЪАНТЕМЫРАТЫ Римæ

## ЦАРДЫ ФÆЗИЛÆНТÆ[1]

Уæд æз педагогон институты ахуыр кодтон. Цардтæн, Ватутины уынджы нын цы ’мдзæрæн уыд, уым – институтæн йæхи кæрты. Немæ нæ ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ цардысты æд бинонтæ. Студенттимæ сын тынг хæлар ахастытæ уыд. Кæддæр Дзасохты Гиго Æрыдоны семинары тыххæй афтæ фыста: «Семинаристтæ хъæуы цæрджытимæ æнгом цардысты, æмæ сын уый стыр ахъаз уыд: фыдæлты хорз æгъдæуттæ сæ цудын нæ уагътой, ирон æфсарм æмæ фарнæй барстой сæ алы къахдзæф дæр».

Раст афтæ уыдис ацы æмдзæрæны дæр. Сæ цин дæр æмæ сæ хъыг дæр йæ цæрджытæн иу. Хистæрты фарн æмæ кад сæрæвæрæн уыди кæстæрты æгъдау æмæ уагæн. Фæззыгон хъарм изæрты-иу æмдзæрæны кæрт йе ’мдзаг бацис фæсивæдæй. Фæсæмбисæхсæвтæм-иу нæ банцад сæ хъæлдзæг ныхас, дардмæ-иу хъуыстысты фæндыры цагъд æмæ ирон зарæджы зæлтæ. Фæлæ дзы никуы федтаис æнæгъдау ми, никуы дзы фехъуыстаис æнæфсарм ныхас.

Уыцы азты æмдзæрæны кæрты арæх фембæлæн уыдис, махмæ уæд карджын чи каст, ахæм хæрзуынд æмæ аив сылгоймагыл. Сабыргай-иу рацæйцыд кæртыты æмæ-иу уынджы уым дæлæмæ араст. Никуы йæ федтон искæимæ æрлæугæ, ныхас кæнгæ. Йæ фæлмаст цæсгомыл никуы ахъазыд мидбылхудт. Цыма-иу цæуылдæр арф хъуыды кодта, уыйау æппынæдзух дæр йæ цæстæнгас арæзт уыд зæхмæ.

Арæх-иу афарстам мах нæ кæрæдзи, чи у, зæгъгæ, уымæй. Фæлæ æрыгон адæймаг кæддæриддæр тагъд кæны кæдæмдæр æмæ йæ нæ февдæлы, суанг йæ фарстæн дзу-

[1] Аци æрмæг ист æрцудæй журнал «Мах дуг»- æй. 2004 анз № 3.

апп райсынмæ дæр. Æрлæууын æмæ хистæрты зондджын ныхæстæм байхъусын, йæ алфамбылай алæмæты монон хъæздыгдзинæдтæ банкъарын æмæ бамбарын. Сызгъæрин нæмгуытау сæ æруидзын æмæ сæ дæхи зæры бонты кæстæр фæлтæрæн байуарын. Зæрдыл æрлæууынц Пушкины ныхæстæ: «Ленивы мы, ленивы и не любопытны…».

Кæрæдзи фæдыл азгъордтой ахуыры бонтæ. Иуцалдæр азы бакуыстон ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй скъолайы æмæ фæстæмæ æрбаздæхтæн мæ уарзон институтмæ кусынмæ.

Диссаджы хъæздыг чиныгдон дзы уыдис уæд нæ ирон кафедрæйы. Æлборты Барысби (йæ бындурæвæрæг) Ирыстоны æмæ бæстæйы алы кæрæтты уырзæй сгарæгау кæй фембырд кодта æмæ Æхсараты Райæ (кафедрæйы хистæр наукон кусæг) цыппор азы дæргъы цæстыгагуыйау кæй фæхъахъхъæдта, уыцы чингуытæ. Æмæ дзы цынæ уыдис, цынæ: ирон æвзаг æмæ иумæйагæвзагзонынад, иранистикæ, Ирыстон æмæ Кавказы æппæт адæмты истори, уыимæ ирон æвзагыл цыдæриддæр рацыд, фыццаг ирон чиныг «Цыбыр Катехизис»-æй (1798 аз) райдай æмæ суанг æвдайæм азты онг, уыдонæй хицæн экземплыртæ. Иуæй-иутæн дзы фылдæр хатт ссарæн нæ уыдис нæ горæты сæрмагонд библиотекæты дæр.

Чингуытимæ архайгæйæ иуахæмы мæ къухмæ æрбахауд æмдзæвгæты æмбырдгонд дыгурон диалектыл – «Колхозон фæндур». Йæ дæлсæргонды – «Æмдзæвгæтæ æмæ кадæнгæ».– Орджоникидзе, 1940 аз. Йæ автор Саукуйти Софйа. Ацы къаннæг чиныг мæ сразæнгард кодта, 20-30 азты ног царды æууæлтæ се ʻмбæхст сфæлдыстадон тыхтæ кæмæн райхъал кодтой, уыцы ирон сылгоймæгты нæмттæ (Коцойты Магда, Хъуылаты (Дзаттиаты) Верæ, Хъуылаты Варка, Варварæ Чередниченко æмæ æнд.) дзыллæйы размæ рахæссынмæ. Се ʻхсæн уыдис Саукуйти Софйайы ном дæр («Мах дуг», 1978, №12), фæлæ мын уæд æрмæг фаг нæ уыдис...

Æрмæст бирæ фæстæдæр базыдтон, мæн кæддæр дисы чи ʻфтыдта – студентон азты, уыцы хиуылхæцгæ сылгоймаг æмæ Саукуйти Софйа иу адæймаг кæй сты. Къорд азы фæкуыста уый ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы, уыд дзæвгар наукон уацты автор.



Абон ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæ (ныр фæкъабазджындæр, рахицæн дзы сты ирон литературæ æмæ литературон сфæлдыстады кафедрæтæ) лæууы йæ 75 азы боны бæрæгбоны къæсæрыл æмæ мæ фæнды бузныджы ныхас зæгъын, уæхскуæзæй дзы чи фæкуыста, уыдонæн: мæ уарзон ахуыргæнджытæ Багаты Никъала, Калоты Геор, Гагкайты Хъазан, Тахъазты Харум, мады ад нын чи кодта, уыцы Æхсараты Райæ æмæ иннæтæн…

Никъалайы мидисджын лекцитæ, Георы уæздан ныхас, Райæйы зондамонæнтæ рох нæ уыдзысты канд мæнæй нæ, фæлæ сæ къухтæй цы бирæ фæсивæд рацыд, царды раст фæндагыл кæй сæвæрдтой, ирон æвзаджы ад кæмæн банкъарын кодтой, ирон дзырды сусæгдзинæдтæ кæмæн раргом кодтой, уыдонæй се ʻппæтæй дæр. Цыбыр рæстæг акуыста кафедрæйы сæргълæууæгæй Гагкайты Хъазан – стыр ахуыргонд, йæ наукон куыстытæ канд нæ бæстæйы нæ, фæлæ фæсарæнты дæр зындгонд кæмæн сты, фæлæ хуымæтæг æмæ кæстæртыл æнувыд адæймаг чи уыд. Иу бæрæгбон дæр ахæм нæ уыдис, æмæ уый кафедрæйы сылгоймæгтæм æнæ дидинджытæ кæнæ адджинæгтæ кæд æрбацыдаид.

Фæлæ уæддæр мæ ныхас абон бæлвырддæр Саукуйти Софйайыл уыдзæн.

Софйа райгуырди 1916 азы Лескены хъæуы. Йæ фыд Хамби 1923 азы амарди тифæй æмæ æхсæз æнахъом сывæллоны баззадысты сæ рынчын мады æвджид. Цыбыркъух æмæ фæкæсын хъуаг хæдзары сывæллæттæн кæм уыди фадат афоныл ахуыры фæндагыл æрлæууынæн. Сæ алы хъуыддаг дæр сæхи æвзонг уæхсчытæм хауди, æмæ Софйа суанг иуæндæс азмæ нæ бацыд скъоламæ. Стæй Лескены уæд скъола уæвгæ дæр нæма уыди. Æрмæст ног цардарæзтад куы райдыдта, советон хицаудзинад куы ʻрфидар, уæд, фыццагдæр скъолатæ цы хъæуты байгом, уыдонæй иу уыдис Лескен (1926). Сæххæст ахуырмондаг фæлтæрæй бирæты бæллиц. Бахудти йæ амонд гыццыл Софйамæ дæр: бахызт скъолайы къæсæрæй, зæрдæргъæвдæй ахуыр кодта, сси ногдзау, стæй та фæскомцæдисон дæр. Фæстæдæр йе ʻмдзæвгæтæй иуы фысдзæн:

> Мæ сабий, мæгур бон
> Седзæр ном уидæ,

Ӕрмæст мин мæ фæском
Загъта уæд фидæ.

Хъæууон скъола æнтыстджынæй каст куы фæцис, уæд Софйа æртынæм азты райдиан ахуыр кодта, педагогон техникумы цы цæттæгæнæн курсытæ уыд, уыдоны.

Уазал æмдзæрæн æмæ кæйдæр фатеры къуымтæ, æвæллайгæ ахуыр æмæ æххормаг бонтæ æнæ фæзынгæ нæ фесты рæзинаг чызджы æнæниздзинадыл. Ӕмбисахуырæй Софйа, уæззау рынчын фæуæвгæйæ, ацыд фæстæмæ Лескенмæ. Йæхæдæг йæ цардвæндаджы тыххæй куыд фыста, афтæмæй «…рынчынæй дæр æнцад нæ бадтæн. Хъæппæрисджынæй архайдтон хъæуы фæскомцæдисон чырæйы куысты». Фæлæ бирæ нæ бафæстиат Софйа Лескены. Йæ хъуыдыты, йæ бæллицты æдзухдæр тырныдта ахуырмæ æмæ фыста:

Ахурмæ, ахурмæ æмвæндæй
Рацо, цæй! Ӕнгарæ, цурддæр…

Софйа бацыд педагогон техникуммæ. Уый йæ рæстæджы уыд ирон литературæйы артдзæст. Ирон æвзаг æмæ дзы литературæйы ахуыргæнæгæй куыста Гуыриаты Гагуыдз. Уый ма разамынд лæвæрдта литературон къордæн дæр. Се 'рбадтыты аивадон уацмыстæ кæддæриддæр æдзæстхизæй æвзæрстой. Дзырдтой æмдзæвгæтæ фыссыны дæсныйадыл. Къорды уæнгтæй бирæтæ уæд банкъардтой аив литературæйы ад, ам райдыдтой æвзарын сæ тыхтæ сфæлдыстады. Сæ уацмыстæ мыхуыр кодтой къухфыст журнал, кæнæ къулы газеты. Ацы къордæй ирон фысджыты рæнхъытæм æрбацыдысты Мамсыраты Дæбе, Бесаты Тазе, Хъайтыхъты Геор, Плиты Грис, Ардасенты Хадзыбатыр...

Ацы къорды хъазуатонтæй иу уыд Саукуйты Софйа дæр. Ӕмæ, кæд поэтикон уацмыс фыссыны æгъдæуттæ фаг хорз нæма зыдта, уæддæр йæ фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыры цæуын райдыдтой газеттæ «Ӕрыгон большевик» æмæ «Сурх Дигорæ»-йы.

Техникумы йæ ахуыры азты тыххæй Софйа фæстæдæр фысдзæн: «… уым райдыдтой мæ царды диссагдæр бонтæ: зæрдæйы фæндиаг ахуыр кæнын, æхсæнадон куыст зæрдиагæй кæнын æмæ хъæлдзæг уæвын. Фыццаг дыууæ азы уыдтæн профкомы сæрдар, уый фæстæ – фæскомцæдисы комитеты секретарь». Уыдис горæты, облæсты æмæ крайты сылгоймæгты фыццаг съезды делегат. Стæй горæты Фæскомцæдисы Пленумы уæнг.

1936 азы иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ Софйа каст фæци педтехникум æмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультетмæ æнæ фæлварæнтæй куыд иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ педтехникум каст фæуæг.

Ам, уалдзыгон райдзаст бонтау, кæрæдзи фæдыл азгъордтой студенты куы фыдæфсæст, куы фыдæххормаг, фæлæ уæддæр амондджын азтæ. «За четыре года учебы в институте получила четыре премии, – кæсæм дарддæр Софйайы мысинæгты. – Два раза премирована была промтоварами, а два раза – путевками». Уымæй уæлдай ма Софйа иста Къостайы номыл стипенди – 500 сомы.

Институты Софйайы поэтикон курдиат йæ тых хъомысджындæрæй æвдыста. Йе 'мдзæвгæтæ арæхæй-арæхдæр цыдысты газеттæ «Рæстдзинад», «Ӕрыгон большевик» æмæ журнал «Мах дуджы». Йæ хъус æм æрдардта фысджыты Цæдис дæр æмæ 1937 азы Софйайы арвыстой Мæскуымæ æртæ къуырийы æмгъуыд курсытæм.

Стыр горæты литературон цард, мидисæй хъæздыг лекцитæ, зындгонд фысджытæ æмæ поэттимæ фембæлдтытæ фæахъаз сты Софйайы миддунейæн.

Студент ма уыд, афтæмæй Софйа бацæттæ кодта æмæ мыхуырмæ радта йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Колхозон фæндур». Чиныгæн цæстуарзон разныхас ныффыста Хъазбегты Хъазбег.

Къаннæг у Софйайы чиныг. Ӕдæппæтæй 57 фарсы, 29 æмдзæвгæйы (ай-гъай, æнæмæнг йе 'мдзæвгæтæ се 'ппæт нæ бацыдысты æмбырдгондмæ – Хъ.Р.) Фыст сты дыгурон диалектыл.

Поэт сæрыстыр у йæ райгуырæн бæстæйæ æмæ зæрдæбынæй зæгъы:

… Мæ цийнæ, мæ хъаруæ,
Мæ лирæ, мæ зар,
Советон курдадзæ,
Кæнун дин лæвар!..

Ацы ныхæстæ автор райста эпиграфæн йе 'мбырдгондæн.

Поэт зары хæххон сылгоймаджы цардыл, йæ райгуырæн бæстæйыл:

Æрзарун абони мæ зарæг,
Фæззонун мæ фæндæ æргом,
Советон рухс бæстæ нæ дарæг,
Гъе йе нин фæлундуй нæ бон.

Æмхуызон æмвæзадыл фыст не 'сты, кæй зæгъын æй хъæуы, Софйайы æмдзæвгæтæ. Сæ иуæй-иутыл зыны нырма æвæлтæрд къухы фæд. Йæ рæстæджы фыстытæй уыдон æндæр бирæты зæрдыл æрлæууын кæнынц. Æнæфæзынгæ сыл нæ фæци рæстæджы низ – риторикæйы тæфаг, фæлæ æнæмæнг се 'хсæн ис аивадон æгъдауæй æххæст æмдзæвгæтæ дæр («Сæрдтон изæр», «Нæуæг анз», «Æцæг уалдзæг»…) æмæ дзурæг сты, Софйамæ поэтикон курдиат кæй уыдис, ууыл.

Софйа педагогон институт каст фæци 1940 азы æмæ аспирантурæмæ дæр уæд бацыд. Фæстæдæр йæ автобиографийы фысдзæн: «…аспирантурæ каст фæдæн иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, фæлæ, ме 'нæниздзинад лæмæгъ кæй уыд, уымæ гæсгæ иу аз нæ ахуыр кодтон æмæ мæ диссертаци фыст нæ фæдæн. Уалынмæ та мæ наукон разамонæг амард».

1943 азы Софйа фæстæмæ 'рбаздæхт techинститутмæ æмæ кусын райдыдта ассистентæй ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы. Касти лекцитæ ирон адæмон сфæлдыстад æмæ ирон литературæйы тыххæй, кодта практикон ахуыртæ, уыдис æхсæндзарды архайæг. Уыимæ иу бон дæр нæ рох кодта йæ наукон куыст æмæ 1948-49 азты ногæй кусын райдыдта йæ диссертацийыл. Йæ темæ уыд – «Гæдиаты Секъайы цард æмæ сфæлдыстад».

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы темæ уæды рæстæг «зæрæстон» уыд. Секъайы сфæлдыстады тыххæй мыхуыры рацыд æрмæст дыууæ уацы. Куысты пълан Софйайæн йæхи къухфыстæй баззади хуымæтæг тетрады сыфтыл. Æвзары дзы ахсджиаг æмæ цымыдисаг фарстытæ, дзуры дзы актуалон проблемæтыл. Бæстон куыстæй фаг уыдаид дыууæ диссертацийæн дæр, иннæрдыгæй та, æгæр иумæйаг кæй у темæ, уымæ гæсгæ, гæнæн уыдис, æмæ иу диссертацийы дæр бæлвырдæй мацы зæгъа.

Æнцон нæ уыд Софйайæн, ай-гъайдæр, æнæ наукон разамонæгæй кусын: уыцы заман ирон наукæйы тыхтæ тынг æрмæгуыр сты. Се 'цæг дунемæ ацыдысты Цомахъ æмæ Нигер. 1937 азы арты басыгъд Дзагуырты Гуыбади, Сыбыры уазал ахæстæтты рæстæй хъизæмар кодта Æлборты Барысби. Æмæ институты ахуыргонд Совет 1949 азы 7 октябры уынаффæ рахаста: «Просить Министерство просвещения о прикомандировании с отрывом от производства ассистента кафедры осетинского языка и литературы Савкуевой С.Х. в Московский Институт мировой литературы им. М. Горького для подготовки к защите диссертации».

Ацы курдиатæн цы дзуапп райстой, уый абон дæр бæрæг нæу, фæлæ афтæ хъуыды кæнæн ис, æмæ дзы кæй ницы рауад. Дзæгъæлы нæ фæуыдаид Софйайы ацыд Абайты Васомæ Ленинградмæ. Дызæрдыггаг нæу, Васо йын зæрдæбынæй кæй баххуыс кодтаид æмæ йæ наукон куысты раст фæндагыл кæй сарæзтаид, уый.

Софйа йæ диссертаци фыст фæци 1950 азы, фæлæ уый фæстæ цы бацис, уый та.... Хæстæг-хиуон, кæй бафарстæуа, ахæмæй йын ничиуал баззад, Софйа та мой не скодта. Цардис иунæгæй, раздæр – æмдзæрæны, уый фæстæ та, институт ын цы иууатон фатер радта Ватутины уынджы, уым.

Йæ амæлæты фæстæ йæ къухфыстытæ, куыд зæгъынц, афтæмæй æвæрд уыдысты иу чумæданы. Уыдонимæ, æнæмæнг, уыдаиккой Софйайы конд бирæ нывтæ дæр. Куыд мын дзырдтой, афтæмæй, дам, Софйа хорз арæхст ныв кæнынмæ дæр, фæлæ сæ никуы никæмæ æвдыста. Цы ма уыдаид уыцы чумæданы, Хуыцау йæ зонæг. Йæ амæлæты фæстæ дзæгъæл фатер бирæ азты къухæй-къухмæ фæцыдис. Никуы никæй зæрды æрæфтыд байгом кæнын уыцы дзаумадон, æмæ йæ афтæ 'хгæдæй кæд æмæ чи аппæрстаид былрондонмæ, уый зын зæгъæн у.

Журнал «Ирæф»-и æрмæгæй æндæр мухурон оргæн ку пайда кæна, уæд гъæуама бæрæггонд æрцæуа, ист кæцæй æй, е.

Журналмæ ци къохфинститæ цæуй, уони редакци рецензи нæ кæнуй, уæдта сæ автортæн фæстæмæ нæ дæттуй.

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00110 от 10 декабря 2014 г.*
*Индекс издания – 73941*

*Учредитель и издатель:*
*Министерство культуры РСО-Алания.*
*362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пер. Соляный, 9.*
*Телефон: 53-14-32*

Сдано в набор 21. 03. 2017 г., подписано в печать 03. 04. 2017 г.
Дата выхода в свет 15. 05. 2017 г. Знак. инф. продукции 12+
Формат 60x80 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.
Заказ №        Тираж 500 экз. Цена свободная.

Отпечатано с готовых депозитов в
ОАО “Издательско-полиграфическое предприятие им. В. А. Гассиева”.
362021, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16
Тел.: 76-81-97. E-mail: ipp@hotbox.ru

**© Ираф, 2, 2017 г.**

***Журналкæсгутæ!***
***Корæн уи, æма рафинсетæ уæхе журнал «Ирæф» 2017-аг анзи 2-аг æмбесæн.***